# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

МАЙ • 2026 • ИЮНЬ

3



3
ІУАЩХЬЭМАХУЭ
2026

# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокІ**

**май 3 июнь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм къыдегъэкІ

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакІуу Хъанджэрий, БищІо Борис, Гъут Іэдэм, Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь), Тэтрокъуэ Астемыр, Тхьэгъэзит Юрэ, ТІымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ

НАЛШЫК
2026

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ

*УсакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ илъэс 70 ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** И закъуэ дуней псо ирокъу...... 4
**Бещтокъуэ Хьэбас.** Стемыту дамэ щхьэ сыкъэбгъэщIа?...... 31
**БищIо Борис.** И гупсысэр куурэ и псалъэр шэрыуэу...... 36
Мыкъуэжь Анатолэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр...... 43
**Мыкъуэжь Анатолэ.** *Усэхэр*...... 59

*Артист, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Къумахуэ Мухьэдин илъэс 60 ирокъу*

**Истэпан Залинэ.** Къумахуэ Мухьэдин: «Си зы махуэ сыхущIегъуэжыркъым»...... 88
Къумахуэ Мухьэдин хужаIахэр...... 96

## Прозэ. Балъкэр литературэ

*2026 гъэр Урысейм щыщ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ*

**Токумаев Жэгъэфар.** Аслъэнджэрий. *Рассказ*...... 102
**Шаваевэ Миналдан.** Адэм и фэеплъ. *Рассказ*...... 104
**Занкишиев Хъусен.** Зэхэгъэж щремыIэ. *Рассказ*...... 117

## Усыгъэ

**Ацкъан Руслан.** *УсэщIэхэр*...... 121

## Прозэ

**КIуэкIуэ ХьэIишэт.** И фэеплъыр мыкIуэдыжынщ...... 137
**Хьэжы Исмел.** Индрис и лъэпкъ дамыгъэ. *Рассказ*...... 139
**Гугъуэт Заремэ.** Прозэу тха усэхэр...... 145

## Культурэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Лъэпкъ щэнхабзэм и вагъуитI...... 151

## «Iуащхьэмахуэм» и псалъалъэ

**БищIо Борис.** Адыгэ псэлъафэхэр...... 165

**Нэхущ Данэ.** Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз...... 166

*УсакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ илъэс 70 ирокъу*





*УсакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ Хъэбалэ и къуэр Советскэ (иджы Шэрэдж) районым щыщ Аушыджэр къуажэм 1956 гъэм июным и 21-м къыщалъхуащ. 1973 гъэм къуажэ школыр, 1978 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетыр къиухащ. 1979-1995 гъэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым корреспонденту, 1995-2013 гъэхэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм художественнэ литературэмкIэ редактору, адыгэ литературэмкIэ редакцэм и унафэщIу щылэжьащ. Мы зэманым «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэщ.*

*Мыкъуэжьым и Iэдакъэ къыщIэкIащ адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэ нэс хуэхъуа тхыгъэ купщIафIэ куэд. 1985 гъэм дунейм къытехьащ «Жьэгу пащхьэ» зыфIища и япэ тхылъыр. Абы къыкIэлъыкIуащ «Къалэ жыжьэ», «Дунеижь», «Адэжь щIэин», «Маринэ», «Лъэхъэнэ», «Къэрэгъул бжыхь» тхылъхэр. 2016 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм зы том хъууэ къыщыдэкIащ и усэ нэхъыфIхэр щызэхуэхьэса «Си лIэщIыгъуэр» тхылъыр. Иджыблагъэ дунейм къытехьащ Анатолэ и тхылъыщIэ «Псэущ лъагъуныгъэр» зыфIищар.*

*Мыкъуэжьыр 1987 гъэ лъандэрэ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, 1991 гъэ лъандэрэ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Абы къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и Дипломыр.*

*2025 гъэм, ди литературэм хуищIа хэлъхъэныгъэр къалъытэри, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.*

*Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэм тетхыхьащ ди республикэм и тхакIуэ, критик, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Тхьэгъэзит Зубер, Къагъырмэс Борис, Бещтокъуэ Хьэбас, IутIыж Борис, Мэзыхьэ Борис, Къэрмокъуэ Хьэмид, Къэжэр Хьэмид, Гъут Iэдэм, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ сымэ. Псори зэхэту усакIуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуауэ тхыгъи 100-м щIигъу дунейм къытехьащ. Абыхэм къызэрыхагъэбелджылыкIащи, «ди лъэхъэнэм и фIи и Iеи IупщIу къызэрыщ гъуджэщ» Мыкъуэжьым и IэдакъэщIэкIхэр.*

## И ЗАКЪУЭ ДУНЕЙ ПСО ИРОКЪУ*

ЦIыху щхьэхуэхэм я ехъулIэныгъэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ ябгъэдэлъ мылъкум тещIыхьауэ къалъытэу урихьэлIэми, лъэпкъхэм я къулеягъыр къызэрапщытэ мардэхэр – лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэкIэ зэджэхэр – дауикI, нэгъуэщIщ. Абыхэм хеубыдэ гурэ псэкIэ къагъэщIхэр – IуэрыIуатэр, литературэр, щэнхабзэр, гъуазджэр – сыт хуэдэ зэмани мыкIуэдыжу лъэпкъым къыдекIуэкIхэр. Ахэращ, шэч хэмылъу, дунейр къэзыхъумэну жыхуаIэ дахагъэр къызыпкърыкIыр, апхуэдэуи гуапагъэм, гущIэгъум, нэгъуэщI-къинэмыщI фIыгъуэ куэдым я къежьапIэр. Ахэращ дапщэщи хуэмыдэжу Iыхьэлейм икIауэ дызыхэпсэукI лъэхъэнэм зыщызыубгъу, абы махуэ къэс щыбагъуэ мыхъумыщIагъэхэм Iэщэншэ къабзэу япэщIэтыфыр. Зи ныбэм (мылъку угъуеиным) телэжьэным хуэунэтIауэ псэухэм я дежкIэ ахэр, хъерышхуэ къызыпэмыкIуэу, гъащIэм и «кIэрыдзэн» гуэрхэщ (ипэжыпIэкIэ, абыхэм уи ныбэр щагъэныкъуи уи плIэр щаухуи къохъу), ауэ зи псэкIэ зызыужьын икIи зи къэухькIэ зызыузэщIын гуращэ зиIэхэм я дежкIэ апхуэдэхэр уасэншэщ.

Зи гугъу тщIыхэм ди литературэр къахэбгъэщхьэхукIмэ, абы и зыужьыкIэр нобэкIэ ныкъусаныгъэншэу пхужыIэнукъым, ауэ, тхыдэм ухэплъэжмэ, абы хэплъагъуэ Iуэхугъуэхэм урагъэгупсыс: сыт щыгъуэ атIэ ар тыншу къыщыгъуэгурыкIуар?! – Тхыбзэ зыгъуэтагъащIэ лъэпкъ литературэхэм я зэхэублапIэ хъуа илъэс гугъусыгъухэра?! УсакIуэ, тхакIуэ, критик нэхъ пажэ дыдэхэм укIкIэ хьэкум тращIэу фочыпэм щыпалъхьа лъэхъэнэ шынагъуэра?! Гынымэ зыщыуауэ Хэку зауэшхуэм и илъэс псэзэпылъхьэпIэхэра?! Литературэри, гъуазджэри, щэнхабзэри парт идеологием и бжьым щыщIэта зэманыра?! Къэралым и къутэжыгъуэу псори щызэхэзэрыхьа 1990 гъэхэра?! – А упщIэхэм я жэуапыр, дызэреплъымкIэ, мыращ: блэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм

* *«Срокъу си закъуэ сэ зы дуней псо»* – Мыкъуэжь А. и «Пащтыхь симыIэ. СиIэкъым Iужажэ...» усэм щыщ сатырщ.

творческэ къару ин къыщызэщIэрыуэу нэхъ убгъуауэ зэрызиужьам и гугъу умыщIмэ, адыгэ литературэм къикIуа гъуэгуанэр, сыт и щхьэусыгъуэми, зэи тыншакъым. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ зыхуейм тетхыхьыну, я гурыгъу-гурыщIэхэр зэIухауэ къаIуэтэну Iэмал щагъуэта дызэрыт лъэхъэнэм нэхърэ нэхъ тыншыпIэ ар зэи ихуакъым, нобэ нэхърэ нэхъ щхьэхуити хъуакъым.

Иджырей адыгэ литературэм и ныкъуэсаныгъэ нэхъыщхьэр ар къэзыгъэщI-зезыгъэужьхэм я бжыгъэр зэрымащIэрщ, абыхэм ящыщу зи бзэкIэ тхэжхэр куэдкIэ зэрынэхъ мащIэжырщ. АрщхьэкIэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, литературэм и купщIэри и фащэри зыубзыху, абы къыхыхьэ щIэблэм щапхъэ зытрахын усакIуэ, тхакIуэ нэхъыжьхэр иджыри щыIэщ. Абыхэм ялэжьахэр бащэми, яхузэфIэкIам арэзы техъуэжу, тхэныр IэщIыб ящIыжакъым – ноби я тхыгъэщIэхэмрэ тхылъ щхьэхуэхэмрэ дунейм къытохьэ, жанрыщIэхэр къагъэIэрыхуэ. Апхуэдэхэщ Бещтокъуэ Хьэбас, Бицу Анатолэ, Ацкъан Руслан, Мыкъуэжь Анатолэ сымэ.

* * *



Къэбэрдей литературэм къикIуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, IупщIу къыхощхьэхукI абы нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ зыщиужьа лъэхъэнэр – XX лIэщIыгъуэм и 50 гъэхэм къыщыщIэдзауэ 60 гъэхэм я кIэуххэм нэс. А илъэсхэм ди литературэм къыщызэщIэрыуащ абы адэкIэ зэрызиужьыну унэтIыныгъэхэр куэдкIэ зыубзыхуа усакIуэ, тхакIуэ гупышхуэ, Тхьэгъэзит Зубер деж къыщегъэжьарэ Ацкъан Руслан деж щиухыжу. Абыхэм я IэдакъэщIэкIхэмрэ зрикIуа лъагъуэхэмрэ гъуазэ яхуэхъуащ къыкIэлъыкIуэ совет нэужь лъэхъэнэм – 90 гъэхэм къыщыщIэдзауэ – литературэм къыхыхьа ныбжьыщIэхэм: Къанкъул Заур, Къаныкъуэ Заринэ, ПщыукI Латмир, Аброкъуэ Беллэ, Бэлагъы Любэ, МахуэлI Нарзан, нэгъуэщIхэми. Къэдгъэлъэгъуа лъэхъэнитIым лъэныкъуэ зырызкIэ япэщхьэхуэу, ауэ зэпыщIапIэ яхуэхъуу я зэхуаку дэуващ 70 гъэхэм я кIэуххэм къэбэрдей литературэм лъэбакъуэщIэ къыхэзыча Мыкъуэжь Анатолэ и творчествэр. Къалэнышхуэ, къалэн гугъу и пщэ къызэрыдэхуэр езыми зыхищIэу, и усэхэм ящыщ зым абы мыпхуэдэу щетх:

*Сэ зэманыжьым срикIэухщ,*
*Сэ зэманыщIэм срищIэдзапIэщ.*
*Сэ лIэщIыгъуитIым сралъэмыжщ,*
*Сэращ къэкIуэнум и кхъухь тедзапIэр.*
**(«Сэ зэманыжьым срикIэухщ...»)**

Мыкъуэжьым и усыгъэм адыгэ литературэм увыпIэ хэха щеубыд. Абы и IэдакъэщIэкIхэм езыр зыхэпсэукI зэманым и нэпкъыжьэр IупщIу къатощ, и лъэхъэнэгъухэм я гурыгъу-гурыщIэхэр художест-

веннэ Iэзагъ хэлъу къыщыгъэлъэгъуэжащ. Анатолэ и усыгъэм и нэщэнэ нэхъыщхьэу къыхэбгъэщхьэхукI хъунущ гурыщIэ куурэ гупсысэ жанрэ зэрыщызэщIэлъыр.

Зэ еплъыгъуэкIэ Мыкъуэжьым и усыгъэр лирикэ щабэ зэфэзэщу къыпфIэщIынуми, усэхэм я купщIэр жылагъуэ, политикэ Iуэхухэм щытегъэпсыхьари мащIэкъым. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80–90 гъэхэм ди къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр образ щIэщыгъуэкIэ къыщыгъэлъэгъуащ «Ди кхъухьыр» усэм. А лъэхъэнэм къэрал унафэр зыIэщIэлъахэм цIыхубэр зыхуаша насыпыншагъэхэмрэ СССР-кIэ зэджэ къэралышхуэр зэрыкъутэжамрэ усакIуэм къигъэлъэгъуащ езым и закъуэу дэсея кхъухьым и образымкIэ. ГъащIэм и толъкъунхэм зэтрагъэщэха а кхъухьыр псыхьэлъахуэу нэпкъым къытридзэжащ. Абы игъэпIейтея усакIуэм и пащхьэ къиуващ упщIэ куэд:

*Дапщэщ ди дыгъэр пшэхэм къыкъуэкIыжу,*
*А псыхъэлъахуэр щигъэгъущыжынур?*
*А псыхъэлъахуэм кхъухь къыхэтщIыкIыжу,*
*Тенджызым тетхэм дащыщIыхъэжынур?*

**(«Ди кхъухьыр»)**



90 гъэхэм я пэщIэдзэхэм Совет Союзыр зэрыкъутэжам къыдэкIуащ цIыхубэм я псэукIэр куэдкIэ екIэкIуэныр, лэжьапIэ IэнатIэхэр яфIэкIуэдыныр, зи унагъуэ зыхуэмыпIыж цIыхухъухэр фадафэу уэрамым къыдэнэныр. А псом пэщIэтыфар «тахътэм ису, зи Iэнэхэр зэтету зи дунейр жэнэтхэмрэ» зи напэр мылъкукIэ зыщэжахэмрэщ. А Iуэхугъуэ гугъусыгъухэр Мыкъуэжьым и усэхэм уигъэпIейтейуэ къыщигъэлъэгъуэжащ.

Фадафэм и образыр гуемыIуу, гурымыхьу гъащIэм къыдокIуэкI, литературэми, хабзэ зэрыщыхъуауэ, ар персонаж мыхъумыщIэу къыхощ. И дуней тетыкIэрэ и IуэхущIафэкIэ мыгурыхь цIыхум и гущIэм щыхъэхэр зыми къыфIэIуэху хабзэкъым, дэхуэхам зыщIэзыгъэкъуэфхэри мащIэ дыдэщ. Ауэ усакIуэм и псэ пIащIэм гъащIэм и дурэшплIэрэш псори къетIэщIыф, цIыху зэхуэмыдэхэм я гущIэлъапсэм йоплъэф. «Фадафэ» зыфIища усэм Мыкъуэжьым къыщегъэлъагъуэ а щхъухь бзаджэр нэрыгъ зыхуэхъуа цIыхум и гум щыщIэхэр. Ар зэгуэрым «IэщIагъэлIу», «лэжьакIуэшхуэу», «и щапхъэм щIэблэр щIапIыкIыу», «и лъэпкъи лъахи иригушхуэу», «щыхузэфIэкI-щихьэмтетыгъуэм ныбжьэгъу куэдыкIей иIэу», «гуп псо и уасэу къекIуэкIат». АрщхьэкIэ:

*ЗэхъуэкIыныгъэм и псы уэрыр,*
*Пэмыплъэххауэ, къыщIэуащ.*
*ИгъэлъэпIари щIэпсэуари*
*IэщIихри – щIигъэмбрыуащ.*

*Зэпхъуэну шхийр къыхуэмыгъуэту*
*Бэлыхьу мащIэ ишэчар?!*
*И бампIэр фадэм ныхуиIуатэу*
*Къыдэнэжакъэ – зэфIэкIащ.*
**(«Фадафэ»)**

АдэкIэ усэм къеIуатэ фадафэм гъуэгу пхэнжкIэ дидзыхын хуей щIэхъуа щхьэусыгъуэхэр – «хуеякъым хъуну хьэкIэпыч», «хьэрычэтыщIи хъуфакъым», «зи гупкIэ исым и уэрэдым дежьууфакъым», «зыхуегъэкIуакъым зэманыщIэу зи напэр сомкIэ зыщэжам», «гъэпцIагъэм зыхуегъэсакъым». Ауэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, ар «мыбзаджащIэ», «мыдыгъуакIуэ», «мыIужажэ», «мыахьмакъ», и зэран зыми емыкIыу шхапIэм хуэзышэ лъагъуэ закъуэм тетщ. Пэжымрэ захуагъэмрэ я телъхьэ усакIуэр апхуэдэ мыхъумыщIагъэм блэплъыкIыфыркъым икIи къэралыр зыхуэкIуа псэукIэр зи Iэужьхэм нехьэкI-къехьэкI хэмылъу мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ захуегъазэ: «... *Фэ, къэрал жыпыр зыунэщIахэ, / Фыхуиткъым фщIыну ар ауан. / Фэращ цIыхубэр гугъапIэншэу / Уэрамым дэзыутIыпщхьэжар. / Фэращ къэралыр зыгъэплъакъуэу / ЩыхупIэ нэзым Iузышар*».

Мыкъуэжьым и усэм дызыщрихьэлIэ фадафэр – къызэщIэзыкъуэ образщ, езы усакIуэми къызэрыхигъэщщи, «*апхуэдэ дэсщ ди къалэ къэскIэ, ди къуажэ къэскIи къыдэпшынщ*». Нэхъ шынагъуэжращи, апхуэдэ щIэпхъаджагъэмкIэ жэуаптакIуэу зы цIыхуи къэувыфакъым, икIэм-икIэжым, абы кърикIуаращи: «*Нэмысу игъуэ псэ хей минхэр, / КIакхъу щIамычауэ, яукIащ*».

УсакIуэ нэсым и IэдакъэщIэкIхэм езыр зыхэпсэукI лъэхъэнэм и сурэт наIуэ къахэщ хабзэщ, ар абы бгъэдэлъ зэчийм и зы нэщэнэу, и фIагъыу къоув. Мыкъуэжьми хузэфIэкIащ езым и лъэхъэнэм – «щысхьыншэу хейхэр хэзыутэ», «нэжэсхэм я IупэфIэгъу», «цIыху уасэр мылъкукIэ къэзылъытэ», «лыд псори дыщэу зылъагъу» зэманым – и сурэтыр и усэ сатырхэм «щигъэжын», абы щыгъуэми, и псэр къабзэу ихъумэу, «фIыр и плъапIэу къэнэжын».

ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа усэхэм къыщыIэта Iуэхугъуэхэр нэхъ кууж, зы къэралымрэ цIыху щхьэхуэмрэ я щыIэкIэ-псэукIэм емыхьэлIауэ, атIэ гъащIэм и философиеу къыщыгъэлъэгъуащ «Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр...», «Дунеижь», «ГъащIэ-мафIэгужь», «ГъащIэ-хышхуэ, хэт хьэфэ гъэпщакIэ...», «Къысхубохь гуфIэгъуи...», «АкъылкIэ сэ...», «ГъащIэм», «Ди зэманыр зэрыакъылыфIэ...», «Дунеижьым дыщэм зыхуегъэщхъ...» усэхэм, нэгъуэщI зыбжанэми. Мы усэ гупыр усакIуэм и щхьэзакъуэ хъэтIыр зыгъэнахуэу и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ, сыту жыпIэмэ мыбыхэм хуэдэу кууүэ жылагъуэ (социальнэ) мотивым зыщиужьарэ гъащIэм и зэхэлъыкIэр пэжу къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэрэ ди усыгъэм щыгъуэтыгъуейщ.

«Дунеижь» зыфIища усэм къыхощ Мыкъуэжьым гъащIэм хилъагъуэ мыхъумыщIагъэхэр. Абы псэкIэ къищтэркъым «е-щхьэзыфIэфIыр зи жьантIэдэс», «цIыхугъэ нэсыр зи бжэкъуагъкъуэт», «акъылыфIагъэр зыфIэделагъэ», «нэмыукIытагъэр зи жьэгу щыпэкIу», «бохъшэ домбейхэм къадеуджэкI», «шатащхьэ IувкIэ щыкIар зыгъашхэ», «здэармырамкIэ еджэрэзэкIыурэ гурыгъ мелуанхэр изыгъэжа» дунеижьыр. Абы къыхэкIкIи, нэгъуэщI усэм – «Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр...» жыхуиIэм – и кIэухым деж усакIуэм езы дунейр зи IэмыщIэ илъым лъэIукIэ зыхуегъазэ:

*Ди щхъэщыгум дыгъэр къизыIыгъэу,*
*Зи IэмыркIэ щIыр къекIэрэхъуэкI,*
*Пэлъэщауэ е-бзаджейм цIыхугъэр*
*ЩIы хъурейр зэгуэрым нэху къегъэкI.*
**(«Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр...»)**

Мыкъуэжьым и IэдакъэщIэкI зыбжанэм къыхощ щIыр, гъащIэр, дунейр «здэармырамкIэ» еджэрэзэкIыу, абы сыт щыгъуи хабзэ пхэнж куэд къыдекIуэкIыу: *«ГъащIэ-мафIэгужьым гужьу дызэредзэ, / ГъащIэ-мафIэгужьым гущIэр зэрегъэш, / ТфIэфI-тфIэмыфI жыхуэпIэр щайуэ къримыдзэу, / ЩхъэрыутIыпщу макIуэ,* ***пхэнжурэ егъэш»*** [«ГъащIэ-мафIэгужь»]; *«Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр / Зи Iэмырым къыдекIэрэхъуэкI, /* ***Хабзэ пхэнжхэу*** *мы ди гъащIэр мыгъуэ / КъытщызыщIхэр щIым щытхузэхъуэкI»* [«Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр...»]; *«И* ***хабзэ пхэнжхэм*** *мы гъащIэм / Уи нэ дахитIыр дэплъыст...»* [«И хабзэ пхэнжхэм мы гъащIэм...»]; *«Дунеижьу фIыр зыхудиплъапIэр /* ***МэкIэрахъуэ пхэнжу*** *– къэплъэнэфщ...»* [«Дунеижьу фIыр зыхудиплъапIэр...»]. УсакIуэр апхуэдэ гупсысэхэм хуэкIуэныр нэхъыбэу къызыхэкIыр ихъуреягъкIэ и нэгу щыщIэкI зэхуэмыдэныгъэрщ, «изрэ никъуэрэ зэрызэрымыщIэрщ». «ГъащIэ-мафIэгужь» зыфIища усэми Мыкъуэжьым дунейм къыдекIуэкI хабзэ мыхъумыщIэхэр, псори зэуэ къызэщIэкъуарэ мафIэгум и образым ешэлIэжауэ къыщигъэлъэгъуащ. УсакIуэм гъащIэм, цIыхум и щыIэныгъэ-псэуныгъэм ехьэлIауэ къиIуатэ гупсысэхэр нэхъри щIэгъэхуэбжьа, гум ежалIэ, гукъинэж мэхъу къэгъэпсэуныгъэ Iэмалыр къигъэсэбэпу гъащIэ-мафIэгум зыщыхуигъазэкIэ:

*ГъащIэ-мафIэгужьу хейхэм я щIыунэ,*
*Удэфа-сэхъуахэм я дуней жэнэт,*
*Ди зэхуэдэ унэу, уей, емынэ унэ,*
*Ди унэкIэ хъунум и жэуап къыдэт!*
**(«ГъащIэ-мафIэгужь»)**

Къэтхьа едзыгъуэми, езы усэр зэрыщыту къапщтэми, укъыщеджэ къудейкIэ абы и гъэпсыкIэ телъыджэр, и ритмикэ шэщIар макъамэу

тхьэкIумэм къоIуэ. Сатырхэр макъ зэщIэжьыуэхэмкIэ къулейщ, абыхэм IуэрыIуатэм и рифмэмрэ кIэух рифмэ зэблэдзамрэ IэкIуэлъакIуэу щызэхэухуэнащ. Едзыгъуэм и ещанэ сатырым деж «унэ» псалъэм омониму къызэрытригъэзэжым усэм щIэлъ гупсысэр ешэщI, егъэшэрыуэ, апхуэдэуи а гупсысэр тхылъеджэм нэхъ зыхищIэн-зэхищIыкIынымкIэ «уей» жыхуиIэ междометиеми къалэн пыухыкIа егъэзащIэ.

ГъащIэ-мафIэгум и образым КIыщокъуэ Алим и усыгъэми ущрохьэлIэ, ауэ усакIуитIым я тхыгъэхэм щIалъхьа гупсысэр зэтехуэркъым. ТIуми гъащIэр мафIэгум ирагъапщэ, абы и образымкIэ дунейм и зэхэлъыкIэр къагъэлъагъуэ, арщхьэкIэ КIыщокъуэм гъащIэ-мафIэгум ису кIуэ цIыхухэм я хьэл-щэнкIэ зэрызэхуэмыдэр ди нэгу къыщIигъэувэмэ, Мыкъуэжьым зи гугъу ищIыр «гъащIэ-мафIэгужьым» щызекIуэ хабзэ мыхъумыщIэхэрщ. УсакIуэм къызэрилъытэмкIэ, абы «ер щыжьантIэрыкIуэщ», «щиIутIыжщ нэфIнейм», «щогурым тхьэмыщкIэр», «зыщатIыжыр бейм», «Iэщэ щызэрахьэ», «Iущыр щызэрахуэ», «напэ щызэIуащэ», «псэр щызэхаутэ», «мылъкум елъытауэ щащIыр зэхэгъэж», уитIысхьэн хуей хъуами, «уигу зрегъэбгъэж».

Мыкъуэжьым и IэдакъэщIэкIхэм цIыхухэр мылъкурэ къулыкъукIэ зэрызэхуэмыдэм къиишэ икIагъэхэми куэдрэ уащрохьэлIэ. Абы щыгъуэми усакIуэм фIы дыдэу къыгуроIуэ «дыгъэмыхъуэр зи натIэ» никъуэмрэ «дыгъафIэр Тхьэ IэмыркIэ зыIэрыхьа» изымрэ щIызэрымыщIэр – «тетхэщи аращ дуней зырыз». Ар къэзыгъэуIэбжьыр нэгъуэщIщ:

*ЗэрызгъэщIэгъуэнур къысхуэмыщIэ:*
*Никъуэм никъуэр сыт щIызыхимыщIэр?*
**(«Изым никъуэр зэрызыхимыщIэм...»)**

Мыкъуэжьыр гъащIэм кууэ икIи плъыфэбэу хуэусэ закъуэтIакъуэхэм ящыщщ. Абы и еплъыкIэмкIэ, гъащIэр зи лъащIэм унэмысыф, зи щэхухэр къыпхуэмытIэщI гъуэбжэгъуэщщ. УсакIуэр мыпсэхуу цIыхум и щыIэныгъэ-псэуныгъэм и мыхьэнэм лъыхъуэ зэпытщ, къыщыхуэмыгъуэткIи, и гугъэр хихыжауэ жеIэ: *«...Уи щэхухэм я щIэм / Сынэсыфкъым, гъащIэ, / Сэ содыхъэшхыр / Сымыгъыным папщIэ»* [«АкъылкIэ сэ...»].

И зэманым къыщыхъу мыхъумыщIагъэхэр и нэгу щIэкIыхукIэ усакIуэм дунейр зэрынэмыщIысар нэхъри хьэкъ щохъу. ИтIани цIыхупсэм сыт щыгъуи зы фIагъ къыдокIуэкI – гугъэн-хъуэпсэныр, аращ и гъащIэм къыпызыщэри. Апхуэдэ гупсысэхэр и лъабжьэщ «ГъащIэм» жыхуиIэ усэм:

*ДымыщIэу псэху*
*ДыщIэбгъэтхъэджэр*
*Акъылым ещIэ –*
*НэкъыфIэщIщ...*

*ИтIани гум*
*Хъуэпсэн щIимычэ,*
*Телъыджэ щыIэу*
*Мэхъу и фIэщ.*
**(«ГъащIэм»)**

Псыр ипщэкIэ зэрыдэмыжейр, къэкIыгъэр зэремыкIыхыр, щIы хъурейр цIыхур здыхуей лъэныкъуэмкIэ зэремыджэрэзэкIыр, гуфIэгъуэмрэ гуауэмрэ зэрызэлъэпагъыр, емрэ фIымрэ я зэпэщIэтыныгъэ мыухыжыр дунейр къызэриухуэрэ абы щызекIуэ хабзэ ткIийхэм ящыщщ. УсакIуэми ахэр фIыуэ къыгуроIуэ, ауэ «узыхьыну псым зыдегъэзых, сыт хуэдизрэ ухуэмыхъущIэми, гъащIэр зэрыщымыт пхуэщIынукъым» къыжезыIэхэм жэуапу яретыж: *«ХущIэкъуат сищIыну ещхь езым, / Ауэ сэ дунейр къыспэлъэщакъым. / СхуэмыщIами ар зэрыщымыт, / Сызэрыщымыти зезгъэщIакъым»* [«Дунеижьым дыщэм зыхуегъэщхъ...»].

Дунейм и зэхэлъыкIэми, цIыхум и щыIэкIэ-псэукIэми, ихъуреягъкIэ и нэгу щыщIэкI къэхъугъэ псоми кууу хэплъа усакIуэр, икIэм-икIэжым, къызыхуэкIуэр гъащIэр зэрыщытым хуэдэу лъагъуныршщ, ифIми и Iейми зыдегъэкIуныршщ:

*АфIэкIа къискъухьынкъым мы гъащIэр:*
*ЩыдимыIэкIэ дызыхэдэн,*
*И фIыр ифIу, и Iейри и Iейуэ,*
*Зэрыщытым хуэдабзэу къэсщтэнщ.*
**(«АфIэкIа къискъухьынкъым мы гъащIэр...»)**

Мыкъуэжьыр «усакIуэ нэщхъей» цIэр зытеIукIахэм ящыщщ. Ауэ абы къикIыркъым Анатолэ и усыгъэр тхьэусыхафэ е гъыбзэ зэфэзэщу зэхэлъу. Абы къикIращи, усакIуэр кууу, набдзэгубдзаплъэу гъащIэм хоплъэф, абы и хужьыр хужьу, и фIыцIэр фIыцIэу – зэрыщыт дыдэм хуэдэу елъагъу. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, нэгъуджэ щхъуэкIэплъыкIэкIэ дунейм хэплъэну хуейхэм Мыкъуэжьым и усыгъэр къэгурымыIуэнри хэлъщ, ауэ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ, пэжыгъэр, захуагъэр, усакIуэм и гущIэлъапсэм щызэпцIа сатырхэм къапкърыкI гумащIагъэр, псэ къабзагъэр, хьэлэлыгъэр – дунейр мыкъутэжу зэтезыIыгъэ хъугъуэфIыгъуэхэр – абы гъуджэу къытощ. «УсакIуэ нэщхъейхэм» зэрыхалъытэм ехьэлIауи Мыкъуэжьым етх:

*«ЩIым темытыжми гуфIэгъуэ*
*Ярейуэ, щхьэ унэщхъей?» –*
*Къеджа иужькIэ си тхыгъэм,*
*Ныбжьэгъухэм къызжаIэрейщ.*
<...>
*ГуфIэгъуэщ, сэ фIыуэ сощIэ,*
*КъыщIигъэщIар мы дунейр...*

*СыгуфIэщэну сыхуейщи,*
*Аращ сэ сыщIэнэщхъейр.*
**(«ЩIым темытыжми гуфIэгъуэ...»)**

Мыкъуэжьым и усэхэм я нэхъыбэр фIым къыхуеджэн, цIыхубэм я гъащIэр ефIэкIуэн, щIэблэм къэкIуэну дахэ яIэн, лъэпкъым зиузэщIын гугъэхэмкIэ псыхьащ. «Хъуапсэ и псэ кIуэдыркъым» зэрыжаIэу, дунейр зэгуэрым нэщIыса зэрыхъунум, абы цIыхугъэр, гуапагъэр, гумащIагъэр, пэжыгъэр тепщэ зэрыщыхъунум усакIуэми и гугъэр хихыжыркъым. Аращ ар «гуфIэгъуэм теухуауэ», «захуагъэр щигъэлъапIэу», едаIуэм «гуфIэ нэпс къыфIыщIигъэкIыу» уэрэд зэхилъхьэну щIыщIэхъуэпсыр: *«Узэджэр къокIуэ» – жиIэгъащ псалъэжьым, / ГуфIэгъуэм хуэзгъэпсынщ сэ зы уэрэд»* [«Сыхуейт сэ зэхэслъхьэну Iэджэ щIауэ...»]. Уеблэмэ усакIуэр езы ажал дыдэми, гугъэр и Iэщэу, пэщIэтыфщ: *«Ажал, / Уэ сэркIэ ущыIэжкъым – / Си гугъэхэмкIэ / УзукIащ»* [«Ажал»].

Мыкъуэжьым и усыгъэм лIэныгъэм ехьэлIа гупсысэхэм щIыпIэ щхьэхуэ щаубыд. И усэхэм языхэзым: *«Аращ и хабзэр дунеижьым: / Къытохъэ зыр, адрейр токIыж»,* – щетх усакIуэм. АдэкIэ къыхегъэщ ажалыр гъащIэм зэридауэгъур, арщхьэкIэ цIыхур гуауэ архъуанэм кърихыжу къыдогъуэгурыкIуэ гугъэр:

*ЩызэхокIыжри пшэр ди уэгум,*
*Ди нэгум дыгъэр къредзэж.*
*Адэжь щIэинщи гугъэ тIэкIур –*
*Гугъэн аргуэру щIыдодзэж.*
**(«Аращ и хабзэр дунеижьым...»)**

Дэтхэнэ усакIуэ нэсми хуэдэу, Мыкъуэжьыр дунейм и щытыкIэми, ихъуреягъкIэ къыщекIуэкI къэхъукъащIэхэми, зыхэпсэукI зэманми хуэнабдзэгубдзаплъэщ. А псоми къадэкIуэу, абы цIыхухэм щэхуу е нахуэу яхэлъ хьэл-щэнхэр, я гущIэм и кууагъ-чэнжагъыр псэкIэ зэрегъэзахуэ, зэпелъыт. Абы щыгъуэми, усакIуэм нэхъыбэрэ къыхегъэщхьэхукI хьэлым я нэхъ мыгъуэу цIыхухэм ядилъагъуухэр – пцIы упсыныр, Iужажэныр, фыгъуэн-ижэныр, фэрыщIыныр, нэгъуэщIхэри.

ИщхьэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, цIыхум и пщIэр бгъэдэлъ мылъкумкIэ къыщалъытэ иджырей зэманым «дунейм и ныбжьыр и ныбжьу», «жып щэхукIэ кърахьэкIыу», «щыкIахэр зэкIэрызышхэу» абыхэм я «шхахуэм хейхэр хэзыгъэшхыкI» Iулъхьэр щытепщэщ. Ар зезыхьэхэм яфIокIыжри, усакIуэм гъэщIэгъуэну езы Iулъхьэм зыхуегъазэ: *«Жэнэтым хейхэр допщIыхь – / Щытыншыжынщ псэ бэмпIар... / Ахърэтми ущызэрахъэу / КъыщIэкIмэ, дыунэхъупащ»* [«Iулъхьэ»].

ЦIыхухэм ядилъагъу мыхъумыщIагъэхэм Мыкъуэжьыр хэхауэ къащIытеувыIэм щхьэусыгъуитI иIэщ: япэрауэ, апхуэдэ хьэл-

щэнхэр усакІуэм и зэхэщІыкІ-гупсысэм къызэримытІасэрщ, псэуныгъэм хуиІэ гукъыдэжымрэ и дуней тетыкІэмрэ ахэр зэремызэгъырщ; етІуанэрауэ, гъащІэм зыщрихьэлІэ цІыху мыгъасэхэм, гу щІыІэхэм къатрищІыкІа образ гуемыІу къигъэщІкІэрэ апхуэдэхэм закъригъэщІэжын, зыщІигъэгупсысыжын, Іэмал гуэр иІэжыххэмэ, пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ я гъуэгум тригъэувэжын мурад зэриІэрщ. А псом къадэкІуэуи, щІэблэр щІэппІыкІын и лъэныкъуэкІэ апхуэдэ усэхэм я гъэсэныгъэ-ущиинугъэ мыхьэнэр инщ. Псалъэм папщІэ, «Дунейр уи Іэпэм къыдеджэрэзэкІыу...» усэм Мыкъуэжьым цІыхугъэр къызэрапщ пщалъэ нэхъыщхьэхэр къыщегъэлъагъуэ:

*Уи зэхэщІыкІыр*
*ФІым хуэмыпсыхьамэ,*
*Дахагъэ уи гум*
*Къыщымыушамэ,*
*УцІыхукъым,*
*Хуеймэ, уэ урепащтыхь.*
*УзырикІщ,*
*УфІэфІыху зыгъэалыхь!*
**(«Дунейр уи Іэпэм къыдеджэрэзэкІыу...»)**



Гуапагъэр, гумащІагъэр, гулъытэр гъадэщІыдэм къыхэзынэу, мылъкур, пцІыр, фэрыщІагъыр тепщэ щыхъуа зэманым усакІуэр псэкІэ гугъу щохь: *«Дэтлъагъумэ цІыхум гумащІагъэ, / ДгъэщІагъуэу сыт дыкъыщІэнар?!»* [«И ІитІыр хьэлъэм иришэхыу...»], – щІоупщІэ ар. ЦІыхум я нэхъыбэм дахагъэр ямылъагъужу, дунейм и телъыджагъым хуэгунэфу къызэрынари усакІуэм егъэщІагъуэ: *«Бгъэдэлъщи / МыкІуэщІыж дахагъэ, / Мы дунеишхуэр / СогъэщІагъуэ. / А псори цІыху / ЗымыгъэщІагъуэ / ЩІым зэрытетыр / СогъэщІагъуэ»* [«СогъэщІагъуэ»]. НэгъуэщІ и зы усэми щетх: *«ЦІыху мыгъасэ тлъагъумэ, япэхэм дгъэщІагъуэрт, / Иджы догъэщІагъуэ, тлъагъумэ цІыху гъэса»* [«Дунеижьыр мажэ, здэжэр имыщІэжу...»].

Мыкъуэжь А. и усыгъэм и къыщхьэщыкІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ зы усэм и кІуэцІкІэ мыхьэнэ зэпэщІэуэ къызэрыкІ гурыІуэныгъэхэр щызэхьэлІэныр, щызэгъэпщэныр. Апхуэдэхэр тІурытІурэ зэдзылІауэ усэхэм къыщокІуэ: *гуфІэгъуэ – гуауэ* («Сыхуейт сэ зэхэслъхьэну Іэджэ щІауэ...», «ЩІым гуфІэгъуэм...», «ЗыпщигъэнщІкъым цІыхупсэм...», «Пщэдджыжьыпэм дыгъэр къыкъуэкІамэ...», «ГуфІэгъуэ защІэу уэрэд...»), *гъащІэ – ажал* («АкъылкІэ сэ...», «Ажалым», «Аращ и хабзэр дунеижьым...», «– Удз гъэгъахэр...», «Аушыджэр джабэм кІэрыт кхъэжьым...»), *пэж – пцІы* («Зеиншэу Пэжыр къыдэнащ уэрамым...»), *зауэ – мамырыгъэ* («Дунеишхуэ...», «Хуейщ дыгъэр бзийкІэ гуэшэну...», «Макъхэр», «Іугъуэ», «Сыхьэт закъуи и ІитІыр мыпсэхуу...»), *зэман акъылыфІэ – зэман акъылыншэ* («Ди зэманыр зэрыакъылыфІэ...»). А гурыІуэныгъэхэр щызэпэщІэгъэувва усэхэм философие гупсысэ куу ящІэлъщ.

Мыкъуэжьым и усыгъэм гуфIэгъуэмрэ гуауэмрэ, гъащIэмрэ ажалымрэ, зауэмрэ мамырыгъэмрэ я зэпэщIэтыныгъэ мыухыжхэми щIыпIэ щхьэхуэ щаубыд. Зауэм и бийуэ и усэ сатырхэр игъэпскIэрэ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм мамырыгъэр щегъэлъапIэ, абыкIэ цIыхугухэр гуапагъэм, къабзагъэм, къуэшыгъэм, зэныбжьэгъугъэм къыхуегъэуш. Псалъэм папщIэ, «Макъхэр» усэм щIым макъ зэмыщхь бжыгъэншэхэр зэрыщыIур къыхощ: бзухэм я уэрэдыр, псым и даущыр, хьэгъуэлIыгъуэ Iэгуауэр, уафэгъуагъуэр, къыр дзакIэ къыгуэхум и макъыр... Абыхэм языхэзми и IукIэкIэ, щIэIу щхьэусыгъуэкIэ, зыгъэIукIэ лъапIагъэ пыухыкIа ябгъэдэлъщ. Ауэ, усакIуэм пэжу гу зэрылъитащи, абыхэм яхэзэгъэнкIэ Iэмал иIэкъым шэ, лагъым къэуэж макъхэр. Усэм и кIэух сатырхэм абы щетх:

*... Ауэ ирехъу щIыр*  
*Гуауэм къыдэмыскIэу –*  
*Мы щIылъэм*  
*Шэ фий макъ къыщремыIу.*  
**(«Макъхэр»)**



И купщIэкIэ, и зэхэлъыкIэкIэ, къыщыIэта гупсысэкIэ «Макъхэр» усэм поджэж Мыкъуэжьым «Дунеишхуэ...» зыфIища усэри. Зауэм зи псэр щыщтэ усакIуэм дунейр щыму, даущыншэу щытыныр мамырыгъэм и нэщэнэ нэхъыщхьэу къегъэлъагъуэ. Аращ абы щIитхыр:

*Дунеишхуэ,*  
*УмыIэуэлъауэ.*  
*Дунеишхуэ,*  
*СынолъэIу, зыущэху.*  
*Топ зыщIыпIи*  
*Зэрыщамыгъауэр*  
*Хьэкъ къысщыщIи,*  
*Мы си гур гъэпсэху.*  
**(«Дунеишхуэ...»)**

Мыбдеж усакIуэр зауэм и макъ шынагъуэм и бийуэ увмэ, «Iугъуэ» усэм деж абы зауэм и Iугъуаем зыпыIуедз. Усэм и япэ едзыгъуитIым къыхощ зы бынунагъуэм я гъащIэ мамырыр, лэжьыгъэ хьэлэлыр, дунейм и дахагъыр, цIыхугухэм я къабзагъыр... Бынхэм нэжэгужэу хадэр ягъэкъабзэ, анэри, «и нэгу къищу нэщхъыфIагъэ», абыхэм яхуопщафIэ. Дунейр мамырщи, «хьэку уэнжакъым къриху Iугъуэри» мамырыгъэм и нэщэнэу, «уафэ къащхъуэри гуфIэу» усэм къыщыгъэлъэгъуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, зи гугъу тщIы усэм Мыкъуэжьым щызэпэщIегъэувэ мамырыгъэм и Iугъуэмрэ зауэ Iугъуаемрэ я образхэр, абы и кIэух едзыгъуэми щетх:

*ЩIимыгъанэм зауэ Iугъуэм,*
*Хуиту щIылъэм къыIуплъэфмэ,*
*Уафэр хуейкъым нэгъуэщI фIыгъуэ.*
*Уафэ къащхъуэр ирегуфIэ!*
**(«Iугъуэ»)**

Мыкъуэжьым къызэрилъытэмкIэ, уафэмрэ щIылъэмрэ къабзэу, зыри я зэхуаку къыдэмыхьэу, зэIуплъэфу щытыпхъэщ. А гупсысэхэр и лъабжьэу, усакIуэм зауэм хуиIэ лъагъумыхъуныгъэр «Сыхьэт закъуи и IитIыр мыпсэхуу...» усэм щыщIохуабжьэ икIи зэIухауэ езы зауэм зыхуегъазэ:

*Къыуах нэлат, щымыIэ уэ къыпхуей,*
*Си сатырхэми пщыхуащ я ней,*
*Зауэ!*
**(«Сыхьэт закъуи и IитIыр мыпсэхуу...»)**

Мамырыгъэр игъэлъапIэу, зауэ Iугъуэмрэ шэ фий макъымрэ защидзейуэ Мыкъуэжьым игъэпсахэм ящыщщ «Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну...» усэри. Абы усакIуэм щегъэув упщIэ жэуапыншэ куэд: *«Зауэм и Iугъуэм щIиуфэм – / Дыгъэм и лажьэр сыт?», «Шэм и фий макъым игъащтэм – / Бзухэм я лажьэр сыт?», «Ем къыщIэхутэм и лъэгум – / Гъэгъам и лажьэр сыт?».* А упщIэхэм я къалэн нэхъыщхьэр цIыху къэскIэ зыщIигъэгупсысыжынырщ, щIэблэм къэкIуэну дахэ яIэн папщIэ балигъхэр зэгурыIуэнырщ, зауэ мафIае зэщIамыщIэнырщ. Усэм и купщIэ нэхъыщхьэр къыщыгъэлъэгъуащ абы и кIэух едзыгъуэм:



*Хуейщ сабий цIыкIухэр джэгуну,*
*ЩIым гуфIэу къыщажыхьыну.*
*Балигъхэр зэгурымыIуэм,*
*Сабийм я лажьэр сыт?*
**(«Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну...»)**

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер пэжу гу зэрылъитащи, зауэмрэ мамырыгъэмрэ ятеухуауэ усакIуэ нэхъыфIхэм ятхахэм я купщIэкIи я гъэпсыкIэкIи ябгъурыбгъэувэ хъунущ Мыкъуэжь Анатолэ мамырыгъэм теухуа и усэхэр.

УсакIуэр и псэм щыщ IыхьэкIэ нэхъыбэрэ гуэшэхукIэ, абы къыщыщIэж усыгъэ-псынэр икIуэщIыкIыркъым, атIэ кIуэ пэтми нэхъ уэр, къабзэ мэхъу. И интервьюхэм языхэзым Мыкъуэжь Анатолэ щыжиIэгъащ: «УсакIуэ нэсым и дежкIэ щыIэкъым щхьэ закъуэ насып. Абы и насыпыр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ щIым цIыхуу тетым я насыпым, бэм я насыпым. ИкIи езым и гум къыщрихьэкI дуней хьэрэмыгъэншэм ещхь хъуауэ мы дызытет дунейр илъагъунырщ абы

и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр». Мы псалъэхэри усакIуэм и IэдакъэщIэкI дэтхэнэ усэри абы и лъэпкъ зэхэщIыкIыр зэрылъагэм, адэжь щIыналъэм хуиIэ гурыщIэ къабзэм и кууагъым и щыхьэт наIуэщ. Абы и усэхэм хэку лъагъуныгъэри, лъэпкъым и тхыдэри, IуэрыIуатэм и хъугъуэфIыгъуэхэри, анэдэлъхубзэм и къулеягъ-шэрыуагъри щызэхэжыхьащ.

Адыгэм и блэкIа гуузым куэдрэ хуэмыусэми, XIX лIэщIыгъуэм икухэм ди лъэпкъэгъухэм хэкур зэрырагъэбгынар, ахэр пшахъуэ налъэ зырызурэ хамэщIхэм зэрыщракъухьар сыт щыгъуи Мыкъуэжьым и гукъеуэшхуэщ, ар «шэпхъыу и гум хэпхъащ»: *«Залымыгъэу залымыгъэ бзаджэт. / Схуегъэхкъым тэмакъым ар: / Сабийхэр балигъхэм еджэу, / Балигъхэр макъкIэ зэщыджэу / Я лъахэм зэрырашар»* [«Си нанэу си нанэ дыщэ...»], – щетх абы и зы усэм. Мыбы къыщыгъэлъэгъуащ адыгэм и гупсысэкIэри, и хьэл-щэнри, и лIыгъэри, и бэшэчагъри *(«Бий куэдым куэдрэ яфыщIми, / И лIыгъэм яхухэмыщIу, / И джатэ Iэпщэр ихузт»)*, Хэкум и дахагъри *(«Си Хэку и дыгъэр гуапащэщ...»)*, анэдэлъхубзэм и IэфIагъри *(«КIуэдыжмэ си адыгэбзэр, / ХэкIынущ си адыгэпсэр»)*.

Мыкъуэжьым и бзэр фIыуэ илъагъу къудейм къыщынэркъым, атIэ ар анэм, анэкъилъхум пещI: *«Си анэм и гукъеуэр къызэрысхуиIуатэ / Бзэм нэхъ лъапIэ теткъым сэркIэ мы дунейм»* – жеIэ, абы къыщымынэуи, бзэм и хъумакIуэу, и къыщыжакIуэу къоув:



*Си бзэм сэрэ дызэтIолъхуэныкъуэу*
*Зы адыгэ анэ дыкъилъхуащ...*
*Здэнукъым сыкъэзылъхуар хаутэу,*
*Здэнукъым хаутэу къыздалъхуар!*
**(«Си бзэм сэрэ дызэтIолъхуэныкъуэу...»)**

«Адыгэ гимн» зыфIища тхыгъэм щIилъхьа ритмикэ хэIэтыкIамкIэ усакIуэм езыр къызыхэкIа «нартыжь лъэпкъ уардэу зи тхыдэжьыр къетхъухыпар», лъэпкъ хабзэ дахэхэр, Хэкур, адыгэу дунейм тетым гъуазэ яхуэхъуу псори зэгуэрым щызэхуэсыжынкIэ зыщыгугъ Iуащхьэмахуэ егъэлъапIэ. Зи гугъу тщIы усэхэри нэгъуэщIхэри щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, абы и гукъыдэж-дэрэжэгъуэр и Хэку насыпым гуэхыпIэ имыIэу епхащ, и щIыналъэм и гуфIэгъуи и гуауи дигуэшыну хьэзырщ:

*Гур дэгуфIэу уи гуфIэгъуэм,*
*ДэткIуу ар уи гузэвэгъуэм –*
*Сыпсэуным нэхъ насып сэ,*
*Си Хэку лъапIэ,*
*Сыхуэмей.*
**(«Гур дэгуфIэу уи гуфIэгъуэм...»)**

Мыкъуэжьым и усыгъэм фIыуэ илъагъу цIыхухэм – адэ-анэм, къуэшым, шыпхъум, щхьэгъусэм, бынхэм, ныбжьэгъухэм – яхуитхахэр зы Iыхьэшхуэу хоувэ. Псом хуэмыдэжу гуапэщ анэм хуигъэпса тхыгъэхэр, а образыр нэсу усакIуэм къехъулIащ. Абы къыхегъэщхьэхукI анэм и хьэл-щэн нэхъыщхьэхэр, и псэ зэхэлъыкIэр: анэм и «гъащIэр ехь и быным тегужьеикIауэ», «химыгъэхьэу жэщым», «химыгъэхьэу щIыIэм», псоми зыгуэр къращIэн фIэщIу. УсакIуэм анэмрэ дыгъэмрэ зэрызэригъапщэр адыгэ литературэм щыщIэщыгъуэщ – а тIур я хуабагърэ гуапагъэкIэ зэхуегъадэ. «Псалъэ жагъуэ» зыфIища усэм лъабжьэ хуэхъуар анэм и гумащIагъырщ, и псэ махагъырщ. Быным и псалъэ гуауэм абы зыри пидзыжакъым, и нэпс къекIуар и IэлъэщI кIапэм кIуэцIигъэпщкIуа фIэкIа.

Зы усакIуи зэрыхузэфIэмыкIауэ, художественнэ Iэзагъ хэлъу Мыкъуэжьым анэмрэ фIыуэ илъагъу пщащэмрэ яхуиIэ лъагъуныгъэр зэрихьэлIащ, абы щыгъуэми, зыр зым примыдзыхыу, «зэрытемыгъакIуэу», а цIыхуитIым усакIуэпсэм щаубыд увыпIэр къигъэлъэгъуэфащ. Анэмрэ псэм и щIасэ пщащэмрэ я лъагъуныгъэр лIэужьыгъуитIу къогъуэгурыкIуэ, ауэ усакIуэм и гур абыхэм зэхуэдитI яхурищIыкIащ. Усэм и пэщIэдзэм деж Мыкъуэжьым «егъэлеяуэ мы щIылъэм фIыуэ цIыхуитI зэрыщилъэгъуар» къыхегъэщ, ар абыхэм сыт щыгъуи «яхуэныкъуэщ», «яхуосакъ». УсакIуэм зи гугъу ищI цIыхуитIыр усэм и кIэух едзыгъуэм наIуэ щохъу:

*Зыр – си анэ дыщэ гумащIэрщ,*
*ФIыуэ слъагъу пщащэрщ адрейр,*
*ТIуми яхуэсщIэр сфIэмащIэщ:*
*Зым къызитащ сэ си гъащIэр,*
*Хуитщ къыпищэнум адрейм.*
**(«Егъэлеяуэ мы щIылъэм...»)**

Анэм теухуа темэм зригъэубгъуу, «Сэ ухэту щытми узмыцIыху...» усэм деж Мыкъуэжьым зи бын хыфIэзыдза бзылъхугъэм и гугъу щещI. Тхыгъэр зы бзылъхугъэм и дуней тетыкIэм хуэгъэзами, абы къыхэщыр къызэщIэзыкъуэ («собирательный» жыхуаIэм хуэдэ) образщ:

*Сэ ухэту щытми узмыцIыху,*
*Ауэ, сощIэ, шэч къытезмыхьэжу,*
*ПщIам иужькIэ, уигу щIэмыузыжу,*
*Пхуэмыфащэ пхужаIэну «цIыхущ».*
<...>
*Быну тетым я цIэкIэ дунейм,*
*Анэу щыIэм ягу сыкъипсэлъыкIыу,*
*Сэ узох нэлатым я нэхъ Iейр,*
*ЗэрысхузэфIэкIкIэ узгъэикIэу.*
**(«Сэ ухэту щытми узмыцIыху...»)**

Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэм лъагъуныгъэ лирикэм щIыпIэ ин щеубыд. УсакIуэм а темэм езым и бгъэдыхьэкIэ щIэщыгъуэ къыхуегъуэтыф. Псом хуэмыдэу ар нэрылъагъу щохъу игъуэ нэмысу дунейм ехыжа и щхьэгъусэ Мыкъуэжь-Хьэмыкъуэ Маринэ теухуа «Си уэрэд мыух, си гъыбзэ кIэншэ» поэмэ-элегием. Ар езы усакIуэм и лъагъуныгъэ лирикэм и мызакъуэу адыгэ лирикэм и фIыпIэу къэплъытэ хъунущ.

Зи гугъу тщIа поэмэм хыхьа дэтхэнэ усэри дунейр къызэригъэщIрэ зэтезыIыгъэ гурыщIэ иным, нэхум, къабзэм и щапхъэ нэсщ. ЦIыхур сыт щыгъуи гуапагъэм, IэфIыгъэм, дахагъэм щIохъуэпс, ауэ ахэр кууэ щызыхэпщIэфынур псэкIэ ппэгъунэгъу цIыху ущиIэм дежщ. Ар фIы дыдэу къызыгурыIуэ усакIуэм етх:

*ГъащIэ лъащIэм*
*ЩIэгъэпщкIуащ IэфIагъ,*
*ЕлъэпIэкIыу дунейм тетым*
*ФIыгъуэу.*
*ЗыхэфщIэнум*
*И кIэм нэсу ар,*
*ИгъэфIэну фи псэр*
*Псэ къэфлъыхъуэ.*
<...>
*ПщIыгъумэ*
*ПсэкIэ уи гъунэгъуу цIыху,*
*Ажал дыдэр, уеблэм,*
*Мышынагъуэ.*
*КъывэмыпцIыжыну*
*Фыпсэуху,*
*ПсэкIэ фи гъунэгъуу*
*ЦIыху къэфлъыхъуэ.*
**(«Мылъкури щIыхьри…»)**

Къэтхьынщ нэгъуэщI зы щапхъи. Мыбдеж усакIуэм фIыуэ илъагъу пщащэм и сурэт наIуэ псалъэкIэ щещI: *«ФэрыщIагъыу / Зы мэскъал пхэмылъ: / Уодыхъэшх / Уи макъыр зэрылъэлъу. / Урещхъщ / Сабий цIыкIум, / Удз гъэгъам, / Псынэ къабзэм, / Гъатхэ уэшх хъэлэлым»* [«ФэрыщIагъыу...»]. Апхуэдэ дахагъэр къэзылъагъуфыр, псэ къабзагъэр зыхэзыщIэфыр, дауи, цIыху гу пцIанэрщ, усакIуэ нэсырщ.

Мыкъуэжь А. «Гущэкъу уэрэд» зыфIища усэми щхьэхуэу къытеувыIапхъэщ. Жылау Арсен макъамэ щIилъхьэу, КъБР-м и цIыхубэ артист Нэхущ Чэрим жиIэу дунейм къытехьа нэужь ар хуабжьу цIэрыIуэ хъуащ. А уэрэдыр гуимыхуж зыщIар абы ди литературэм щыщIэщыгъуэ образ куэд зэрыхэтырщ, ахэр усакIуэм бзэм и Iэмал гъэщIэгъуэнхэмкIэ къызэриIуэтарщ, мис мыпхуэдэу:



2 Заказ №1211

*Мазэ тхъэгъу лъэныкъуэр*
*Уафэм кIэрыщIащ.*
*Вагъуэ цIыкIухэр щыгъэу*
*Зэбгрыщэщащ...*
*Жэщыр пщIыхь дахащэу*
*Iупхъуэм къызэпхощ,*
*Уэри мыщIэ цIыкIуу*
*Гущэм укъыхощ.*
**(«Гущэкъу уэрэд»)**

Мыбы къыхэщ зэгъэпщэныгъэхэр езы усакIуэм и дунейр къызыпкърыщхэщ. Къапщтэмэ, мазэр тхьэгъу лъэныкъуэм, сабийр мыщIэ цIыкIум егъэпщэным адыгэ усыгъэм зэи дыщрихьэлIакъым. Ахэр Мыкъуэжьым и «Гущэкъу уэрэдыр» лъэпкъ усыгъэм и мызакъуэу, адыгэ щэнхабзэми гъуазджэми хэлъхьэныгъэфI зэрыхуэхъуам щыхьэт тохъуэ.

Мыкъуэжь Анатолэ лъэпкъ лиро-эпикэм и зыужьыныгъэми и гуащIэ хилъхьэну хунэсащ. ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа «Си уэрэд мыух, си гъыбзэ кIэншэ» поэмэ-элегием нэмыщI, поэмэ жанрым иту «Гум телъ дыркъуэ» зыфIища тхыгъэ гъэщIэгъуэнри усакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Ар зыр адрейм къыпищэу, сюжетым шэщIауэ зыщиужь Iыхьэ-Iыхьэурэ зэхэлъщ, псори зэхэту Iыхьэ тIощI мэхъу. Мы поэмэри, япэрейм хуэдэу, усакIуэм пIалъэ кIэщIым къриубыдэу итхакъым, абы и кIэухым деж 1983, 2015 гъэхэр къыщигъэлъэгъуащ. Апхуэдэу зэпэжыжьэ илъэсхэр зэдзылIа щIэхъуам и щхьэусыгъуэр Мыкъуэжьым и усыгъэм фIыуэ щыгъуазэу зи гугъу тщIы тхыгъэм къеджэ дэтхэнэ зыми къыгурыIуэнущ. Нэхъ щхьэтечауэ жыпIэмэ, усакIуэм поэмэр тхыным куэд щIауэ иужь ихьами, ныщитхысар 2015 гъэрщ. КъищынэмыщIауэ, абы и кIэух Iыхьэхэм деж нэхъ пасэу итха «Дэнэ укъикIа?», «ГъащIэ-хышхуэ, хэт хьэфэ гъэпщакIэ...» уситIыр хигъэхьащ. Аращ, дызэреплъымкIэ, абы 1983 гъэри къыщIигъэлъэгъуам и щхьэусыгъуэр. А Iуэхум ехьэлIауэ езы тхыгъэм усакIуэм щыжиIэр мыращ:

*Мы поэмэр стхат сэ Iэджэ щIауэ,*
*Iыхьэ гуэрхэм сетхъунщIэуэжауэ,*

*Сэ иджы фи пащхьэ ар нызолъхьэ,*
*Къызэрыфщыхъунуми сыпоплъэ.*
**(«Гум телъ дыркъуэ»)**

«Гум телъ дыркъуэ» поэмэр кIыхьми, ар зытеухуар кIэщIу къыпхуэIуэтэнущ: лирикэ лIыхъужьым и псэм пищIу зы пщащэ фIыуэ елъагъу, ауэ пщащэр мылъку зиIэхэм дахьэхри, гъуэгу пхэнж трашэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, зыхуей зыгъуэту псэуну щIэхъуэпс Жаннэ акъылкIэ

зэригъэзахуэхэмрэ абы гухэлъ къабзэ хуэзыщIа цIыхум (тхыгъэм къыхэщ образ нэхъыщхьэу Iуэхур къэзыIуэтэжым) псэкIэ игъэвхэмрэ гъащIэм щызэпэщIоувэ. А зэпэщIэтыныгъэм фIы кърикIуэркъым – лъэныкъуитIри насыпыншэ мэхъу. Мылъкум дихьэха бзылъхугъэр гуп мыхъумыщIэ хохуэ икIи, фадафэ-тутынафэхэм къадэуджурэ, и жэщ-махуэхэр пщIэншэу егъакIуэ. Лирикэ лIыхъужьри, лъагъуныгъэ жэуапыншэм хигъэщIауэ, щхьэжагъуэу къонэ. Мыпхуэдэ сюжетыр, дауикI, литературэм щыщIэщыгъуэкъым, ауэ зи гугъу тщIы поэмэм и фIагъыр нэхъыщхьэу зыщылъагъупхъэр абы къыщыIуэта хъыбарым и гъэщIэгъуэнагъыр е зытеухуа и лъэныкъуэкIэ адрейхэм къазэрыщхьэщыкIыр аракъым, атIэ абы щIэлъ философие гупсысэхэр зэрыкуурщ, и ухуэкIэ-гъэпсыкIэм хэплъагъуэ художественнэ щхьэхуэныгъэхэрщ, образхэм я къэгъэщIыкIэ-зегъэужьыкIэрщ.

Тхыгъэм гъащIэм, лъагъуныгъэм, ныбжьэгъугъэм, цIыхугъэм, гуапагъэм, апхуэдэуи дунейм нэгъуэщI лъапIагъэу телъхэмрэ сыт хуэдэ зэманми къыдекIуэкI мыхъумыщIагъэхэмрэ ехьэлIа Iущыгъэхэр куэду хэухуэнащ, псалъэм папщIэ, мыпхуэдэхэр: *«БампIэм – тыншу зи закъуэр хегъащIэ, / Зэдэбгуэшмэ, гуауэр мэхъу нэхъ мащIэ»; «Гухэлъ хадэр – Тхьэ лъапIэм и тыгъэщ, / Япэ къэсым ирамыпэс фIыгъуэщ»; «УкIуэтэхукIэ – бгыжьхэри йокIуэтыр, / Сэ къысфIощIыр насыпри апхуэдэу»; «Ныбжьэгъу пэжу тIощI уимыIэфыну, / Зы къуитамэ а тIощIым пэхъуну, / Бжы уи кIэн мы гъащIэм къыщикIауэ, / Зылъытэж дамитI уэ къыптекIауэ»; «Лъагъуныгъэм зы хьэл мыгъуэ иIэщ: / Уигъэхъужыркъым укъэзыуIэм»; «ЗэрыгъафIэу пситI щызэдэхащIэрщ / НаIуэ щыхъур и купщIэр мы гъащIэм»; «Лъагъуныгъэр цIыхупсэм и дамэщ, / Насып жыгым и дыщэ къудамэщ»; «Зи гурыщIэр жыгъейуэ изыкъухьыр / Хуэдэщ зэсылIэн зимыIэ кхъухьым»; «...ФитIнэ лъапсэу дунеижь абрагъуэм / ЕгъэкIуэщI цIыхугъэр, ещхъу благъуэм»; «ЩIыхьым, напэм мылъкур къыпэхъункъым, / БгъэцIууакIэ гъуаплъэр дыщэ хъункъым»,* н.ку.

Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэ псом щытепщэ жылагъуэ мотивыр «Гум телъ дыркъуэ» поэмэм дежи щынэхъыщхьэщ. Пэжщ, ищхьэкIи къызэрыщыхэдгъэщащи, сюжетым лъабжьэ хуэхъуар лъагъуныгъэм теухуа зы хъыбарщ, ауэ мылъкурэ къулыкъукIэ зэхуэмыдэныгъэм ехьэлIа гупсысэхэр дызытепсэлъыхь тхыгъэми (псом хуэмыдэу абы и кIэух Iыхьэхэм деж) тепщэ щохъу. Гухэлъыр IэщIыб зыщIу, мылъкур къыхэзыха пщащэм хуэгъэзауэ лирикэ лIыхъужьым жеIэ:

*УнэлъащIэ лъапIэхэр я плъапIэу,*
*Мылъку фIэкIа ямыIэу нэкуи напIи,*

*Лъагъуныгъи дахагъи хуэмейуэ,*
*А псалъитIым къарыкIми хуэхейуэ,*

*Зэ Iуплъэгъуэм насыпыфIэ пфIэщIу,*
*УакIэлъыплъыжамэ, я псэр нэщIрэ,*

*НэгъуэщIыпсэм и хуабагъ хуэныкъуэу,*
*Дыщэм хэсми, яхудихуу щIыIэ*

*ЩыIэщ Iэджэ – ахэм уемыхъуапсэ,*
*ГъащIэ нэсым мылъкур хуащIкъым гъуазэ.*
**(«Гум телъ дыркъуэ»)**

Поэмэм и XVIII Iыхьэм деж усакIуэм езы «гъащIэ-хышхуэм» зыхуегъазэ икIи мыбдежми философие куу зыщIэлъ жылагъуэ мотивыр образ гъэщIэгъуэнхэм япкърыгъэшыпсыхьауэ ди пащхьэ кърелъхьэ. Псом хуэмыдэу IупщIу тхыгъэм къыхощ гъащIэр зэрымыIумпIафIэр, ар зэрытехьэ-текIыр икIи узыхуей ухуэмыныкъуэу абы ухэпсэукIыныр зэрымытыншыр: *«ГъащIэ-хышхуэ, хэт хьэфэ гъэпщакIэ, / Хэт кхъуафэжьей цIыкIукIэ, хэт кхъухь инкIэ – / Дытехьащи, щхьэж зэрыхуэщIакIэ – / Дэ дыщосыр псори уи толъкъунхэм»,* – жеIэ усакIуэм, изрэ ныкъуэрэ зэи зэрызэрымыщIэр къыхигъэщу.

Тхыгъэм и кIэух XX Iыхьэм деж философие гупсысэхэр щыщIохуабжьэ, «лъапIэныгъэу гъащIэм къыдекIуэкIхэр хьэрэкъуакIэ зэрыдадзэжам» куэду игъэпIейтей усакIуэм и усэбзэри нэхъ шэрыуэ щохъу, псалъэм папщIэ, мис мыпхуэдэу: *«ЩхъуэкIэплъыкIэщ дунейм и IуплъапIэр, / Ауэ, Iупхъуэр Iупхрэ уIуплъапэм, / ЩIэ щIэмыт икIагъэу щызэрахъэм, / Хьилэшыхэм пцIыуэ щызэрахъэм».* Мыбдежым сатырхэр зэрыкупщIафIэм нэмыщI, я фащэри екIуу зэрыгъэпсам, ахэр рифмэ къулейхэмкIэ зэрызэпхам гу лъумытэу къанэркъым: ***IуплъапIэр*** ↔ ***уIуплъапэм***, ***щызэрахъэм*** ↔ ***щызэрахъэм***.

АдэкIи, тхыгъэр и кIэм нэсыху, сыт хуэдэ зэмани къыдекIуэкI, ауэ иджырей лъэхъэнэм нэхъ IупщIу нэрылъагъу къэхъуа мылъкукIэ зэхуэмыдэныгъэм («социальное неравенство» жыхуаIэм) ехьэлIа мотивым мызэ-мытIэу къытрегъэзэж, абы кърикIуэ Iуэху мыщхьэпэхэми усакIуэр зэIухауэ топсэлъыхь: *«МылъкукIэ фIэкI къапщыжкъым лIым и лIыгъэр, / Кърадзэжкъым псэм и къулеигъэр. / Инэхъыбэр, псэм теплъэкъукIауэ, / Пкъым хуолIыщIэ, Iыхьэлейм икIауэ»,* – жеIэ абы.

КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, Мыкъуэжьым и тхыгъэм къыхэщ нобэрей жылагъуэ зэхэтыкIэм и шыфэлIыфэр мыращ:

*Допсэу, напэншагъэм десэжауэ,*
*Хабзэншагъэр хабзэ тхуэхъужауэ.*
**(«Гум телъ дыркъуэ»)**

«Гум телъ дыркъуэ» поэмэм и зэхэлъыкIэ-гъэпсыкIэми, абы хэт образхэм я ухуэкIэми, тхыгъэм и бзэми щхьэхуэу къытеувыIэпхъэщ. ИщхьэкIи зэрыщыжытIащи, ар Iыхьэ тIощIу зэхэлъщ. Япэ Iыхьэр псалъэмакъ зэхэшэу – пролог щIыкIэу – ухуащ: *«Си поэмэр стхыну къыщIызодзэ, / Гухэлъ мафIэ усэхэм щIызодзэ. / Зэрылъагъухэр фIыуэ фыкъедаIуэ, / Гум щызгъэвыр схуэхъыжкъым си закъуэ»,* – щетх абы

усакIуэм. КъыкIэлъыкIуэ Iыхьэхэм, кIэухри хиубыдэу, сюжетым зыщеубгъу, образхэм зыщаужь. КIэухым къыкIэлъыкIуэу, эпилог къалэн игъэзащIэу, гупсысэ нэхъыщхьэхэр къыщызэщIэкъуэжа пычыгъуэмкIэ тхыгъэм гугъэзагъэу кIэIунэ етыжащ.

Поэмэм и ухуэкIэм нэгъуэщI щхьэхуэныгъэхэри хыболъагъуэ: диалогыр IэкIуэлъакIуэу къызэрыщыгъэсэбэпам, апхуэдэуи лIыхъужь нэхъыщхьэхэм зэхуатх письмохэмрэ нэхъ пасэу усакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэмрэ зэрыхэухуэнам ар гъэщIэгъуэн икIи гукъинэж ящI.

«Гум телъ дыркъуэм» и образ системэми щхьэхуэу и гугъу щIын хуейщ. Лирикэ лIыхъужьымрэ (мыбы и цIэр тхыгъэм къыхэщкъым) абы гухэлъ зыхуищIа Жаннэрэ нэмыщI, поэмэм нэгъуэщI образ зыбжанэ щызэфIэгъэуващ. Апхуэдэхэщ лIыхъужь нэхъыщхьэм и ныбжьэгъу Ахьмэдрэ абы и шыпхъу Динэрэ, Динэ и лэжьэгъу дохутыр пщащэ Линэ, Жаннэ щIасэлI хуэхъуа Эдик сымэ. Абыхэм ящыщу языныкъуэхэр усакIуэм убгъуауэ къретхэкI. Псалъэм папщIэ, Линэ и образ закъуэм тхыгъэм сатыр щэщIрэ тIурэ щеубыд, абы щыгъуэми лейуэ е утезашэу зы сатыри хэмыту. Пщащэм и теплъэ гуакIуэри, хьэл-щэн екIури, IэщIагъэ-щIэныгъэри, дуней еплъыкIэри, цIыху хэтыкIэри тхыгъэм художественнэ Iэзагъ хэлъу къыщыгъэлъэгъуащ. Мис, пычыгъуэ зыбжанэ:



*Линэщ и цIэр, нэ къуэлэнщ, щхьэцыгъуэщ,*
*И ныбжьэгъухэм йолъэгэкI, бгы псыгъуэщ.*

*Удехьэх и теплъэм, лъагъугъуафIэщ,*
*ДэщIыгъуж абы зэрыщIыкIафIэр.*
<...>
*ПщэфIэн Iуэхум фIы дыдэу хозагъэ,*
*Дэрбзэр Iуэхури пфIэщIынщ и IэщIагъэу.*
<...>
*Ар щыгъуазэщ дунейпсо усыгъэм,*
*ПищI щымыIэ псэм и къулеигъэм.*
<...>
*ГъащIэм и фIыр кIэншэу егъэлъапIэ,*
*Анэ хъунырщ абы и хъуэпсапIэр.*

**(«Гум телъ дыркъуэ»)**

Мыпхуэдиз зи фIагъ-дахагъ пщащэм, лирикэ лIыхъужьым и нэкIэ уеплъмэ, зы дагъуэщ иIэр – фIыуэ зэримылъагъурщ. Мыри гъэщIэгъуэнщ – Линэ и образыр апхуэдэу нэщIысауэ къигъэлъэгъуэн папщIэ, усакIуэр зэреплъыр абы и пщащэгъу Динэ и нэмкIэщ. Лирикэ лIыхъужьым и еплъыкIэр тхыгъэм къыхэщамэ, ар Динэ жиIэм темыхуэнкIи хъунт.

Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэныращи, персонаж нэхъыщхьэхэм языхэз Жаннэ и образым Линэ ейм хуэдиз гулъытэ поэмэм щигъуэтыркъым, нэхъыбэу абы къыхэщри лирикэ лIыхъужьым а пщащэм (Жаннэ) хуищIа лъагъуныгъэмрэ ар жэуапыншэ зэрыхъуамрэщ, нэхъ пэжу жыпIэмэ – жэуапыншэ щIэхъуа щхьэусыгъуэмрэщ. ИтIани Жаннэ и образыр нэмыщIысауэ къыпхуэлъытэнукъым, усакIуэм абы нэIуасэ дыщыхуищIкIэ, мыпхуэдэу къретхэкI:

*Зи къэхъугъуэу и Iэпкълъэпкъ щIалащэр*
*Къызэпхыщырт данэ бостей пIащIэм.*

*И щхьэцышхуэр щедзыхат и гупэм,*
*ИриIам ярейт балийм и Iупэр.*

*ЩIэгъэпщкIуат и нитIым гухэлъ мафIэ,*
*Нэхъ дахэж щIэхъукIт зэрызигъафIэм.*

*ТхъэIухудхэм хуэуса усакIуэм*
*ЖаIа псор кIэрылъьт абы и закъуэ.*

**(«Гум телъ дыркъуэ»)**



Апхуэдэу дахащэу Жаннэ япэ дыдэ лирикэ лIыхъужьым и пащхьэм къиуват. ИужькIэ фадафэ гуп пэшэгъу хуэхъуу езыри тутын ефэу щежьэжым, дауикI, абы и теплъэми зихъуэжауэ къыщIэкIынут, арщхьэкIэ адэкIэ пщащэр зэрыхьэ сэфэтым усакIуэм щыгъуазэ дыхуищIкъым. Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ – «ущымытхъущэ, пхуэубыжынкъым» жыхуиIаращ адыгэм: езым и макъкIэ «къигъэпсэлъа» лирикэ лIыхъужьыр апхуэдизу зыщытхъуща пщащэр иужькIэ езы усакIуэми хуэубыжакъым.

Эдик и образ гурымыхьри, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIахэм хуэдэу IупщIу поэмэм къыщыгъэлъэгъуащ. Ар адэ-анэм я мылъкум игъэудэфа цIыхущ, Жаннэ зэрыдихьэхри ахъшэщ. ЩIалэм и теплъэри и хьэлщэн мыхъумыщIэм хуэфэщэжщ: *«Щхьэпэлъагэщ, езыр сырыхуфэщ, / Къэзылъхуам емыщхьу, щхъэц хъурыфэщ. / ПащIэ тIэкIуи тетщ, фызабэ бжыхьу, / ПцIы щиупскIэ, IэщIкIэ телъэщIыхьу. <...> / Щыкъузащ и джинсыр ямылейуэ, / Лъыгъщ абы вакъитIи, лъапэ тIейуэ».* АдэкIэ мы образым и дуней тетыкIэр тхыгъэм кIыхьу къыщетхэкIащ – ар «жьэрыIэзэ Iэпэзадэщ», «щIэщыгъуэщIу ужэгъухщ», «уэрамгъэдахэщ», «имыщIэххэ ишхым иIэу уасэ», «къыпхуимыIэтыну зы баш лейуэ», «и щхьэ тIэкIур фIыуэ елъагъужыр», «адрейхэм захегъэлъагыкIыр», «зы IэнатIи Iумызагъэ», «куэзыр джэгур зыхилъхьэ щымыIэ», «махуэ кIыхьым псыхъуэм дэлъщ, дыгъэм зригъэууэ», «хъуам пщыхьэщхьэ, макIуэ рестораным», «щIэп щIэшынми хуэмыхей а щIалэр», «ар хьэ дыдэщ, яхуэпащ армыхъумэ»... Зэрынэрылъагъущи, икIагъэрэ хьэл мыхъумыщIэу щыIэр мы зы образым хэлъщ,

уеблэмэ, зэ еплъыгъуэкIэ, мащIэу егъэлеяуи пфIэщIынущ, итIани, ар фIэщ щIыгъуейкъым, сыту жыпIэмэ ди зэманым абы хуэдэ куэдым урохьэлIэ. УсакIуэм апхуэдизу лъагъумыхъуныгъэ хэлъу а образыр къыщIритхэкIым и щхьэусыгъуэр, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, Жаннэ и щыуагъэр нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ къигъэлъэгъуэн папщIэщ икIи ар къемыхъулIауэ пхужыIэнукъым.

Ахьмэд и теплъэри, и хьэл-щэнри поэмэм Iупщ Iу къыхощ, ауэ абыи, Дини, Лини я образхэм зыужьыныгъэ ягъуэтыркъым. Ахэр усакIуэм лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я образхэр «къызэрызэкIуэцIих», зэрынищIыс «Iэмэпсымэу» – «персонаж дэIэпыкъуэгъу» жыхуаIэм хуэдэу – къигъэсэбэпу аркъудейщ, армыхъумэ абыхэм я щхьэ Iуэхухэми я гъащIэм и къекIуэкIыкIэми дыщигъэгъуазэркъым. КъищынэмыщIауи, персонаж нэхъыщхьэхэм адэкIэ я натIэ хъумрэ я псэукIэмрэ теухуауэ тхыгъэм зыри щыжыIакъым, упщIэ куэди зэIухауэ къэнащ, псалъэм папщIэ, мыпхуэдэхэр: Жаннэрэ Эдикрэ зэдэпсэурэ е зэпыкIыжрэ? Лирикэ лIыхъужьым и насып зэтеувэрэ хьэмэрэ и гъащIэ псор щхьэзакъуэу ирихьэкIрэ? – А псор гурыIуэгъуэкъым, ауэ кIэухыр зэIухауэ, щIэджыкIакIуэр езыр-езыру Iуэхум егупсысыжын хуейуэ къыхуэгъэнэныр литературэ тхыгъэм и зы ухуэкIэ Iэмалщ.



Поэмэм и бзэр къулейщ, художественнэ Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэ (зэгъэпщэныгъэ, къэгъэпсэуныгъэ, егъэлеиныгъэ, н.), псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмкIэ, усакIуэм къигъэщIыжа жыIэгъуэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ зэщIэузэдащ. Мис, псалъэм папщIэ, щапхъэ зыбжанэ: *«Гухэлъ мафIэ усэхэм щIызодзэ»; «Щысри, хъухукIэ мазэ къыщIэкIыгъуэ, / ЗимыIэжьэу тэджыжащ си дыгъэр (фIыуэ илъэгъуа пщащэр. –* ***Хь.Л.****)»; «Псыпэр здэкIуэм псыкIэри ирожэ»; «ЗыхэсщIати зы къару телъыджэ, / Сыпэувыфыну сфIэщIт чынтыдзэм»; «Ебгъэцырхъ къудеймэ шыкIэ налъэ, / КъиIукIынут си гущIэм пшыналъэ»; «Абы щыгъуэ тIури дыщIалащэт, / Нэхъ щIалэжт дэр нэхърэ ди гуращэр»; «Дигу пIейтейхэр гухэлъхэм я абгъуэт»; «Шэрэджыпсу Iэджэ ежэхауэ, / Дызэхуэзэжащ гъатхиплI дэкIауэ»; «Гухэлъ жыгым пызми мыIэрысэр, / КъыпэткIухъырт абы, демыIусэу. / Зэнзэныпсу къабзэт ди гурыщIэр, / Хуэгъэпсат дахагъэм ди гуращэр»; «Ди насыпыр дыщэм ефIэкI фIыгъуэт, / Зытрамыгъаплъэм ещхьт нэ фыгъуэ»; «Псынэ къабзэм хэзэрыхьа пшахъуэу, / Си гуфIэгъуэм гухэщI къыхэпшахъуэрт»; «Арщи, уэрэ сэрэ дызэпокIыр, / Зы мафIэгум дисми, сэ сыкъокIыр»; «Къоубзэрабзэу псафэ уишэфынущ, / Псы уемыфэу укъиишэжыфынущ»; «И къэхъпагъкIэ къалэм щыцIэрыIуэщ, / НэгъуэщI «щытхъуи» мызэкIэ имыIэ (Эдик теухуауэ. –* ***Хь.Л.****)»; «Ахъшэм бгы екъутэ, зэрыжаIэу»; «Дзы фIэщынкIэ дзыбэхэрщ ерыщыр»* (Егъапщэ: «Дзыбэ дзыусщ» псалъэжьым. – ***Хь.Л.***); *«Гур зэрыгъум арижакIэщ дыгъур»* (Егъапщэ: «Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ» псалъэжьым. – ***Хь.Л.***); *«Тутын Iугъуэм блынхэр игъэмэхыу...»; «Мэл Iэхъушэми къыхокI зы щIакъуэ»* (Егъапщэ: «Мэлищэ щIакъуэншэ хъуркъым» псалъэжьым. – ***Хь.Л.***); *«Лъагъуныгъэм гу дэмыубзэрабзэр / Жьэгу мафIэншэм сыткIи ещхьыркъаб-*

*зэщ»,* н. Мы щапхъэхэм поэмэм и художественнэ лъапІагъэр, апхуэдэуи ар зи Іэдакъэщ ІэкІым и хъэтІым и щхьэхуэныгъэхэр наІуэ къащІ. УсакІуэм Іэзагъышхуэ зэрыбгъэдэлъым и нэщэнэщ, псалъэкІэ сурэт ищІурэ, тхыгъэм и кІуэцІкІэ къыщекІуэкІ Іуэхугъуэхэр ІупщІ дыдэу ди нэгу къызэрыщІигъэувэр.

ИщхьэкІэ къыщыхэдгъэщахэр псори къызэщІэпкъуэжмэ, «Гум телъ дыркъуэ» поэмэр адыгэ лиро-эпикэ усыгъэм и хэлъхьэныгъэ нэс зэрыхъуам щыхьэт тохъуэ.

Зи гугъу тщІа поэмэм нэмыщІ, иужьрей илъэсхэм Мыкъуэжь А. усэщІэхэри и Іэдакъэ къыщІэкІащ. Абыхэм, нэхъ ипэІуэкІэ итхахэми хуэдэу, пэжыр, цІыхугъэр, псэм и къулеигъэр, дахагъэр, гуапагъэр, лъагъуныгъэр я гъуазэщ. Куэд щІауэ хьэл зэрыхуэхъуауэ, усакІуэр ем пэщІэтщ, фІыр и плъапІэщ, мис мыпхуэдэу:

*Си нэгум щІэтщ жэнэт плІанэпэ, –*
*Абы захуагъэр щыпащтыхъщ.*
*ЦІыхугъэр, лІыгъэр щагъэлъапІэ,*
*А лъахэм жэщхэми сопщІыхь.*
**(«Дунейм и хабзэ ихъуэжакъым...»)**



Ауэ ар хъуэпсапІэ къудейщ, сыту жыпІэмэ гъащІэм и зэхэлъыкІэр куэдкІэ нэхъ гугъущ: дунейр къызэриухуэрэ абы емрэ фІымрэ зэрытемыгъакІуэу щызэпэщІэтщ. Ар усакІуэми фІы дыдэу къыгуроІуэ икІи Іуэхум и пэжыпІэр а усэ дыдэм къыщегъэлъагъуэ: *«Хьэлэлу псэухэр щыгъыныджэщ, / Зи бохъшэр пІащэм зыкърех. / Иджыри мысэм и хъэджэсэр / Дахагъэм щэхуу къыхурех»,* – жеІэ абы. Мыбдежми ищхьэкІэ мызэ-мытІэу зи гугъу щытщІа мылъкукІэ зэхуэмыдэныгъэ мотивыр къыхощ. Ар Мыкъуэжьым и нэгъуэщІ усэщІэхэми, нэхъ пасэу итхауэ, иужьрей зэманым зыхэлэжьыхьыжу къигъэщІэрэщІэжахэми щытепщэщ. Абы къыдэкІуэу, тхыгъэхэм хэкупсэ, лъагъуныгъэ, философие мотивхэр яхэухуэнащ.

Хэкупсэ усэхэм лъэпкъымрэ адэжь щІыналъэмрэ фІыуэ лъагъуным, бзэр хъумэным, адыгэ хабзэр гъэлъэпІэным ехьэлІа гупсысэхэр къызэщІаубыдэ. УсакІуэр апхуэдизкІэ и лъэпкъым тегужьеикІащи, бзэр кІуэдыжмэ, лъэпкъми къэкІуэну зэримыІэр фІы дыдэу къыгуроІуэ. Абы къыхэкІкІэ языныкъуэ усэхэм деж абы и художественнэ псалъэр гуащІэу, уеблэмэ пхъашагъ щІэлъу щоІу. Хэхауэ къэбгъэлъагъуэмэ, «Зи бзэр зымыщІэжым деж» усэм хыхьэ етІуанэ едзыгъуэм абы щыжеІэ:

*ЦІыхум хуэдэкъабзэу, Іэщми яІэщ псэ.*
*ЦІыхум хуэдэкъабзэу, Іэщми яІэщ бзэ.*
*ЕщІэж мэлым и бзэр – имыгъэІу бу макъ,*
*Зи бзэр зымыщІэжыр – хэтми – ар ахъмакъщ.*
**(«Зи бзэр зымыщІэжым деж»)**

Гу зэрылъыптэнщи, мыбдежым лирикэр щымащIэщ, нэхъыбэу хэплъагъуэр акъылкIэ зэгъэзэхуа гупсысэхэр зи лъабжьэ граждан мотивырщ. Апхуэдэу ткIийуэ щымытми, къыхуеджэныгъэм тещIыхьа граждан усэщ Мыкъуэжьым «ЛъэIу» зыфIищари. Мыбдежым усакIуэм лъахэм и тхыдэр яджыжыну, адэжь и жьэгур ямыгъэужьыжыну адыгэ щIэблэм захуегъазэ.

Къэдгъэлъэгъуа тхыгъитIым къащхьэщокI Мыкъуэжь А. и бзэми, и лъэпкъми, и хэкуми яхуиIэ лъагъуныгъэ къабзэр къызыхэщ «Уи Хэкужь уисыжмэ...», «Си лъахэм и дахагъэм...», «Сэ сыадыгэщ...», «Шэрэдж» усэхэр. Мыбыхэм деж усакIуэм лирик Iэзэу зыкъыщегъэлъагъуэ.

Мыкъуэжь А. и граждан лирикэм щытепщэ жылагъуэ мотивым иужьрей илъэсхэм политикэ Iуэхухэри нэхъ зэIухауэ къыхыхьэу хуежьащ. Мис, псалъэм папщIэ, дызэрыт зэманым пэджэж зы едзыгъуэ:

*Доллар угъурсызыр жьантIэм дэмысыну,*
*Ар зыхэмыт гъащIэ Тхьэм къыдипэсыну,*
*Ди сомыжь тхъэмыщкIэм зыкъиужьыжыну, –*
*ФщIы си фIэщ къэхъуну апхуэдэ зэман.*



*Залымыгъэр, зауэр щIым текIуэдыкIыну,*
*ФэрыщIыгъэр гъащIэм зэ хэкIуэдыкIыну...*
**(«Мы уэлбанэ кIыхьыр зэгуэр теужыну...»)**

МащIэрэ IэфIу жыхуаIэм хуэдэу, Мыкъуэжьым и усэщIэхэм лъагъуныгъэ лирикэми зыщеужь. Гухэлъым и плъыфэ, и щытыкIэ куэд къыщыгъэлъэгъуащ «Уэракъым сэ мы усэр зыхуэзгъэпсыр...», «ФIыуэ слъагъур хъуакъым насыпыфIэ...», «Псым тес бабыщу...», «Уи гухэлъ къабзэр си дамитIщи...», «Уи бампIэр къыщыстеуэкIэ, Маринэ...», «Си гухэлъхэм уриджэгури...» жыхуиIэ усэхэм. Мыхэр гуапагъэрэ гугъапIэ дахэкIэ псыхьам къыщымынэу, къаруушхуи ящIэлъщ, уеблэмэ лIэныгъэ дыдэри щайуэ кърeмыдзэу: *«Ажалыр сыт? Ажалыр – зырикIщ, / Си лъагъуныгъэм елъытауэ»* – жеIэ зи гур гухэлъым дамэу иIэт лирикэ лIыхъужьым.

Нэхъ зэзэмызэу щытми, Мыкъуэжьым и лъагъуныгъэ лирикэм пейзажыр къыхохьэ:

*Псым тес бабыщу,*
*Мазэ ныкъуэр*
*Уафэ тенджызым*
*Щос.*
*КъытебгъэщIау*
*Си дамэм уи щхьэр,*

*Жыг щIагъым*
*Дэ дыщIэсщ.*
**(«Псым тес бабыщу...»)**

Мыбдежым къыхэщ «уафэ тенджызым» и образым усыгъэм куэдрэ ущрихьэлIэми, мазэ ныкъуэр псым тес бабыщым егъэпщэныр щIэщыгъуэщ. Усэр зэрыщыту сурэт дахэм хуэдэу тхащ.

УсакIуэм и лъагъуныгъэ лирикэм адэ-анэм, къыдалъхуахэм, бының яхуигъэпса усэхэми щIыпIэ хэха щаубыд. Япэрейхэр – адэмрэ анэмрэ фэеплъ яхуищIахэр – усэ куэду зэхэт цикл щхьэхуэурэ ухуащ. Адэм фэеплъ хуищIа «ЩыбгъэзэщIащ мы щIым къалэн нэхъыщхьэр» циклым усий къызэщIеубыдэ, «Мамэ» циклыр усэ тIощIу зэхэтщ. Адэ-анэм ятеухуа усэхэр къызэрымыкIуэу гуапэщ, гумащIагъэр йобэкI: *«Си адэ дыщэр щыгуфIэм и деж, / СыIуплъэфыркъым нэпс къысфIемыкIуэу»,* – жеIэ усакIуэм. Адэм къикIуа гъащIэ гъуэгуанэр, дуней тетыкIэу иIар сатыритI къудейкIэ къыхуэIуэтащ абы: *«Уащымыщами уэ зи куэдхэм дыщэ, / «ЦIыху дыщэщ» жебгъэIэн пхузэфIэкIащ».* НэгъуэщI зы усэм деж адэм и образыр нэхъ IупщIу, убгъуауэ къыщегъэлъагъуэ:

*Къуршыфэ птетми,*
*Уи псэр уIэгъуафIэт,*
*Уи гущIэм къыщыщIэжырт*
*Зэнзэныпс,*
*Уи жумартагъыр*
*Яхуэмыухыжу,*
*ЦIыхухъу нэгъунэ*
*ПхущIагъэкIырт нэпс.*
**(«ЩыбгъэзэщIащ мы щIым къалэн нэхъыщхьэр» циклым щыщ IV усэ)**

Анэм теухуа усэхэри гуапагъэрэ щабагъэкIэ гъэнщIащ. УсакIуэм и анэм хуиIэ лъагъуныгъэр псынэ лъащIэншэм хуэдэщ, абы хуэусэ пэтми зигъэнщIыркъым. «Мамэ» циклым хыхьэ усэ тIощIым щыщу ещанэ усэр зэрыхъуэр сатыритI къудейщ, ауэ гупсысэ куу щIэлъщ:

*Хужьыбзэщ, пшэхуу, мамэ и жьыщIыгъэр, –*
*Абы иджыри къытекIуакъым жьыгъэр!*
**(«Мамэ» циклым щыщ 3-нэ усэ)**

Анэмрэ бынымрэ я зэпыщIэныгъэр апхуэдизкIэ быдэщи, ар зэпызычыфын къару щыIэкъым, уеблэмэ абыхэм я зэхуаку дэлъ лъагъуныгъэр ажалми токIуэ:

*Сэ уи налъэу схэлъыр мэхъу мин бжыгъэ,*
*Уи быдзышэм си лъым къыщекIухъ.*

*И нэхейкIэ дизыщIыкI лIэныгъэм,*
*Уи псэр си псэм сэ хызогъэткIухь.*
*<...>*
*Хъэуэ, зэпэIэщIэ дыхуэщIынкъым*
*Ажал ябгэу гущIэгъу лъэпкъ зымыщIэм.*
*Мы си гущIэм къиплъэм илъагъунур*
*Уи сурэтыращ, си анэ дыщэ.*
***(«Мамэ» циклым щыщ 19-нэ усэ)***

МыкъуэжьА. сытым хуэмыусэми, и IэдакъэщIэкIхэм философие гупсысэхэр, лъэпкъ Iущыгъэхэр я лъабжьэщ. Абы къыдэкIуэу, усакIуэм и творчествэм философие лирикэм щхьэхуэу зыщеужь. А лирикэ лIэужьыгъуэм, псалъэм папщIэ, хеубыдэ гъащIэм и хабзэхэм ехьэлIа гупсысэхэр щытепщэ «ЩIэщхъу», «ЦIыхур псэкIэ мыкъулеймэ...», «Жьыгъэм къысхуигугъэмрэ...», «Ажал жыхуаIэм гущIэгъу имыщIэ...», «Бажэр – бажэщ, дыгъужьыр – дыгъужьщ...», «ТетIысхьэпIэм» жыхуиIэ усэхэмрэ кIэщIрэ шэрыуэу гъэпса сатыриплIхэмрэ. Иужьрейхэм адыгэ литературэм жанр фащэ щхьэхуэу зыщаужьащ: сатыриплI усэ шэрыуэхэм КIыщокъуэ А., МэшбащIэ И., IутIыж Б., Бемырзэ М. сымэ, нэгъуэщI куэдми я усыгъэм уащрохьэлIэ. Апхуэдэхэм псалъэр щымащIэщ, ауэ купщIэшхуэ япкърылъщ. Абы и щыхьэту Мыкъуэжьым и сатыриплIхэм ящыщ забжанэ дыхэплъэнщ:



* * *

*Гужьгъэжь гуэрхэр, пшэ Iэрамэ фIыцIэу,*
*Си гум илъу нобэ къэсхутащ.*
*СыкъыщIэкIмэ, хужьт ихъуреягъыр,*
*Уэс къабзабзэм сеплъри – сукIытащ.*

* * *

*Зы гъуамэ гуэр, хузощI фIыщIэшхуэ,*
*Сэбэп сэ икъукIэ къысхуэхъуащ:*
*Узэрыщыт мыхъуну псори*
*А щхъэзыфIэфIым дэслъэгъуащ.*

* * *

*ШыIэныгъэр гугъэм и къуэш дыдэщ.*
*ЗэрыIыгъщ а тIум я Iэпэр быдэу.*
*Гугъэрщ шыIэныгъэм еш езымыгъащIэр,*
*ШыIэныгъэрщ гугъэр езымыгъэжажьэр.*

Мыпхуэдэ усэ едзыгъуэхэм гъэсэныгъэ-ущииныгъэ мыхьэнэи ящIэлъщ. Япэу къэтхьа сатыриплIыр къапщтэмэ, абы щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр мыращ – дунейр дагъуэншэщ, щIыуэпсри дахэщ, ар зыуцIэпIу мыхъумыщIагъэ псори къызыпкърыкIыр цIыхурщ. Ауэ усэм къыхэщ лирикэ лIыхъужьым хуэдэ цIыху псэ къабзэхэм зытет щIылъэм и пащхьэ жэуаплыныгъэ ин щахь, аращ и гум къридза «фIыцIагъэм» щхьэкIэ уэс хужьыбзэм ар щIыщыукIытэр.

Иужьрей илъэсхэм Мыкъуэжь А. и Iэдакъэ къыщIэкI усэхэр, нэхъ ипэIуэкIэ итхахэми хуэдэу, зэманым гуащIэу поджэж, абы иджырей лъэхъэнэм гурымыхьу хилъагъуэхэр сэтей къещI икIи цIыхухэм я щыуагъэхэм гу лъаригъэтэжын мурадкIэ абыхэм я дуней тетыкIэм, зыхуэпэкIэм, я зэхущытыкIэхэм тхыгъэ щхьэхуэхэр треухуэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Сыхуэзэшащ бостей зыщыгъ цIыхубз...», «ЩIалэ жьакIацэшхуэ Налшык паркым...», «ХьэщIэщ бжэIупэм» зыфIища усэхэр, нэгъуэщI зыбжани. Япэрейм и деж усакIуэм щыжеIэ бзылъхугъэхэм я нэхъыбапIэм гъуэншэдж кIыхьым зэрызратар зэрыфIэмыфIыщэр: *«Гъуэншэджым щIыгъуу зы пхъашагъэ гуэр / КъысфIощI сэ цIыхубз хъэлым къыхыхъауэ. / Я плъэкIэ дахэм, я зекIуэкIэм щыщ / IэщIыб ящIа бостейм сфIощI зэдихьауэ»,* – жеIэ абы. АрщхьэкIэ бзылъхугъэм фащэу къыхуигъэщIа бостейр зэгуэрым зэрыщитIэгъэжынум, абы щIыгъуу абы и гумащIагъэми къызэригъэзэжынум усакIуэм и гугъэр хихыжыркъым.

«ЩIалэ жьакIацэшхуэ Налшык паркым...» зыфIища усэри ди зэманым и нэпкъыжьэр къызытещу Мыкъуэжьым и къалэмыпэ къыпыкIа тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщщ. Мыбдежым усакIуэм зи гугъу щищIыр зы мыхъумыщIагъэщ, уеблэмэ нобэкIэ ди нэгу щIэкI емыкIушхуэщ:

*ЩIалэ жьакIацэшхуэ Налшык паркым*
*Самокатым тету къыщежыхь.*
*Слъагъу телъыджэр щхьэм къысхуимытIасэу,*
*Зэуэзэпсэу си пIэм сэ сожыхь.*
**(«ЩIалэ жьакIацэшхуэ Налшык паркым...»)**

Мыр, дауикI, бгырыс хьэл-щэным къемызэгъщ, ауэ мыбдежым къыхэщ щIалэм и дагъуэ, и магъуагъэхэр самокатым зэрытетым и деж щиухыркъым. Тхыгъэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, абы и теплъэри гуемыIущ: *«Щхьэбалыджэм тегъэсащ нэгъуджэ, / Тхъэгъу лъэныкъуи илъ си гугъэщ... зэт. / Щыгъщ хуэбыхъуу шортэ къуэлэнышхуэ, / ХэщIыхьащ и Iэблэм блэ сурэт».* Мыпхуэдэ телъыджэм къигъэуIэбжьа усакIуэм, зэрыгурыIуэгъуэщи, упщIэ и куэдщ: *«Сыт хьэдэгъуэдахэ си нэгу щIэкIыр? / Мыр сыт теплъэ? Дэни къытхуикIа?»,* – жеIэ абы, ауэ и упщIэхэр жэуапыншэ щыхъукIэ, и гупсысэхэмкIэ тхыдэр къетIэщIыж. Абы къыхэщыж лъэпкъылIхэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, самокатым тетым ещхькъым: *«Шы фIэдзапIэм яшхэр ирапхауэ, / ЯIэщIэту махъсымэ зэ-*

*хэсщ. / Мор и самокатым къепсыхауэ, / Энергетик щIишу, удзым хэсщ».* Апхуэдэ щIыкIэкIэ лъэпкъыр щыхупIэм зэрыхуэкIуэм усакIуэр икIи егъэгубжь, икIи Iыхьэлейм икIауэ егъэпIейтей, ауэ хэкIыпIэу щыIэр мызыгъуэгукIэ и акъыл къитIасэркъым: *«Мыр уз зэрыцIалэм я нэхъыкIэщ, / ЗэщIищтэныр лъэпкъыр бетэмалщ. / ЩIэблэм я щхьэм кърапъхъа щхъухь бзаджэр / Къитхыжыным сытхэр и Iэмал?!»* – щIоупщIэ ар, арщхьэкIэ а упщIэри, адрей куэдми хуэдэу, жэуапыншэу къонэ.

«ХьэщIэщ бжэIупэм» усэм дежи Мыкъуэжьым зи гугъу щищIыр гъащIэм къыдекIуэкI зы мыхъумыщIагъэщ. Мы тхыгъэри жылагъуэ мотивымрэ мылъкукIэ зэхуэмыдэныгъэ мотивымрэ тещIыхьащ. Абы цIыхугъи, напи, гъэсэныгъи зимыIэ щыкIа гупым я зэхэтыкIэр зэрыщыт дыдэм хуэдэу, уеблэмэ языныкъуэхэм дежи гуащIэIуэу икIи пхъашэIуэу, къыщыгъэлъэгъуащ. Iуэхур щекIуэкIыр пщыхьэщхьэкIэрэ а гупыр – фадафэхэр, куэпэчхэр, мылъкум игъэудэфахэр – щызэхуэс хьэщIэщырщ. Абыхэм я образхэр усакIуэм наIуэу ди пащхьэ кърегъэувэ, псалъэм папщIэ, мыпхуэдэу: *«Куэпэчыр фадэм къигъэжанащи, / И бостей плIэпсыр дамэм фIегъэху. / Тутыным йокъури, зыр зым кIэлъесу, / Iугъуэ шыхьахэр къыжьдрегъэху»*. Мыр зы пычыгъуэ цIыкIущ, ауэ аркъудеймкIи тхыгъэм къыхэщ «лIыхъужьхэм» я дуней тетыкIэр зэрымыщIагъуэр гурыIуэгъуэ мэхъу. А Iуэхум усакIуэр хуабжьу егъэгузавэ, ауэ нэхъ шынагъуэжыр къыщигъэлъагъуэр усэм и кIэух едзыгъуитIыращ:

*Нэху щыху хьэщIэщым щызыгъэхъахэр*  
*Зырыз-тIурытIу зэбгрокIыж.*  
*Яхуэмышхамрэ яхуимыфамрэ*  
*ПхъэнкIий идзыпIэм щракIутыж.*

*... И пыIэжь тIэкIур и пащхьэм къилъу,*  
*ХьэщIэщ бжэIупэм факъырэ Iусщ.*  
*Игъуэжа нитIкIэ гущIэгъу щIэлъэIуу,*  
*Къыхех тхьэмыщкIэм факъырэIус.*

**(«ХьэщIэщ бжэIупэм»)**

Мыбдежым гъащIэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэр, абы и хабзэ ткIийхэр художественнэ Iэзагъ хэлъу къыщыгъэлъэгъуащ. Дунейр къызэриухуэрэ абы емрэ фIымрэ, кIыфIыгъэмрэ нэхугъэмрэ, зи Iуэху хуэмыщIахэмрэ зыхуей зыгъуэтхэмрэ къыщызэдогъуэгурыкIуэ, дунейр къутэжыхукIи апхуэдэу щытынущ. Аращ пэж дыджу гъащIэм къыдекIуэкIыр. Нэхъ кууж ухэплъэмэ, тхыгъэм щIэлъ щIагъыбзэр мылъкум щигъэкIауэ гъуэгу пхэнж теувахэм закъегъэщIэжыным, зыщIэгъэгупсысыжыным хуэунэтIащ.

ИщхьэкIэ дызыхэплъа псори щыхьэту къызэрыувщи, Мыкъуэжь Анатолэ «Дахагъэр зи Тхьэу, Пэжыр зи КъурIэн», зи усыгъэ

дуней къэзыгъэщIыжа, зыми емыщхь хъэтI зиIэж усакIуэщ. Аращ абы и усэ зэхуэмыдэхэм деж мыпхуэдэу щIыщитхри: *«Пащтыхь симыIэ. СиIэкъым Iужажэ. / Сыхуиту си щхьэ щIылъэм сыщопсэу. / СиIэжщ си фIыгъуэ, ар – си Iэужь тIэкIурщ, / Срокъу си закъуэ сэ зы дуней псо»* [Пащтыхь симыIэ. СиIэкъым Iужажэ...]; *«... А си дунейр емыщхь адрейхэм... / Усыгъэ щыгухэм ящыщ зым / Си нып, тедзауэ си дамыгъэ, / ЩыхэстIэжакъэ сэ езым»* [«Уэ умы-Блок, умы-Есенин...»]. УсакIуэм и творчествэм и пщIэр ягъэлъэхъшэн мурадкIэ, языныкъуэхэм «уэ умы-Блок, умы-Есенин» къыщыжраIэкIэ, апхуэдэхэми екIуу жэуап яретыжыф:

*Пэжщ, сымы-Блок сэ, сымы-Байрон,*
*Сымы-КIыщокъуэ – сынэгъуэщIщ.*
*СокIуж си гъуэгу, си гъуэгущ сэ скIужыр, –*
*Сэ сы-Мыкъуэжьщ, сэ сы-Мыкъуэжьщ.*
**(«Уэ умы-Блок, умы-Есенин...»)**

Мы пычыгъуэм къызэрыхэщым хуэдэу, усакIуэ нэсым и дежкIэ нэхъыщхьэр езым хиша гъуэгуанэм тету и творчествэм зригъэужьыныращ, зыми емыщхь икIи хэмыгъуащэ и макъкIэ и усэбзэр ишэщIу. Зи щIалэгъуэм тхэн щIэзыдза Мыкъуэжьыр ноби къэувыIакъым, ар жыджэру лъэпкъым хуолажьэ, и тхыгъэхэр зэрыт тхылъхэр щIэхщIэхыурэ дунейм къытохьэ. Апхуэдэу, усакIуэм дызэрыт илъэсым къыдэкIыну игъэхьэзыращ и тхыгъэ нэхъыфIхэр щызэхуэхьэса «Псэущ лъагъуныгъэр» зыфIища тхылъышхуэр. Абы хыхьащ лирикэ, лиро-эпикэ тхыгъэхэр, жанр зэмылIэужьыгъуэм иту тхахэр – усэхэр, элегиехэр, гимнхэр, газелхэр, рубаихэр, сонетхэр, поэмэхэр.

Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэр, езым и гъащIэм дэбакъуэурэ, нобэкIэ лIыпIэ иувами, абы и гуащIэри кIуэщIакъым, и усэбзэри убзэщхъуакъым, уеблэмэ зэманыр кIуэхукIэ нэхъыбэу зиубгъу-зиукъэбзу, нэхъ куу хъууэ къызэрыгъуэгурыкIуэм гу лъумытэу къанэркъым. УсакIуэ зэчиифIэм, зи хэкумрэ къызыхэкIа лъэпкъымрэ зыгъэпэж икIи зи лэжьыгъэ IэнатIэм псэемыблэжу пэрыт цIыху гумызагъэм адэкIи и гъащIэ гъуэгуанэми, и узыншагъэми, и гукъыдэж-дэрэжэгъуэми къыхупищэну, иджыри илъэс куэдкIэ и тхыгъэщIэхэмкIэ лъэпкъ тхылъеджэр игъэгуфIэну дыхуохъуахъуэ!

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

# СТЕМЫТУ ДАМЭ ЩХЬЭ СЫКЪЭБГЪЭЩIА?

Иужьрей илъэс тIощIым ди къэралым къыщекIуэкIам, къыщыхъуам сыщегупсыскIэ, сигу къихьэжу зы усэфI гуэр хэтщ ди нобэрей усыгъэм. «Ди кхъухьыр» – аращ усэм фIэщыгъэцIэ хуищIар ар зи IэдакъэщIэкI Мыкъуэжь Анатолэ.

Горбачёв и перестройкэмрэ Ельцин и революцэмрэ цIыхубэр «зэрагъэуна насыпым» мыгъуагъэу хэлъымрэ ткIыбжьу щIэлъымрэ мы усэм нэхърэ нэхъыфIу къэзыIуатэ тхыгъэ (ди литературэм хэту) сэ сыщыгъуазэкъым. Мис абы щыщ пычыгъуэ:

*Толъкъунхэр зэрыхуейуэ ирикъухьу,*
*ЕзыхьэкIыну зи гугъа ди кхъухьыр,*
*Иджы тенджызым къызыхидзыжауэ,*
*И Iуфэм Iулъкъэ зэтещэхэжауэ...*

*Дапщэщ ди дыгъэр пшэхэм къыкъуэкIыжу,*
*А псыхъэлъахуэр щигъэгъущыжынур?*
*А псыхъэлъахуэм кхъухь къыхэтщIыкIыжу,*
*Тенджызым тетхэм дащыщIыхъэжынур?!*



«Гражданственность – талант нелёгкий», – жиIэгъащ урыс усакIуэ гуэрым. А «гражданственностыр» – цIыхубэм, къэралым я Iуэху зытетым уи гур хуэмыгъуэу, ар уи творчествэми къыпкърыщу усэ птхыныр – икъукIэ гугъущ. Абы щыгъуэми политикэмкIэ, риторикэ жыхуаIэмкIэ уримыхьэкIыу.

Мы къэсхьа усэр зы метафорэшхуэ къуэпсыбэу зэрыIыгъщи, абы хэткIухьауэ (къыхэмыщу) тхыди, экономики, уеблэмэ социологие гуэри хэлъщ. Нэхъ кIэщIу жыпIэмэ, советскэ империер зэрызэхэщэщамрэ абы и хьэлъэр зи плIэм дэхуауэ ноби зыкъэзымыIэтыжыф цIыхубэмрэ ятеухуа мы усэ кIэщIыр и псэмкIи, и къуэпсхэмкIи зыщыщыр «лирикэ» жыхуаIэжыр аращ. АбыкIэ фIыщIэр зейри сатырхэм яхэлъ гууз-лыузымрэ едзыгъуэхэм я шэрыуагъэмрэщ.

Властымрэ политикэмрэ япэIэщIэ, ахэр зытещIэ цIыхубэм я гъащIэр сыт хуэдэ? А упщIэр и щхьэм икIыркъым усакIуэм, и псэм бэлыхь тригъэлъщ, жытIэми дыщыуэнукъым.

*Е-щхьэзыфIэфIыр зи жьантIэдэсу,*
*Уей, дунеижь!*
*ЦIыхугъэ нэсыр зи бжэкъуагъкъуэту,*
*Уей, дунеижь!*
<...>
*НэмыукIытагъэр зи жьэгу щыпэкIуу,*
*Уей, дунеижь!*
<...>

*Бохъшэ домбейхэм къадеуджэкIыу,*
*Уей, дунеижь!*
<...>
*Шатащхъэ IувкIэ щыкIар зыгъашхэу,*
*Уей, дунеижь!*
*Бэр зи кIэкъинэм хэзыгъэшхыкIыу,*
*Уей, дунеижь!*

УсакIуэм мыпхуэдэ сатырхэр зыхуигъэпсын щапхъэхэр гъунэжу хэтакъэ иужьрей илъэс 15–20-м етхьэкIа гъащIэм? ТIэкIу куэдыIуэу хэтащ, ди жагъуэ зэрыхъущи.

*Сыхуейт сэ зэхэслъхьэну Iэджэ щIауэ*
*ГуфIэгъуэм теухуауэ уэрэд нэс.*
*Арщхьэкlэ гъуэгу къызитыркъым цIыху гуауэм,*
*Зыплъыхьыт – дэнэкIи щыщIагъэкIыр нэпс.*

*ЩIегъэкIыр нэпс, зи бын зыхуэмыпIыжу*
*Уэрамым лэжьапIэншэу къыдэнам.*
*ЩIегъэкIыр нэпс, лъакъуитI зыпымытыжу*
*ЩIэлъэIуу сом, гъуэгущхьэIум къытенам.*
<...>
*Нэщхъейщ сабийр, щхьэщIэгупсысщ балигъыр, –*
*Тхъэ закъуэрщ псоми плъапIэу къытхуэнар.*
*Пшэ Iувым къыпхыпсыжыркъым ди дыгъэр –*
*Гъуазэншэ къабзэу дыкъызэхэнащ...*

Мыкъуэжьым и тхыгъэхэм къыщеIэт, критик цIэрыIуэ В. Г. Белинскэми зэрыжиIауэ, «зэгупсысыпхъэ икIи жэуап зэтыпхъэ» Iуэхугъуэ куэд. ИщхьэкIэ къэтхьа усэр абы и зы щапхъэщ.

ЦIыхубэм, лей зытехьэм, дэкъузам къыщыжыныр адыгэ усыгъэм къыдэгъуэгурыкIуэ хабзэщ. Апхуэдэ къыщыжакIуэ, гущIэгъулы къалэныр зыIэт усэхэр я мащIэкъым Агънокъуэ Лаши, ПащIэ Бэчмырзи, ЩоджэнцIыкIу Алии.

Нобэрей ди литературэм а хабзэр Мыкъуэжь Анатолэ хуэдэу щызыукъуэдииф къэгъуэтыгъуафIэкъым. Къалэн мытынш и пщэ къызэрыдэхуар къыгуроIуэж езы усакIуэми:

*Згъэбзэнущ усэр маисэу, –*
*Сраyэчылщ сэ цIыху хейм.*

Залымыгъэу дунейм щызекIуэр, хьэгъэщагъэу хьэкIэпычхэм зэрахьэр КъытщхьэщытыМ сыт щIидэр? УсакIуэр и гуныкъуэгъуэм апхуэдэ упщIэхэм ирегъэувалIэ.

33

*Алыхь лъапIэ, мэхъу си фIэщ шэчыншэу –*
*ЩIыр дахагъэщ къызыхуэбгъэщIар.*
*УзэплъэкIыу укъеплъэкIыжыхукIэ,*
*Еплъ Iиблис мыбы щызэIищIам.*

* * *

*Алыхь лъапIэ, цIыху къызэрыбгъэщIрэ,*
*ЩIым зы илъэс минкъым щекIуэкIар.*
*Сыт-тIэ щIиIэр нобэ къэс дагъуищэ? –*
*ЩIагъуэ хъункъым къызыхэпщIыкIар.*

Мыпхуэдэ усэхэр утыку къиплъхьэн щхьэкIэ, ахэр куэдрэ уи гум щыжьауэ, уи «акъылым лIыгъэ хэлъу» щытын хуейщ.

*Дунеижьу фIыр зыхудиплъапIэр*
*МэкIэрахъуэ пхэнжу – къэплъэнэфщ.*
*Щхьэщыхунт куэд щIауэ ар щыхупIэм,*
*Зи псэр нэхухэм хуамыщIам гульэф.*



«МэкIэрахъуэ пхэнжу» жыхуиIэм, ухуэмыхьэзырмэ, укъигъэуIэбжьынкIэ хъунущ. АтIэми, дигу къэдвгъэгъэкIыжыт дызыщыгъуазэ тхыдэм къриубыдэу щIыгум зауэу мини 5-м щIигъу зэрыщекIуэкIар, абыхэм ящыщу япэ, етIуанэ дунейпсо зауэхэр, ди лъэпкъым къулейсызыгъэшхуэ къыхуэзыхьа Урыс-Кавказ зауэжьыр.

«Поэзие» жыхуэтIэм, псом нэхърэ нэхъ щабэу икIи нэхъ дахэу къалъытэм, хуумыгъэфэщэну зы хьэл ткIий хэлъщ: узэрепцIыжу – укъыщIегъэщ, убэлэрыгъмэ, уи напэр трихынущ. НэгъуэщIу жысIэнщи, усыгъэм япэ ибгъэщар (уусакIуэмэ) уи творчествэм Iэ щIыIэкIэ къыхоIэбэ – ар ирекъулыкъу, ирефадэ е мылъку зэхуэлъэфэсыныр арауэ щIы.

ИщхьэкIи къызэрыщыхэзгъэщащи, Анатолэ поэзием хуэпэжу, и псэмрэ и гупсысэмрэ хуитыжу дунейм тет цIыхущ. ИкIи, шэч зыхэмылъыжращи, абыхэм уахэцIантхъуэу, уахэпщэфIыхьу къыпхуидэнукъым.

НэгъуэщI хэтыкIэкIи нобэрей дунейм талант щыпхуэхъумэнукъым. А нобэрей дунейкIэ дызэджэм и хьэуар Мыкъуэжьым хуэдэу кууэ езышэхыфауэ ди литературэм хэтри закъуэтIакъуэщ. Ар тIэкIу кууIуэу иришэхыу усакIуэм и псэм къытемыхьэлъауэ пIэрэ жозыгъэIэ едзыгъуэхэри и мащIэкъым Анатолэ.

Гурыхь дыдэу щымыт а «хьэуам» имыгъэундэрэщхъуэн папщIэ, усэхэм хэт лирическэ персонажым гугъэм, гугъапIэм, хъуэпсапIэм я лъахэ узэщIам куэдрэ зыщеплъыхь, гугъу ехь ди цIыхубэм я гурыгъугурыщIэхэр пэжу, фэрыщIыгъэ лъэпкъ хэмылъу къиIуатэу.

3 Заказ №1211

*ГъащIэ-мафIэгужьым, гугъэр ди пIэщхьагъыу,*
*Жэщ къэсыху насыпым бэр дыщыщIохъуэпс.*
*Ди нахуапIэр пщIыхьу, ди пщIыхьыр нахуэу*
*Зыхъуэжыну махуэр зикI къытхуэмыгъэс.*

* * *

*Пщэдейрей ныбгъуэм*
*Сыщумыгъэгугъыу,*
*Къызэт гуфIэгъуэ*
*Нобэ... иджыпсту!*

* * *

*... ЩIыр псэупIэ схуэпщIри,*
*Къиплъхьа гугъэр си гум*
*Вагъуэ жыжьэу аддэ*
*Дэпхьеякъэ уэгум.*

«Гугъэр адэжь щIэинщ» псалъэжьым пэджэж сатыр куэд ущрохьэлIэ Мыкъуэжьым и тхыгъэхэм.



*Гукъеуэу пхузиIэнщ сыпсэухункIэ,*
*Апхуэдэу, гъащIэ, сыт къыщIызэпщIар:*
*Си гугъэр пIэту уафэм нэсыхункIэ,*
*Стемыту дамэ щхьэ сыкъэбгъэщIа?!*

ЦIыху мин Iэджэм игъащIэ лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ хъуэпсапIэщ ар. Мыпхуэдэ усэ къабзабзэ абы къыхэзыщIыкIыфри усакIуэфIхэм я псэ хэIэтыкIарщ.

Гугъэм, хъуэпсапIэм я закъуэкъым усакIуэм и тхыгъэхэм къыхэтэджыкI лирическэ персонажым и псэм и щIэгъэкъуэныр. Абы и дежкIэ щIэгъэкъуэнышхуэщ лъагъуныгъэ къабзэр, пэжыр.

Мыкъуэжьым лъагъуныгъэ темэр зэриукъуэдий щIыкIэми тебгъэчыныхьу утепсэлъыхь хъунущ. УсакIуэр усакIуэфIмэ, къиIэт темэхэр псори лъагъуныгъэм зэIыхьлы ещI: анэм, хэкум, и гур зытхьэкъуа бзылъхугъэм хуищI лъагъуныгъэм. Ар щынэрылъагъущ Мыкъуэжьым и тхыгъэхэм.

*Егъэлеяуэ мы щIылъэм*
*ФIыуэ цIыхуитI щыслъэгъуащ...*
*Зыр – си анэ дыщэ гумащIэрщ,*
*ФIыуэ слъагъу пщащэрщ адрейр.*
*ТIуми яхуэсщIэр сфIэмащIэщ:*

*Зым къызитащ сэ си гъащІэр,*
*Хуитщ къыпищэнум адрейм...*

* * *

*Мылъкури щІыхьри –*
*Псори щхьэгъэпцІэжщ.*
*ПсэкІэ фи гъунэгъуу*
*ЦІыху къэфлъыхъуэ.*

* * *

*ФэрыщІагъыу зы мэскъал пхэмылъ...*
*Егъэнэхури си псэр уи гухэлъым:*
*Сахуоусэ сабийм, удз гъэгъам,*
*Псынэ къабзэм, гъатхэ уэших хьэлэлым.*

Апхуэдэ щыпкъагъэрэ гуапагъэрэ хэлъу лъагъуныгъэ къабзэм тотхыхь усакІуэр.

Мы тхыгъэ кІэщІым дэ зыубгъуауэ дыщытепсэлъыхьыфакъым Мыкъуэжь Анатолэ и творчествэ псом. Абы хэлъ нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыбжанэ къыхэдгъэщхьэхукІауэ аркъудейщ.

Нобэрей цІыхубэм ди гугъуехьыр, гъащІэ зэІумыбзыр зыгъэв, ирадыхам, Іыхьэншэ ящІам я щыжакІуэу псэкІэ, усэкІэ иувыкІ, лъагъуныгъэ къабзэм хуэфэщэн уэрэд дахэ зыгъэІу, и напэмрэ и творчествэмрэ хуэсакъ зэпыту зи хьэлъэр зыхь ди усакІуэ гъуэзэджэм сохъуэхъу иджыри илъэс куэдкІэ литературэм ехъулІэныгъэкІэ хуэлэжьэну.

**БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ*
*2006*

# И ГУПСЫСЭР КУУРЭ И ПСАЛЪЭР ШЭРЫУЭУ

Нобэ ди литературэм хуэлажьэ усакIуэхэм уахэплъэмэ, Мыкъуэжь Анатолэ бжьыпэр зыIыгъхэм ящыщ зыщ и IэдакъэщIэкIхэм яхэлъ гупсысэм и кууагъкIэ, ар къызэриIуатэ IэзагъкIэ. ГъэщIэгъуэныракъэ, абы япэ дыдэу дунейм къытригъэхьахэри, «мыр гъащIэм фIыуэ хэзыщIыкI, абы кууэ пхрыплъыф, акъыл тIыса зиIэ цIыхущ зыхуэтхынур» жыуагъэIэу гъэпсащ.

Мыкъуэжьым и гугъу щащIкIэ, и усэхэр нэщхъеирилэу жызыIэ щыIэщ. Апхуэдэфэ щIраплъыр, сэ сызэригугъэмкIэ, ахэр нэхъыбэу зытеухуа темэрщ – псом япэу усакIуэм псэхупIэ къезымытыр ди гъащIэм хилъагъуэ мыхъумыщIагъэхэрщ, абы куэдрэ Iейр фIым и гущIыIу зэрыщыхъуфырщ, къуаншэр захуэм зэрыщытекIуэфырщ, напэм япэ мылъкур зэрыщрагъэщырщ – а псор щыплъагъукIэ, дауи, нэжэгужагъэ къыпхалъхьэркъым. Абыхэм Мыкъуэжьыр щIытепсэлъыхьыр тхьэусыхэн къудей папщIэкъым – ар къоув зи жагъуэ ящIахэм я къыщхьэщыжакIуэу, захуагъэм, гущIэгъум, цIыхугъэ нэсым я джакIуэу. Езы усакIуэм и псалъэкIэ жыпIэмэ, *«Ем езэуэныр си натIэу / Сыкъытехьащ мы дунейм. / Згъэбзэнущ усэр, маисэу, – / Сраущчылщ сэ цIыху хейм»*. Абы и хъуэпсапIэр дунейр сыткIи зэтес хъужауэ илъагъунырщ. А гупсысэр философие куу зыхэлъ мы сатырхэм къаIуатэ:

*СыгуфIэщэну сыхуейщи,*
*Аращ сэ сыщIэнэщхъейр.*

Пафос егъэлея хэмылъу, зэ еплъыгъуэкIэ псэлъэкIэ къызэрыгуэкIыу къыпщыхъу къэIуэтэкIэкIэ щIэджыкIакIуэ дэтхэнэми и гущIэм зэрыдыхьэфын, ахэр и лъэныкъуэ къызэрищIыфын бзэрэ Iэмалрэ зэригъэпэщащ усакIуэм икIи ар иджыпсту шэчыншэу «граждан поэзие» жыхуаIэмкIэ ди литературэм щыпашэщ.

Мыкъуэжьым бзэ къулей зэрыIурылъым нэхъапэIуэкIэ тIэкIу и гугъу сщIауэ щытащ. Мыр щхьэхуэу зытепсэлъыхьын хуей темэшхуэщ. Езым зэритхщи, «псалъэ дыгъэлхэм яхэплъыхьурэ, зы налкъут къахегъуатэ». Анэдэлъхубзэр Анатолэ дежкIэ зыхуэбгъадэ хъун щымыIэу, хуэсакъыпэу хъумэн хуей лъапIэныгъэ инщ:

*Си бзэм сэрэ дызэтIолъхуэныкъуэу*
*Зы адыгэ анэ дыкъилъхуащ...*
*Здэнукъым сыкъэзылъхуар хаутэу,*
*Здэнукъым хаутэу къыздалъхуар!*

Зэгуэр Мыкъуэжьым итхыгъащ «сэ хамэ гуауэр си гущIэм йожалIэ, ещхьу сысейм» жиIэри. Ар, къызэрыдгъэлъэгъуащи, и усэхэми наIуэу къыхощ. Ауэ псом хуэмыдэжу усакIуэм и гурыщIэр кърригъэIуэтащ

къеуэлIа гуауэм – зи гугъу сщIыр игъуэ нэмысу дунейм ехыжа и щхьэгъусэм теухуа поэмэрщ.

Абы щыщ зы усэ – «Мылъкури щIыхьри...» жыхуиIэр – Мыкъуэжьым итхауэ щытащ хьэщыкъ зыхуэхъуа пщащэр щхьэгъусэ хуэхъуным зы мазэ иIэжу. Мыпхуэдэ сатырхэмкIэ иухырт а усэр:

*Мылъкури щIыхьри*
*ЩхъэгъэпцIэжщи, псэр*
*Зыхуэныкъуэ псэ фIэкIа*
*ЩымыIэ...*
*Нобэ къэскIэ,*
*СфIигъэдийуэ псэр,*
*Уэ узмыгъуэтыжу*
*Схудеху щIыIэ...*

ПсэкIэ къыпэгъунэгъу цIыхур пасэу зэрыIэщIэкIынкIэ хъунур гурыгъуазэу зыхэзыщIарщ, дауи, апхуэдэу жызыIэфынур.

Хьэмэрэ зэпсэгъуитI зэфIэкIуэдам я къекIуэкIыкIар «Жэнэтбзу уи хадэм зэ къэмылъэтам...» усэм нэхърэ нэхъ дахэу, нэхъ гукъинэжу, абы щыгъуэми адыгэ хабзэм уезымыгъэбакъуэ щIагъыбзэ щIэлъу пхуэгъэпсыну пIэрэ! ЖытIам и щыхьэту къэтхынщ а усэм щыщ зы пычыгъуэ:



*Жэнэтбзу уи хадэм*
*Зэ къэмылъэтам,*
*Уащымыщ Тхъэ лъапIэр*
*НасыпкIэ зэтам...*

*Си жыг хадэр жыжьэт, –*
*Дауэ къэбгъуэта?*
*Зэрыгъужым хадэр*
*Хэт гу лъыуигъэта?..*

*Уи бзэ IэфIым жыгхэр*
*Къыдэгъэгъэжат.*
*ХэгъукIа нэгъунэ*
*Гулъ къыдидзыжат...*

*Си жыг хадэм абгъуэ*
*ЩыпщIу къыщысщIам,*
*Дыгъэ бзийр хъыринэу,*
*Уэгум сыщещIат.*

*Жьыбгъэ Iэл гъатхэкуу*
*Дэнэ къытхуиукIт?*

*Щызэридзэм абгъуэр*
*Си фэр пыхъэ-пыкIт.*

*Шыр цIыкIуитIыр къанэу*
*Укъыщехуэхам,*
*КъысфIэщIати къуршхэр*
*Си плIэм къыдэхуа...*

Си псалъэм и кIэ къизгъэхуащ зыми хэзмылъхьэу нэхъыфI дыдэу слъагъу усэр – «Гущэкъу уэрэдыр». Сэ сызэреплъымкIэ, мы усэм фIэкIа имыусами, Анатолэ и цIэр ди литературэм къыхэнэнт. Си фIэщ хъуркъым мыбы зэ къеджам е уэрэду абы едэIуам ар зэгуэр щыгъупщэну, тобэ ирехъуи, дэтхэнэ зы адыгэми гукIэ ещIэ мы сатыр дахащэхэр:

*Мазэ тхъэгъу лъэныкъуэр*
*Къыпхуэслъыхъуэжынщ,*
*Вагъуэ щыгъэ цIыкIухэр*
*Къыпхуэсщыпыжынщ.*

Апхуэдиз гумащIагъэрэ лъагъуныгъэрэ быным, сабийм хуэгъэзауэ зыхэлъ, апхуэдэу екIуу гъэпса адыгэбзэкIи урысыбзэкIи щыIэу сэ сыщыгъуазэкъым. 

Хэти гушыIэу, хэти и фIэщу «усакIуэ нэсхэр куэдрэ псэукъым, Пушкинми Лермонтовми я гъащIэр кIэщIт, ауэ урыс литературэм и классик хъуахэщ» жаIэу зэхыбох. Мыбыхэм нэгъуэщI къэралхэм щыщхэр, уеблэмэ адыгэ гуэрхэм я цIэри щыщIагъу щыIэщ. «Ныбжьыр хэкIуэтэху, талантым кIэреч, цIыхум и щIэщыгъуэр йокI, адэкIэ жиIэн имыIэжу къонэ», – аращ абы къргъэкIыр. Сэ абыхэм акъылэгъу садэхъуфынукъым. И ныбжьыр хэхъуэху, и творчествэм зиужь зэпыту гъащIэшхуэ зиIа тхакIуэ, усакIуэ дапщэ ухуей?! Жыжьэ дыщымылъыхъуэу, дэ диIэкъэ КIыщокъуэ Алим! Си ныбжьэгъу нэхъыфIхэм ящыщ Мыкъуэжь Анатолэ сохъуэхъу псэунми усэнми яхуиIэ гукъыдэжыр хэхъуэ фIэкIа нэхъ кIащхъэ мыхъуу гъащIафIэ хъуну, езыр псэууэ адыгэ литературэм и классикыу къалъытэну.

**БИЩIО Борис,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*
*2021*



Мыкъуэжь Анатолэ и адэ Хьэбалэрэ и анэ КӀулэрэ. *2003*





Анатолэрэ и къуэш Арсенрэ. *2026*



И шыпхъу Людмилэ. *2012*



**И щхьэгъусэ Хьэмыкъуэ Маринэ.** *1989*



**Мыкъуэжь Анатолэ.** *1990*





**И малъхъэ Мурат, ипхъу Ланэ, и пхъурылъху Самирэ.** *2025*



**Ипхъу нэхъыщIэ Залинэ и гъусэу.** *2023*



**Анатолэрэ и пхъурылъху Самирэрэ.** *2026*





**Анатолэрэ усакIуэ Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэрэ.** *Домбай. 2025*




**Еджагъэшхуэ Хьэмыз Русланрэ Мыкъуэжь Анатолэрэ.** *2025*



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **зэныбжьэгъухэу жылагъуэ лэжьакIуэ ЩоджэнцIыкIу Леонид, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и унафэщI Тэтрокъуэ Астемыр, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI БищIо Борис, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ Мыкъуэжь Анатолэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор ТIымыжь Хьэмыщэ сымэ.** *2016*





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Мыкъуэжь Анатолэ, Шырыт СулътIан, Бекъул Токъан, Хьэх Сэфарбий, Къамбий Зуфар** *(щытхэщ),* **Ержыб Аслъэн, Сыкъун Хьэсэн, Мырзэкъан Суфян** *(щысхэщ)* **сымэ.** *1985*

# Мыкъуэжь Анатолэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

## ЗЫМИ ХЭБГЪЭГЪУЭЩЭНУКЪЫМ

Псоми зы дыгъэщ диIэр, ауэ усакIуэ нэсхэм дыгъэ зырыз яIэжщ: а дыгъэхэм я теплъэр зы щхьэкIэ, абыхэм къапих бзийхэр, а бзийхэм ящIэлъ хуабагъэр усакIуэ къэс я усыгъэхэм щызэхуэдэкъым. Зи тхыгъэ щIэбджыкI усакIуэхэр зэрызэщхьыр хэбгъэкIрэ зэрызэщхьэщыкI гуэрхэр къыпхуэнэмэ, поэзие хъужри щIэщыгъуэу уи гум къинарщ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, усэм и жыпхъэ гуэрым игъэзэгъа псалъэмакъ къыдэзыщIылIэхэр щэ бжыгъэмэ, гумрэ псэмрэ сыт щыгъуи зыхуэныкъуэ псалъэщIэ гуэр къыбжезыIэфыр пщIы бжыгъэщ. А пщIы бжыгъэм ящыщу сэ къызолъытэ усакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр – я гупсысэкIи, я гурыщIэкIи, усэхэм я фащэкIи – лIыпIэ иува усакIуэм «къызэригъэщIар» нэрылъагъущ. Зыми хэбгъэгъуэщэнукъым Анатолэ и къалэмыпэм къыщIэкIа сатырхэр.

Хэт зауэм къихь гузэвэгъуэхэм, зи пщIэнтIэпскIэ псэужхэм я плъапIэ мамырыгъэм темытхыхьыр? А тIур поэзие псом и темэ нэхъыщхьэхэм ящыщу игъащIэ лъандэрэ къогъуэгурыкIуэ. Абыхэм ятеухуауэ ди усакIуэ нэхъыфIхэм ятхахэм я купщIэкIи, я гъэпсыкIэкIи ябгъурыбгъэувэ хъунущ Мыкъуэжь Анатолэ мамырыгъэм теухуа и усэхэр.

И лъахэм, и лъэпкъым я тхыдэм кууэ щыхэплъэ усэ и мащIэкъым Мыкъуэжьым, ауэ абы и Iэпэр къытрихыркъым нобэрей махуэм и лъынтхуэми: ар хущIокъу зыхэт зэманым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр къыхиубыдыкIыну. «ХущIокъу» жысIа щхьэкIэ, а псалъэр мыбдеж щытэмэму къыщIэкIынукъым: апхуэдэм хущIэмыкъуу тхэ щыIэ? Нэхъ пыухыкIауэ жысIэнщи, и гугъапIэм и Iэр тезыгъахуэ усакIуэщ Мыкъуэжь Анатолэ.

**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ*
*2008*

## ПСАЛЪЭМ И ТЕПЩЭ

Мыкъуэжь Анатолэ и тхыгъэхэр быдэу епхащ нобэрей гъащIэм, иджырей цIыхухэм я гурыщIэ-гупсысэхэм, ахэр зыгъэгуфIэм, зыгъэпIейтейм, зыгъэгузавэм. Абыхэм яхэлъщ усэр Усыгъэ нэс зыщI хьэл-щэнхэр: псэ къабзагъэ, хьэлэлыгъэ, гупсысэ лъагэ, нэхугъэ.

Мыкъуэжьым и творчествэм куэдрэ къыхощ «гъуэгу», «гъуэгуанэ» псалъэхэр. «Жьэгу пащхьэм» (Анатолэ и япэ тхылъым) къыщожьэри, а гъуэгуанэр хуокIуэ «Къалэ жыжьэм». «Къалэ жыжьэр» – ар мурадхэм, гугъапIэ лъагэхэм, хъуэпсапIэ нэхухэм я къалэщ. «А гъуэгуанэр зэпысчыху си нэгум щIэкI псори усэбзэкIэ стхыжыным

сыхущIэкъунущ», – жеIэ усакIуэм. Ар мурадышхуэщ, мурад гугъущ. Ауэ сытым щыгъуэ усакIуэ нэсым гъуэгу тынш къыщыхихыр?! «Покой нам только снится», – жиIэгъащ Блок Александр.

Анатолэ щIохъуэпс «хабзэ пхэнжу мы ди гъащIэр мыгъуэ къытщызыщIхэр» щымыгъэIэным, залымыгъэр, нэмысыншагъэр дунейм тегъэкъэбзыкIыным, хейр мысэм хэутэн имыщIыным, зи щIалэгъуэу гъащIэм зи хыхьэгъуэр «ем и жьапщэм иримыщIыкIыным».

Мыкъуэжьым усэ куэд тритхыхьащ ди зэман ткIийм, ди гъащIэм къыхыхьэ, ди лъэпкъ хабзэхэм къемызэгъ Iуэхугъуэхэм. Ар и псэр, и акъылыр зыгъэпIейтей псоми усэбзэкIэ поджэж.

Сытым темытхыхьми, Мыкъуэжьым иIэщ жиIэн. Ар къызыхэкIыр гъащIэр кууэ зэрызыхищIэрщ, абы и лъэныкъуэ псоми гу лъитэну зэрыхущIэкъурщ. Аращ абы и усэхэр гупсысэ жанхэмкIэ щIэкъулейр, ирехъу ар лъагъуныгъэм, ныбжьэгъугъэм, пэжыгъэм, философскэ Iуэхугъуэхэм ятеухуа усэхэу – а псоми абы щыжеIэф езым и псалъэ.

УсакIуэ гъуэзэджэ Светлов Михаил гушыIэу жиIэу щытащ усэ птхыну «зэрымыгугъур». «Зы мащIэ дыдэщ абы щхьэкIэ узыхуейр, – жиIэрт абы, – усэм хэтын хуей псалъэхэр къэгъуэтауэ ахэр здэщытыпхъэм деж щыгъэувын хуейуэ аращ». Мыкъуэжьым а къалэнитIри хъарзынэу зрегъэхъулIэф. Абы къикIыр ар псалъэм и тепщэ зэрыхъуарщ.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ*
*2005*



## МЫКЪУЭЖЬЫМ И ЛЪАГАПIЭХЭР

... Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэхэм яхэтщ гъащIэр гурыфIыгъуэ зэфэзэщу цIыхум къыщыщыхъу ныбжьым щита илъэсхэм итхахэр. Ахэр щIалэгъуэм и нурхэмкIэ гъэнщIащ. Пэжыныгъэ нэсым, лъагъуныгъэ къабзэм, гурыщIэ IэфIым хуэусэ тхыгъэхэщ.

ЕтIуанэ гупу Мыкъуэжьым и усыгъэхэм къахэбгъэщхьэхукI хъунущ, и IуплъапIэ дахэм блишу, и плIанэпэхэм щекIуэкIхэри гъащIэм къыхузэIуихыу щIидза нэужь, усакIуэм итхахэр. Абыхэм ухагъэгупсысыхь, узыгъэгуфIэхэм нэмыщI, уригумэщI хъуну гъащIэм куэд дыдэ зэрыхэтыр нэрылъагъу къыпщащI. Зэм-зэми уогупсыс: «Ярэби, дидактикэр, жьэ нахуэ жыIэкIэр нэхъ мэщIамэ, мынэхъыфIу пIэрэт?» Уэр-уэрурэ жэуапи зотыж: «Хьэуэ, апхуэдэ жыIэкIэхэмрэ апхуэдэ Iуэху еплъыкIэхэмрэ ауэ сытми къежьэркъым. ГъащIэм и щытыкIэм литературэр зэрыпэджэж нэщэнэу аращ апхуэдэхэр. Щхьэтечу жыIэн хуейхэр щымащIэ езыр мы ди гъащIэм? Зыгуэрхэм я дежкIэ гъащIэу, нэгъуэщIхэм я дежкIэ мащэм?..»

Мыкъуэжьым и усыгъэм IупщIу хэплъагъуэ ещанэ лъагапIэщ «философие лирикэкIэ» узэджэ хъуну усыгъэ гупыр. Псом ящхьэращи, хамэщIэплъ лъагъуэкIэ хуэмыкIуэу, езым гурэ псэкIэ хишыжа лъагъуэм тету а ещанэ лъагапIэм зэрыхуэкIуар IупщI къыпщащI Мы-

къуэжь Толэ и усэ зи гугъу тщӀыхэм... ГъащӀэм зыри пщӀэншэу къузэримытым и щыхьэтщ мы къыжытӀэнур: абы и нэщӀэбжьэ ин щилъэгъуа, и гъэунэхупӀэ гугъу дыдэм къыщихута гъэхэрауэ къысщохъу Мыкъуэжьым и философие лирикэм нэхъ зыщиубгъуар.

«ГъащӀэм и философиекӀэ» зэджэ тенджыз гъунапкъэншэм и дапхъэ куэд иджыри къызэбнэкӀыну, и телъыджэ куэд къызэӀупхыну Тхьэм жиӀэ, Толэ! Поэзием и хьэтыркӀэ. Адыгэ литературэм и хьэтыркӀэ. Апхуэдэ поэзие лъагэ, литературэ лъагэ зэрыщыӀэм шэч къытезыхьэхэм я нэхейкӀэ.

**ӀУТӀЫЖ Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цӀыхубэ тхакӀуэ*
*2006*

## И ШЫ ТЕСЫКӀЭ ИӀЭЖЩ

Мыкъуэжь Анатолэ езым и поэтическэ дуней къыгъэщӀыжащ. А дунейр сатыррэ хьэрфкӀэ зэгъэпцӀакъым. Абы мы дызытет щӀы хъурейм ещхьу, дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ цӀыхумрэ къуэпс быдэкӀэ щызэпыщӀащ, гуауэмрэ гуфӀэгъуэмрэ щызэлъэпагъщ, емрэ фӀымрэ щызэпэщӀэтщ. А псоми усакӀуэм и гур я нэщанэуапӀэщ. Ар зэм мэгуфӀэ, зэм мэщэӀу, зэм мэгупсысэ, гъащӀэм и зэхэлъыкӀэр и акъылкӀэ изу; зэм гурыщӀэ къабзэм ирехьэжьэри, кхъуафэжьейуэ, кърехьэкӀ. А къомыр зи гум щызэзыгъэзахуэ усакӀуэр ехьэкӀ хэмылъу, гу зэӀухакӀэ бэм емыпсэлъатэмэ, абы зэрепсэлъэн гушхуэрэ таучэлрэ, зэхэщӀыкӀрэ щӀэныгъэрэ имыӀатэмэ, бзэ шэрыуэ Ӏурымылъатэмэ, езым къигъэщӀ поэтическэ дунейр, сабийм псы Ӏуфэм щищӀа пшахъуэ унэу, щэщэжат. Ауэ Мыкъуэжьыр фэрыщӀкъым, абы и гумрэ и псэмрэ зэӀухащ. Ар жьэнахуэу, Ӏэдэбу, щэныфӀэу, образнэу тхылъеджэм йопсэлъылӀэ. Ущие гъущэ хэмылъу, гъащӀэм и мыхьэнэм, дунейм и зэхэлъыкӀэм, цӀыхухэм я зэхэтыкӀэм, нэгъуэщӀ куэдми уезыгъэгупсыс Ӏуэхугъуэхэр зэпкърех. Философскэ поэзием дихьэх Мыкъуэжьым и усэ куэдым гупсысэ куу къыщеӀуатэ.

Урыс тхакӀуэшхуэ Пушкин А. С. езым и лъэхъэнэгъу, усакӀуэшхуэ, цӀыху Ӏущ Баратынскэм щхьэкӀэ жиӀауэ щытащ мы псалъэ хьэлэмэтхэр: «Абы хуэдэ щыӀэкъым, сыту жыпӀэмэ, ар мэгупсысэ». УсакӀуэ нэсым и зы дэтхэнэ усэми гупсысэ нэху гуэрым укъыхуегъэуш, уи гурыщӀэр къызэщӀегъэлыдэри, уэри гупсысэм и дамэ къыптрегъакӀэ. Гупсысэмрэ гурыщӀэмрэ щызэхэжыхьащ Мыкъуэжьым и усэхэм. А псоми къагъэлъагъуэ абы и поэзиер, гъащӀэми ещхьу, и плъыфэкӀи къыщыхъу-къыщыщӀэкӀи зэрыкъуэпсыбэр.

Тхыдэмрэ нобэрей гъащӀэмрэ зумыпхыфмэ, ди зэманымрэ къэкӀуэнумрэ гурыщӀэ къабзэкӀэ зэпумыгъэджэжыфмэ, абыхэм я кум нэрымылъагъуу дэлъ зэпыщӀэныгъэр уи псэм къимыхутэфмэ, уи лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэримыӀэнур фӀыуэ къызыгурыӀуэ усакӀуэщ Мыкъуэжьыр.

Къыдалъхуа псэ къабзагъэр, гумащIагъэр зыхъумэф усакIуэрщ цIыхум и гуауэри, и гуфIэгъуэри кууу зыхэзыщIэфыр, дунейм и фIи, Iеи зэзыгъэзахуэу абыхэм гурыщIэ нэхукIэ псыхьа сатыр купщIафIэхэмкIэ пэджэжыфыр. Апхуэдэхэм ящыщщ Мыкъуэжьыр.

Поэзием и гъуэгур гъунапкъэншэщ. Мыкъуэжь Анатолэ а гъуэгуанэм тетщ езым и шы тесыкIэ иIэжу, гъащIэм и плъыфэ псори щызэхэлъ лэгъупыкъур уафэ джабэм къыщыхуэнэхурэ гъуэгум пкIэлъей езыдз уэрэдхэмкIэ абы пэджэжу.

**КIЭЩТ Мухьэз,**
*усакIуэ, публицист*
*2000*

## БЭМ Я ГУРЫЛЪЫР ЖЫЗЫIЭФ

Адыгэ усыгъэм и жьантIэр зыгъэбжьыфIэ усакIуэхэм ящыщщ Мыкъуэжь Анатолэ. Абы шэч къытепхьэркъым, усакIуэм и къалэмыпэм къыщIэкIа тхылъхэм щыгъуазэ уахуэхъуа нэужь. Мыкъуэжьым и дэтхэнэ псалъэри усэ сатырри щIэщыгъуэщ. Зыми хэбгъэгъуэщэнукъым Анатолэ и гущIэм къиIукIа усэхэр, абыхэм ящыщ дэтхэнэми телъщ зи гур жан, зи гупсысэр куу усакIуэм и дамыгъэрэ и нэпкъыжьэрэ.

ЦIыхум и гущIэлъапсэм нэплъысыф, абы и гурыгъу-гурыщIэхэр къыщIэзыгъэлъэф, и фэм дэкIымрэ и псэр зыгъэхыщIэмрэ псалъэ купщIафIэхэмкIэ къэзыIуэтэф усакIуэ набдзэгубдзаплъэщ Мыкъуэжьыр. Ращ абы и тхыгъэхэр адыгэ усыгъэм и лъагапIэхэм ящыщ зы щIэхъуар.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,**
*тхакIуэ, критик*
*2016*

## ГЪАЩIЭМ И ЩЭХУХЭР КЪЕТIЭЩI

УсакIуэ нэсхэр закъуэтIакъуэххэщ. А закъуэтIакъуэм ящыщщ Мыкъуэжь Анатолэ.

Абы хьэкъыу пхыкIащ: «щIыр щIыщыIэр – сабий къыщалъхунырщ», «щIыр щIыщыIэр – къыщыкIынырщ гуэдз», къэхъугъэри, махуэл имыIэу, зыхуэлажьэр фIырщ, дахагъэрщ, угъурлыгъэрщ: «хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну, щIым гуапэу къедэхэщIэну»; «хуейщ бзухэр уэгум итыну, хуиту уэрэд къэрашыну»; «удз дахэр хуейщ къэгъэгъэну, еплъ псоми ягу хигъэхъуэну»; «гуфIэгъуэщ, сэ фIыуэ сощIэ, къыщIигъэщIар мы дунейр».

АрщхьэкIэ «ди лIэщIыгъуэр гуапагъэ хуэныкъуэщ, гумащIагъэ абы къомэщIэкI».

Ауэ щыхъукIэ, усакIуэм сыт къыхуэнэжыр? Iейр къызыхэкI щхьэусыгъуэхэр къыщIигъэщынырщ, абыхэм ерыщу япэувынырщ. А къалэнырщ «ем езэуэныр зи натIэу» «хейм я уэчылу» къэув Мыкъуэжь Анатолэ и къалэмыр зыхуигъэлъащэр.

УсакIуэм и лирикэм ущрохьэлIэ ди лъахэм и теплъэр щIэщыгъуэу уэзыгъэлъагъу усэ пкъыфIэхэми, мамырыгъэм тегъэпсыхьа сатырхэми, къэзылъхуа анэм хуэгъэза псалъэ щабэхэми, лъагъуныгъэм, ныбжьэгъугъэм, гъащIэм и къэхъукъащIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, лIэныгъэм ятеухуа тхыгъэхэми. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ темытхыхьми, Мыкъуэжь Анатолэ и Iэужьым нэпкъыжьэ хуэхъу нэщэнэ зызымыхъуэжхэри щыIэщ: Захуагъэр, ЦIыхугъэр, Дахагъэр. ИкIи а усакIуэм и лирикэм хуэкIуэн эпитет езым и сатырхэм къыхэсхыну къысхуихуатэмэ, мы сатыритIым тезубыдэнт:

*ЩIым лъагъуныгъэр, гуапагъэр*
*СщIыну и тет сыщIохъуэпс.*

Нэмыцэ тхакIуэ Брехт Бертольд зэгуэр жиIэгъащ: «Укъызытехьа дунейм елъытауэ дуней узытекIыжыр, нэгъуэщI мыхъуми, зы мэскъалкIэ зэребгъэфIэкIуэнум уи гъащIэр тегъэпсыхьауэщ узэрыпсэун хуейр».

Мыкъуэжьым и Iэужьхэм къыбжаIэ ар апхуэдэ гугъапIэ лъагэм хьэлэлу зэрыхуэлажьэр икIи абы и лъэныкъуэкIэ куэд зэрыхузэфIэкIар.

**КЪЭЖЭР Хьэмид,**
*усакIуэ, критик,*
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат*
*2006*



## ТХЬЭР ЗЫХУЭУПСА

Апхуэдэ насып Тхьэм псоми къаритыркъым – тхылъеджэ нэхъыжьми, курытми, нэхъыщIэми дихьэхыу яджу, яIэщIэмыужагъуэу. АбыкIэ Тхьэр зыхуэупса зырызхэм ящыщщ Мыкъуэжь Анатолэ.

Ар къызыхэкIыу си гугъэри и усэхэм ящIэлъ гупсысэ куурщ, и бзэ дахэрщ, образ гукъинэжхэрщ. Сыт хуэдэ темэ къиIэтми, нэхъ ягъэлэжьа дыдэщ, зыхужыпIэнухэри абы хэтыжу, уигу къэмыкIа лъэныкъуэкIэ бгъэдохьэри псэкIэ гъэхуэба гурыщIэхэр къегъэщI узыIэпишэу, щIэщыгъуэу.

Усыгъэ нэсыр, поэзие жыхуаIэжыр, лъагъуныгъэшхуэм е гукъеуэ иным къыхокI. КIэщIу жыпIэмэ, усакIуэр гурыщIэ лъагэм къызэщIиIэтэн хуейщ. А жысIам щыхьэт техъуэ тхыгъэхэр щымащIэкъым дунейпсо литературэм. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэу къэпхь хъунущ Мыкъуэжьым и «Маринэ» тхылъыр. УсакIуэм езым и щхьэм кърикIуа гуауэм къигъэщIа усэ гупышхуэр зы цIыху щхьэхуэ хуэгъэза пэтми, ар пасэу дунейм ехыжа цIыхубзхэм – анэхэм, шыпхъухэм, псэм и щIасэ куэдым – я усыгъэ-фэеплъу къыпфIощI:

*Маринэ, зыкIи дыкъуэншакъым,*
*Къуэншар нэгъуэщIщ,*

*Къуэншар нэгъуэщIщ.*
*Ди лъагъуныгъэр хуэхъумакъым, –*
*Дунейр ныкъуэщIщ,*
*Дунейр ныкъуэщIщ.*

КъикIуа гъащIэ гъуэгуанэм ириплъэжмэ, Анатолэ игу лъагэ зыщIын IуэхуфI куэд и щIыбагъкIэ щилъагъужынущ – Тхьэм кърита зэчийм и фIыщIэкIэ ар хъуащ къэбэрдей литературэр зыгъэбжьыфIэ усакIуэ. Аракъэ езыр насып хъужыр!

**МЭЗЫХЬЭ Борис,**
*тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*
*2016*

## ДЫЗЭРЫГУШХУЭХЭМ ЯЩЫЩЩ

1965 гъэ лъандэрэ Толи, абы и адэшхуэ-анэшхуэри, и адэ Хьэбали, и анэ КIули соцIыху. Абы щыгъуэ сэ еджапIэ Налшык сыкъэкIуауэ Толэ и анэ дэлъху Бицу Анатолэ ныбжьэгъу схуэхъуати, сыт хуэдэ Iуэху яIэми, Аушыджэр сыкIуэрт, я унагъуэ сихьэрт. Университетыр къэдухыу илъэс зыбжанэ дэкIыжа иужькIэщ Толэ школыр къыщиухар. Ар щIыжысIэращи, щIалэ цIыкIуу сцIыхуащ, абы щыгъуэ усэ итхыу сымыщIами. КIулэ и адэ-анэр IуэрыIуатэм хуэIэзэти, я бынхэри абы щIапIыкIащ. IуэрыIуатэр, щэнхабзэр, гъуазджэр щытепщэ унагъуэм укъыщалъхуауэ уи псэр дахагъэ нэсым имытхьэкъуу хъурэт?! Ахэращ Толэ и псыпэм къежьапIэ хуэхъуар.

Усэ купщIафIэ куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ Мыкъуэжьым. 1985 гъэм дунейм къытехьа «Жьэгу пащхьэ» и япэ тхылъымкIэ наIуэ хъуат Толэ усакIуэ телъыджэ къызэрыхэкIынур. Абы къыкIэлъыкIуащ тхылъ зыбгъупщI. И ныбжьыр илъэс хыщI щрикъум ирихьэлIэу къыдэкIа «Си лIэщIыгъуэр» тхылъым и творчествэм и курыхыр къыщызэщIикъуэжауэ жыпIэ хъунущи, сэ къыхэзгъэщынур зыщ: адыгэ усыгъэр зыгъэбжьыфIэу цIыхуитхум я цIэ къипIуэнумэ, Толэ абыхэм ящыщщ.

«Адыгэ псалъэ» газетым ар илъэс пщыкIутхукIэ щылэжьащ, и Iэзагъэм хэхъуэнымкIи сэбэпышхуэ къыхуэхъуауэ къызолъытэ. КъыхэзгъэбелджылыкIыну сыхуейщ газетыр зэи зыми зэран зэрыхуэмыхъур, я къалэмыр жан хъунымкIэ кIыщ пэлъытэу зэрыщытыр жысIэкIи егъэлея хъуну къысщыхъуркъым.

Мыкъуэжь Анатолэ иджыри куэдкIэ дыщогугъ. И мурадхэр Тхьэм къыхузэпищэ.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ,*
*КъБР-м, АР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я журналист*
*2021*

## НЭХУГЪЭМ И ГЪУЭГУГЪЭЛЪАГЪУЭ

... Толик, а уи усэхэр дыщэ хьэрфкIэ тхауэ щIэблэм къахуэгъэнэн хуейщ. Дерс къызыхэпхын защIэщ. Нэхугъэм ухуэзышэ гъуэгугъэлъагъуэкIэ уеджэ хъунущ абыхэм.

**НАЛО Ахьмэдхъан,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*
*2006*

## ГУПСЭХУГЪУЭ КЪЫЗЕТ

... Толэу зи гъащIэр кIыхь хъун! Ситу фIыт сэ сымылIэ щIыкIэ уэ псэууэ узэрыслъэгъуар. Уи тхылъыр си пIэщхьагъым щIэкIыркъым – си гум укъыподжэж. Псэхугъуэ къызэзыт гурыфIыгъуэщ си дежкIэ уи усэхэр. Тхьэм нэхъри уригъэфIакIуэ.

**ТХЬЭКIУМАШЭ Михаил,**
*УФ-м щIыхь зиIэ, КъБР-м и*
*цIыхубэ сурэтыщI, скульптор*
*2018*



## ДЕРС КЪЫЗЫХЭПХЫНЩ

Къару щэху гуэрым и IэмыркIэ дунеижьым къытохьэ усакIуэ гу пцIанэр. Сыт хуэдэ ныбжьым итми дерс къызыхахын, дэрэжэгъуэ къезытын, гъащIэ мытыншыр щIэщыгъуэ къащызыщIын, гурыщIэ къабзэкIэ, акъыл жанкIэ дунейм хэзыгъэплъэн усыгъэщ Мыкъуэжь Анатолэ и IэрыкIыр.

**БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий,**
*тхакIуэ, тхыдэдж*
*2006*

## УСАКIУЭПСЭ

Мыкъуэжь Анатолэ и усэ тхылъыр гурыгъуазэу къызэгуэпхынщи, мыпхуэдэ сатырхэм уи нэр хуэзэнщ:

*Сыхуейт сэ Iэджэ щIауэ зэхэслъхъэну*
*ГуфIэгъуэм теухуауэ уэрэд нэс.*
*Захуагъэр сэ абы щызгъэлъэпIэнут,*
*КъедаIуэм къыфIыщIэкIыу гуфIэ нэпс.*
*ТIутыхукIэ псэ – а зырщ дэ къытхуэнэжыр –*
*НэхъыфIым хэтхыжынкъым ди мурад.*
*«Узэджэр къокIуэ», – жиIэгъащ псалъэжьым,*
*ГуфIэгъуэм хуэзгъэпсынщ сэ зы уэрэд.*

Псалъэхэм я щыпкъагъэм, макъ зэпэджэж дахэм, гупсысэ хьэлэмэтым уи гур къызэрагъэгъуэтыжри, уи пкъым гуащIэ къыщIохьэжри,

уафэр зэрыкъащхъуэр уолъагъуж. Адыгэбзэм и IэфIыр хуэмурэ къыппкърохьэж. УзэщIэзыIулIауэ щыта мыгъуагъэхэр токIуэт, гуауэм зи плIэр иухуахэми зы нэплъэжыгъуэ ягъуэтыж, лей зытехьам къыщыщIахэр щымыгъупщэжми, гугъэр гуауэм трегъакIуэ. КIэщIу жыпIэмэ, мы усэм хуэдэхэрщ цIыху къызэрыгуэкIым лIыгъэ къыхэзылъхьэр, къыщIыхилъхьэфри зыщ: гугъуехьым къыхэмыкIа гухэхъуэм пщIэ иIэкъым, гуауэ зымыщIэм гуфIэгъуэм и пщIэри зыхищIэркъым. Мыпхуэдэ усэ зэрымыщIэкIэ IэщIэтхыхьынукъым зи дунейр гъащIэ хъыринэм ещIэу зыгъакIуэм. Абы игъэунэхуауэ щытын хуейщ мис мыпхуэдэ псалъэхэр гум къизыш хьэзаб:

*ЩIым гуфIэгъуэм*
*Лъэсу къыщекIухьыр –*
*ПIащIэу ди бжэр*
*Абы къыIуимых.*
*Гуауэр щхьэкIуэ шущ*
*Сэ нэхъ зэзгъэщхьыр –*
*ДымыщIэххэу*
*Ди жьэгу къыщопсых...*
*... Шым мэшэсри,*
*Мэбзэхыж гуфIэгъуэр,*
*Гуауэр лъэсу*
*Ди пщIантIэм докIыж.*

Сыт и мыIэзагъми, мыпхуэдэ псалъэхэр бзэр джэгуалъэ зыщIым хужыIэнукъым, ахэр зигу къэкIынур гъащIэм и удынри зылъыса, и IэфIри псэкIэ зыхэзыщIэращ. Апхуэдэм и псалъэхэри, а псалъэхэм я зэхэлъыкIэри, гум нахьэс гупсысэхэри езы гъащIэм къыхокI. Аращ Мыкъуэжьым и усыгъэм и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэр.

Iэзагъэшхуэ зыхэмылъми щыхуэус щыIэщ зы уэрэд закъуэ. Ауэ а зым деж и псынащхьэр щыгъужмэ, уэрэд иусами, ар усакIуэкъым. Мыкъуэжь Анатолэ и псэр езыр усакIуэпсэщи, сытым хуэмыусэми, и зэчийр къегъэнаIуэ. ИтIанэми, усэным зы щэху гуэр хэлъщ, езы усакIуэми нэсу къыгурымыIуэжу, ауэ Тхьэ лъапIэм абы щэхуу къыхилъхьауэ. Армыратэмэ, цIыху къызэрыгуэкIым дэнэ кърихынт мыпхуэдэ псалъэхэр:

*Жей, си IэфI, си фIыгъуэ,*
*Жей, си гурыфIыгъуэ,*
*Си къудамэ цIыкIуу*
*Къыдэжа!*
*Жей, си нэху, си дыгъэ,*
*Жей, си насып щыгъэ,*
*Си удз гъэгъа цIыкIуу*
*Къыхэжа!*

Анатолэ нобэ и къару илъыгъуэщ, акъыл жанрэ зэчий хьэлэмэтрэ зэпигъэшачэу. И мурадхэр Тхьэм къригъэхъулIэ.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*
*2016*

## ПСАЛЪЭР И IЭЩЭУ

Мыкъуэжь Анатолэ и усыгъэм набдзэгубдзаплъэу упхрыплъмэ, абы хужыпIэ хъунущ:

– дунейм и макъамэ зэщIэжьыуэхэм дежьууэрэ лIэщIыгъуэ IэджэкIэ лъэпкъым зэригъэпэща и псалъэ кIадэм къыхих дэтхэнэ зы псалъэри усакIуэпсэмкIэ зэщIиузадэурэ тхылъеджэм и пащхьэ изылъхьэф усакIуэу;

– псэм псалъэр зэриIэщэр пасэу къызыгурыIуа, псэм зегъэужьыным, псалъэм зегъэузэщIыным зэпымыууэ телажьэ тхакIуэу;

– «Хейр мысэм хиутэу, сабийм фоч ирагъапщэу, губзыгъэр зэхэщIыкIыншэм иригъаджэу, дин Iуэхухэм Iимансызыр тепсэлъыхьу, дахагъэр зи Iэужьхэр фаджэлыджэу, нэхугъэ къэзыгъэщIхэр кIыфIым хэсу» щилъагъукIэ, апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэм псалъэ-мэIухур япэщIэзыдз къыщхьэщыжакIуэу.



Мыкъуэжьыр бзэ узэщIа зыIурылъ, псалъэм хуэсакъ, езыр зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж усакIуэщ. Дунейм щекIуэкI псори псэкIэ зыз усакIуэм, шэч хэмылъу, ехъулIэныгъэ инхэр къыпоплъэ.

**БИЩIО Борис,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*
*2006*

## ХЕЙМ Я УЭЧЫЛ

«УсакIуэр жыпхъэ гуэрым пхуигъэувэнукъым, ар псэ къудейкIэщ зэрыпсэур», – къыджеIэ Мыкъуэжь Анатолэ. Ар пэжщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а къэхъугъэм «тхьэ Iэмыр», щэху хэлъщ. Арагъэнщ цIыху цIыкIум щIыхузэфIэмыкIыр «псэ лъахэм» и къэухьыр къызэрапщ пщалъэ къигупсысын. ИтIани, къалэмыр зи гъащIэ гъусэхэм я хъэтIыр зыр адрейм кърыхагъэщхьэхукIын щхьэкIэ, IэщIагъэлIхэм къагъэсэбэпын хуей мэхъу бзэ, литературэ щIэныгъэхэм я хабзэхэр, поэтикэм и Iэмалхэр. Ауэ ахэри щыхьэт зытехъуэфыр усакIуэм и Iэзагъырщ, и гупсысэм и кууагъырщ. Абы и псэм и пIащIагъри, и къабзагъри щIэныгъэр зыпэмылъэщ къэгъэщIыныгъэ телъыджэщ. ИкIи «бегъымбарым ехьэехуэу мы дунейм къытехьа» езы усакIуэрщ и пщэрылъыр зыубзыхужыфыр – Мыкъуэжьыр «езыр зыс мафIэм цIыхухэр игъэхуабэм, ибжынущ къехъулIауэ и хъуэпсапIэр».

ФIэщщIыгъуейщ дуней хьэлэмэтыщэ къэзыгъэщI усакIуэр къызэрыгуэкI цIыхуу щытыну, ауэ апхуэдэщ Мыкъуэжьыр. И гур унагъуэм, къыдалъхуахэм, ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, лъэпкъ псом

я «щыблэIушу», и псэр я мэIухуущ абы и гъащIэр зэрырихьэкIыр. И художественнэ дунейм щытепщэри аращ. А дунейм ущыхуэзэнукъым псалъэ тафэтелэхэм, егъэлеиныгъэ фэрыщIхэм. УсакIуэм и псалъэр «цIыху хейм хуохъу уэчыл», «лъэпкъ мащIэм къэрэгъул бжыхь».

Мыкъуэжьым и лирическэ лIыхъужьыр цIыхупсэм и хъумакIуэщ. «ЦIыху мелуанхэм я гуауэр игъэвыну къыхуиухащи», мы дунеижьым щызекIуэ мыхъумыщIагъэ псоми шапэIудз захуищIыну, «ем езэуэну» хьэзырщ. Ауэ «лIэщIыгъуэ минхэм я хьэлъэм» усакIуэр егъэхыщIэ, цIыху цIыкIур бэкIэ къыщагъэгугъэурэ щагъэжакъуэ дунеймкIи арэзыкъым: ар «екIакIуэу къыфIощI, тебгэжауэ и дыгъуасэм». Арагъэнщ усакIуэм и художественнэ лъахэм куэдрэ ущIыщрихьэлIэр «нэкIу фэрыщIхэм, цIыху мыгъасэхэм», «къэнжал зи напэм тебзахэм», «Iимани дини зымыIэхэм» я образхэм. Апхуэдэхэм и лъэпкъэгъу, и хэкуэгъу минхэр ярыщихъумэну усакIуэм иIэр и «усэ-маисэращи», ар мыубзэщхъуу хуегъабзэ а къалэным.

Нобэрей гъащIэм ифIри и Iейри художественнэ IэмалхэмкIэ екIуу къыщыгъэлъэгъуэжащ Мыкъуэжь Анатолэ и IэдакъэщIэкIхэм. ИпэжыпIэкIэ уэрэд нэс, лъэпкъ пшыналъэ дахэ хъуащ абы и усыгъэр.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*
*2021*



## IЭЗАГЪЭМ И НЭЩЭНЭ

Адыгэ лъэпкъым и лирик нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм ящыщ Мыкъуэжь Анатолэ и усэхэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ нобэрей гъащIэм, цIыхум я зэхэтыкIэм, я дуней тетыкIэм, я гупсысэкIэм, я гуфIэгъуэм, я гуауэм, я хъуэпсапIэхэм. Ахэр лъэпкъ поэзием къыхолыдыкI япкърылъ гурыщIэ куумкIэ, акъыл жанымкIэ, псэ къабзагъэмкIэ.

Гум имыхуж художественнэ образ телъыджэхэр къэгъэщIынымкIэ Мыкъуэжьым щIэгъэкъуэн къещI литературэм и Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр. Абы и лъэныкъуэкIэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ антонимхэмрэ синонимхэмрэ зы усэм и кIуэцIкIэ абы Iэзэу къызэрыщызэдигъэсэбэпыфыр. Куэд яхэткъым ди усакIуэхэм ар яхузэфIэкIауэ. Ари и зы нэщэнэщ зи усэ гъуэзэджэхэмкIэ цIыхум фIыуэ ялъэгъуа Мыкъуэжь Анатолэ лъапэ махуэкIэ лъэпкъ утыкум ихьэу лъэ быдэкIэ адыгэ поэзием и щыгу зэриувэфам.

**КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*
*2021*

## ЛЪЭХЪЭНЭМ И СУРЭТ

Литературэдж-щIэныгъэлIхэм гу лъатэ XX лIэщIыгъуэм и кIэухым къигъэщIа поэзием цIыхубэ зэхэтыкIэм ехьэлIа гукъэкIыр

хэпщIыкIыу зэрыщыкIуэщIым. «ЦIыхубэм къулыкъу яхуэщIэным епха гупсысэхэр токIуэтри, дахагъэ, теплъэ гъуэзэджэ къэгъэщIыным лъыхъуэныр нэхъ щхьэпэу къоув». Цензурэр зэрыщымыIэжым, щхьэж и Iуэху еплъыкIэ иIэжыну хуитыныгъэ зэрагъуэтам куэдкIэ зрегъэхъуэж усакIуэм и гупсысэкIэми. УсакIуэ-бегъымбарым и щэныр, гукъинэжу урыс литературэм къыщыунэхуар, адыгэ поэзиеми куэдкIэ екIуалIэу жыпIэ хъунущ. Ар къуэпс быдэкIэ пыщIащ усакIуэджэгуакIуэхэм. Нобэрей гъащIэм жьабзэмрэ жьэ нахуэмрэ я мыхьэнэр куэдкIэ нэхъ фагъуэу къыуегъэлъагъу, уеблэмэ язынықъуэхэм деж мыгурыIуэгъуафIэ дыдэу къыпщигъэхъуу. Апхуэдэ щытыкIэм наIуэу къыхощхьэхукI Мыкъуэжь Анатолэ и лирикэр.

ЗэхъуэкIыныгъэм и Iэужь псэукIэщIэм бэр IэнатIэ гугъу зэрыIуигъэувар, игъащIэ лъандэрэ цIыхум къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэр къазэрыфIэмыIуэхужыр, псэм и къулеигъэмрэ мылъкумрэ я зэхущытыкIэр, нобэрей цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэр, ар зыгъэпIейтейр, зыгъэгуфIэр, зыгъэгузавэр – ахэращ Мыкъуэжьым и IэдакъэщIэкIхэм я нэхъыбапIэр зытеухуар.

Анатолэ и лирикэм тепщэ щыхъуа дуней ткIийм ерыщу пэщIэт къару нэхъыщхьэр езы лирикэ лIыхъужьым и щэн быдэрщ, и зыIыгъыкIэращ. ЖиIэм шэч лъэпкъ къытрыуигъэхьэркъым усакIуэм, гъащIэм зэреплъ щIыкIэм хэлъ захуагъэр апхуэдизу наIуэщи.



Мыкъуэжь Анатолэ и лирикэ лIыхъужьым дэплъагъу хьэлщэн быдэм зыгуэркIэ уигу къегъэкIыж КIыщокъуэ Алим и творчествэр. АбыкIэ жытIэну дызыхуейр Мыкъуэжьым и усэхэм хэт лирикэ лIыхъужьым и гурыщIэм и зыужьыкIэм нэхъ пасэу адыгэ поэзием щыува хабзэхэм къызэрыпащэрщ. Ауэ а зи гугъу тщIы гурыщIэ къэгъэлъэгъуэкIэри КIыщокъуэм и лирикэри щIыпIэ нэщIым къитэджыкIыркъым. Абыхэм дунейпсо щэнхабзэм усакIуэм лъигъэс гупсысэхэм щыщ Iэджэ зыщIашащ.

Лъэхъэнэ къэс иIэжщ езым и усакIуэхэр. Апхуэдэ усакIуэхэм, художественнэ Iэмалхэр Iэзэу къагъэсэбэпурэ, зыхэпсэукI зэманым и сурэт пэж уи нэгу къыщIагъэувэ. Къапщтэмэ, Мыкъуэжь Анатолэрэ КIыщокъуэ Алимрэ я IэдакъэщIэкI щхьэхуэхэм хэпщIыкIыу къыхобелджылыкI зы лIэщIыгъуэм къриубыдэ псэукIэм зэрызиужь щIыкIэри, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэу къигъэувхэри.

**КЪЭЖЭР Иннэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат*
*2021*

## УАХЪТЫНШАГЪЭР ЗИ ПЩАЛЪЭ

... Мыкъуэжь Анатолэ и IэдакъэщIэкIхэм адыгэ усыгъэ нэсыр пщалъэу зэрагъуэтам шэч къытозымыгъэхьэщ езым и лъагъуныгъэ мыухыжыр псоми зэдай лъагъуныгъэшхуэу цIыхухэм я гурыщIэм щигъэлыдын зэрыхузэфIэкIар. Уахътыншагъэр нагъыщэу ятелъщ абы и усэ куэдым. Апхуэдэщ пасэу дунейм ехыжа и щхьэгъусэ Маринэ фэ-

еплъ хуищIа «Си уэрэд мыух, си гъыбзэ кIэншэ» поэмэри. Шэч хэлъкъым мы тхыгъэр адыгэ лирикэм и фIыпIэм зэрыхыхьам.

**БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,**
*публицист, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат*
*2009*

## АКЪУЖЬ ГУАКIУЭ

И адэжь жьэгур, щапIа и лъахэр, къызыхэкIа лъэпкъым и гурыгъугурыщIэхэр, зэманым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр – аращ Мыкъуэжь Анатолэ и усэхэм лъабжьи джэлэси яхуэхъур. А усэхэм цIыхугъэ къарум, лъагъуныгъэ нэхум я акъужь гуакIуэ къахеху.

**УЭРЭЗЕЙ Афлик,**
*усакIуэ*
*2014*

## УИ НАСЫПЩ!

Анатолэ, уи тхыгъэхэр ди унагъуэ Iэнэгум зэи текIыркъым, деджащ жытIэуи IудгъэкIуэтыжыркъым.

«Дунеижь» зыфIэпща уи тхылъ тыгъэ къысхуэпщIам сэ мызэмытIэу седжащ, и напэкIуэцI зыбжанэм я кIапэхэри щIэзупщIащ. «Си насыпт...» – аращ а тхылъ гъуэзэджэм и кIэух усэм фIэпщар.

*НэхъыфIу схэлъыр*
*Уэрэд гуапэу,*
*Къысхуэгъэнамэ –*
*Си насыпт...*

Си шынэхъыщIэ! Куэд щIащ сэ а псалъэ цIыкIуитIыр дызэрыт зэманым изгъэувэу хэIэтыкIа нагъыщи зэрыпызгъэувэжрэ... Уэ уи насыпщ, Анатолэ! Уи насыпщ, уи хъуэпсапIэ инхэм я нэхъыбэр къохъулIащи! Уи насыпщ, тхыгъэ, усыгъэ, уэрэд дахэ куэд тыгъэ къытхуэпщIыну ухунэсащи! Уи насыпщ, къолыжу цIыхугъэ, адыгагъэ, нэмыс, гулъытэ пхэлъщи! Уи насыпщ, дыгъуасэ узэхъуапсэу, зи лъэрыгъыпсыр бубыду щыта усакIуэ нэхъ пажэхэм нобэ уэри ухабжэ хъуащи! Уи насыпщ, уи тхыгъэхэр дэтхэнэ зы утыкуми щыбгъэIу хъунущи!..

ЩыIэщ зы усэ е пьесэ закъуэ фIэкIа имытхауэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа. «Дунеижь» зыфIэпща усэ закъуэм фIэкIа умытхауэ щытами, уэ фIыщIэшхуэ пхуэфащэт.

Зэман быркъуэшыркъуэм зэщиуда уи хэкуэгъухэм я упщIэ куэдым жэуап ептыфащи, икъукIэ гуапэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, адыгэ усыгъэ дызэрыпагэр мывэ сэрейм даубыда нэхъей, нэм къыфIэнэн усакIуэ къызэрыхэмыхьэжым гуныкъуэгъуэ къыдитырт. А гуныкъуэгъуэр уэ тщхьэщыпхащ, гугъэ дахэ къыдэптыжащи, афэрым!

Илъэс зыбжанэ ипэкIэ уэ пхужысIа си псалъэхэмкIэ сухыну сыхуейт си тхыгъэ кIэщIыр:

*Узыщытхъужу куэдрэ*
*Ину умыкIийми,*
*Уи тхыбзэм егъэзагъэ*
*ГущIэльапсэр...*
*Залымыгъэм ди гур*
*ЩигъэгуIэ къэхъуми,*
*Хубогъэпсыжыр*
*Лъагъуныгъэм ди псэр!*

**МЫСОСТЫШХУЭ Пщызэбий,**
*Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ*
*щIыхь зиIэ я артист*
*2006*

## САТЫР ТЕЛЪЫДЖЭХЭР



Сэ литературэр, псом хуэмыдэу поэзиер, зыпэсщI щыIэкъым. Урыс классикхэм ящыщу Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Есенин Сергей, ди лъэпкъ усакIуэхэм – Тхьэгъэзит Зубер, Мыкъуэжь Анатолэ, Бещтокъуэ Хьэбас, Къэшэж Иннэ, балъкъэрхэм – Зумакуловэ Танзиля сымэ я творчествэм сыдахьэх. Ахэр сытым дежи стIолыщхьэ тхылъу сиIэщ, гукъыдэжыншэ сыщыхъухэм и дежи сызэпхъуэр абыхэм я усэхэрщ.

Куэдым усэ ятх щхьэкIэ, ар нэсу къызэхъулIэр мащIэ дыдэщ. Толэ и усэхэм сэ Iэджэ щIауэ сыкIэлъоплъ икIи сфIэфI дыдэу сыкъоджэ. Ахэр купщIафIэщ, бзэ дахэкIэ, шэрыуэкIэ тхащ. Мы дунейм къыщыхъу Iуэхугъуэхэм ящыщу къэгъуэтыгъуейщ ар зи щхьэфэ имыIэбэ. Абы щыгъуэми, сыт хуэдэ темэри щIэщыгъуэу, гукъинэжу зэпкърех. ЖыпIэнурамэ, зи творчествэр егъэлеяуэ сигу ирихь усакIуэщ Толэ.

Иджыблагъэ радиом щезгъэтхащ Толэ «Гум телъ дыркъуэ» зыфIища и поэмэр. АпхуэдизкIэ сигу ирихьат ари, си закъуэ сыщыгъуазэкIэ зэфIэкIынукъым, жысIэри сыкъеджащ, нэхъыбэм зэхахын, ящIэн хуэдэу.

«Iуащхьэмахуэ» журналыр ефIэкIуэным къару куэд ирихьэлIащ IутIыж Борис. Иджы ар Толэ къыдощIэращIэ. Ар куэд и уасэщ. Тхыгъэ хьэлэмэтхэр, купщIафIэхэр къытохуэ, къищынэмыщIауэ, гуапэщ иджыри дымыцIыху, литературэм япэ лъэбакъуэ хэзычэ усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр абы къызэрытрадзэр. БлэзмыгъэкIыу, сфIэщIэщыгъуэу дэтхэнэ къыдэкIыгъуэми сыкъоджэ. Сэ сызэреплъымкIэ, зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж, адыгэу зызылъытэж дэтхэнэ зыми и унагъуэм илъыпхъэщ ди литературэм, ди щэнхабзэм, ди бзэм телажьэ «Iуащхьэмахуэ» журналымрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ.

И махуэ лъапIэм ирихьэлIэу сэ Толэ сохъуэхъу узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ щымыщIэу иджыри илъэс куэдкIэ лъэпкъым тхуэпсэуну, тхуэлэжьэну.

**ЖЬАКIЭМЫХЪУ КIунэ,**
*УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артисткэ,*
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ*
*2016*

## ЗЫХЭТЛЪХЬЭ ЩЫIЭКЪЫМ

Адыгэ литературэм и уафэгум зи вагъуэ щыпызыгъэна усакIуэ гъуэзэджэхэр дызэриIэм дрогушхуэ. Абыхэм къахолыдыкI Мыкъуэжь Анатолэ.

Дунейм и къэхъукъащIэхэми лъагъуныгъэми щIэщыгъуэу удихьэхыу тотхыхь ар. Нэхъыщхьэращи, и усэхэм гупсысэ куу ящIэлъщ, философиер я лъабжьэщ. Зи хъэтI зиIэж усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм фIым, захуагъэм, гуапагъэм укъыхураджэ.

Си щхьэкIэ срогушхуэ илъэс 40 хъуауэ Толэ зэрысцIыхум. Куэдым ядумылъагъу хьэл-щэн дахэ хэлъщ. И дуней тетыкIэри, Iуэху еплъыкIэхэри, и тхэкIэри зэтохуэ. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым къыщыздэлажьэхэм зыхалъхьэ щыIэкъым Толэ и усэхэр, сыт хуэдэ утыкуми яфIэфIу къыщоджэ.

«Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ къулыкъур къызэрыхуагъэфэщар гуапэ дыдэ сщыхъуащ. Iуэху бгъэдыхьэкIэ, гъэзэщIэкIэ дахэ зэриIэр нэрылъагъущ.

Сэ нобэ Мыкъуэжь Толэ сохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэну, и IэдакъэщIэкIхэмкIэ иджыри куэдрэ дигъэгуфIэну!

**КЪЭЖЭР Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист*
*2016*



## НЭ ЛЕЙКIЭ УЗРЕГЪЭПЛЪ

Мыкъуэжь Анатолэ щыусэкIэ уафэм дэIэбейркъым, е пшэхэм хэту здахьымкIэ кIуэркъым, е залымыгъэкIэ усэ стхынщ жиIэу и IитIымкIэ и щхьэр икъузу стIолым бгъэдэскъым. АтIэ и нэкIэ илъагъу, махуэ къэс зыхэт, и нэгу щIэкI, псэкIэ зыхищIэ гъащIэрщ абы и усыгъэхэм я къигъэхъуапIэр. ГъащIэм и теплъэгъуэхэр къритхэкI къудей мыхъуу, абы хузэфIокI плъыфабэу зэхэлъ мы дунейм и дэтхэнэ къэхъукъащIэри усыгъэм и жыпхъэм Iэзэу кърigъэзэгъэн.

Къэралхэм, лъэпкъхэм, унагъуэхэм яку мамырыгъэ, лъагъуныгъэ, гущIэгъу дэлъыныр Анатолэ зэрихъуэпсапIэр усэбзэ шэрыуэкIэ къыщиIуатэкIэ, нэ лейкIэ узрегъэплъ, плъэмыкIыу гур щабэ ещI, «зэзакъуэ нэхъ мыхъуми сыт дэ цIыхум и жагъуэ щIэтщIыр» жыуегъэIэ.

ЦIыхубэм я гум къызэришхыдыкIыфым щыхьэт техъуэ усэ купщIафIэхэр и мащIэкъым Мыкъуэжьым. Абы и IэдакъэщIэкIхэм яхэтщ къэкIуэну зэманыр и нэгум щIэкIауэ къыпщызыгъэхъухэри.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Мухьэдин,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ*
*щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*
*1997*

## УСЭНЫМ КЪЫХУИГЪЭЩIА

Мыкъуэжь Анатолэ цIыхугъэшхуэ зыхэлъ ныбжьэгъу пэжщ, гу пцIанэ зиIэ усакIуэщ. Усэ тхыныр и натIэу къалъхуами ярейщ ар. Университетым ныщыщIэтIысхьами, ар усакIуэ хьэзырт: и усэбзэр щабэт, лантIэт, макъхэр зэщIэжьыуэрт, и гупсысэр щIэщыгъуэт. Арагъэнут езым хуэдэу университетым щеджэ студентхэм абы и усэхэм макъамэ щIалъхьэурэ гитарэкIэ дежьууэ уэрэду щIыжаIэр.

Псы куэд ежэхащ абы лъандэрэ.

АдыгэбзэкIэ усэ зытхыу дунейм псэууэ тетхэм ящыщу усакIуэшхуэкIэ узэджэну щыIэ зытIущым нобэ яхэтщ Мыкъуэжьыр. ЦIыкIуми инми абы и усэ къемыджа адыгэ щыIэкъым жыпIэми егъэлеиныгъэ зэрымыхъунум сэ шэч къытесхьэркъым. Къытесхьэркъым, сыту жыпIэмэ, сабийхэми, балигъхэми, нэхъ ныбжь зиIэхэми абы и усыгъэхэм гумрэ щхьэмрэ псэхупIэ къезымыт гъащIэ къыибыргъукIым къигъэув упщIэ мытыншхэм я жэуап къыщагъуэтри, дунейр нэхъ дахэ зэрыхъунумкIэ фIэщхъуныгъэ къахелъхьэри. Анатолэ и усэхэр тхылъеджэхэм фIыуэ ялъагъу, гукIэ зрагъащIэ. (Езыми усэу итхауэ хъуар гукIэ ещIэж). Тхылъеджэхэм я закъуэкъым, щIэныгъэлIхэми абы и творчествэм гупсысэ куу, къэIуэтэкIэ щIэщыгъуэ къыщагъуэт, лэжьыгъэ щхьэхуэхэри траухуэ.

Тхылъхэр птхы, спектаклхэр бгъэув, фильмхэр тепх хъунущ Анатолэрэ пасэу дунейм ехыжа и щхьэгъусэ Маринэрэ яку дэлъа лъагъуныгъэшхуэм теухуа «Си уэрэд мыух, си гъыбзэ кIэншэ» поэмэ-элегиемкIэ. Шэч хэлъкъым а тхыгъэр ди лъэпкъ литературэм и налкъутналмэсхэм зэрахыхьам.

Мыкъуэжь Анатолэ усакIуэ нэсу сэ къыщIэслъытэм нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIэщ – абы хуэдэу ди гъащIэ зэхэзэрыхьар пэжу, темылъэщIауэ къэзыгъэлъэгъуа иджырей ди усакIуэхэм яхэткъым.

**ТЭТРОКЪУЭ Астемыр,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист*
*2016*

## ГУКIЭ СОЩIЭ

Мыкъуэжь, дызэрыщIалэ цIыкIу лъандэрэ уи усэщIэхэм укъысхуеджэу дыкъызэдокIуэкI. Уи IэдакъэщIэкIхэр, къанэ щIагъуэ щымыIэу, гукIэ сощIэ: щIэптхари щыптха щIыпIэри бжесIэжыфынущ.

Уи усэщIэхэр газетым къытехуауэ си ныбжьэгъухэм мызэ-мытIэу баз къафIэсхьащ, гурыхуагъэкIэ дызэпевгъауэ, зэ фIэкIа сыкъемыджэу жысIэжынщ, жысIэурэ. ГукIэ щыпщIэкIэ, жыпIэжыфынтэкъэ!

Адыгэхэм я мызакъуэу, усакIуэ нэхъ пажэ дыдэу щыIэхэм ящыщ зыуэ укъызолъытэ. Уи усэхэм ятеухуауэ тхылъ псо схуэтхынуи сыкъегъэгугъэ. Тхьэм къыдигъэхъулIэ!

*Ныбжьэгъу, сэ фIыкIэ сигу укъокIри,*
*Уи гъуэгу кIыхь хъуну сынохъуэхъу!*

**ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Леонид,**
*ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэкIэ щыIэ*
*ФIыщIэ фондым и унафэщI*
*2016*

ЗИ УСЭКIЭР ЩIЭЩЫГЪУЭ

... ЖызыIэ щыIэщ усэм и пIалъэр икIауэ. Ар щыуагъэшхуэщ. Тэмэму гъэпса усэр цIыхум зэи яужэгъунукъым. Мыкъуэжь Анатолэ и IэдакъэщIэкIхэм гурыщIэ куумрэ гупсысэ жанымрэ щызэхэжыхьащ. Ахэр куэдым уезыгъэгупсысщ, псэр зыгъэнэхущ, IуэхугъуэщIэхэм укъыхуезыджэщ, щIэщыгъуэу, шэрыуэу гъэпсащ. Аращ утезашэу бгъэтIылъыж щIахэмытыр. Ар къызэхъулIэр закъуэтIакъуэххэщ.

**МОЛЭ СулътIан,**
*егъэджакIуэ, Жэмтхьэлэ къуажэ*
*1994*

*Усэхэр* МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

## ДУНЕИЖЬ

Е-щхьэзыфIэфIыр зи жьантIэдэсу,
Уей, дунеижь!
ЦIыхугъэ нэсыр зи бжэкъуагъкъуэту,
Уей, дунеижь!
АкъылыфIагъэр зыфIэделагъэу,
Уей, дунеижь!
ФэжьIужь делагъэр зыхуэхъужауэ,
Уей, дунеижь!
НэмыукIытагъэр зи жьэгу щыпэкIуу,
Уей, дунеижь!
ЕмыкIур екIум хэзыгъэгъуащэу,
Уей, дунеижь!
Бохъшэ домбейхэм къадеуджэкIыу,
Уей, дунеижь!
Хейр уэчылыншэу щыхаутапэу,
Уей, дунеижь!
Шатащхьэ IувкIэ щыкIар зыгъашхэу,
Уей, дунеижь!
Бэр зи кIэкъинэм хэзыгъэшхыкIыу,
Уей, дунеижь!
Зауэ-зэдауэр зи зэштегъэууэ,
Уей, дунеижь!
Псэ хей гуIэжхэм яхуэгунэфу,
Уей, дунеижь!
ЦIыху уасэр мылъкукIэ къыщапщ-щалъытэу,
Уей, дунеижь!
Гухэлъ уэрэдхэр щафIэауану,
Уей, дунеижь!
ЗдэармырамкIэ еджэрэзэкIыу,
Уей, дунеижь!
ЩыхупIэ нэзым IукIэрэхъухьу,
Уей, дунеижь!
Уи нэ щыпхахэр зэ къэптIэтэжу,
Уей, дунеижь!
Гъуэгу захуэ нэхум дынытепшэжкъэ,
Уей, дунеижь!

Гугъэн-хъуэпсэнкIэ дезыгъэшауэ,
Уей, дунеижь!
Гурыгъ мелуанхэр изыгъэжауэ,
Уей, дунеижь!
Шы дахэ жэркIэ сыпщыгугъами,
Уей, дунеижь!
Шы гъуабжэ мыжэу укъысхущIэкIти,
Уей, дунеижь!
1994

## ГЪАЩIЭ-МАФIЭГУЖЬ

*Си къуэш Арсен хузотх*

ГъащIэ-мафIэгужьым гужьу дызэредзэ,
ГъащIэ-мафIэгужьым гущIэр зэрегъэших,
ТфIэфI-тфIэмыфI жыхуэпIэр щайуэ къримыдзэу,
ЩхьэрыутIыпщу макIуэ, пхэнжурэ егъэш.

ГъащIэ-мафIэгужьым ер щыжьантIэрыкIуэщ,
ГъащIэ-мафIэгужьым щиIутIыжщ нэфI-нейм:
И тIысыпIэ гъурхэм щогурым тхьэмыщкIэр,
И купе лыдыжхэм зыщатIыжыр бейм.

ГъащIэ-мафIэгужьым хабзэ щыземыкIуэ,
И тезырыр мысэм щрагъэхьыр хейм.
Бейм дэщIыгъущ судыщIэр — гущIэгъу лъэпкъ ямыIэу —
Я губгъэн къэзыхьыр къыщрадз здыхуейм.

ГъащIэ-мафIэгужьым Iэщэ щызэрахьэ,
Сабий гущэ пэтрэ щащI зэхэзедзэн.
Iуэху хьэдэгъуэдахэу, пцIыуэ щызэрахъэм
Гу лъыптэнщи — зэуэ узыIурадзэнщ.

ГъащIэ-мафIэгужьым Iущыр щызэрахуэ,
Уи гуращэр нэхумэ, дзы къыщыпфIащынщ.
Узэчийуэ къащIэм, упыкIащ уи гъащIэм,
Я дзэлыфэ пхуатIу, щхъухь пхузэхащIэнщ.

ГъащIэ-мафIэгужьым напэ щызэIуащэ,
ЦIэрэ щхьэрэ жыпкIэ щызэрагъэпэщ.
ГъащIэ-мафIэгужьым и къэхыпэщ гъэпщкIуахэм
Хъыджэбз цIыкIу къэжэпхъхэм зыщрагъэтIэщI.

ГъащIэ-мафIэгужьым псэр щызэхаутэ,
Елъытауэ мылъкум щащIыр зэхэгъэж.
НэхъыфIати, жыпIэу, сыкъимытIысхьатэм,
ГъащIэ-мафIэгужьым уигу зрегъэбгъэж.

ГъащIэ-мафIэгужьу хэйхэм я щIыунэ,
Удэфа-сэхъуахэм я дуней жэнэт,
Ди зэхуэдэ унэу, уей, емынэ унэ,
Ди унэкIэ хъунум и жэуап къыдэт!

ГъащIэ-мафIэгужьым, гугъэр ди пIэщхьагъыу,
Жэщ къэсыху насыпым бэр дыщыщIохъуэпс.
Ди нахуапIэр пщIыхьу, ди пщIыхьэпIэр нахуэу
Зыхъуэжыну махуэр зикI къытхуэмыгъэс!
1998



* * *

Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр
Зи Iэмырым къыдекIэрэхъуэкI,
Хабзэ пхэнжхэу мы ди гъащIэр мыгъуэ
КъытщызыщIхэр щIым щытхузэхъуэкI.

Зи гущIэгъур ин! Дунейм и шхуэIур
Залымыгъэм къытхуIэщIэгъэкI.
Нэмысыншэм цIыху гъэсам и нэкIур
ЩIихулыкIыу хуумыдэ афIэкI.

Хейм и фащэр мысэм щебгъэтIагъэу,
ЩIэпхъаджащIэм хуумыгъэхъу уэчыл.
ИумыгъэщI пэжщIэкъур щIэнэкIалъэ,
Былымаблэм и нэгур гъэджыл.

ЦIыху щэджащэм дзы къыхуебгъэлъыхъуэу,
Iимансызыр щихъыу умыгъэIу.

АкъылыфIэр, и щхьэр игъэлъахъшэу,
Тумыгъэт ахьмакъхэм я бжэщхьэIу.

КъыумыгъэкI и кIэныр нэжэсыгъэм,
ЩIым делагъэм зыщумыгъэубгъу.
ДжэдыгуибгъукIэ зы лIым ухуэупсэу,
Къыумыгъанэ джэдыгуншэу лIибгъу.

Уи гулъытэ хэбну зыхуэфащэр,
Джэгу щIыхьыншэм ирумыгъэщIэкI.
Зи щIалэгъуэу зи хыхьэгъуэр гъащIэм
Ем и жьапщэм ирумыгъэщIыкI.

... ЩекIуэкI псори ди щIыгушхуэм плъагъуу,
ЕпхьэкIар уэ мыилъэс мелуан,
«А уи лъэIухэм хэлъкъым зы щIэщыгъуэ», —
КъысхужыпIэу, сыкъыумыщI ауан.

Ди щхьэщыгум дыгъэр къизыIыгъэу,
Зи Iэмыркlэ щIыр къекIэрэхъуэкI,
Пэлъэщауэ е-бзаджейм цIыхугъэр
ЩIы хъурейр зэгуэрым нэху къегъэкI.

* * *

Дунеижьым дыщэм зыхуегъэщхъ,
И щхъыщхъ макъыр фIощI макъамэ гуакIуэу.
Дахагъ нэпцIым итщи и Iумэт,
Уэрэд нэсхэм и хущхьэн къагъакIуэ.

Дыгъужь хабзэрноби къыдокIуэкI,
Псэ хей минхэр зэтрегъэгуIэ.
А хьэл мыгъуэр — узэсэр сэгъейщ, —
Зыхинэнуи мурад лъэпкъ имыIэ.

КъыхэкIынкIи хъунт дунейм зыгуэр, —
Iиблис щылъхухэм зрагъэужьакъым.
ЛIы Iущ Iэджэ итами иужь,
Дунеижьым захуегъэхъуэжакъым.

Уэрэд Iэджэ сэри хуэзгъэпсат
Дунеижьу ди гугъапIэ закъуэм.
Къыхуезджами зэрыслъэкIкIэ фIым,
Зы мэскъалкIи къысхуэгъэдэIуакъым.

Си чэнджэщхэр щымыхъуа гунэс,
СигъэикIэу къысфIищащ дзы Iэджэ.
Си уэрэдым къыхиIуащ шэрэз,
Блащхъуэ щIыкIэу, зэIурыдзэсыкIри.

ХущIэкъуат сищIыну ещхь езым,
Ауэ сэ дунейр къыспэлъэщакъым.
СхуэмыщIами ар зэрыщымыт,
Сызэрыщымыти зезгъэщIакъым.

* * *

Дунейм и хабзэ ихъуэжакъым, —
Къызэрыунэхурэ зэрыщытщ.
Ем и жыр джатэр фIидзэжакъым,
Блэ уэну, пэжым къыщхьэщытщ.

Иджыри псэжьхэм, зэрызехьэу,
Дунейм и IэфIыр къыщIафыкI.
ЦIыхубэрщ мыгъуэр зи мыгъуари,
КIэкъинэ тIэкIум щогуфIыкI.

Зи напэр сомкIэ зыщэжахэм
ЯщIащи яеу зы дзажэпкъ,
КъыпыткIукI дагъэм ирокъуж хэр,
Зыхамыгъэхьэу нэгъуэщI лъэпкъ.

Хьэлэлу псэухэр щыгъыныджэщ,
Зи бохъшэр пIащэм зыкърех.
Иджыри мысэм и хьэджэсэр
Дахагъэм щэхуу къыхурех.

НэфI-нейри щIым текIуэдыкIакъым, —
Зыхуэмыфащэм щIыхь лъагъэс.
Япэм хуэдабзэу, къулыкъу шэнтхэм
Iужажэр IулъхьэкIэ мэшэс.

ЗыщызыгъафIэхэм дыгъафIэм
Я кIэныр дэнэкIи къыщокI.
ЯIэпыхуамэ зы ху хьэдзэ,
Ар щэрэ мину къызэрокI.

Къызылъысахэр дыгъэмыхъуэр
Я хьэсэ тIэкIум дохьыр гугъу.
Сыт лIэужьыгъуэ хамысами,
Дыгъэпс хуэчэмщи, къадэмыхъу.

И щапхъэр Каин щапхъэ мыгъуэт,
Зи пIалъэр ноби имыкIыжщ.
Тхьэм и тезырым щымышынэу,
Къуэш егъум къуэшыр еукIыж.

Зи фIыцIэ Iуам жагъуэгъу и бащэщ, —
И лIыгъэм хуащI нэхъей пщIэ лей,
IэщIагъэувэ батырыбжьэр,
И лъабжьэм щIэлъу блащхъуэжьей.

МэжэщIалIагъэм игъэтхьэджэм
Зы гущIэгъу гуэри ныхуамыщI.
Дуней шэрхъыжьым и кIыргъ макъым
Псэ хей кIий макъхэр къыхэмыщ.

Си нэгум щIэтщ жэнэт плIанэпэ, —
Абы захуагъэр щыпащтыхьщ.
ЦIыхугъэр, лIыгъэр щагъэлъапIэ,
А лъахэм жэщхэми сопщIыхь.

Дунейм и хабзэ ихъуэжакъым, —
Зэрыщытауэ, шэчыгъуейщ.
Мы дунеижьыр нэщIысакъым,
Зэ нащIысынуи фIэщщIыгъуейщ.

## ХЬЭЩIЭЩ БЖЭIУПЭМ

Пщыхьэщхьэр хъуамэ, хьэщIэщ бжэIупэм
Машинэ фархэр щолыд-щопщIыпщI.
Мыбдеж щыкуэдщи зэш тегъэупIэ,
Я нэгу мычэму зыщрагъэужь.

ПыIэщхьэрыхкIэ уригъэблагъэу,
Рестораныбжэм швейцарыр Iутщ.
Ахъшэ джэгуным удихьэхамэ,
Уи казинори мыдкIэ къыщытщ.

Зэхъузэбз ефахэр, зыр зым ещакIуэу,
Мыбдеж жэщ къэскIэ щохьэулей.
Макъамэ Iэджэу зэхэпшэхъуахэм
ГурыщIэ щэхухэр къагъэбырсей.

УимыIэу гъусэ укъыIухьамэ,
ТхьэIухуд ширхэр щыпэрыхьэтщ.
Ухуеймщхьэц фIыцIэу, ухуейм сырыхуу,
МылъапIэ дыдэу, къыщыпхуагъуэт.

Хьэуам дыхумэр хэзэрыхьащи,
Пщыхьэщхьэр нэхъри гуакIуэ къыпщещI.
Уэздыгъэ фагъуэр игъэупIэрапIэу,
ХьэщIэщ щхьэгъубжэм нащхьэ къыпхуещI.

Мес, пэш зэпэщхэм ерыскъы Iэнэр,
Темылъ щымыIэу, къыщаузэд.
ЗэпэтIысахэу, зэрышххэу нэкIэ,
Рюмкэ лыдыжхэр къыщыздаIэт.

Куэпэчыр фадэм къигъэжанащи,
И бостей плIэпсыр дамэм фIегъэху.
Тутыным йокъури, зыр зым кIэлъесу,
Iугъуэ шыхьахэр къыжьдрегъэху.

НыкъуэзытIэщIу пэрысхэщ Iэнэм,
ГуIэфIтещIэжу щадзыж зырыз.
ГъуэлъыпIэ натIэм и тхьэусыхэм
ЩхьэгъубжэIупхъуэр егъэкIэзыз.

Нэху щыху хьэщIэщым щызыгъэхъахэр
Зырыз-тIурытIу зэбгрокIыж.
Яхуэмышхамрэ яхуимыфамрэ
ПхъэнкIий идзыпIэм щракIутыж.



5 Заказ №1211

... И пыIэжь тIэкIур и пащхьэм къилъу,
Хьэщlэщ бжэIупэм факъырэ Iусщ.
Игъуэжа нитIкIэ гущIэгъу щIэлъэIуу,
Къыхех тхьэмыщкIэм факъырэIус.

* * *

Мы уэлбанэ кIыхьыр зэгуэр теужыну,
Уафэгъуагъуэ макъыр зэ бэяужыну,
Благъуэм иIыгъ дыгъэр къыIэщIэкIыжыну, —
ФщIы си фIэщ къэхъуну апхуэдэ зэман.

Ем ищIа унафэр щIым щыпхымыкIыну,
Удэфа-сэхъуахэм я кIэн къимыкIыну,
ЦIыху хьэрэмыгъэншэм и Iуэхур дэкIыну, —
ФщIы си фIэщ къэхъуну апхуэдэ зэман.

Мыхьыр зыхь цIыхубэм зэ иIуэтэжыну,
Къилэжьам къыпэкIуэр къылъагъэсыжыну,
ЦIыхум и пщIэр мылъкукIэ къамылъытэжыну, —
ФщIы си фIэщ къэхъуну апхуэдэ зэман.

Доллар угъурсызыр жьантIэм дэмысыну,
Ар зыхэмыт гъащIэ Тхьэм къыдипэсыну,
Ди сомыжь тхьэмыщкIэм зыкъиужьыжыну, —
ФщIы си фIэщ къэхъуну апхуэдэ зэман.

Залымыгъэр, зауэр щIым текIуэдыкIыну,
ФэрыщIыгъэр гъащIэм зэ хэкIуэдыкIыну,
Iулъхьэм и тетыгъуэр зэгуэрым икIыну, —
ФщIы си фIэщ къэхъуну апхуэдэ зэман.

ГъащIэ гъуазэу напэр сыт щыгъуи щытыну,
Псэм и къулеигъэр дыщэм палъытыну,
Хеймрэ щIыхьыр мысэм имыгъэпудыну, —
ФщIы си фIэщ къэхъуну апхуэдэ зэман.

ФIым и Жыгыр нэхъри быдэу щIым хэкIэну,
Пхъэщхьэмыщхьэ пызу абы къыпыкIэну,
Ар зыIухуэ щIэблэм цIыху нэс къищIыкIыну, —
ФщIы си фIэщ къэхъуну апхуэдэ зэман.

Си адыгэ лъэпкъыр къэщIэрэщIэжыну,
Ди нэмыс, ди хабзэ, ди дин тIыгъыжыну,
Адыгэбзэр щIэблэм яIурытлъхьэжыну, —
ФщIы си фIэщ къэхъуну апхуэдэ зэман.

ФхузэфIэкIмэ ахэр хьэкъыу си фIэщ фщIыну,
СыткIи сигу зэгъауэ дунейм сехыжынущ.
ГущIэгъу фхэлъыжыххэм, фиIэжмэ Iиман,
ФщIы си фIэщ къэхъуну апхуэдэ зэман.

* * *

ТIощIрэ езанэ лIэщIыгъуэм
Фыныхыхьэну гупыж
ФщIамэ, фынежьэ, ныбжьэгъухэ, —
ФхуэсщIащ си усэр лъэмыж.

Фызыхуэмейхэр лъэмыжыр
Зытелъ псы уэрым ныхэвдзэ.
Узэджэр — къокIуэ. Уэрэдхэм
Я нэхъ нэщхъыфIэр къыхэвдзэ.

Лъахэ мыцIыхуу дыздэкIуэм
Къыщытпагъаплъэр дымыщIэ.
ГъущIымэм ещхьу, зыгуэрхэр
Си деж къехьэсыр акъужьым.

ЦIыхугъэр, лIыгъэр, гущIэгъур
Къыздэфщтэ тIуащIэу, флъэкIынум.
Мы си псэм жеIэ а лъахэр
Гъуазэншэу къытхущIэкIыну.
2000

## УСАКIУЭ

### I

ЦIыху мелуанхэм я гуауэр
Згъэвыну къысхуихуащ.
ЛIэщIыгъуэ минхэм я хьэлъэм
Мы си плIэр къысфIиухуащ.

Ем езэуэныр си натIэу
Сыкъытехьащ мы дунейм.
Згъэбзэнущ усэр маисэу, —
Срауэчылщ сэ цIыху хейм.

II

Езыр зыс мафIэм цIыхухэр игъэхуабэм,
Ибжынущ къехъулIауэ и хъуэпсапIэр.
УсакIуэр делэгъуафIэщ икIи Iущщ,
УсакIуэм и гур щIым и щыблэIушщ.

* * *

Дунеишхуэ, умыIэуэлъауэ.
Дунеишхуэ, сынолъэIу, зыущэху.
Топ зыщIыпIи зэрыщамыгъэуэр
Хьэкъ къысщыщIи, мы си гур гъэпсэху.

Дунеишхуэ, умыдаущыншэ,
Ущыбзэншэм псэншэ ухъу къысфIощI:
Сабий макъкIэ дыхьэшх уэ щIумычэу,
Бзу уэрэдхэр уемызэшу шэщI.

Гъэщхъыщхъ пщIащэр, псыхэри гъэушэ,
Iэуэлъауэ, гъахъэ, щIэ уи Iуэху:
ГъащIэр щIым зэрыщекIуэкIыр кIэншэу
ЗыхэзгъащIи, мы си гур гъэпсэху.

* * *

Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну,
ЩIым гуапэу къедэхэщIэну.
Зауэм и Iугъуэм щIиуфэм —
Дыгъэм и лажьэр сыт?

Хуейщ бзухэр уэгум итыну,
Хуиту уэрэд къэрашыну.
Шэм и фий макъым игъащтэм —
Бзухэм я лажьэр сыт?

Удз дахэр хуейщ къэгъэгъэну,
Еплъ псоми ягу хигъэхъуэну.
Ем къыщIэхутэм и лъэгум —
Гъэгъам и лажьэр сыт?

Хуейщ сабий цIыкIухэр джэгуну,
ЩIым гуфIэу къыщажыхьыну.
Балигъхэр зэгурымыIуэм,
Сабийм я лажьэр сыт?

## ДИ КХЪУХЬЫР

Ди кхъухьыр уардэт, хуэдэ тенджызышхуэм
Темыт тфIэщIыжу, исхэр дригушхуэрт.
Есыхт адрейхэр, дыдэсейрт ди закъуэ,
Ерыщу толъкъуныдзэм деIэпщакIуэрт.



Тенджызым хабзэ ткIийуэ къыдекIуэкIхэр
Къидмыдзэт, есых псоми дащIэнакIэрт.
Дыхэтт дблэсыкIхэр тлъэкIым едгъэплъыну,
Зэрытенджызу зыдэдгъэплъеину.

Арщхьэкlэ тенджызышхуэр бэшэчами,
Ди ерыщагъыр куэдрэ хуэшэчакъым:
БорэнкIэ дыкъищIащ натIэрыуапIэ,
Зэхикъутащ ди кхъухьыр хьэбэсабэу.

Толъкъунхэр зэрыхуейуэ ирикъухьу
ЕзыхьэкIыну зи гугъа ди кхъухьыр
Иджы тенджызым къызыхидзыжауэ
И Iуфэм Iулъкъэ зэтещэхэжауэ…

Дапщэщ ди дыгъэр пшэхэм къыкъуэкIыжу
А псыхьэлъахуэр щигъэгъуэщыжынур?
А псыхьэлъахуэм кхъухь къыхэтщIыкIыжу,
Тенджызым тетхэм дащыщIыхьэжынур?!

## СИ ЛЪЭПКЪЭГЪУХЭМ Я ДЕЖ

Адэжьхэм напэр я гъащIэ гъуазэу,
ЛIэщIыгъуэ гугъухэр къызэпачащ.

Бий гуартэ я щIым къыщизэрыгуэм,
Дунейр я лIыгъэм игъээдджызджащ.

Адэжь щIэиныр гугъэм и закъуэ?!
ДэщIыгъущ а гугъэм беигъэ нэс:
Ди хабзэ екIухэр дыщэзэрылэщ,
Ди псалъэжь Iущхэр налкъутналмэсщ.

А хъугъуэфIыгъуэр ныбжькIэрэ тыгъэ
КъытхуэзыщIахэм уралIэужыщ,
Адэжьхэм я псэр щыгуфIыкIыну
Къытенэ щIылъэм уэри лъэужь.

Ди лъэпкъ щэджащэм и дыщэ пхъуантэм
Къыдумынэфми тыгъэ бэлыхь,
А пхъуантэдэлъхэр щIэблэм хуэхъумэ,
Хуэхъу ди лъэпкъ мащIэм къэрэгъул бжыхь.

Ныбэизыгъэм зэщхьэщихуауэ,
КъытхокI лъэпкъ напэр къизымыдзэж,
Анэдэлъхубзэр, шхахуэ пэлъытэу,
ПхъэнкIий идзыпIэм ныхэзыдзэж.

Къуэпсыбэу щIылъэм хэмыкIа жыгыр
Къыкъуэумэ жьапщэ — тыншу кърeч.
ГукъуэпскIэ лъэпкъым пымыщIа цIыхур,
Жьуджалэм ещхьу, жьым кърехьэкI.

Щэнхабзэр, тхыдэр, анэдэлъхубзэр —
Лъэпкъ ЖыгкIэ зэджэм и къудамищщ.
Зытес къудамэр пызыупщIыжыр
Тхьэр зытебгахэм мэхъур ящыщ.

Теплъэ къудейкIэ фIэкI уадыгэу
УкъамыщIэжмэ — сыт урищIыс?
Зи лIэужьыгъуэр мыгурыIуэгъуэ
Жыг кумылэншэм урещхьыркъэпсщ.

Адыгэу щыIэр кхъузанэ тIуащIэ
Хуейщ мы зэманым дэ щIэдгъэкIын,

КуэнсапIэу къинэр — лъэпкъ жылэ хъункъым,
Апхуэдэм хуейщ дэ дакъыпыкIын.

И лъэпкъым папщIэ зы щай и уасэ
Зымылэжьахэм захузогъазэ:
Адэжь и щIыхьым фримыуэркъ,
А щIыхьым хэлъкъым фи фIыщIэ лъэпкъ.

## СЭ СЫАДЫГЭЩ

*Адыгэ лъэпкъым и къуэ пажэ*
*Къанокъуэ Арсен хузотх*

Сэ сыадыгэщ.
Кавказ къуршхэм
Я курыкупсэм сыщопсэу.
Сэ сыадыгэщ.
Сышэрджэсу
СыкъыщацIыхур дуней псом.

Сэ сыадыгэщ.
Си щхьэщыгум
Щохуарзэ бгъэжьхэр — сыдэплъейм.
Сэ сыадыгэщ.
Къуршыпс уэрхэм
Си лъабжьэм щащIыр ислъэмей.

Сэ сыадыгэщ.
Ди адэжьхэм
Ялъ пщтыр си лъынтхуэхэм щожэх.
Быдзышэ хужьу
Сызэфами
Си гущIэр нуру къегъэнэху.

Сэ сыадыгэщ.
Си лъэпкъ тхыдэм
Лыхъужь уэрэдхэр къыхоIукI,
Зэхэжыхьауэ
Нэпси лъыпси
Абы иджыри къыпоткIукI.

Сэ сыадыгэщ.
Кавказ зауэм
ХэкIуэда минхэм срабынщ.
Сэ сыадыгэщ.
СращIэблэщ
Хы ФIыцIэр зыхуэхъуахэм бэн.

Сэ сыадыгэщ.
Сыинджылызкъым,
Сымынэмыцэ, сымыжурт.
Лъэпкъ цIыкIуи ини
Зэнэзэпсэу
Уздэпсэуну сыту фIыт.

Сэ сыадыгэщ.
Напэм ипэ
Псэр изгъэхуэну сыхьэзырщ.
Сызыхуэпсэур
Си адэжь лъахэрщ —
Си гурыфIыгъуэри а зырщ.

Сэ сыадыгэщ.
Адэжь щIыхьым
Сыхуэпэжыныр си нэрыгъщ.
Адыгэ фащэ
Сипкъ имылъми,
КъыщцылыдыкIыу си гум щыгъщ.

Сэ сыадыгэщ.
ХьэщIэхуэфIу
ИгъащIэ лъандэм сыкъокIуэкI.
Нэхъыжь и гъуэгур зэпызупщIкъым,
Бзылъхугъэ блэкIмэ —
Сыхуотэдж.

Сэ сыадыгэщ.
ЦIыху лажьэншэм
Лей къытезгъэхьэу си мыхьэл.

СыбгъэикӀэну укъысщишэм,
Силъ пщтырыр
КъысфӀэхъунущ Ӏэл.

Сэ сыадыгэщ.
ӀуэхуфӀ минкӀэ
Мы дунеишхуэм сыподжэж.
Си Тэрчыжь уардэу
Къуэм дэмыхуэр
Адрейхэм нэхъри мынэхъ чэнж.

Сэ сыадыгэщ.
Гугъэ ӀэфӀхэр
ХузогъэтӀыгъуэ си пщэдейм.
Сэ сыадыгэщ.
Си щхьэр лъагэу
Сытетщ лъэ быдэкӀэ дунейм.



* * *

ЩӀалэ жьакӀацэшхуэ Налшык паркым
Самокатым тету къыщежыхь.
Слъагъу телъыджэр щхьэм къысхуимытӀасэу,
Зэуэзэпсэу си пӀэм сэ сожыхь.

Щхьэбалыджэм тегъэсащ нэгъуджэ,
Тхьэгъу лъэныкъуи илъ си гугъэщ... зэт.
Щыгъщ хуэбыхьуу шортэ къуэлэнышхуэ,
ХэщӀыхьащ и Ӏэблэм блэ сурэт.

Сыт хьэдэгъуэдахэ си нэгу щӀэкӀыр?
Мыр сыт теплъэ? Дэни къытхуикӀа?
ЩхьэзыфӀэфӀхэм я дунейм къыщежьэу,
Дауэ хышхуэм къызэпрыкӀа?!

Сыт ар зыхущӀэкъур? Сыт и плъапӀэр?
Лъэпкъ гукъеуэ иӀэу хэт бэлыхь?
Щилэжьыну мы дунейм Ӏуэху щхьэпэ,
Зэ нэхъ мыхъуми, къыхэхуа и пщӀыхь?!

ЦӀыхухъу нэсым лӀыгъэращ и гъуазэр,
ЦӀыхухъу нэсыр зыхуэпсэур и Хэкущ.

ЗэлъыIуокIри зэманым и гъуэзыр,
Ди адэжьхэр къыщIохьэж си нэгу:

Шы фIэдзапIэм яшхэр ирапхауэ,
ЯIэщIэту махъсымэ зэхэсщ.
Мор и самокатым къепсыхауэ,
Энергетик щIишу, удзым хэсщ.

А фейцейм гухэхъуэ зэригъуэтым
Хэзмылъагъуэ сэ ущIэгуфIэн.
Хьэулейуэ уэрамхэм дэмыту,
Хуейщ апхуэдэр щIэщIауэ гъэвэн.

Мыр уз зэрыцIалэм я нэхъыкIэщ,
ЗэщIиштэныр лъэпкъыр бетэмалщ.
ЩIэблэм я щхьэм къралъхьа щхъухь бзаджэр
Къитхыжыным сытхэр и Iэмал?!

Ди адэжьхэм я псэм пащIт я Лъахэр,
ФIэлIыкIт напэм, яхъумэжт я щIыхь…
ЩIалэ жьакIацэшхуэ Налшык паркым
Самокатым тету къыщежыхь.
2024

* * *

Сыхуэзэшащ бостей зыщыгъ цIыхубз,
Гъуэншэджщ ящыгъыр псоми зэдыщIэкIыу.
Уи щIэми жьыми ар зрагъэкIупс,
Ящыгъщ, мэскъалкIи зрамыусыгъуэджэу.

Гъуэншэджыр цIыхухъу фащэу къигъэщIащ,
ИгъащIэми аращ къызэрекIуэкIыр.
Бостейр цIыхубзхэм къахуигъэфэщащ,
Я щIыкIэр зэмыщхь Iэджэу зэщхьэщыкIыу.

Жорж Санду жаIэ япэу гъуэншэдж кIыхь
ЩызытIэгъар, цIыхубз сэфэтым икIыу.
Абы цIыхухъухэм хуабжьу заригъэщхьт,
Дэ сыткIэ дынэхъыкIэ? — къригъэкIыу.

ЦІыхухъухэмрэ цІыхубзхэмрэ мы щІым
Къытохьэ фарз зырыз яхухихауэ.
Гъуэншэджыр сэ бзылъхугъэм схуемыгъэкІу,
Фыхуейми жыфІэ сыкъыкІэрыхуауэ.

Гъуэншэджым щІыгъуу зы пхъашагъэ гуэр
КъысфІощІ сэ цІыхубз хьэлым къыхыхьауэ.
Я плъэкІэ дахэм, я зекІуэкІэм щыщ
ІэщІыб ящІа бостейм сфІощІ зэдихьауэ.

Бостейр дыгъэ нэбзийкІэ зэІущащ,
ЩэкІ плъыфэ къэс щІэщыгъуэ зыхыуигъащІэу.
Малъхъэдис гуэри абы хэгъэпщкІуащ,
ПфІихьэхурэ уи псэр, укъигъэгумащІэу.

Си нэгум щІэтщ къызэрыгуэкІ цІыхубз,
И бостеикІэр, жьы къепщам, зелъатэу.
Псэр гугъэ ІэфІхэм щыхэткІухьым деж,
И бостеибгъэм щэхуу зыкъитІатэу.



Бостейм, зэ мыхъуми зэ, къигъэзэжынщ,
Бзылъхугъэ гумащІагъэри дэщІыгъуу.
МызэкІэ си нэр щІылъэм щхьэщоплъыкІ,
Бостейм ещхь теплъэ пшэхухэм къыщилъыхъуэу.

* * *

Егъэлеяуэ мы щІылъэм
ФІыуэ цІыхуитІ щыслъэгъуащ,
А тІуми
Сахуэмыныкъуэу,
А тІуми
Сахуэмысакъыу
Сыщыпсэуа къэмыхъуа.

Сэ гуауэм сигу щыхигъэщІым
СыздэкІуэр
Ахэм я дежщ.
Си щхьэр иралъхьэм
Я куэщІым,

Я Ӏэр къыздалъэм –
Сохъуж…

Зыр –
Си анэ дыщэ гумащӀэрщ,
ФӀыуэ слъагъу пщащэрщ
Адрейр,
ТӀуми яхуэсщӀэр
СфӀэмащӀэщ:
Зым къызитащ сэ си гъащӀэр,
Хуитщ къыпищэнум
Адрейм…
1975

* * *

*Маринэ хузотх*

Мылъкури щӀыхьри –
Псори щхьэгъэпцӀэжщ,
ПсэкӀэ фи гъунэгъуу
ЦӀыху къэфлъыхъуэ.
Фи псэр пӀыщӀэу
Къыщыфхуихуэм деж
Фигъэхуэбэфыну
Псэ къэфлъыхъуэ.

ГъащӀэ лъащӀэм
ЩӀэгъэпщкӀуащ ӀэфӀагъ,
ЕлъэпӀэкӀыу дунейм тетым
ФӀыгъуэу.
ЗыхэфщӀэнум
И кӀэм нэсу ар,
ИгъэфӀэну фи псэр
Псэ къэфлъыхъуэ.

КъыфхуэгумэщӀэну
Гуауэм деж,
Фыкъригъэлыну
Закъуэныгъэм,

Щэхуу псэр
ЩыффIэнэщхъейм и деж
ФызыхищIэфыну
Псэ къэфлъыхъуэ.

НэгъуэщIыпсэм
И хуабагъ-гуапагъщ
МафIэ щэхукIэ
Ди псэр тхуэзыгъаблэр,
Къытхилъхьэжу
Мыух жыджэрагъ,
Гукъыдэжхэр
Арщ къытхуезыгъэблыр.

ПщIыгъумэ
ПсэкIэ уи гъунэгъуу цIыху,
Ажал дыдэр, уеблэм,
Мышынагъуэ.
КъывэмыпцIыжыну
Фыпсэуху
ПсэкIэ фи гъунэгъуу
ЦIыху къэфлъыхъуэ.

Мылъкури щIыхьри
ЩхьэгъэпцIэжщи, псэр
Зыхуэныкъуэ псэ фIэкIа
ЩымыIэ…
Нобэ къэскIэ,
СфIигъэдийуэ псэр,
Уэ узмыгъуэтыжу
Схудеху щIыIэ…
1986, сентябрь

* * *

ГъащIэ-хышхуэ, хэт хьэфэ гъэпщакIэ,
Хэт кхъуафэжьей цIыкIукIэ, хэт кхъухь инкIэ —

Дытехьащи, щхьэж зэрыхуэщIакIэ —
Дэ дыщосыр псори уи толъкъунхэм.

Демызэшу къунтххэр зэфӀыдощӀэ,
Идодзыхыр хъыхэр уэ уи лъащӀэм.

Дожьэ махуэ ди кӀэн къыщикӀынум —
Ди насып-бдзэжьейр къыщыкъуэкӀынум.

Ди мурадым дылъэӀэс щытфӀэщӀым, —
Зэтрекъутэж псори уи жьапщэм.

ДокӀ зэмани, ифӀ зыкъыбошэжри,
Гугъэ нэпцӀхэм псэр зыщӀогъэшэжыр.

Кхъухьым исым джейр хуощӀыжыр плъапӀэ,
Адрейхэм — щхьэж езым фӀэлъапӀэр.

Апхуэдэххэу дыбогъэхь ди гъащӀэр
ДыщӀэтӀысыкӀыхукӀэ уи хы лъащӀэм.

… ФӀыуэ слъагъурат, насыпу слъытэу,
Си дыщэ бдзэжьейуэ си пщӀыхь хэтыр.

Ауэ кхъунтхкӀэ ар къысхуэубыдакъым,
Хъы зыӀыгъхэм сэ сыхиубыдакъым.
1983

## ГУЩЭКЪУ УЭРЭД

*Ланэрэ Залинэрэ яхузотх*

Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр
Уафэм кӀэрыщӀащ.
Вагъуэ цӀыкӀухэр, щыгъэу,
Зэбгрыщэщащ…
Жэщыр пщӀыхь дахащэу
Ӏупхъуэм къызэпхощ,
Уэри, мыщӀэ цӀыкӀуу,
Гущэм укъыхощ.

Жей, си Ӏэфӏ, си фӀыгъуэ,
Жей, си гурыфӀыгъуэ,

Си къудамэ цIыкIуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удз гъэгъа цIыкIуу
Къыхэжа!

Сыт ущIемызэгъыр,
Си гуфIэгъуэ щэху?
Щабэщ уи гущапIэр —
Тыншу зыгъэпсэху.
Жей, си дыщэ кIанэ,
Жэщыр зэгъэжащ.
Сэ уи уэрэд цIыкIум
Къытезгъэзэжащ.



Жей, си Iэфl, си фIыгъуэ,
Жей, си гурыфIыгъуэ,
Си къудамэ цIыкIуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удз гъэгъа цIыкIуу
Къыхэжа!

Жей, зи насып псыпэм
Псышхуэ ирижэн,
Гъэ зэрытехьэххэу
ЛъапэкIэ зежэн.
Жей, си фIыгъуэ закъуэу
НэхулъэфI къысхуекIын,
Сэ гуфIэгъуэ нэпсхэр
ЗыхущIэзгъэкIын.

Жей, си Iэфl, си фIыгъуэ,
Жей, си гурыфIыгъуэ,
Си къудамэ цIыкIуу
Къыдэжа!

Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удз гъэгъа цIыкIуу
Къыхэжа!

Гъуджэм, зысщыбгъэпщкIуу,
Хъумэ уиплъэрей,
Сэ пхуэсщIынкъэ
Тыгъэу
ЩыIэ псом я лейр:
Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр
Къыпхуэслъыхъуэжынщ,
Вагъуэ щыгъэ цIыкIухэр
Къыпхуэсщыпыжынщ.

Жей, си Iэфl, си фIыгъуэ,
Жей, си гурыфIыгъуэ,
Си къудамэ цIыкIуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удз гъэгъа цIыкIуу
Къыхэжа!
1989–1993



## УПЩIЭ

ДыздэкIуэм дызэгъусэу къалэ жыжьэ,
Сэ упщIэ къызитащ си шынэхъыщIэм:
Машинэр жэуэ щытмэ къэмыувыIэу,
Дэ дыздишэнур дэнэми къызжеIэт?

ГуфIэжу си къуэш цIыкIур сэ къызэплъырт.
Си нэгур зэхэуауэ сэ сыхэплъэрт.
ЖесIащ – щIыр къэткIухьынурэ хъурейуэ,
Ди деж аргуэру дыкъекIуэлIэжынущ.

… А цIыкIум дауэт сэ зэрыжесIэнур
Гъуэгум щыхупIэ дыщрихьэлIэну?!

* * *

Аращ и хабзэр дунеижьым:
Къытохьэ зыр, адрейр токӀыж.
Къытщхьэщытыжкъым ди нэхъыжьхэр,
НэхъыщӀэ куэди тхэмытыж.

ЦӀыхупсэр махэми, цӀыхугум
Къарууэ хэлъкъэ ямылей.
НэщӀыбзэ хъунти мы ди щӀыгур,
Зыр лӀэм зилӀэжтэмэ адрейм.

Гуауэ архъуанэм дыщрихьэм,
Ныбжьэгъухэр псынщӀэу къытлъоӀэс,
Я гу хуабагъкӀэ псэм къыдыхьэу,
Я псалъэр тхуэхъуу хущхъуэ нэс.

ЩызэхокӀыжри пшэр ди уэгум,
Ди нэгум дыгъэр къредзэж.
Адэжь щӀэинщи гугъэ тӀэкӀур —
Гугъэн аргуэру щӀыдодзэж.

Ауэ ди махуэм я нэхъ уэфӀми
Ди лӀахэм — арщ и хьэлыр псэм —
Я гушыӀэкӀи я псэлъафи
Дигу къэдгъэкӀыжурэ допсэу.

Ажалыр гъащӀэм и дауэгъуми,
ГуфӀэгъуэм гуауэр къуэш ищӀащ.
ЩӀым ехыжахэр дымылъагъуми,
ГукъэкӀыж къуэпскӀэ дапыщӀащ.

Сыхуейщ сыхъуну сэ гъащӀафӀэ,
ЩӀым тетщи фӀыуэ слъагъу цӀыху куэд.
Ажалми хъунщ нэхъ ӀущӀэгъуафӀэ,
ЩӀым щӀэлъщи фӀыуэ слъагъу цӀыху куэд.

* * *

Къэхъуакъым цӀыхум сыщефыгъуэ,
Зым си зэран езмыгъэкӀа.


6 Заказ №1211

АтIэ, сыщIэуэу я нэм бжэгъуу,
Жагъуэгъу сэ дэнэ къысхуикIа?

Псалъэ дыгъэлхэм сахэплъыхьрэ
Къахэзгъуэтамэ зы налкъут, —
Яхуемыгъэхыу я тэмакъым,
А псалъэ закъуэр сфIагъэпуд.

Аращ игъащIэми адыгэр, —
Фыгъуэ-ижэным егъэкIуэд.
Си лажьэр сыт сэ, си жагъуэгъухэм
ЕфIэкIыу жысIэмэ уэрэд?!

ПхъэнкIийм хэпкухькIэ дыщэ кIанэм
И зэхэлъыкIэр фIэмыкIуэд.
Уэшх къызэрешхыу, къыщIощыжри,
Аргуэру дыгъэм ныполыд.

Сэ зыслъытэжкъым къурш абрагъуэу,
Уи дыгъи мази зезмылъыт.
АрщхьэкIэ, Тхьэм къызипэсауэ,
Сащыщкъэ зиIэхэм хэлъэт!

Шууейм хуаубыдми лъэрыгъыпсыр,
Шыдшум хуамыщI апхуэдэ щIыхь.
Сэ шу зыбжанэ итщи си япэ, —
ЗахуэсщIыфынущ щхьэузыхь.

Шыгъажэм мызэу сыщыIащ сэ, —
ВжесIэнщ гухэхъуэу зыхэсщIар:
КъатежыхункIэ адыгэшыр,
Тежар сэрауэ къысфIэщIащ.

Къэхъуакъым цIыхум сыщефыгъуэ,
Зым си зэран езмыгъэкIа.
АтIэ, сыщIэуэу я нэм бжэгъуу,
Жагъуэгъу сэ дэнэ къысхуикIа?!

* * *

Тхьэм имыухкӀэ улъэпэрэпэну,
Улъэпэрапэу укъэджэлэпэну.
Укъэджэлапэм — цӀыхухэр къеплъэкӀынущ,
КъеплъэкӀхэм я нэхъыбэр къыбблэкӀынущ,
КъыбблэкӀхэм къобэкъуэни къахэкӀынущ.
Укъэджэлапэм хэт къыпхуеижынур?
Зы цӀыхум и Ӏэр къыпхуимышиину:
Уи лэжьэгъуахэм зыкъыпщадзеинущ,
Ныбжьэгъу-жэрэгъухэм ухыфӀадзэжынущ,
Ӏыхьлыхэм я щхьэ Ӏуэху зэрахуэжынущ.
ПщӀэ, щӀыхь уиӀами, ящыгъупщэжынущ,
Я гъащӀэм зэуэ ухатхъыкӀыжынущ.
Тхьэм имыухкӀэ улъэпэрэпэну,
Улъэпэрапэу укъэджэлэпэну.



Улъэпэрапэу укъэмыджэлэныр,
Укъэджэлами, укъэтэджыжыныр,
Укъэтэджыжу уи гъуэгу пыпщэжыныр,
Уи гъуэгу пыпщэжу зыкъэбужьыжыныр,
Уи яжьэр мафӀэу зэщӀэбгъэстыжыныр,
Аргуэру шыбгым укъитӀысхьэжыныр,
Мураду пщӀахэр зэбгъэхъулӀэжыныр,
КъыпщӀэнэкӀахэм закъебгъэщӀэжыныр —
Сэ къызолъытэ лӀыгъэм я лӀыгъэжу,
АрщхьэкӀэ мащӀэщ ар зыхулъэкӀынур,
УахэмыхуэнкӀи хъунщ зи кӀэн къикӀынум.
Аращи, жызоӀэж къытезгъэзэжу:
Тхьэм имыухкӀэ улъэпэрэпэну,
Улъэпэрапэу укъэджэлэпэну.

* * *

«Дунеижьым дагъуэу дэплъэгъуахэм
Теухуауэ птхащ уэ усэ куэд.
Залымыгъэр жьантӀэм дэсыхункӀэ,
Уи усыгъэм имыӀэну кӀуэд.

Ауэ, Iейр ди гъащIэм хэкIуэдыкIмэ,
А птха псори сыткIэ сэбэпыж?» —
Жагъуэгъу щэхум къызидза а упщIэм
Сэ мыпхуэдэу жэуап изотыж:

«Мы дунейм щытекIуэмэ захуагъэр,
НэгъуэщI фIыгъуэ сэ сыхуэмеиж.
Нықъусаныгъэ кIуэдыжахэм щIыгъуу,
А си усэри ирекIуэдыж».

* * *

УсакIуэр хуэукIынущ псалъэ жагъуэм,
Ар ящIэ пэтрэ хуащIыркъым гущIэгъу.
Адрейхэм зэремыщхьыр хуащIу дагъуэ,
ПсэухукIэ щIылъэм щрагъэхьыр гугъу.

УсакIуэр бегъымбарым ехьэехуэу,
Тхьэм и Iэмыркlэ къытехьащ дунейм.
АрщхьэкIэ щихъкъым ар — флъагъунущ щыуэу,
Щыуагъэм бегъымбар пэт хуэмыхей.

УсакIуэр хуэмыщIа унагъуэ Iуэхухэм,
Лэжьыгъэм я нэхъ тыншри щохъур гугъу.
ЛэпIанкIэр IэкIуэлъакIуэу димыдзэфми,
БелыкIыр хуэмыIыгъми — къыхуэвгъэгъу.

УсакIуэм къримыдзэ мылъкуи дыщи,
УсакIуэр псэ къудейкIэщ зэрыпсэур.
ПщIыхь IэфI фыхэту нэхухэр фэ щывгъэщкIэ,
Абы зэрегъэзахуэ дуней псор.

УсакIуэр жыпхъэ гуэрхэм ивгъэувэну
Фыхэту щытмэ — псэууэ ар фукIащ.
Пащтыхьым я нэхъ Iэлми усакIуэпсэр
Iэпхлъэпх ищIыну хузэфIэмыкIа.

Темыхуэм фи гум и дуней тетыкIэр —
Ущие куэдкIэ фымытхьэлэу ар —
НэхъыфIщ фыкъыпыкIыпи. Арыншами
Ар закъуэныгъэрщ къызыхуигъэщIар.

«Сымытхми усэ, сэри зыхызощIэ
Абы зыхищIэр», — жыфIэу, хъийм фимыкI.
А фэ зыхэфщIэр гуанэ цIыкIуу тету,
Абы гурыгъу мелуанхэр кърехьэкI.

УсакIуэм убзэу щхьэщэ имыщIыну, —
Имыт ар къулыкъушыхэм я Iумэт.
Дахагъэр зи Тхьэу, Пэжыр зи къурIэным
И щIыхьыр вгъэлъэхъшэну фыхэмыт.

УсакIуэм фадэ гуащIэм зыщритыр
ГурыщIэр хышхуэу къыщыукъубиярщ,
Дэхуэхыпауэ къыщалъытэм дежи,
Ауан къэзыщIхэм йолъэгэкIыр ар.

Къыр щыгу сыщити, ныджэм сыщытелъи —
Си нэIэ фтету гъащIэр изохьэкI.
Срещхьу жыфIэу емылъэIу щIыхьэхум,
Нэмыплъ къызэфту, фыкъысхуемыплъэкI.



* * *

*Нет, я не Байрон, я другой...*
*М. Лермонтов*

«Уэ умы-Блок, умы-Есенин,
Умы-КIыщокъуэ, умы-КIуащ», —
СигъэикIэну зыфIэфI гуэрым
Апхуэдэу сэ къызжиIэгъащ.

Абы и псалъэр, къысфIэIуэхуу,
Сэ щхьэрыгъажэ сымыщIа.
Лъэхъэнэ ябгэм и гурыгъухэрщ
Псэхугъуэ сэзымыгъэщIар.

ЗэщIэзгъэзджызджэу дунеижьыр
СымыщIэфами ямылей,
Си адыгэпсэр къызэпхыпсу,
КъэзгъэщIыжащ сэ си дуней.

А си дунейр емыщхь адрейхэм...
Усыгъэ щыгухэм ящыщ зым
Си нып, тедзауэ си дамыгъэ,
ЩыхэстIэжакъэ сэ езым.

Узэрыщытым нэхъ нэхъ лъагэу
Зыплъагъужыныр — уз мыхъужщ.
Ар къызэфыкIхэм я нэхъыбэм
И бынжэу щIым закъыщохъуж.

Вагъуэбэ жэщым ухэплъамэ,
МэпщIыпщIыр зыр, адрейр мэлыд.
Къапихми нурыр зэхуэмыдэу,
Мывагъуэ ахэм яхэмыт.

ЩIугъэнэ нэпцIхэм сыдахьэхыу,
Зэман сэ сымыгъэкIуэда,
ГурыщIэ иным и мафIэсым
Ер хезгъэсхьэну сыхэтащ.

ЖызмыIэфам и гурыгъузхэм
Жэщыбгхэм сэ сыкъагъэуш:
Зэхэпхрэ, даIуэт, мес аргуэру
Усыгъэм къоIур и тхьэгъуш.

ЗыгуэркIэ дыгъэр ебгъунлъэкIмэ,
Нэхугъэр хъунущ пшэм я къуагъ.
Зы шэху уэздыгъэ нэхъ нэхъ мыхъуми,
Къыфхуэзгъэнэныр си нэрыгъщ.

Пэжщ, сымы-Блок сэ, сымы-Байрон,
Сымы-КIыщокъуэ — сынэгъуэщIщ.
СокIуж си гъуэгу, си гъуэгущ сэ скIужыр, —
Сэ сы-Мыкъуэжьщ, сэ сы-Мыкъуэжьщ.

* * *

*Си шыпхъу Людэ деж*

Шопен къевгъауэ, Моцарт севгъэдаIуэ,
Бетховен и сонатэр зэхэзвгъэх.

Макъамэ лъагэм и дуней телъыджэм
Зыщызвгъэlэжьи — тIэкIу зызвгъэгъэпсэху.

ТэлайкIэ зызвгъэlэти уафэ лъащIэм,
Вагъуэ нэхутхьэхухэм садэвгъэуэршэр.
Хъыринэ толъкъун сыджхэм сыщевгъащIэ, —
Хуэныкъуэщ си псэр дэрэжэгъуэ гуэр.

Макъамэм сэрэ дыкъызэхуэвгъани,
Насыпым и хьэуакIэ зызвгъэгъэнщI.
ГущIэгъуншагъэм зэщIищта ди щIыгум
ПэIэщIэ зы дакъикъэкIэ зызвгъэщI.

ИтIанэ сэри сыныфхыхьэжынщи,
Ди зэрызехьэ кIэншэм пытщэжынщ.
Iуэху жьгъейхэм, ахъшэ-бохъшэм я бэлыхьым
Аргуэру си псэр къысфIилъэхъэжынщ.



Ауэ мызэкIэ, си хьэтыр къэфлъагъуи,
Си гугъу къэвмыщIу, тIэкIу зызвгъэгъэпсэху.
Шопен къевгъауэ, Моцарт севгъэдаIуэ,
Бетховен и сонатэр зэхэзвгъэх.

*Артист, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ*
*Къумахуэ Мухьэдин илъэс 60 ирокъу*





## КЪУМАХУЭ Мухьэдин: «Си зы махуэ сыхущIегъуэжыркъым»

*Къумахуэ Мухьэдин Лалушэ и къуэр Аруан (иджы Лэскэн) районым хыхьэ Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм 1966 гъэм январым и 17-м къыщалъхуащ. 1990 гъэм абы къиухащ Щукин Борис и цIэр зэрихьэу Москва дэт театр училищэр. «Театрым, эстрадэм, кином я актёр» IэщIагъэр зэзыгъэгъуэтауэ зи хэку къэзыгъэзэжа Мухьэдин а гъэ дыдэм лэжьэн щыщIидзащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым. 1996 гъэм щегъэжьауэ а IэнатIэри КъБР-м и Къэрал телерадиокомпанием и диктор, и редактор лэжьыгъэхэри зэдихьащ.*

*1996-2000 гъэхэм ар щеджащ Урысей къэрал педагогикэ университет Герценым и цIэр зезыхьэм и аспирантурэм. 2005-2010 гъэхэм Урысей Федерацэм и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм, 2009-2011 гъэхэм «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телевиденэм я унафэщIу щытащ Къумахуэр. КъыкIэлъыкIуэу Мухьэдин къыхуагъэфэщащ КъБР-м ХъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ и къэрал комитетым и тхьэмадэ къулыкъур икIи ар илъэситIкIэ пщIэ пылъу ирихьэкIащ.*

*2012 гъэм КъБР-м хъыбарегъащIэ Iэмалхэмкlэ, жылагъуэ, дин IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ и министрым и къалэнхэр игъэзащIэри, 2013 гъэм а IуэхущIапIэм и унафэщI хъуащ. 2014 гъэм октябрым и 29 лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрщ.*

*Къумахуэ Мухьэдин емызэшыжу зэрылажьэр гулъытэншэ хъуакъым. И зэфIэкIрэ и къэухькIэ къихьауэ культурологие щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артистщ, телевиденэ и лъэныкъуэкIэ республикэм и Къэрал саугъэт къыхуагъэфэщащ, 2003 гъэм къыщыщIэдзауэ Урысей Федерацэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.*

*Къыщалъхуа махуэр ди щхьэусыгъуэу Мухьэдин зыхуэдгъэзащ икIи и гъащIэ, лэжьыгъэ, дуней еплъыкIэ тедгъэпсэлъыхьащ.*

## Хэт ищIэнт...

КIэщIущыгъэкIэ, еджэныгъэкIэ, нэгъуэщI зыгуэркIэ и ныбжьэгъухэм къахэщ сабийм «абы зыгуэр къызэрыхэкIынур пщIэнт» хужаIэж хабзэщ, зэман дэкIыу балигъыпIэ иува, и гъащIэ гъуэгуанэр къыхиха нэужь. Сытым дежи сфIэгъэщIэгъуэнщ цIыхум и къежьапIэр, тIэкIу гъэщIэрэщIауэ жыпIэмэ, и псыпэр къыщежьар. Нобэрей Къумахуэ Мухьэдиныр къызытехъукIа, къызэрытэджыкIа къуажэ щIалэ цIыкIур псалъэ е псалъэуха зыбжанэкIэ къызигъэлъагъуну селъэIуу си псэлъэгъум зыщыхуэзгъазэкIэ, мыращ къызжиIэр.

– Дэтхэнэ цIыхури зы къалэн гуэр иIэу къалъхуу, сэри апхуэдэ пщэрылъ сиIэу дунейм сыкъытехьауэ къысщохъу. ТIэкIу дыхэлэжьыхьыжыфу къыщIэкIынщ натIэм къритхауэ жыхуаIэм. Пэж дыдэу, къуажэ щIалэ цIыкIур Лэскэн ЕтIуанэм сыкъыдэкIыу, Москва сыщеджэу, къэзгъэзэжу театрым сыщылэжьэну си пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым, сигуи къэкIынтэкъым. Ауэ зэрымыщIэкIэ апхуэдэу къекIэрэхъуэкIащ, зэрыхъуами сыхущIегъуэжыркъым. Шэч хэмылъу, къару хэслъхьащ, сыхуейти, сыдихьэхырти. ИгъащIэм сфIэмыфI, сфIэмыдахэ Iуэху схуэщIэркъым, гурэ псэкIэ сыбгъэдыхьэфыркъым. Зыгуэр сщIэмэ, абы сызыIэпишэу, гухэхъуэ къызиту аращ.

УщыцIыхукIэ угупсысэнкъэ?! Нобэр къыздэсым «мыпхуэдэу хъуамэ е нэгъуэщIу къыщIидзамэ» жысIэу зызогъэзахуэ зыгуэрхэр. И кIэм сызыхуэкIуэжыр зэрыхъун хуейм хуэдэу зэрыхъуаращ. СыхущIегъуэжыркъым си зы махуи, нобэ къыщIэздзэжарэ си гъащIэр къэспсэужами, ардыдэхэрат сщIэнур.

## Сыт зищIысыр театрыр?

Артистыгъэр псэкIэ къыхэзыха цIыхум и дежкIэ театрыр унэбыдапIэ зэрыхъум сыщыгъуазэщ, гъуазджэм и лэжьакIуэхэм мызэмытIэу къызжаIауэ. ЯхузэфIэкIыракъым абы я IэщIагъэм халъхьэр, цIыху Iэпкълъэпкъымрэ псэмрэ дэмыхуэным хуэдиз утыкум къыщагъэлъагъуэ, къыщапсэу. АтIэ сыт Мухьэдин и дежкIэ а IуэхущIапIэр?

– Сом къызыпэкIуэ IэщIагъэ жыпIэмэ, театрыр апхуэдэу схужыIэнукъым. Ауэ уи псэр зыгъэгумащIэ, зыгъэдахэ жыпIэмэ – мис ар нэхъ пэжщ, – жеIэ Къумахуэм. – Театрым япэ къэсыр щIыхьэу щыджэгуфынукъым. Абы и утыкум уитын щхьэкIэ «уи гум уIэгъэ телъын», уи псэр зыгуэрым игъэгузавэу, зыгуэрым хуэпабгъэу щытын хуейщ. А псор пхэмылъмэ, абы щыпщIэн щыIэкъым.

Артистым образ щищIкIэ, щыгъупщэжауэ къыщыхъу гуэр и щхьэм кърехыжри абы хелъхьэ. Зыри лъэужьыншэу ихуркъым цIыхугум жыхуэсIэщ. «Уи гъащIэм мыпхуэдэ плъэгъуакъым, дауэ узэрыджэгуар?» – щыжаIэ щыIэщ. Iэмал имыIэу уи нэгу щIэкIын хуейуэ аракъым, ещхь гуэрым и щытыкIэ уи щхьэм илъщи, ар къыбогъэсэбэп.

Сценэм уитыну мыбдеж щылъкъым, ар цIыхум хуэдэщ – уиIэтынкIи хъунущ, уриудыхынри зыхуэIуа щыIэкъым. Утыкум «хьэл-щэн» иIэщи, абы утемыхуэмэ, къобзэджэкIынущ. ЕджапIэм япэ дыдэу дызыщыхурагъэджар ахэращ – сценэм къыпхуимыгъэгъунхэрщ.

Дэ псори дыцIыхущ, хьэл дахэ защIэ зыхэлъ щыIэкъым. Аращ артистыр гъунэгъуу пцIыхун щIыхуэмейр. Утыкум иту фIыуэ плъагъурэ – фIы дыдэщ, гъунэгъуу къэпцIыхумэ уигу иримыхьын хьэл гуэрхэр дэплъагъункIэ хъунущи, абы ухуейкъым. Языныкъуэхэм я гъащIэр тхылъ зэIухам хуэдэу зэрыщытым фIы къахуихьу си фIэщ хъуркъым.



## Ролхэм ятеухуауэ

Ролу ягъэзэщIам, спектаклу зыхэтам, уэрэду жаIам я гугъу щащIкIэ, ахэр дапщэ хъуми къэзыгъэлъагъуэхэр мащIэкъым. АбыкIэ ягъэнаIуэ хуэдэщ зэрылэжьа илъэс бжыгъэмрэ зэфIэкIыу IэнатIэм ирахьэлIамрэ. Захуагъэуи къыщIэкIынщ ар, ауэ «Роль дапщэ бгъэзэщIа хъун? Иджыпсту къэбджэгуну узыщIэхъуэпс щыIэ?» – жысIэу Мухьэдин сыщеупщIкIэ, и жэуапыр мыращ.

– Зэи сыбжыну сыхэтакъым, апхуэдэу зыщIхэри сфIэгъэщIэгъуэнщ. Къызатым соджэгу...

Роль гуэр щIэмыхъуэпс драмэ актёр щыIэкъым. Зыгуэрым ухуэпэбгъэн, ухущIэкъун хуейкъэ?! КъызэрызгурыIуэмкIэ, уи амплуам техуэ ролыфI ухуейщ. Сэ гушыIэмкIэ нэхъ срагъэзми, сыт хуэдэ роли соджэгу. Сызыхуейр мырщ жысIэу пыухыкIауэ сщIэркъым, псэр игъэгузавэу роль щIагъуэщ къэслъыхъуэр.

Пэжыр жысIэнщи, ар нэхъ тыншщ цIыхур бгъэдыхьэшхын нэхърэ, ауэ уи псэр бгъэлэжьэну ухуеймэ, дыхьэгъращ ущыджэгупхъэр. Спектаклым цIыхур щыкIуэкIэ зы артист гуэрым и джэгукIэм а IуэхущIапIэм зэришэр псоми дощIэ. ЖыпIэр, пщIэр япкърыхьэмэ, нэхъыфIу улэжьэным утрегъэгушхуэ.

Зэчий гуэр зыбгъэдэмылъ зыри щыIэкъым, ар къэпхутэн, абы зебгъэужьын хуейуэ аращ. Ар псынэм хуэдэщ, укIэлъымыплъмэ, зыхуей хуумыгъазэмэ, гъужыпэнри хэлъщ.

## Узыгъэдахэр хьэлыфIщ

IэнатIэу зыпэрытахэм Мухьэдин къыщигъэлъэгъуащ зэфIэкI хъарзынэ, цIыху хэтыкIэ, гуп зэгурыгъэIуэкIэ екIу. Шэч хэлъкъым зыдэлажьэхэм, Iуэху зыдищIэхэм яхэлъ хьэл-щэн зэмылIэужьыгъуэхэм ар мызэ-мытIэу зэрыхигъэгупсысыхьам. Абыхэм ящыщу сыт хуэдэрауэ пIэрэ нэхъ игъэлъапIэр, дэтхэнэр нэхъ гущыкIыгъуэ абы и дежкIэ...

– Хьэл мыхъумыщIэ гуэрхэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, псоми тхэлъщ. Ар тщIэжу, зыми зэран дызэрыхуэмыхъунум дытелажьэу щытмэ, иджыри дыкIуэдакъым. Мыр фIыт, мор Iейт жысIэнукъым, узыгъэдахэр зэрыщыту хьэлыфIщ, узыгъэпудыр зэрыщыту хьэл мыхъумыщIэщ. ПхузэфIэкIыххэрэ – етIуанэр пыгъэху, адрейр къэгъани утыншынущ, – жеIэ Мухьэдин.

## СфIэмыфIу зы Iуэхуи схуэлэжьыркъым

– IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ упэрытащ, Мухьэдин. Абыхэм яхэт узыхуехъуэпсэкIыж? – сыщIоупщIэ сфIэгъэщIэгъуэну.

– Еплъыт, Залинэ. Сэ дэкIуеипIэм сытетым ещхьу сымыпIащIэу сыбакъуэурэ гъащIэм сыкърикIуащ, гъащIэм и дерс гуэр абыхэм къыхэсхыурэ нобэм сыкъэсащ. А дерсыр уимыIэу, дунейм теткъым узэрылэжьэфын. Зыгуэрым и щыуагъэр плъагъурэ «мыпхуэдэу сэ сщIэнкъым» жыпIэмэ, иджыри улажьэ хъунущ. Си гур, си псэр къыщызмыгъэна лэжьыгъэ сиIакъым сэ. НетIи жысIаи, сфIэмыфIу зы Iуэхуи схуэлэжьынукъым. Сыти къэзгупсысынущ ар сымыщIэн щхьэкIэ. Сигу къэкIыжа гуэр бжесIэни. Си анэ дэлъху сызыпIыжар щыдэкIкIэ «кхъыIэ, мо тIэкIур щIэ» жиIэрт. Сытри сщIэрт, ауэ сэ езым сымылъагъу щIыкIэ а къызжаIар схуэщIэртэкъым. Зэман дэкIа иужьт ар щысхузэфIэгъэкIыжыр. Абы ещхьу, сфIэмыфI Iуэху сыхэлэжьыхьыну си гум идэркъым. Си щхьэ сыщытхъужу къащыхъуну сыхуейкъым, ауэ дэнэ сыщылэжьами, гум, псэм къыбгъэдэкIыу, сфIэфIу IэнатIэм сыпэрытауэ къысщохъу.



## УзыщыгуфIыкIымрэ узыгъэгумэщIымрэ

Мухьэдин нэхъыбэ дыдэрэ зыпэрытар министр IэнатIэрщ. Абы ехьэлIахэр зэхэт къыщIэкIынщ зригъэхъулIарэ зыщыгуфIыкIыу, и Iэр зыхунэмысарэ зыгъэгумэщIу. Министерствэм и гугъу къытхуищIын щыщIидзэкIэ, иужьрей зэманым и дежщ къыщригъажьэр.

– НобэкIэ Iуэхушхуэ яужь дитщ. Республикэм Щэнхабзэмкiэ и унэхэр, сабий макъамэ школхэр зэгъэпэщыжыным, зэфIэгъэувэжыным ехьэлIауэ. Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэр зэфIэкIыу зыхуей хуэза IуэхущIапIэм щылажьэхэр къыщIыхьэжа иужь, уи фIэщ хъумэ, си щхьэм хуащIам хуэдэу сыщогуфIыкI. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зэман кIыхькIэ гулъытэншэу щыта ухуэныгъэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэбгъэпэщыжыныр тыншкъым.

Иужьрей илъэс зытхухым куэд тхузэфIэкIащ. Абы ди щIыналъэм и Iэтащхьэм и фIыщIэшхуэ хэлъщ – ухуэныгъэ и лъэныкъуэкIи улахуэм ехьэлIауи егъэлеяуэ къыддоIэпыкъу.

Къуажэ клубхэмрэ абыхэм щыIэ IуэхущIапIэхэмрэщ иджыри къэс нэхъыбэу дызэлэжьар, куэд щIакъым район центрхэм щыIэхэм яужь дызэрихьэрэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, сабий макъамэ, гъуазджэ школу тIощIрэ хырэ диIэмэ, абыхэм я утыку, я къудамэу щыIэр хыщIым щIегъу. Ахэр къуажэхэм щызэбгрыдзащ. Къапщтэмэ, Дзэлыкъуэ районым и макъамэ школ нэхъыщхьэр Малкэ дэтщ. Дзэлыкъуэ къуажэм, нэгъуэщI жылэхэм щыIэхэр абы едзылIауэ лажьэу аращ. Апхуэдэ дыдэу район къэсыху щыIэщ.

Зы щIыпIэм щызыдогъэпэщыж, нэгъуэщIым щIэ дыдощIыхь. Къэзгъэлъэгъуэнщи, Анзорей дэт макъамэ школыр егъэлеяуэ инщ, дахэщ, курыт еджапIэщIэ ящIу ягъэIэпхъуа иужь, а унэр зэдгъэпэщыжауэ аращ. Апхуэдэ дыдэщ Тэрчи. Мы гъэмрэ етIанэгъэрэ макъамэ школу тIу духуэнущ: зыр Налшык, адрейр Iуащхьэмахуэ районым и Гундэлэн къуажэм.

А школхэм щеджэну хуейхэр къыхэтхыкIауэ щытщи, уеблэмэ чэзур къащылъымис къохъу. Псори щIэтIысхьэфамэ, ахьейми нэхъыфIт! Ауэ зы лъэныкъуэкIи сыщогуфIыкI а Iуэхум: фIыкIэ, щIэныгъэкIэ, а жыхуэтIэж талантымкIэ дызыгъэгушхуэ щIалэгъуалэ къызэрытщIэхъуэм. ЦIыхухэр зэрыхуейр, абы зэрыхуэныкъуэр щыплъагъукIэ, дауэ нэхъыбэ тщIарэт зэрыжумыIэнур?! Егъэлеяуэ сабий дахэ, сабий губзыгъэ, IэщIагъэ телъыджэ зэзыгъэгъуэтыфынухэр диIэщи, си щхьэр лъагэу сагъэлъагъуж.

– Апхуэдэ школ нэхъыбэ диIэхукIэ, сабий нэхъыбэ абыхэм екIуэлIэхукIэ, къытщIэхъуэ щIэблэм я къэухьми нэхъ зиужьынут, дахагъэм нэхъ хэгъэсыкIа хъунут, дауи... – щыжысIэкIэ:

– Пэжщ. И дуней еплъыкIэри нэгъуэщIщ апхуэдэм. Ди деж къакIуэ сабийм Iэмал имыIэу щыткъым гъуазджэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэ къыхэмыкIыну. Ауэ абы хэплъхьэ хьэл-щэныр, щэнхабзэр къыщымысэбэпын IэнатIэ щыIэкъым, – къызет жэуап Мухьэдин.

## ЩIыналъэм ехьэлIа гугъапIэ-хъуэпсапIэхэр

Щэнхабзэм, гъуазджэм ехьэлIа Iуэхушхуэу ди щIыналъэм къехъулIэну зыхуейм сыщыщIэупщIэкIэ, «ГъущI куэбжэ зиIэр гъущI мастэ щощIэ» псалъэжьыр и лъабжьэу и хъуэпсапIэхэм я гугъу къытхуищIмэ зэрысфIэигъуэр щыжесIэкIэ, и гурыгъу-гурыщIэхэм къысхутопсэлъыхь Мухьэдин.

– Псом япэу гъуазджэм и лэжьакIуэхэр гъэхьэзырын хуейщ. Зы цIыхум и пIэ нэгъуэщI къимыувэмэ, куэд тфIокIуэд, зэманым зэпиудар зэпыбгъэувэжыну гугъу дыдэ мэхъу. Мис ар къэтлъытэу уэрэджыIакIуэхэр, къэфакIуэхэр, артистхэр, сурэтыщIхэр, нэгъуэщI IэщIагъэлIхэр увыIэгъуэ имыIэу едгъэджэн, дгъэсэн хуейщ. Ди насыпщи, ГъуазджэхэмкIэ институтыр диIэщ, абы къищынэмыщIауэ

Москва дгъакIуэурэ идогъаджэри, апхуэдэ театр студие иджыри зэхуэтшэсыну дигу илъщ. Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм дыкъигъэгугъауэ щытщи, зэман гъунэгъум ар зэфIэкIыну къыщIэкIынщ.

Ахэр зэрылэжьэн Iэмэпсымэ ирехъу, я щыгъынуи, утыку зэрагъэдахэуи, нэгъуэщI къинэмыщIуи щрети, а псом щэнхабзэ дахэр нэрылъагъу зыщI теплъэ яIэн хуейщ. Мыдрейуэ, я улахуэр и щIэдзапIэщ абыхэм я лэжьыгъэр тыншу, гукъыдэж яIэу зэрагъэзэщIэнуми, ар узытемыукIытыхьу щытыпхъэщ. Нобэ щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр зыхуей зэрыхуэдгъазэр къэбгъэувыIэ хъунукъым, ауэ а Iуэхум нэхъ тедгъащIэу иджыпсту зи гугъу сщIахэр Iэпэдэгъэлэл тщIынкIи Iэмал иIэкъым.

«Куэбжэ» псалъэм сигу къигъэкIыжащ... Мы си лэжьапIэ пэшым и щхьэгъубжэм удэплъа иужь Гуащэ театрым и куэбжэм уIуоплъэтIэ. Ар дахэ цIыкIуу едгъэщIауэ зэрыщытам, унэ бгынэжам и теплъэ зиIа IуэхущIапIэр нэр игъэгуфIэ, сабий кIуапIэ зэрыхъужам хуабжьу сыщогуфIыкI. Сабийхэр къэгъэнауэ, дэ балигъхэми ди фIэщ хъууэ гуащэхэр ягъэджэгу абы и лэжьакIуэхэм. ЕфIэкIуэну си гуапэщ!

Уи упщIэмкIэ къэзгъэзэжынщи, дэтхэнэ зы цIыхуми зы гугъапIэхъуэпсапIэ гуэрхэр иIэщ. А псори бжесIэнкъым, ауэ нобэ сызыпэрыт IэнатIэм слъэкI къэзмыгъанэу сыщылэжьэну, къетхьэжьа псор нэгъэсауэ слъагъуну сыхуейт. Дэтхэнэ лъэпкъми и зыужьыныгъэр псом япэу къызэралъытэр и щэнхабзэр здынэса лъагапIэмкIэщи, «уей-уей Къэбэрдей-Балъкъэр щэнхабзэ!» псалъэхэр нэхъри Iэтауэ жедгъэIэну сыщIохъуэпс.

Дэнэ сыщымыIами, дэнэ сыщымылэжьами, цIыхуфI хуэзэныр си натIэщ. СыщыщIалэ цIыкIум щегъэжьауэ сиущийуэ, сиунэтIу, уеблэмэ къысхуэгузавэу, къыздэIэпыкъуу зыгуэр сыхуэмызэу, къыскъуэмыту зэи къэхъуакъым. Нобэ сызыхэт гупри сыкъамыгъэщIэхъуу, фIы дыдэу мэлажьэ. НэхъыфIыж хъуну ухуей жыпIэмэ, уэлэхьи, сыхуейм икIи хъунухэм. СызоплъэкIыжри, си къулеягъэ нэхъыщхьэр ныбжьэгъукIэ, лэжьэгъукIэ си насып къызэрикIаргц. Сигурэ си щхьэрэ зэтелъу ар жысIэну Iэмал къызэзыта цIыхуфI псори я хъуэпсапIэхэм лъэIэсыну си гуапэщ.

**– Упсэу, Мухьэдин. Уи цIэр щэнхабзэм и тхыдэм къыщIыхэнэн куэд дяпэкIи пхуэзэфIэкIыну Тхьэм жиIэ.**

*Епсэльар* **ИСТЭПАН Залинэщ**



**Рей Куни и пьесэмкIэ ягъэува «ЩIыхухъур, цIыхубзыр, хьэдэ мыцIыхур» спектаклым Хъыдзэдж Борис и гъусэу хэтщ.** *2013*





**Островский Александр и пьесэм къытращIыкIа «ЗэчиифIэхэмрэ абыхэм ятхьэкъуахэмрэ» спектаклым Хьэмыку Жаннэрэ Багъ Иннэрэ я гъусэу щоджэгу.** *2020*



**Шемякин Михаил Налшык щохьэщIэ.** *2016*





**Тхьэщыгъуей Жаннэ, Къумахуэ Мухьэдин, Чыхумахуэ ФатIимэ сымэ.** *2005*

# Къумахуэ Мухьэдин хужаIахэр

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд,** *Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ:* – Мухьэдин илъэс 20-кIэ сэ нэхърэ нэхъыщIэми, дызэныбжьэгъуу, пщIэ зэхуэтщIу дыкъызэдогъуэгурыкIуэ. «Дадэ»-щ ар къызэрызэджэр. Адэу сыкъилъытэми нэхъ пэж зэрыхъунур щыжесIэкIэ идэркъым, имылъэгъуа и адэшхуэм и фэ къызиплъу апхуэдэу зыкъысхуигъазэмэ нэхъ къещтэ. Сэри си гуапэ мэхъу, хуабагъэ гуэр хызолъагъуэ.

И лэжьыгъэр нэхъыбэу театрым щепхам щыгъуи абы и джэгукIэр, и утыку итыкIэр сигу ирихьырт. КъБР-м ХъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ и къэрал комитетым и тхьэмадэу щыщыта лъэхъэнэм газетхэм я редакцэ Iуэхухэр къыддиIыгъащи, сыхуэарэзыщ.

Нэгъэсауэ гу къабзэщ, хьэлэлщ. Мызэ-мытIэу дызэдежьащ, Iуэху зэдэтщIащи, сигурэ си щхьэрэ зэтелъу схужыIэнущ зыкIи укъызэримыгъэщIэхъунур, гъуэгу укъызэрытримынэнур. ШыгъупIастэм цIыхухэр зрешалIэ, ерыскъы куэд зэдэтшхащ Мухьэдинрэ сэрэ, Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм сригъэблагъэурэ мызэ-мытIэу и анэ дэлъхум и деж сыщигъэхьэщIащ.

Сыхуейщ къигъэщIам хуэдиз иджыри къыхупищэну, дызэрыщыгугъ фIым IэкIэ теIэбэну.

**Тау Ритэ,** *КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ:* – Илъэс 11 ипэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм япэу сыщыщIыхьам, си пщIыхьэпIи къыхэхуэнтэкъым унафэщI къудей мыхъуу унэтIакIуэ схуэхъун цIыхум сыдэлэжьэну Iэмал згъуэтыну. Апхуэдэу къысхущIэкIащ Къумахуэ Мухьэдин Лалушэ и къуэр – ди республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр, щIыхь зиIэ и артистыр, пщIэрэ щхьэрэ зыхуэфащэ цIыхур. Ведомствэм и Iэтащхьэу илъэс 12-кIэ ущытыныр къаруушхуэ, щIэныгъэ лъагэ ущыхуей IэнатIэщ, узыпэрыт Iуэхур фIыуэ умылъагъуу ар пхузэфIэкIынкIи Iэмал иIэкъым. Мухьэдин и лэжьыгъэм зэрыпэрыувар унафэщI-къулыкъущIэ къудейуэкъым, атIэ щэнхабзэм и купщIэр, театрыр, ар фIыуэ зылъагъухэм я Iэгуауэр, утыкум и мэгъу къарур зи гумрэ зи псэмрэ пхыкIа цIыхуущ. Илъэс куэдкIэ щылэжьащ ар ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым икIи цIыху хэтыкIэм, гуп гъэлэжьэкIэм хуэзыгъэсар арауэ жыпIэ хъунущ. Iуэхур игъэкIуатэ къудейкъым Къумахуэм, атIэ нэсу къыгуроIуэ щэнхабзэр, творческэ цIыхухэр зыхуей-зыхуэныкъуэр зэхещIыкI, сыт хуэдэ Iуэхуми и «уасэр» ещIэ.

Министру ягъэувыху Мухьэдин республикэм щрихьэкIат къулыкъу лъагэ зыбжани, дэтхэнэ и зы лъэбакъуэри гъэнщIауэ щытащ лэжьыгъэм хуиIэ жэуаплыныгъэкIэ. Министру зэрылажьэ илъэсхэр щэнхабзэм и зыужьыныгъэм и зэманщ, жыпIэкIэ ущыуэнукъым. А гъэхэм гъэзэщIа хъуащ илъэс куэдкIэ хъуэпсапIэ къудейуэ щыта-

хэр. Мухьэдин и унафэм щIэту щэнхабзэм и къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэр республикэм и щIыналъэ псоми зыхуей щыхуагъэзэжащ, зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэр къыхуащэхуащ. Нобэ долъагъу къуажэ клубхэр къызэрыщIэращIэр, гъуазджэхэмкIэ сабий школхэр зыхуей хьэпшыпхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщыр, библиотекэхэр щIэныгъэ щызрагъэгъуэт щэнхабзэ центр зэращIыр, музейхэр дэтхэнэ зым и дежкIи зэIуха зэрыхъур.

ДыщогуфIыкI къэрал театрхэр зэманым декIуу зэрылажьэм. Зыми хуэмыдэжу Къумахуэм къыгурыIуэрт артистхэр зыхуэныкъуэр. «Къалэ цIыкIухэм я театрхэр», «Театрыр – сабийхэм» федеральнэ программэхэм япкъ иткIэ, а IуэхущIапIэхэм дэIэпыкъуныгъэ хъарзынэ ягъуэтащ. Ар утыку кърахьэ спектаклыщIэ, нэху зэрытрагъадзэ, макъ зыгъэIу Iэмэпсымэ ирехъу, гастроль зэрыкIуэн автобус цIыкIуу, артистхэм я щыгъыну щрети. Абыхэм я фIыгъэкIэ театрхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэми, гъунэгъу республикэхэми макIуэ, я лэжьыгъэфIхэр щагъэлъагъуэ, къэралым щекIуэкI фестивалхэм хэтщ.

УнафэщI щабэкъым Мухьэдин. Ауэ абы и ткIиигъэр зыхуэунэтIар зыгуэрым тезыр егъэхьыныркъым, атIэ жэуаплыныгъэ хэлъу дэтхэнэми и лэжьыгъэр егъэщIэнырщ. Сытым дежи къопсэлъэну, уи Iуэху еплъыкIэ жыуигъэIэну хьэзырщ. ЖиIам зэрытебгъуэтэжымрэ цIыхугъэ зэрыхэлъымрэ екIуу зэрызэщIэжьыуэращ зыхэт гупым Мухьэдин пщIэшхуэ къыщIыхуащIыр. ФIыуэ щIалъагъур, щIалъытэр зэрыминистрыр аракъым, атIэ сыт щыгъуи цIыхуу къызэрынэжырщ, набдзэгубдзаплъэу, гурэ псэкIэ хэти зэрыбгъэдэтырщ.



Абы и гъусэу сызэрылэжьа илъэсхэм, шэч хэмылъу, си зэфIэкIым хэхъуащ. Сэ слъагъуэрт ар Iуэху гугъухэм зэрегупсысыр, абыхэм ехьэлIа хэкIыпIэ къызэригъуэтыр, зэпIэзэрыту, гушыIэжу цIыхухэм зэрахэтыр. Махуэ къэс хьэкъ сщыхъурт: унафэщI IэкIуэлъакIуэ хъуа цIыху зэчиифIэр щэнхабзэ IэнатIэм и дежкIэ уасэншэщ.

ПщIэ зыхуэсщI Мухьэдин Лалушэ и къуэ! Сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу сынохъуэхъу уи юбилеймкIэ. Узыншагъэ быдэ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ, ехъулIэныгъэрэ къызэрыгуэкI цIыху насыпрэ уиIэну си гуапэщ. Илъэс куэд щIауэ узэлIалIэ Iуэхур дахэ ухъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ уи унафэм щIэтыр зэрыгъагъэм псори Тхьэм дыщигъэгуфIыкI.

**Шыбзыхъуэ Басир,** *ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и артист:* – Мухьэдин соцIыху Щукиным и цIэр зезыхьэ театр институтыр Москва къыщиухыу, артисту къызэригъэзэж лъандэрэ. И япэ лъэбакъуэхэри и лэжьыгъэхэри сощIэж. Абы ипэ къихуэу ди къэралым и къалащхьэм щеджа адыгэ студием къигъэзэжауэ щIалэгъуалэ диIэти, роль и лъэныкъуэкIэ тIэкIу зэныкъуэкъу щыIагъэнри, лIыхъужь нэхъыщхьэм и образ утыку крихьэну занщIэу къыхуамыгъэфэща-

7 Заказ №1211

гъэнри хэлъщ. Дауэ мыхъуми, Мухьэдин и творческэ Іуэхур мыІейуэ къекІуэкІауэ собж.

Сэ театрым режиссёру сыщылэжьакъым, ауэ къызатурэ спектакль зыбжанэ згъэуващи, псоми Мухьэдин хэтащ. Эдуардэ де Филиппэ и «Рождество в доме Купьелло» пьесэм къытетщІыкІа спектаклым и лІыхъужь нэхъыщхьэм и къуэ щІалэ цІыкІум и ролыр фІы дыдэу игъэзэщІауэ къызолъытэ, езыри, фІэфІ дыдэу, джэгуу щытащ. Къэбгъэлъэгъуэн зыхэлъ ролыфІт ар. Абы къыкІэлъыкІуэу Шортэн Аскэрбий и «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ» гушыІэм хэзгъэхьати, сыхущІегъуэжакъым, сондэджэрым и ролымкІэ спектаклыр игъэдэхащ. Щэрмэт Людмилэрэ абырэ я джэгукІэр театреплъхэм гуимыхуж ящыхъуауэ щытащ. Сыт хуэдэ роль сыт хуэдэ спектаклым щептми зэригъэзэщІэфын зэфІэкІ зэриІэр зи лэжьыгъэхэмкІэ хьэкъ тщызыщІа, ди гум дыхьа актёрщ Мухьэдин.

Театрым спектаклыфІ куэд щигъэуващ режиссёр цІэрыІуэ Дэбагъуэ Роман. Псо дыдэми жысІэнкъым, ауэ абыхэм я нэхъыбэм хэтащ Мухьэдини, къемыхъулІа яхэткъым. Сыт и уасэ ар «ЦІыхухъур, цІыхубзыр, хьэдэ мыцІыхур» спектаклым зэрыщыджэгур?!

Артист ІэщІагъэр ейщ Къумахуэм. ЦІыхухэм къацІыхуу, фІыуэ къалъагъуу хуежьауэ, нэгъуэщІ лэжьыгъэхэр къыхуагъэлъагъуэу щІадзэри, тІэкІу театрым пэІэщІэ хъуащ. Ауэ, дэнэ мыкІуами, фІыкІэ къыщыхэщащ ар. Псалъэм и хьэтыркІэ, сабий интернатым тІэкІурэ щригъэджати, абы и классым щІэсахэр нобэр къыздэсым къыкІэлъыкІуэу, фІыуэ къалъагъуу апхуэдэщ. Телевиденэм щылэжьащ, министерствэхэм щыІащи, щытхъушхуэ иІэщ. Иджы щэнхабзэмкІэ ди министрщи, етІуанэ хэхыжыгъуэу къытранауэ а къулыкъур ирехьэкІ. Ар и щыхьэтщ Къумахуэм дзыхь къызэрыхуащІым, ар и къулыкъум фІыуэ зэрыпэлъэщым.

Зи къару илъыгъуэ, ролхэр къызэхъулІэ артистщи, ролыфІ сыхуолъыхъуэ, Іэмал имыІэуи къэзгъуэтыну си гугъэщ. Театрым ІумыкІыжауэ къызэрытхэтым щхьэкІэ догуфІэ, и творческэ зэфІэкІыр имыгъэкІуэду зэрихъумэфам щхьэкІэ хуабжьу дыхуэарэзыщ. ІэщІагъэр ІэщІыб ищІ хъунукъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ Мухьэдин къыдалъхуауэ иІэщ зэчий. ДяпэкІи лэжьыгъэфІхэмкІэ дигъэгуфІэну ди гуапэщ.

Мыдрейуэ, министр ІэнатІэм щилэжьа псори сэ къысхузэщІэкъуэнукъым, ауэ ди нэгу щІокІ увыІэгъуэ имыІэу щэнхабзэ ІуэхущІапІэхэр къызэрызэхижыхьыр, зэрыгузавэр, дэтэнэми и Іуэху зэригъэкІуэтэным иужь зэритыр. Зыгуэр сщІарэт жимыІэу зы махуэ дэкІыркъыми, Тхьэм хущІигъэхьэ, дэнэкІэ зигъазэми и мурадхэр къехъулІэу игъэпсэу.

**Тхьэщыгъуей Жаннэ,** *КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ:* – Мухьэдинрэ сэрэ куэдрэ утыкум дыщызэрихьэлІауэ, роль куэд зэдэтщІауэ щыткъым. Ауэ апхуэдэ закъуэтІакъуэм ящыщщ дылэжьэн щІэддза къудейуэ, Шэрджэс Мухьэмэд игъэуvауэ щыта «Али-Бабарэ

хъунщIакIуэхэмрэ» сабий псысэр. Гуапэу сигу къинэжащ абы дызэрыщыджэгуар. Зыми демыдаIуэу, дыкъуейщIейуэ, ди щхьэ Iуэху зетхуэжу, сабийхэм дадэджэгуу дыхэтауэ щытащ абы. Iэджи къэдгъэхъурт спектаклыр екIуэкIыху, дыщIалэти дыделэт.

Абы иужькIэ дызэгъусэу дыщыджэгуащ Теувэж СулътIан игъэвауэ «ЩIакIуэ фIыцIэ» спектаклым, сэ щынэ цIыкIуу, Мухьэдин дыгъужьу дыджэгуу. АпхуэдизкIэ фIыуэ игъэзэщIат абы а псэущхьэм и ролри, и джэгукIэм дыдихьэхауэ, дыкIэлъыплъырт.

«ЦIыхухъур, цIыхубзыр, хьэдэ мыцIыхур» жыхуиIэм и Iуэхур щхьэхуэщ. Роль нэхъыщхьэхэм яхэтщ нэгъуэщI артист хэбгъэхьэми ягъэ емыкIыу, образым дагъуэншэу ихьэфу е зэщхьэщыкIынымгъэшхуэ театреплъхэм ямылъагъуу. Мыр абыхэм къащхьэщыкIыу къысщохъу. И ролым дежкIэ Мухьэдин тIэкIу и ныбжьыр хэкIуэтами, ар хэмытыжмэ спектаклыр щIэбгъэлъэгъуэн щымыIэу къыпщохъу. АпхуэдизкIэ гъэщIэгъуэну, дахэу егъэзащIэ ари, нэгъуэщI джэгуу уи нэгу къыпхущIэгъэхьэркъыми. Абы щыщ зы теплъэгъуэм дызэрыхэтым и гугъу фхуэсщIыни. Щхьэгъубжэшхуэ хэлъщ хьэщIэщми, Мухьэдин сыкъеубыдри абыкIэ сыдедз. Джэгугъуэ къэсыху солъэIу къызэмыIунщIыну, сыIухьи сэ езыр сыдэпкIынщ, жысIэ щхьэкIэ къызэдаIуэркъым. АпхуэдизкIэ образым йохьэри, сызэхихкъым, хьэмэрэ театреплъхэм «пцIы дупсу» къащыхъункIэ шынэрэ, сщIэркъым. СыкъеIэт, щхьэгъубжэр къызыхэщIыкIа пхъэм сыжьэхеупцIэ е сыдидза иужь щылъ уэншэкум сыкъытоджэрэзыкI, нэхъыкIэжращи, езыр нышыдэлъкIэ къызжьэхоуэжри, дыркъуэ гуэр къыстемыхуэу зы къэгъэлъэгъуэгъуи блэкIыркъым. Апхуэдэ гъэщIэгъуэн Iэджэ къыщытщощI утыкум, жыпIэжынри куэдщ.



Мухьэдин зи джэгукIэмкIэ театреплъхэр ди IуэхущIапIэм къэзышэ артистыфIщ, артист гъуэзэджэщ. Дэ артистхэм мащIэщ къытхэтыр зыр зым и лэжьыгъэм кIэлъыплъу кулисэ къуагъым къуэту. Пэшым дыщIотIысхьэри доуэршэр, спектаклыр щIидза иужьи, абдежым дыщысу доплъ. Мухьэдин щыджэгум и деж, утыкум и щIыбагъкIэ сыкъыдэтущ и джэгукIэм сызэреплъыр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, гъэщIэгъуэну, уигъэгузавэу, укъызэщIиIэтэу мэджэгу, зэчиишхуэ бгъэдэлъщ.

**Хьэмырзэ Ахьмэд,** *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист:* – Сэ сызэрылажьэ IэщIагъэр къыхэсхыу еджапIэ сыщыщIэтIысхьа лъандэрэ дызэроцIыху Мухьэдин сэрэ. Дэ еджапIэ дыщIэст, Мухьэдин актер щIалэу театрым щылажьэрт. И артист зэфIэкIым нэмыщI, артист хъуну хуей дэр хуэдэхэм зэрадэлэжьэфыр игъэунэхуну, езым и зэфIэкIым еплъыжыну фIэгъэщIэгъуэн къыщIэкIынти, ди художественнэ унафэщIу щыта Шыбзыхъуэ Басир ар институтым нригъэблагъэрэ спектакль пычыгъуэхэр къыддигъэуву, ахэр зэпкърытхыу къыддэлажьэу щытащ. Ауэ узрихьэлIэ псори ныбжьэгъу пхуэхъуркъым. ДызэрыцIыху къудейуэ къэмынэу, нэхъыбэрэ дызэрылъагъумэ тфIэфIу, дызэныбжьэгъущ жыпIэмэ ущымыуэну, си Iуэху хэту, и Iуэху дэсIыгъыу, дызэрыщIэу дыкъызэдокIуэкI.

Артист ӀэщӀагъэр хуэфащэу къыхиха жыпӀэмэ, хуэфащэ дыдэу къыхихащ, гуимыхуж хъуауэ роль хъарзынэхэр игъэзэщӀащ. ФӀы дыдэу къехъулӀа, цӀыхухэм гукъинэж ящыхъуа образхэр театрым къыщыдэлажьэхэм дигу куэдрэ къыдогъэкӀыж, дытопсэлъыхьыж.

И ӀэщӀагъэм имызакъуэу и цӀыху щӀыкӀэм, и хьэл-щэн гуэрхэм сыщыгъуазэщ. Арагъэнщ абы и лъэныкъуэкӀи Мухьэдин и гугъу сщӀарэт щӀыжысӀэр. Апхуэдэ зы гуапагъэу сигу къэкӀыжащ еджапӀэ дыщыщӀэс, лэжьэн щыщӀэддзагъащӀэ зэманхэм си нэгу щӀэкӀа зы Ӏуэхугъуэ. Сытым дежи Мухьэдин фӀэфӀт нэхъыжьхэм гулъытэ яхуищӀыну икӀи ар фӀы дыдэу къехъулӀэрт. Спектакль зыщӀыпӀэ тшауэ дыгувамэ, нэхъыжьхэр езэшауэ гу лъитамэ, машинэкӀэ зэбгришыжыну, нэгъуэщӀ зыгуэркӀэ я гуапэ ищӀыну фӀэфӀт. Ар хьэлыфӀ дыдэу, хьэл дахэу дэслъэгъуащ.

Артистхэр псори гушыӀэфкъым, я щхьэм ехьэлӀауэ ар къызыгурымыӀуэхэри куэдщ. Мухьэдин ар хъарзынэу къохъулӀэ, и гум, и псэм зэрыхуитым и щыхьэту.

Къумахуэр артист ӀэщӀагъэм имызакъуэу, журналистикэми хэлӀыфӀыхьащ. Телевиденэм и лэжьакӀуэ къызэрыгуэкӀыу къыщӀидзэри, министерствэм и унафэщӀ хъуащи, дигъэгугъэу, дыщыгугъыу мэлажьэ. Телевиденэм щыщыӀэм щыгъуэ нэхъыжьхэр къригъэблагъэу, ядэуэршэру, нэхъ гулъытэ зыхуищӀу зытепсэлъыхьу щыта Ӏуэхугъуэхэр Ӏэпымыхуу, лъэпкъыр абыхэм зэрыхуэныкъуэр ищӀэу, зэфӀэкӀ нэхъыбэ иӀэ зэрыхъуар къигъэсэбэпу дяпэкӀи цӀыхубэм яхуэлэжьэну ди гуапэщ.

**Чыхумахуэ ФатӀимэ,** *КъБР-м щӀыхь зиӀэ и артисткэ:* – ФӀы фӀэкӀа схужыӀэнукъым Къумахуэ Мухьэдин теухуауэ. Япэрауэ, артист гъуэзэджэщ, етӀуанэрауэ, зи гъусэу утыку уитыну тынш партнёр бэлыхьщ. Ар зыхэт спектаклхэм къыхощ, къыхолыдыкӀ Мухьэдин игъэзащӀэ ролхэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужьрей зэманым роль куэд ищӀакъым ӀэнатӀэ гугъу зэрыпэрытым къыхэкӀыу, ауэ нэхъ ипэӀуэкӀэ, сэ иджыри сыщеджэм, сыкъакӀуэурэ ар зэрыджэгум сеплъу щытащ.

Псом хуэмыдэжу къыхэзгъэщыну сыхуейт Хугаев Георгий и пьесэм Теувэж СулътӀан къытрищӀыкӀауэ щыта «ЩӀакӀуэ фӀыцӀэ» спектаклыр. Телъыджэу абы щигъэзэщӀащ дыгъужьым и ролыр. АпхуэдизкӀэ фӀыуэ щыджэгуат абы Мухьэдини, гукъинэж сщыхъуауэ нобэр къыздэсым сщыгъупщэжыркъым.

Горин Григорий и пьесэр и лъабжьэу Дэбагъуэ Роман игъэува «Кин IV» спекталым пащтыхьыкъуэм и роль щигъэзэщӀар нэхъыфӀ дыдэу къехъулӀауэ къысщохъу Мухьэдин. Кулисэм сыкъуэту сеплъырти згъэщӀагъуэрт, пэж дыдэу делэу пӀэрэ мыр жиуигъэӀэу ролым ихьати.

Илъэс куэд щӀауэ дыщоджэгу Рей Куни и «Случай в гостинице» пьесэм Дэбагъуэ Роман къытрищӀыкӀа «ЦӀыхухъур, цӀыхубзыр, хьэдэ мыцӀыхур» спектаклми, Мухьэдин абы хэмытмэ щӀэбгъэлъэгъуэн щымыӀэ жыхуаӀэм хуэдэщ. Илъэс тӀощӀым нэблэгъащи, нобэр къыздэсым абы цӀыху къокӀуалӀэ, къэзышэри Мухьэдину къысщохъу. Зэ-

чийм къищынэмыщIа, Къумахуэм бгъэдэлъщ цIыхур, театреплъыр зыIэпызышэ гуэр икIи утыкум къыхуигъэщIауэ теплъафIэщ. Апхуэдэуи дызэдыхэтащ хуабжьу сигу ирихь лэжьыгъэм, Нэш Ричард и «Уэшх зыщэ» спектакль Фырэ Руслан игъэувам.

Си щхьэкIэ сыхуейт роль нэхъыбэ иджыри театрым щигъэзэщIэну, ауэ министр къулыкъушхуэр зэриIыгъым ипкъ иткIэ, сытым дежи хуэхъуркъым. Ар къыщыхэзгъэщакIэ, сыхуейт и лэжьыгъэ IэнатIэ нэхъыщхьэм и гугъуи сщIыну. УтемыукIытыхьыну, мис мыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министрщ жыпIэну гугъэзагъэу псалъэ, лэжьыгъэ купщIафIэ езыхьэкI лIы бжьыфIэщ. Ар пэрытыну, пашэу щытыну дунейм къызэрытехьар си фIэщ мэхъу. Сыт хуэдэ Iуэху и пщэ дэплъхьэми, ар фIы дыдэу зэрызэфIихынум шэч лъэпкъ къытесхьэркъыми, узыншэну, ефIэкIуэну си гуапэщ. Сэ сощIэ ар ролыфI куэд иджыри джэгуну зэрыхуейри, и мурадхэр Тхьэм къригъэхъулIэ. СфIэфI дыдэу сыдэлэжьэнут икIи сыдэджэгунут.

*Зытхыжар* **БЛИЙ Даянэщ**

*2026 гъэр Урысейм щыщ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ*

ТОКУМАЕВ Жэгъэфар

## АСЛЪЭНДЖЭРИЙ

*Рассказ*

Хэку зауэшхуэр увыIащ. Псэууэ къэнам къагъэзэж. Абы нэхъ гуфIэгъуэ къыдэхъуэнкIэ хъунт къуажэм! И насыпкъэ псэууэ къэзыгъэзэжам.

ЩIалэ цIыкIухэр уэрамым къыдолъадэ: «Си адэм орденитI къихьащ! Уи адэм медаль защIэщ хэлъыр!» Дэнэ щащIэнт абыхэм медалым и уасэр? Сабийм ямыщIэми, балигъым ящIэн хуейкъэ? Зи бгъэм орден хэмылъым IупщIэ хуэзыщIаи къахэкIащ балигъхэм: «ЛIыгъэ гуэр къыдалъэгъуатэмэ, орден мыхъуми, медаль къратынт». Къуажэ гъукIэми къыщIэнэкIащ Iэджэ...

Нэхущым докIри, пшапэр зэхэуэху кIыщым щIэтщ Аслъэнджэрий – къуажэ гъукIэр. Шэджагъуэм уадэр сыджым трелъхьэри йотIысэх, тутын ешыхьри, хэгупсысыхьауэ сыхьэтыпэкIэ щысщ ар. Дэлъхъэт, гъукIэ къуэдзэм, дауи, ищIэркъым Аслъэнджэрий зэгупсысыр, езыми къыжриIэркъым: тутыным йокъури щысщ, и щхьэр ирихьэхауэ...



– Аслъэнджэрий, – ехъурджэуащ Дэлъхъэт гъукIэм, – цIыхум къыпхужаIэр пщIэрэ?

– Сыт?

– Зауэр увыIэху, къуэгъэнапIэм укъуэсауэ жаIэ. Пэж ар?

ГъукIэм и нэгур зэхэуащ, ауэ псалъэ къыпидзыжакъым: ар шэуэ къызэрытехуар нэрылъагъут. Зэ-тIэу екъури, тутын ныкъуэсыр хыфIихуащ Аслъэнджэрий, сыджым бгъэдэувэжри, Iэдэр къищтащ.

– Уигу къызумыгъабгъэ, Аслъэнджэрий. Сэракъым жызыIэр, – хущIегъуэжащ гъукIэ къуэдзэр и псалъэм – щхьэ къыжьэдэлъэта ар, и бзэм хуитыжтэкъэ?..

– СощIэ, Дэлъхъэт, сощIэ узэрымыарар. Сигу нобгъэркъым. Я жьэм хуитщ – сыт хуейми къысхужраIэ. – Аслъэнджэрий гъущI плъар мафIэм къыпэрихщ, сыджым тригъэлъадэри, и къуэдзэм еджащ. – Къеуэт, шынэхъыщIэ. – И къуэдзэм «шынэхъыщIэкIэ» щIеджэр игу зэремыбгъар гуригъэIуэн щхьэкIэ хъунт.

Абы ирихьэлIэу, кIыщым къыщIыхьащ къуажэ советым и секретарыр.

– Аслъэнджэрий, тхьэмадэр къоджэ, – къыжреIэ абы.

– СыткIэ къысхуей хъуа? – игъэщIэгъуащ Аслъэнджэрий.

– СщIэркъым, – и дамэр дрешей секретарым. – СщIэр военкомыр къызэрыкIуаращ.

– Сыту пIэрэ? – жери, Аслъэнджэрий кIэпхыныр зыIуихащ, зитхьэщIащ.

Къуажэ советым колхоз председателри парткомри щIэст. Секретарым жиIар пэжт: район военкомри къэкIуат. Аслъэнджэрий бжэм ебакъуэри, Iэнкун хъуауэ, утыкум иуващ.

– КъакIуэ, къакIуэ, мыдэ къыдбгъэдэтIысхьэ, – жиIащ военкомым, шэнтыр къигъэкIуатэри.

«Сращыпэлъагъу хуэдэ, щхьэ сызэпаплъыхьрэ мыбыхэм?» – зыхуихьынур ищIэркъым Аслъэнджэрий.

Военкомыр, пыгуфIыкIри, портфелым дэIэбащ.

– Аслъэнджэрий, илъэс тIощI хъуауэ укъалъыхъуэ мы орденхэм, – жиIащ военкомым, портфелым орденитI къыдихри.

Аслъэнджэрий абы пэплъатэкъым, дауи. Къэтэджыжащи, жиIэнур ищIэркъым.

– ЛIыгъэ щызепхьащ зауэм, – къыпищащ военкомым и псалъэм. – Уи лIыгъэр пщIэншэ хъуакъым: мы орденхэр къэблэжьащ уэ. И чэзум къыпIэрыхьакъыми, а зыр сигу къоуэ – зэблэуащ. Си пщэ кърале хьати, уи орденхэр къыпхуэсхьыжащ. Сынохъуэхъу, гуфIэгъуэрэ насыпрэ къыпхудэкIуэну си гуапэщ. – Ар жиIэри, военкомым Аслъэнджэрий и бгъэм орденитI къыхилъхьащ.

И бгъэм орденитI къыхэлыдыкIыу, Аслъэнджэрий къуажэ советым къыщIэкIыжащ. Дэлъхъэт пщIантIэм къыщыпэплъэрт, къыкIэлъыкIуауэ.



– Сыт къыщIоджар, къэхъуаIа?

Аслъэнджэрий и бгъэм къыхэлыдыкI орденхэм гу лъитатэмэ, абыкIэ щIэупщIэнтэкъым Дэлъхъэт. Аслъэнджэрий и пащIэкIэ зэрыщIэгуфIыкIыр илъэгъуа нэужьщ Дэлъхъэт орденхэм гу щалъитар.

ГъукIэм къемыхъуэхъуа къыдэнэжакъым къуажэм – ини цIыкIуи. Уэрамым дыхьэмэ, щIалэ цIыкIухэр къыкIэрохъыжьэ:

– Аслъэнджэрий, сыт орденхэр къыщIыуатар? КхъыIэ, къыджеIэ.

Пагэ хъунтэкъэ Аслъэнджэрий и къуэ цIыкIури – илъэсипщI зи ныбжь Залым!

– Си адэр къуэгъэнапIэ къуэсауэ жаIэрт... Иджы, мис, орденитI къратыжащ! ЛIыгъэ зэрихьати, къратащ! – захуегъэщIагъуэ Залым и ныбжьэгъухэм.

Аслъэнджэрий и къуэм ешхыдащ, щыщIимычэм:

– Уи жьэр гъэувыIэ! ЛIыгъэншэ хэтакъым зауэм. Псоми яхуэфащэщ ордени медали.

Залым и анэр къыдэщIащ:

– Уемышхыдэ сабийм. И ныбжьэгъухэм загъэщIагъуэрти, иджы езым и чэзущ: ирегушхуэ, ирегуфIэ. И адэм иримыгушхуэмэ, хэт иригушхуэн?!

Аслъэнджэрий къэхъуэхъумрэ къыхуэгуфIэмрэ кIащхъэ хъуакъым щIэх. ЦIыху Iувым здахэтым, гъукIэм и нэгу къыщIохьэж лъыгъажэ зауэр.

... 1943 гъэм и щIымахуэщ. Аслъэнджэрий зыхэт дзэр Украинэм щозауэ. Бийр къызэдзэкъэкIыми, къызэпхъуэкIыми, ди дзэр йобгъэрыкIуэ.

Ар зэтезыIыгъэн къару яIэжкъым нэмыцэм! Ровнэ къалэм деж зауэ гуащIэ хэхутащ Аслъэнджэрий, къалэм япэ дыдэ дыхьахэм яхэтащ. Абдеж уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ ар – и бгъэр шэм зэпхилыгъукIащ. ЗыкъыщищIэжар госпиталырщ. Ровнэ къалэр хуит къыщащIыжым зэрихьа лIыгъэм папщIэ орден къызэрыхуагъэфэщар ищIакъым Аслъэнджэрий.

УIэгъэр кIыжу, къызэфIэувэжа нэужь, Аслъэнджэрий фронтым игъэзэжащ. Югославиеращ зауэр щиухар. Югославием щызауэу, нэмыцэ танкитI икъутащ Аслъэнджэрий – абы щхьэкIи орден къызэрыратар ищIакъым. Аргуэру уIэгъэ хьэлъэ хъури, госпиталь пхыдза гуэрым щIэлъащ, къызэфIэувэжыху. АпщIондэхуи зауэр увыIащ. Зауэ щыхъукIэ, Iэджэ зэблоу – апхуэдэр мащIэкъым...

– КъуэгъэнапIэ къуэсам сащыщкъым, Дэлъхъэт. Апхуэдэфэ стет сэ?

– УIуэщхъурэ? Хэт узэпсалъэр? – дыхьэшхащ Аслъэнджэрий и щхьэгъусэр. Жэщыбг хъуху хьэщIэм яхэсауэ, пщэдджыжьым хэжеят гъукIэр.

– СыIуэщхъуа? – жери, укIытэжащ Аслъэнджэрий, къызэфIэтIысхьэурэ. – ПщIыхьэпIэм сыхэкIакъым ныжэбэ: си нэгу Iэджи къыщIыхьэжащ...

Аслъэнджэрий и нэгу къыщIыхьэжар щхьэгъусэм дэнэ щищIэнт... Щхьэщытхъухэм – ящIам нэхърэ нэхъыбэ зи щхьэ тезылъхьэхэм – ящыщтэкъым Аслъэнджэрий. 

*ЗэзыдзэкIар* **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ**

ШАВАЕВЭ Миналдан

## АДЭМ И ФЭЕПЛЪ

*Рассказ*

Джэгум и гуащIэгъуэщ. Гъатхэ щхъуантIагъэм и мэ гуакIуэр щхьэгъубжэ зэIугъэузэщIыкIахэмкIэ докIри, пэшым щIэт тутын Iугъуэм, фадэмрэ дыху лъапIэхэмрэ я мэм хозэрыхьыж. «Абзэх» къафэр ирашажьэ. ЩIалэгъуалэр пшынауэм дожьу:

*Уэ-ре-дэ, уэре-дэ,*
*Уаредэ, редэ, уэре-дэ!*

КъэфакIуэхэм я лъэр езыр-езыру щIокI. Блын захуэу зэбгъурыту ежьа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ тIурытIу загуэш, аргуэру зэхохьэжри зэгъусэу йофэкI. «Абзэхым» гушыIэ къафэ къыкIэлъокIуэ, абы и ужькIэ «Тюз тепсеу», а псоми къатокIэрэхъуэж къуршыпсым хуэдэу псынщIэ «Тегерек тепсеурэ» «Голлу» хьэгъуэлIыгъуэ къафэмрэ.

Ауэрэ джэгур иухащ, жэщыбги хъуащ. ЗэрышагъащIэхэм яхуэхъуахъуэурэ, цIыхухэр зэбгрокIыж.

Ефэ-ешхэр иухащи, гушыIэрэ къафэкIэ, макъамэхэмкIэ гъэнщIауэ щыта пщIантIэшхуэр зэщIэщымэжащ. Унагъуэм къэнар пщэдджыжь Iэнэхэр зэлъыIузыхыжыну Iыхьлы, благъэ гъунэгъухэрщ.

Лэгъунэм уэздыгъэр зэрыщыункIыфIу, мыдрейхэми щхьэж зэрыхуэхъуу, я щхьэр ирагъэщIащ. Шэнтхэри, Iэнэхэри, Iэнэхэм тет хьэкъущыкъухэри ешауэ, ауэ бэшэчу пэплъэ хуэдэщ зэлъыIуахыжу зыщагъэпсэхужынум.

Зэрыхабзэу, нэхущым деж ихъуреягъкIэ нэхъри зэщIэщымащ. ПщIантIэ Iэхуитлъэхуитри, унэшхуэри, жыгыщхьэхэм фIэдзауэ пщIантIэр зыгъэнэху уэздыгъэхэм епщIа хьэндырабгъуэ цIыкIу нэгъуни зэщIэщымащ.

И къуэм и хьэгъуэлIыгъуэм псом нэхърэ нэхъ иригъэшар Чэримэтщ. АтIэми, иджыпсту а зыращ лъэрытету пщIантIэм дэтыжыр. Фызым адэкIэ-мыдэкIэ щикъухьа хьэкъущыкъухэр зэщIекъуэж, пэшхэм щыщIыхьэкIэ, ешауэ жейхэр къимыгъэушын щхьэкIэ, лъапэпцIийуэ къекIухь.

Чэримэт кIэлындорым техьэри, пхъэ гъуэлъыпIэ цIыкIум зыщригъэщIащ. Бжэ зэIухам къыдиху акъужь щIыIэтыIэр фызым и нэкIу ешам гуапэу къодэхащIэ. Жыгыщхьэхэм фIэдза уэздыгъэхэм я нурым тхыпхъэщIыпхъэу къыхэнэхукI къудамэхэр таурыхъым хуэдэу къыпфIощI. ЦIыхубзым и жеин къакIуэркъым. Чэримэт и щхьэм иджыпсту Iэджи щызэблокI, куэд игу къокIыж, нэхъыбэжми ягъэпIейтей...



Хъыджэбзхэр балигъ хъури, унагъуэ ихьахэщ. И къуэрати, мис, къишащ. НысащIэр, жыпIэнущи, Алыхьым узэрелъэIунщ. И щхьэцыгъуэфIыцIафэр толькъуну и плIэм щыуфафэу, фIамыщI кIанэу нэ пIащитIыр къигуфIыкIыу, Iэпхъуалъэ пэлъытэ Iупэ пIащIэ зэв хъурей цIыкIухэр нэкIу зэщIэкъуам екIупсу, пщащэ хуэщхьэпэлъагэрэ Iэпкълъэпкъ зэкIужу, Чэримэт нысэ хуэхъуам еплъыр емыхъуэпсэнкIэ Iэмал зимыIэт. ЦIыхугъэу хэлъыр зыхуэдизыр-щэ!..

Чэримэтхэ япэмыжыжьэ къуэкIийм и адрыщI нэпкъым зы пхъэхуей дахэшхуэ къыщхьэщытщ. Фызыр а пхъэхуей щIэращIэм дихьэхауэ, и тхьэмпэ щхъуантIэхэм дэрэжэгъуэ кърату йоплъ. Жьы мащIэм хуэму щыщIаупскIэкIэ, а тхьэмпэхэр сабий цIыкIу къыпыгуфIыкI фIэкIа пщIэркъым. «Си нысэ цIыкIум хуэдэу зэкIужщ, дахэщ, гуапэщ...» – къиIущэщащ гуащэм.

Фызыр щыму и щхьэ хуопсэлъэж: «ПщIэжрэ сабииплIым ящхьэщыубгъуа уи гъунэгъу фызыр сымаджэ щыхъуар? Абы щыгъуэ, къохьэлъэкIми, кIыфI зэхэту укъэтэджырт, уи Iуэхухэр иужь къибгъанэрти, гъунэгъум уекIуэкIырт. Жэмыр къыхуэпшырт, унэр хузэлъыIупхырт, пщэдджыжьышхэр бгъэхьэзырырти, цIыкIухэр пхуапэрт, бгъашхэрт, уахуэжьыщIэрт. Къэбгъэзэжырти, уи унагъуэ Iуэху упэрыувэжырт... Унэ ныкъуэщIыр нэгъэсын хуейти, пщыхьэщхьэкIэрэ ятIэ зепхьэрт... Апхуэдэт Алыхьым и зы махуэ къэмынэу. Мазэ псокIэ,

уеблэмэ нэхъыбэжкIэ, апхуэдэу зэдэпхьащ унагъуитIым я Iуэхури. АтIэми, хэт хъунут а фызабэр уи дежкIэ? Хьэуэ, икIи уи благъэтэкъым, икIи уи Iыхьлытэкъым. Уи гъунэгъу къудейуэ арат. КъызэрыгуэкI гъунэгъуу. УщIыдэIэпыкъури зым къыхэпхыртэкъым, цIыхугъэм фIэкIа. ЦIыхугъэ... Аращ псом я щхьэжыр».

Чэримэт къызэригъэщIрэ апхуэдэщ. ЛъэкIыхукIэ цIыхум защIигъэкъуэнущ. Псалъэм папщIэ, гуэгуэн хьэлъитIкIэ псыхьэ къикIыж хуэзамэ, зы гуэгуэныр къриIыхыу, унэм нэсыху димыхьу блэкIыфынукъым.

Фызым игу къэкIыжащ нысащIэр къыздраша унагъуэр, я унэр, пщIантIэр, хадэр. ИхъуреягъкIэ зэщIэкъуащ. Зыри зыдэщымылъыпхъэ щыплъагъуркъым. ПщIантIэр зыгъэдахэ удз гъэгъахэри, жыг хадэри – псори IэкIуэлъакIуэу зехьащ. Ар зи фIыщIэр нысэ хуэхъуа нэрыбгэ цIыкIурщ. Аращ унэм кIэлъыплъыр. И адэр ныкъуэдыкъуэщ – и Iэ лъэныкъуэр пытыжкъым. И дэлъхур институтым щоджэри, хущIыхьэркъым... Нысэм и гъащIэри зыкъомкIэ Чэримэт ейм ещхьщ.

Фызым и нэр бжэкъуагъым къуэт джыдэм хуэзащ: «Джыдэращ унэр зэрызэфIагъэувэр. Езыри аращ, а джыдэм ещхьщ. Унагъуэр и пщэм дэлъщ. И нысэ цIыкIуми и пщэм дэлъащ унагъуэр».

Сыт хужыпIэн? Хуэфащэ дыдэщ ар СулътIан. И щIалэм къыхихам анэр щогуфIыкI. Апхуэдэ нысэщ зыщIэхъуэпсар, и унагъуэ къихьэну зыхуеяр. Мы нэрыбгэ цIыкIум и гуащэ хъуну и пщIыхьэпIи къыхэхуэртэкъым Чэримэт пщащэм щытхъуу щыщытам. «Уи нэфI зыщыхуам апхуэдэ нысэ Тхьэм крит!» – жиIэрт Чэримэт, щхьэлъащIэр илъагъуху. Пщащэм хуэзэху хъуапсэрт: «Си щIалэ закъуэм мыпхуэдэ цIыхубз натIэ хуэхъуамэ, аратэкъэ». КъыхуищIащ и лъэIур. Псори тэмэмщ, ауэ...

Арами, иджы СулътIан, гуэшэгъу лъэпкъ имыIэу, анэм и закъуэ еижкъым. Аращ Чэримэт зэзэмызэ гузэвэх къэзыщIыр. «Хьэуэ, хьэуэ! Си щIалэр зыми естынукъым. Зыми дэзгуэшынукъым. Ар хэт жиIэми, Алыхьым жимыIэкIэ апхуэдэу хъуну... СытегужьеикIауэ, си кIэтIийр си вакъэ лъэпсу щIэспIар ара? Хьэуэ, си щIалэ цIыкIу, уэ зыми устрихыфынукъым, зыми си гум ухичыфынукъым. Апхуэдэу хъурэ?! ЖэщкIэрэ сыIумыплъэу, и шхыIэн кIапэ хузэзмыгъэзэхуэжу, и нэ фIыцIэхэм, и натIэхэм ба хуэзмыщIу, и набдзэ Iувхэм зезмыкъузылIэу схуэшэчыну?! Я, Алыхь! Си къуэр зыми схуетынукъым, си къуэр нэгъуэщIым ей хъунукъым. Абы зыри щремыгугъ. Естынукъым!..»

ЩIалэм и жьэпкъыпэм къыхэнэIукI кумб цIыкIумрэ и нэгу гушхуамрэ игу къэкIыжри, анэм и Iупэхэр, къыпыгуфIыкIыну щIэкъуу, мащIэу зэщIэкIэзызащ.

Щысщ анэр. И нэр жыжьэу зыщIыпIэ топлъызэ. И щхьэм гупсысэ зэмыфэгъухэр щызэрызохьэ, щызэрызехьэ кьудейкъым, щызоныкъуэкъу. «Сэри нысащIэу сыщытащ. Згъэунэхуащ абы и IэфIыпIэр. Шэч хэмылъу, фIыуэ плъагъум ущIыгъуным пэпщIын гъуэтыгъуейщ.

ФIыуэ плъагъуу, укъилъагъужу... ФIыуэ плъагъум уригъусэмэ – жэнэтым уисщ. СулътIан и адэм дэзгъэщIа махуэхэм языхэзри зэростын мы дунеишхуэм теткъым. ЩIалэгъуэмрэ лъагъуныгъэмрэ пэхъун дэнэ къикIын!..»

Чэримэт игукIэ СулътIан и адэм йочэнджэщ: «Сэ-щэ? Сэ дауэ сыхъуну? Си къуэмрэ си нысэмрэ фIыуэ сыкъалъагъуну? Си щIалэр адэ, унагъуэм и джэлэс хъунущ. Ауэ дауэ си къуэр, ар хэтуи щрырет, нэгъуэщI гуэрым зэрестынур? Сыти жыIэ, ауэ си гущIэр мэуз, псэхупIэ къызимыту мэуз... Узахуэщ, сэ абыхэм зэран сахуэхъункъым. Дауэ щымытми, сэ сыанэщ... Нобэр къыздэсым си къуэр зейр си закъуэт. Апхуэдэущ сызэресар. НэгъуэщIу зебгъэсэжыну тыншкъым... Пэжщ, си щIалэ закъуэм и адэ, пэжщ жыпIэр... КъызгуроIуэ. Иджы а тIури си бынщ. СулътIан зэпэгуэшыным Iуэхур нэсмэ, зыми насып къыхухэкIынукъым. Сэ сыанэщ, ар нысэщ. СулътIан хузэфIэкIынущ тIури фIыуэ дыкъилъагъуну, тIуми къытщхьэщыжыну хузэфIэкIынущ. Сэ анэ тэмэму, анэфIу сыщытмэ, езыхэми фIыуэ сыкъалъагъунущ, пщIэ къысхуащIынущ. Зэрыщытынури апхуэдэущ... Си къуэр насыпыфIэмэ, сэри сынасыпыфIэнущ. Быным я хьэтырщ си гъащIэм сызыIууа гугъуехь, хьэзаб псор щIэсшэчыфар. АтIэ, сыт иджы къэхъужар? Зыри! Зыхуэгъэшэч, Чэримэт, зыхуэгъэшэч. Нысэ, анэ къалэнхэр бзылъхугъэ псоми къапэщылъщ. Адэ хъуну хуэмейуэ дунейм зы щауи теткъым. Жэщым махуэр, махуэм жэщыр къызэрыкIэлъыкIуэм хуэдэу, гъащIэми щхьэж и чэзукIэ щызохъуажэ...»

ЩIыбымкIэ къиIукI Iэуэлъауэ мащIэм фызым и гупсысэхэр зэпиудащ. Чэримэт тэджщ, уэздыгъэр пигъэнэжри щIэкIащ, бжыхьыбгъум екIуэлIащ. ПщIантIэм къыщызыжыхь хьэ хьэулейр дихужыну бжыхьым баш къыщыдилъэфым, и Iэгур пхъэ гуанэм фIэуэри къиуIащ. Iэгу уIар ипхэну кIэпхын жыпым бэлътоку кърихащ. Бэлътоку кIапэ зэрыдзам медальоныр игу къигъэкIыжри, унэм щIыхьэжащ. Зыри къыдэмыплъыфыну, щхьэгъубжэ Iупхъуэхэр ирилъэфэкIащ, пIэкум итIысхьэри, бэлътоку кIапэр зэритIэтыкIащ. Чэримэт и Iэгум къихутащ цIыхум и гум ещхьыркъабзэу гъэжа, дыщэ лэрыпс зэрыщIа медальон цIыкIу. Медальоныр зэтрихащ. Абы щхьэц налъэ зыщыплIрэ сурэт цIыкIунитIэрэ илът. И нэр теплъызауэ, абыхэм зыкъомрэ еплъри, хуэмурэ и Iупэм хуихьащ. Медальоным хэгъэтIысхьа налкъут мыщIитIыр, сыт щыгъуи хуэдэу, «хэгупсысыхьауэ» Чэримэт и нитIым къыщIоплъэ. Мы медальоныр СулътIан къыщалъхуа махуэм Чэримэт и пщэм щхьэгъусэм кърилъхьауэ щытащ. Абы щыгъуэ, мыщIэ цIыкIуитIым зэрыIуплъэу, Чэримэт ахэр, лIым и нэ къаритIым, гуапагъэ къызыщIэлыдыкI нэ губзыгъитIым зэрещхьыркъабзэм гу лъитэгъат. Игу къэкIыжащ гушыIэурэ лIым жриIауэ щытар:

– Иджы дэнэ ущымыIами, дэнэкIэ умыгъэзами, уи нитIымрэ уи гумрэ зэпымыууэ сэ сщIыгъунущ.

– Дауи, дауи, – диIыгъащ щхьэгъусэм Чэримэт и гушыIэр. – А мыщIэ цIыкIуитIыр си нитIыр аращ, езы медальоныр зытрагъэжыкIар си гурщ. Аращ къыщIыпхуэсщэхуари.

Ар жиIэри, лIым Чэримэт и щхьэр и бгъэгум щIикъузащ. Иджыпстуи зэхих хуэдэщ абы и гум и къеуэкIэр: «дыргу-дыргу-дыргу». Чэримэт дунейм тетыху а къеуэ макъыр, и лIым и гум и къеуэкIэр и тхьэкIумэм итынущ.

А уахътымрэ щхьэгъусэм къыжриIа псалъэхэмрэ Чэримэт зэи зыми щигъэгъупщэжыфынукъым. ЦIыхубзым и фIэщыпэу къыщыхъурт медальоным къыхэлыдыкI мыщIэ цIыкIухэр темыплъэкъукIыу къыкIэлъыплъу. Чэримэт и фIэщ мэхъу а зэманым кърриубыдэу цIыхубзым и нэгу щIэкIа псоми медальоныр щыгъуазэу: гуауи, гуфIэгъуи, гупсэхугъуи, хьэзаби...

Нэрыбгэм игу къэкIыжащ и щIалэгъуэр. А гукъэкIыжым, гъуджэм къищыжым хуэдэу, къыхощыж пщащэ зэкIужым и пщэ хужь псыгъуэр, Iэдий щабэхэр. Ар иджыкIэ гуауи гузэвэгъуи зымыгъэунэхуа, гъащIэ архъуанэм имыджэрэзыхьа пщащэ ныбжьыщIэт. Зэ еплъыгъуэкIэ къыпфIэщIырт мо хъыджэбз Iэслъэсыр, жьыбгъэ мащIэ къыкъуэумэ, занщIэу ирихьэжьэну. Иджы-щэ?

Чэримэт и нэгу къыщIохьэж пщэдджыжь пасэм дэмыхуэбэжа вагъэм и лъакъуэхэр къисy, ерагъмыгъуейуэ пхъэIэщэм кIэлъыуцу, пхъэIэщэкIыр зэриIыгъар. Мэкъуауэгъуэр, Iэнэ щтэгъуэр-щэ? Удз пыупщIагъащIэм и мэ гуакIуэри фIэIэфIыжтэкъым. Я нэхъ лIы дакъэм къыкIэрымыхун жыхуаIэм хуэдэу, аргъынэр ирехьэх. Iэташхьэм теу-ващи, Iэтэ ещI. Мы лэжьыгъэхэр зауэм ипэкIэ къызэрыщыхъуу щыта дыдэм хуэдэу шынагъуэтэкъым. «Iуэху мыублэ блэ хэсщ» жыхуаIэра хъунт – есэжат. И гурыгъу нэхъ ин дыдэр зыт. Пщэдджыжь нэхущым иIэ хуабэм къыщыхэтэджыкIкIэ егупсысырт: «Ныжэбэрей жэщыр зи щIыIагъым уэс гущIыIум телъу нэху къекIыну къыхуихуамэ, СулътIан и адэр дауэ къела мыгъуэу пIэрэ? Ар сщыгъупщэжауэ, сэ пIэ хуабэм дауэ силъыфа? Тэдж, умыщхьэхыу тэдж. Пщэдджыжь нэхулъэм ар бийм ебгъэрыкIуэу, ажалым и нэгум иплъэми пщIэркъым. ЗыбгъафIэу пIэм ухэмылъ. Хэт ищIэрэ, нышэдибэ нэхъ жьыIуэу къэпша шэм къыхащIыкIыну кхъуей Iыхьэ е тхъуцIынэ тIэкIу зэрымыщIэкIэ абы Iухуэу, уи сэлам ирихыжынкIэ мэхъу». Апхуэдэурэ и щхьэ хуэпсэлъэжырти тэджырт, щхьэгъусэм зауэм щигъэв псор нэсу езым зыхимыщIэу зыкъыщыхъужу зыхуэшхыдэжырт.

Бжьыхьэ жыгым и тхьэмпэхэр зэрыкIуэщIым хуэдэу, махуэхэр, мазэхэр, илъэсхэр мэкIуэщI. ЩхьэлъащIэм зэманыр кIуэ пэтми нэхъ къытогуплIэ. И нэкIухэр лэдэххэм зэрыщIахъумэр, и Iэхэр, и лъакъуэхэр шыгун къутахуэу хьэлъэ зэрыхъур зыхещIэ. И пщэр пшынэкуу зэлъащ, и Iэ щIыIур лъынтхуэхэм зэпапхыкIащ. Ауэ медальонымрэ абы хэлъ мыщIэ цIыкIухэмрэ зэманыр япэлъэщыркъым Ахэр, япэми хуэдэу, зэрылыдщ... Чэримэт и гупсысэхэм блэкIам и тафэхэмрэ къуакIэхэмрэ къызэхакIухь, и гъатхэхэмрэ бжьыхьэхэмрэ зэщIагъэхьэж.

МахуэщIэ къэунэхум и хъыбарегъащIэ адакъэхэм я Iуэ макъым фызыр гукъэкIыжхэм къыхашыжащ. Чэримэт пхъуантэ фIыцIэшхуэм

бгъэдыхьэри, и кІэпхын жыпым ІункІыбзэІух цІыкІу кърихащ, лъэгуажьэмыщхьэ зригъауэри, пхъуантащхьэр мащІэу щІэкІыргъыкІыу къытрихащ. Зэуэ пэшым къыщІэуа хъунгъалІэмэм цІыхубзыр игъэкІэзызащ. Пхъуантэм и гущІыІу дыдэм адыгэ цейрэ бащлъыкърэ теубгъуат, абыхэм я щІагъым лъей морэ-фІыцІафэрэ хъурыфэ пыІэрэ къыщІэлът. Щыгъынхэр къыдихри, и Іэгу лэрыгъухэмкІэ гуапэу ятелъэщІыхьащ. Іэ здыдилъэм апхуэдизкІэ сакъырти, къыпфІэщІынт мы хьэпшыпхэм псэ яІуту, тІэкІунитІэ нэхъ пхъашэу еІусэмэ, зыгуэрхэр узыну. Аргуэрыжьу гупсысэхэм зэщІаубыдэжа цІыхубзыр зы заулкІэ щыму щысащ. ЗыкъищІэжщ, къызэфІэувэри, щыгъынхэр щІыбым щІихащ. ИутхыпщІащ, жьы щІригъэхуащ. КъыщІихьэжри, цеймрэ бащлъыкъ хужьыбзэмрэ гъуэлъыпІэ Іэдийм иридзэкІащ, пыІэр стІолыщхьэм трилъхьащ, езыри, и нэхэр щыгъынхэм ятеплъызауэ, пІэкум щетІысэхащ. Зыгуэрым ечэнджэщ хуэдэ, и Іупэхэр мэпІэжьажьэ: «Арати, дымыщІэххэурэ ди къуэри балигъ хъуащ. Уэ пхуэдабзэ хъужащ. Уэ укъытхэмысыжми... Уэщхьыркъабзэу, щІалэ хэщІыхьащ. Къыпачауэ уэщхьщ... Уи пІэм иуvауи?.. Хэт ищІэрэ... Хьэуэ, сэ иджыри си гугъэр хэсхыжакъым икІи хэсхыжынукъым. Уэ упсэущ, къэбгъэзэжынущ. Махуэл дэдмыхауэ, дызэрыппэплъэр бощІэ. Унагъуэр тхьэмадэншэу хъурэ? Уэрыншауэ, мы дунеишхуэр си дежкІэ дунеижкъым. Ди Тхьэшхуэ, къысхуэгъэгъу! Ар дауэ сигу къэукІт – уи щыгъынхэр нэгъуэщІым естыжыну?! Ар уи къуэ дыдэ СулътІануи щрырети... Уи хьэпшыпхэр си гъусэху, уэри узигъусэщ. Алыхьыр щыхьэтщ узэрызигъусэмкІэ... Си бгъафэм уи хуабагъэр зыхещІэ. Уи гум и къеуэкІэр зэхызох...

Фызыр аргуэру зыкъомрэ Іущэщащ. Къэтэджри, и Іэ щІыб гъурхэмкІэ и нэпсыр щІилъэщІыкІащ. И джанэ бгъафэр итІатэщ, пыІэр къищтэри, ар и бгъэм ирикъузылІэурэ, ІэфракІэкІэ стІолыщхьэм зытригъэщІащ. И дамащхьэхэр зэщІокІэзызэ, и нэкІущхьитІым къежэх нэпсыр ІэщІым къытолъадэ... И Іупэхэр, зэхэпх къудейуэ, мэІущащэ: «Узыншэу, узыншэу. Мыр ди иужьрей дыдэ зэІущІэщ...»

Щхьэгъусэмрэ къуэмрэ я щыгъынхэр фІэдзапІэм зэдыфІэлъу щилъагъукІэ, Чэримэт къыщыхъурт зэадэзэкъуэр зэгъусэу. Адэр моуэ щІэкІа къудейуэ, иджыпсту къигъэзэжыну...

И щхьэгъусэр зауэм даша нэужь, Чэримэт сымэ Азиеми щыпсэуащ. Къагъэзэжри, унэ бэлыхь ящІащ. Пэш нэхъ ин дыдэр, нэхъ ІэхуитлъэхуитьІр и къуэм хухихащ.

Зауэ илъэсхэм фызым и нэгум щІэкІар зыхуэдизым ущІэмыупщІэ. Хьэпшып тІэкІу унэм щІэлъамэ, мащІэ-мащІэурэ ищэжын хуей хъуащ. Ауэ лъейми, бащлъыкъми, цейми, пыІэми я гугъу ищІакъым. Илъэс тІощІ хъуащи, ахэр мазэ къэс пхъуантэм къыдихыурэ и гум ирекъузылІэ, жьы ящІрегъэхури делъхьэж. Пщэ хъун къигъэнакъым, ауэ абыхэм еІусакъым. Дауэ узэреІусэнур?! Шхын щхьэкІэ лІами, ахэр унэм иригъэкІыфынутэкъым. Щхьэгъусэм а щыгъынхэр щыщитІагъэр махуэшхуэ, хьэгъуэлІыгъуэ хуэдэхэрат. Пэжщ, зэ мэжэщІалІагъэм

къыкIэщIикъузэпауэ, нэгъуэщI къыхуэнэжатэкъыми, ахэри ищэжыну и гум къэкIат. АрщхьэкIэ, гукъэкIым щIыгъуу, и нэм нэпсыр щIэз къэхъури, игу къызэрыкIа къудейм и щхьэм мыгъуагъэ хуригъэхьыжащ. Нобэр къыздэсым зыщигъэгъупщэжыфыркъым а гукъэкI ямылъагъужыныр и щхьэм къихьауэ щыщыта махуэр. «Ахэр нэгъуэщI зыгуэрым щыгъыу уэрамым къыдыхьауэ слъагъуу, дауэт сызэрыпсэужынур? Сыт напэкIи цIыхухэм саIуплъэжынут? Хьэуэ, езыр къэкIуэжынущ. КъэкIуэжынущ. Мы щыгъын нэхъыфIыIуэхэр зыщитIэгъэнурэ, уэрамым дэкIынущ, и ныбжьэгъухэм яхыхьэнущ...» – егупсысырт Чэримэт.

Чэримэт, аргуэрыжьти, гукъэкIыжхэм зэщIаубыдэжащ. Зауэр жьапщэ борэну блэкIри, бгы къыгуэуам джабэ нэкIум мывэхэр къызэрырилъэсэхым хуэдэу, цIыхухъухэр зэщIикъуэри дихащ. Зи щхьэгъусэ езыгъажьэ фызхэм, зи къуэ гъуэгу тезыгъэхьэ анэхэм, зи дэлъхухэм IэплIэ яхуэзыщIыж шыпхъухэм я напIащхьэр нэпсым зэщIигъэбэгат.

Махуэр хуабэщи, дунейм и жьэрэжьэгъуэщ. Сабий цIынэр и IэплIэм тесщ. Дыгъэ бзий зэщIэплъахэм щхьэфIэпхыкI фIыцIэм зызэпхадзурэ, фызым и щхьэ куцIыр къагъэкъуэлъэным нэсащ. АтIэми, Чэримэт зыри зыхищIэркъым. Ар лIым и пащхьэм иту, лъагъуныгъэ къызыщIих и нэ гуапэхэмкIэ цIыхухъум и нэгу хъыжьэм, ауэ мащIэу къигуфIыкIым иплъэурэ, сэлэт джанэм ит щIыIум Iэпхъуамбэ кIэзызхэмкIэ нопэщэщ. Нэпс къыфIекIуэр хуэгъэпщкIуркъым, псалъэхэр тэмакъым тонэри къыхудэшейркъым. Езыр-езыру йогупсыс: «Iэджэ мыгъуи жысIэнут, ауэ си жьэр зэрызэщIэсхыу, си нэпсыр къыщиудынущ. Сэ ар нэпс къежэхкIэ гъуэгуанэ тезгъэхьэфынукъым. Ар нэщэнэфIкъым...»

МафIэгум итIысхьэнухэр езыджа макъым тIури къыдыхэскIыкIащ.

Адэм, щIалэ цIынэм ба хуищIыжу, Чэримэт сэлам кърихыжу, и Iэхэр къыщришэкIам, фызым и нэр щыункIыфIыкIащ. Зигъэхъеину къару иIэжкъыми, сэром хуэдэу щытщ. Нэпсыр къемыупщIыжыххэу, къыфIыщIокIри, сабий цIыкIум и нэкIущхьэм тоткIуэ. Модрей цIыкIуми ар фIэмыфIу зызэрегъалъэ. Чэримэт зыкъыщищIэжар и лIыр къилъыхъуэу вагонхэмкIэ щыщIэпхъуаращ.

– Чэримэт! Дэнэ уздэжэр?! Сэ мыбыкIэщ сыздэщыIэр.

ЛIым и джэ макъыр фызым кIэлъыщIыхьат, арщхьэкIэ Чэримэт зэуэ къэувыIэжыфакъым, а зэрыщIихьам хуэдэу жэурэ, япэ вагоным нэсри, итIанэщ къыщигъэкIэрэхъуэжыфар. Чэримэт аргуэру блэжынкIэ шынэри, лIыр вагоным къепкIащ. Нэпс шыугъэм и Iупэр ес, и гур къызэрыдохьей. ТIэкIурэ бауэри, щхьэгъусэм и нэгум иплъащ. ЛIым зэгуэрым Чэримэт кърита уэ щыта бэлътокур кърихри, щхьэгъусэм и нэпсыр хуилъэщIащ, щIалэ цIыкIум и натIэм къекIуа пщIэнтIэпсыр трилъэщIыкIащ.

– Чэримэт, уи нэпсымрэ СулътIан цIыкIу и пщIэнтIэпсымрэ зыкIэрылъ мы бэлътокур сыт щыгъуи си гъусэнущ. Ар къисхыху, сигу фыкъэкIыжынущ.

– Си псэм хуэдэ, дэ укъытщIэмыгупсыс! Дэ ди хэкужь дыкъонэж, ди жьэгужь дыдэсыжынущ. Уэ зыхуэсакъыж. Дэ зыгуэрурэ дыхъунщ.

Уэ Тхьэм укъытхуихъумэ закъуэмэ, сабийхэми зы гущIэгъу къалъысынщ.

– Фымыгузавэ. Дэри къэдгъэзэжынщ. ДытекIуауэ къэдгъэзэжынщ. ЛIыгъэ зыхэгъэлъ закъуэ. Сабийхэм яхуэсакъ. СулътIан цIыкIу уи нэIэ нэхъ тегъэт.

МафIэгу къэкIиям сэлэтхэр щызэригуэм, ар иджыри зэ «хэкIиикIыжри», фIэмыфIыщэу, ерагъкIэ «бауэу» «хэщэтыкIащ», и шэрхъхэр япэщIыкIэ мыпIащIэурэ, итIанэ нэхъ щIэгъэпсынщIауэрэ теуIуэу хуежьащ. ХьэпIацIэм хуэдэу зэхэт цIыху къомыр мафIэгум кIэлъыщIэпхъуащи, Чэримэти мажэ. И нэр къыщхьэрипхъуауэ, илъагъу щыIэкъыми, щIэх-щIэхыурэ мэлъэпэрапэ. Ауэрэ гу лъитащ мафIэгум кIэлъыжэхэр зэрыжэщIым, тIэкIу дэкIыжри, – мафIэгу яIэщIэкIым и закъуэпцIийуэ зэрыкIэлъыжэм. Фызыр къэувыIащ. МафIэгум кърихуу Iугъуэ сырыхур уэгум зэрыхэсыхьым кIэлъоплъ. И лъэхэм ямыIыгъыжу ешати, етIысэхащ. ИхъуреягъкIэ псэ щыдымыжыртэкъыми, дунейр нэщIыбзэ хъуарэ гъащIэр иухакIэу къыщыхъуащ...

ПщIантIэ къызыдыхьэжар лъапсэ нэщIрэ лъапсэ псыIэу, псэ хэмытыжу нэщхъейуэ, блынджабэхэр гъуэтэрымэкIэ бауэу къыпежьащ. И щхьэ хуопсэлъэж: «СыщIэпсэужынур сыт?.. Сыпсэури сылIари си зэхуэдэщ. ГъащIэм мыхьэнэ иIэжкъым...» Зэуэ и тхьэкIумэм къиIуащ лIым и псалъэхэр: «ЛIыгъэ зыхэгъэлъ закъуэ. Сабийхэм яхуэсакъ. СулътIан цIыкIу уи нэIэ нэхъ тегъэт.»



ИхъуреягъкIэ къызэхиплъыхьри, Чэримэт и псэр тIэкIу къыхыхьэжащ. И гур къызэрыгъуэтыжащ. ПсынщIэу къызэфIэувэри, IэлъэщI фIыцIэмкIэ и бгыр щIикъузащ. Пхъэ къутапIэм хыхьэри, пхъэ икъутэу хуежьащ. Джыдэр къедаIуэркъым. КIыхьу едзыха щхьэц Iув ухуэнари и бгъэ зэхуакум къыдэхуэурэ зэран къыхуохъу. Джыдэм кууэ пхъэм зыхеупцIэри къыхухэчыжыркъым. Абы къыжриIэ хуэдэщ: «Лэжьыгъэ тынш щыIэкъым. Дэтхэнэми и пщэ къыдэхуэ къалэныр игъэзэщIэн хуейщ». Джыдэр ерагъыу къыхечыж. Жэм натIэхури Iуэбжэм къыIуувауэ мэбу. «Сэри сызэрыщыIэр зыщумыгъэгъупщэ», – къыжриIэ хуэдэщ. Жэмым и плъэкIэм Чэримэт гукъанэ хелъагъуэ.

Джыдэр игъэтIылъри, Iуэм ихьащ. ШкIэр мащIэу жэмым щIигъэфри, къиишыну кIэщIэтIысхьащ. ШэщIауа шхуэлым къыпыж шэм пэгун джабэр егъэзу. Бахъэр къызыщхьэщих шэм къыхиху хуабэр гуапагъэ IэфI гуэркIэ псэм къодэхащIэ. А гуапагъэм Чэримэт и гум пыIэгъуэ тIэкIу кърытыжащ. ФIыуэ илъагъур езыгъэжьам къыдэщыгъуэу, акъужь мащIэр физ нэщхъейм и нэкIум къодэхащIэ, и щхьэц Iувым ходжэгухь.

Апхуэдэ защIэу махуэхэр зэкIэлъыкIуэурэ, мэкъуауэгъуэр къэсащ.

Чэримэт пщыхьэщхьэм ипщэфIащ етIуанэ махуэм цIыкIухэм яхурикъун гъуэмылэ, и лIым зэрихьэу щыта шэмэджыр, лъэпсылъэр, сыдж-уадэр къигъэхьэзыращ. Сабий цIыкIум и щыгъынхэр зэкIуэцIипхащ. Игъэхьэзыра псори шыдым трипхэщ, хъыджэбз цIыкIуитIымрэ чы ма-

тэм иригъэтIысхьа быдзафэмрэ тригъэзагъэри, нэхущым дэкIащ. Хуей плъыжьым зи пщыIэр щыхэзыса мэкъуауэхэм я тхьэмадэ бригадир Iэшэр Чэримэт гуапэу къыIущIащ.

– Мэкъу еуэфын цIыхухъу къуажэм къыдэнакъым, – къэрегъажьэ Чэримэт. – Iэщыр щIымахуэм дауэ зэрыхъунур? Си щхьэкIэ, мы СультIан цIыкIу и адэм пиупщIу щытам хуэдиз пызупщIынщ жысIэу фыкъэзгъэгугъэфынкъым, ауэ схузэфIэкI сщIэнщ. ЦIыхухъу Iыхьэ ныкъуэ нэхъ мыхъуми къысхуехьэлIэмэ, ари зыщIыпIэкIэ гуэувэнщ. Ауэ лIыжьхэм схуелъэIу мэкъу еуэкIэ сагъэлъагъуну, си шэмэджыр схуауIуну. Сэ си къару дэхуэ къэзгъэнэнкъым.

– Чэримэт, си псэм хуэдэ, мы жыпIэ хьэдэгъуэдахэр къыбгурыIуэжрэ? ЦIыхубз мэкъу еуэу игъащIэм хэт илъэгъуа?!

– Мэкъуауэнри мэш къэхыным нэхърэ нэхъ гугъуу къыщIэкIынкъым. Зауэм къихьа бэлыхь къомыр щыдгъэвыфкIэ, абыи зыгуэр тхуещIэнщ.

– Си щхьэкIэ, цIыхубзым сыбгъэдыхьэрэ, «мэкъуауэ дэкI» жесIэмэ, фIэкхъыу сыделэу аращ. А делагъэм дытумыгъэпсэлъыхьыххэ.

– А уи Iэ ижьыр зэрыпфIэкIуэдари делагъэ?

– Ар зауэм хэслъхьащ.

– Сэри мэкъу сеуэну сыхэзыгъэзыхьар зауэрщ. Сыт абы щхьэкIэ дыщIызэбгъэныкъуэкъур?..

Абдежым шкIахъуэ лIыжьыр псалъэмакъым къыхыхьащ:

– Пэжу, дэ дыунафэщIкъым, унафэ дагъэщIыркъым. Ауэ лIыжьым жиIэнуми фыкъедаIуэм ягъэ кIынкъым. Дэ Iэщ ди хъушэщ. ЩIымахуэр нобэ-пщэдейуэ къэсынущ. Шэмэдж зыIыгъыфыну хъуар зауэм дашащ. ЛIыжьхэмрэ щIалэжь цIыкIухэмрэ жылэр мэкъумылэкIэ къызэрагъэпэщыфынукъым. Чэримэт цIыхубзми, цIыхухъу акъылкIэ мэгупсысэ. Фызи хъыджэбзи, кIэщIу жыпIэмэ, шэмэдж зыIыгъыфыну псори зэщIэгъэуIуэн хуейщ.

– Тхьэразэ къыпхухъу, дадэ, псалъэ захуэщ жыпIар. ЦIыхубзищплIым махуэм зы гектар нэхъ мыхъуми паупщIыфмэ, ари Iэджэ и уасэкъэ.

– И уасэкIэ и уасэщ, ауэ, зиунагъуэрэ, дауэ хъун, цIыхубзхэр мэкъу ирегъауэ къысхужаIэу.

– Зауэри цIыхубз IэщIагъэкъым, арщхьэкIэ цIыхубз дапщэ зауэм Iутыр? Мис абыхэм еупщIыт: «Сыт цIыхубзхэр фыщIэзауэр?» – жыIи.

– НакIуэ, си хъыджэбз, си гъусэу. Бригадирым зыхуейр жрыреIэ. Гуауэмрэ гузэвэгъуэмрэ къыщыкIуэм деж, «дынакIуэ хъуну?» жаIэу къоупщIыркъым, – лIыжьым Чэримэт зыщIигъури, мэкъупIэмкIэ иунэтIащ. Мэ гуакIуэр зэбгрызыхых удз Iув яер мэкъуауэхэм пэплъэурэ ешагъэфэт, «симыгъухьыж щIыкIэ, сыпывупщI», жиIэу гузавэу.

Мывэмрэ лэпIанкIэмрэ шэмэджым дидзэри, лIыжьыр аргъынэ ихьыну хэуващ. КъохьэлъэкI лIыжьым. И тхыр мэузри, дахэ-дахэу зыхуэгъэшыркъым. АтIэми, и Iэхэр зэдэууэ щIедз, ислъэмей къэфэну техьа фIэкIа умыщIэну. Аргъынэ Iувыр мыпIащIэурэ йогъуэлъыкI.

– Си тхыр мыхъуами... Си щIалэгъуэр сигу къэзгъэкIыжауэ, езупщIэтэхынт... Уи шэмэджыр шэмэдж бэлыхьщ, си хъыджэбз. Мэт, иджы уэ убыди, еплъыт. УмыпIащIэ. Хуэм цIыкIуурэ ехьэх. Гъуэгу махуэ! Алыхьым пхуэмэхуэн ищI!

Чэримэт шэмэджыр иубыдри зыщигъэкIэрахъуэм, шэмэджыпэр щIисащ. ЕтIуанэу зыщигъэкIэрахъуэм, аргуэру щIисэнкIэ шынэри, нэхъ лъагэу иIэтащ, ауэ иджы удз щхьэфэр триупщIыкIри, и зэхуэдитIыр тафэм къытенащ.

– Зэт, къащтэт мыдэ, – шэмэджыр лIыжьым Iихыжащ. – Къеплъ сэ зэрысщIым. Шэмэджыпэр епхьэхыщэ хъунукъым – щIисэнущ, къэпIэтыIуэмэ, пиупщIынукъым. Нэхъ тыншу, утIыпщауэ, хуиту зыукъуэдий, – тIэу-щэ зигъэкIэрахъуэри, шэмэджыр къыIэщIилъхьэжащ. – Мэт, еплъыт иджы.. Ыхьы-ы... Нэхъ зышэщIыIуэ, шэмэджыкIыр нэхъ ехьэх.

– Тхьэ, дадэ, сесэну къыщIэмыкIын. КъызэдаIуэркъым – зэм дрем, зэм къредзых.

– Хэт-тIэ занщIэу, зэ къэщтэгъуэкIэ мэкъуауэкIэм есэ уи гугъэр? Апхуэдэ щыIэкъым, си псэм хуэдэ. Уэ къеджэкIэ, тхэкIэ занщIэу, зэ пэрытIысхьэгъуэм зэбгъэщIа? Мыри аращ-тIэ. Сэ пщыIэмкIэ сытемыхьэжу хъунукъым. Уэ умыпIащIэурэ згъасэ.



ЛIыжьыр мэз гъунэгъумкIэ хыхьэри, Чэримэт къимылъагъуу, мэз лъапэм къыхэтIысхьащ, цIыхубзым и мэкъуауэкIэм кIэлъыплъыну.

Чэримэт шэмэджыр хуэжыIэдаIуэркъым. Зэм щIесэ, зэм щIелъэф. ПщIэнтIэпсыр къыпоху. Ауэ цIыхубзым зыхещIэ ар кIуэ пэтми нэхъ къызэрыхуэIурыщIэр. ПщIэнтIэпсыр и нэкIуми, и пщэми, и плIэми йожэх. И тхыр къыхэузыкIыурэ зиузэхуащ. Зригъэзыхри, удз Iэгуэ къищтащ, шэмэджыр илъэщIри, лэпIанкIэ дидзащ. И щхьэ хуопсэлъэж: «Мэкъу сеуэнущ», жыпIэу уащыфIыхэувакIэ, еуэ. Ухуейми тIууэ зэгуэуд, ауэ згъасэ. Зезмыгъэсэфмэ-щэ? ИтIанэ дауэ сыхъуну? УкIытэгъуэкъэ? Алыхьым жимыIэкIэ. Си псэр аргъынэ лъабжьэм къыщIэзна пщIондэ, сыкъикIуэтынкъым».

ЛIыжьыр цIыхубзым зыкъомрэ кIэлъыплъри, и щхьэ хуэпсэлъэжу, жиIащ: «ЦIыхур хуеймэ, хузэфIэмыкIын щыIэкъым. Мы сэ слъагъу Чэримэт къикIуэтынукъым». Ар жиIэри, игу зэгъауэ, шкIэм кърмгъэгъэзэну, къуащIэмкIэ иунэтIащ.

Чэримэт и бостейм, ухуеймэ, зикI псы къыщIэкъузыкI. Зэуэзэпсэу и нэкIур дыгъэм ижьащи, жэгундэ плъыжь фIэкIа зэрыпщIэн щыIэкъым. И Iур гъущIащ, и Iупэхэр къызэщIэчащ.

ПщыIэмкIэ къиIукIащ и хъыджэбз цIыкIум и макъ. «Сабийр мэжалIэмэ, быдз ефэну гъыуэ къыщIэкIынщ», – егупсысащ Чэримэт. Аргъынэр нихьэсри, и Iэужьым ириплъэжащ. Иужьрей аргъынэ зытIур нэхъ езэгъырабгъу хуэдэт. ЦIыхубзыр абы щыгуфIыкIащ. Лъэпсылъэр жьауапIэ щIигъэувэщ, шэмэджыр и дамэм трилъхьэри къежьэжащ. Шэджагъуашхэр къэблэгъат.

Сабийр быдз иригъэфащ. Езыри хъыджэбз цIыкIухэм ящIыгъуу шэджагъуашхэ шхащ. ЗигъэукIурийри, заулкIэ зигъэпсэхуащ. ЛэжьакIуэ текIыжыну шэмэджыр къыщищтэм, лIыжьыр къыбгъэдыхьащ:

– УмыпIащIэт, си хъыджэбз, уи шэмэджыр удзэIуауэ къыщIэкIынщ. Уэ иджыри тIэкIу зыгъэпсэху, сэ апщIондэху пхуэзуIунщ. Адрейхэр нобэ мэкъу щеуэр Хуей Гъуафэращ, ауэ пщэдей мыбыкIэ къеIэпхъухынхэу къыщIэкIынщи, итIанэ ахэр къыбдэIэпыкъунщ. Сэри, пщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъурэ шкIэхэр къытезгъэхьэжмэ, сынэкIуэнщи, аргъынэ зы-тIу къыбдэсхьынщ.

Ар жиIэри, лIыжьыр жьауапIэм щIэтIысхьащ, шэмэджыр иуIуну. Сыдж-уадэ макъыр мэз гъунэгъум щхьэщысыкIырти, жыжьэу къырхэм джэрпэджэжу къыщыIужырт.

ЛIыжьри къыдэIэпыкъуурэ, а махуэм Чэримэт хъарзынэу хигъэщIащ. Ешат, ауэ сыт хуэдизу емышами, унэм емыхыжу хъунутэкъым.

Унагъуэ Iуэхухэр зэфIигъэкIыу зыщигъэукIуриям, къэтэджу зитIэщIын хузэфIэкIыжакъым, зэрыхуэпауэ Iурихащ.

Нэхулъэм зыкъыщызэкIэщIитхъым къэтэджри, жэмыр къишащ. Хъыджэбз нэхъыжьым жэмыр дихуащ. Езым нэхъыщIэ цIыкIуитIыр здищтащ. Шыдым зэпедзэкIа чы матэхэм иригъэтIысхьа хъыджэбз цIыкIумрэ щIалэ цIынэмрэ пщэдджыжь хьэуа къабзэр къаIурыIэфIагъэнти, тхъэгъуэу жейрт. Шыд цIыкIуми и щIыбым илъыр къыгурыIуа хуэдэ, ахэр къимыгъэушын щхьэкIэ, щабэрыкIуэу щIэкIуэрыкIырт.

ПщыIэм щынэсам мэкъуауэхэм текIыну загъэхьэзыракIэт. Чэримэт сабийхэр зыхуей хуигъэзэху, къуажэ советым и председателыр я пашэу, цIыхубз гуп къэсащ.

– Уи пщэдджыжь фIыуэ, Чэримэт. Нобэ щIыхьэху тщIыну ди мурадщ, – жиIащ председателым.

– Фи пщэдджыжь нэхъыфIыжу! IуэхуфIщ къефхьэжьар. Тхьэм къывигъэхъулIэ!

– Мы нэрыбгэхэм щапхъэ къыптрахыну арaщ, уи лъагъуэм ирикIуэнухэщ. Уэ цIыхубз гупым я пашэу удогъэув, Чэримэт. Шэмэдж уIунымкIэ лIыжьхэр къывдэIэпыкъунщ.

– Ана-а-а! Хэт и пашэ! Сэ езым аргъынэ хьыкIэ иджыри зэзгъэщIакъым, дэнэ къикIа шэмэдж пашэ. ИтIанэ зэманкIи сехъулIэнукъым. Унагъуэ Iуэхухэри къыспэщылъщи, пщыхьэщхьэкIэрэ семыхыжу хъунукъым. Си пщэм къыдэфлъхьэрэ схузэфIэмыкIмэ, си напэр текIакъэ?!

– ПхузэфIэкIынщ. Сэ уи дыгъуасэрей лэжьыгъэр слъэгъуащ. Псори тэмэмщ. Мы цIыхубз цIыкIухэми уэ къыбдэплъейуэрэ мэкъуауэкIэ зрагъащIэмэ, ар Iуэхушхуэщ, Чэримэт. Ахэр уи жыIэм фIэкIынукъым. ФIырекIи, ireплъыжыт! Мыхьыр язгъэхьынщ. Апхуэдэщ иджыпсту

зэманыр, Чэримэт! Гъуэгу махуэ, си шыпхъухэ! Сэ сехыжынщи, уи жэмри шкIэри мыбы къыдэсхунщ, уипхъу нэхъыжьри къыдэсшынщ. ДяпэкIэ, мэкъуауэгъуэр духыху, жэщхэсу фылэжьэнущ.

Чэримэт абы пидзыжынIауэ хузэфIэкIакъым. Лъахъстэн фIыцIэр лъитIагъэщ, и лIым и упщIэ пыIэ хужьыр щхьэритIагъэщ, бгырыпхыбгъуэшхуэкIэ и бгыр щIикъузэри, цIыхубз гупым я пашэу пщыIэм текIащ.

Япэ махуэм цIыхубзхэм шэмэдж Iыгъыкlэ зрагъащIэу арати, паупщIаишхуэ щыIэкъым. Пщыхьэщхьэм къытехьэжхэри, тIэкIу зэIурыуа нэужь, удз къэхагъащIэр я уэншэкуу загъэукIуриящ. ЛIэнкъэнэну ешахэр, удзымэ IэфIым я щхьэр игъэунэзауэ, мыгувэу лIам хуэдэу зэщIэжеящ.

Тхьэмахуэ нэхъыбэ дэкIатэкъым цIыхубз гупым мэкъуауэлI нэс-хэм хуэдэу аргъынэр ираупщIэтэхыу зыщрагъэсам. Мы нэрыбгэхэм я хъыбар къуажэ гъунэгъухэми нэсат. Нэса къудейтэкъым, атIэ езыхэми цIыхубз бригадэхэр къызэрагъэпэщырт.

Мэкъумылэр ягъэхьэзыращ. Бжьыхьэ лэжьыгъэхэри кърахьэлIащ. Иджы ахэр пщыхьэщхьэкIэрэ зэхэст, зауэм Iутхэм щхьэкIэ Iэлъэ, цы лъэпэд зэрахъэу, щIакIуэ, джэдыгу, лъей ящIу. Чэримэт ипхъу нэ-хъыжь цIыкIур, илъэсий фIэкIа и мыныбжьми, еджакIуэ къызэрикIы-жу, унагъуэ Iуэхум пэрыувэрт, пщафIэрт, лъасэрт, нэхъыщIэ цIыкIухэр зыхуей хуигъазэрт. Анэм и гур узу абы кIэлъыплъурэ, езыр-езыру зигъэудэIужырт: «Вы зимыIэм шкIэ щIещIэ».

Зауэм и пэкIэ Чэримэт IэнатIэ гуэри Iутакъым, унагъуэ Iуэху фIэкIа зыри и пщэ дэлъакъым. Иджы, колхозым щылэжьэн зэрыщIидзэрэ, «мыр цIыхухъу лэжьыгъэти, мыр цIыхубз Iуэхути» жиIэу зэхэдз имыщIу, нэхущым щыщIэдзауэ губгъуэм итщ.

Адрей цIыхубз псоми хуэдэу, губампIэдэхыу къыхуэнар лэжьыгъэр аращ. ЦIыхубз щахэткIэ, абыхэм и гукъеуи гупсыси ядегуэшри, нэхъ къытопсынщIэ. Адрейхэм еплъурэ, и щхьэ хужеIэж: «Си закъуэкъым мыр зи натIэр. Псори апхуэдэщ».

Зауэм къикIа хъыбар кIапэ зыгуэрым къыIэрыхьамэ, ар къызыIэрыхьар езыра хуэдэ, догуфIэ. ЩхьэкIуэ тхылъ къызыхуэкIуэхэм я гуауэр ядегуэш.

Чэримэт и пщIантIэми зы махуэ гуэрым къэсащ ажалым нэхъ-рэ нэхъ Iейуэ зыщышынэ хъыбарыр. ПщIантIэри, унэри, хьэблэри япэщIыкIэ гъуэг макъым зэщIищтащ, тIэкIу дэкIри, нэщхъеягъуэ жагъуэм щыму зэщIиубыдащ. Ауэ, тхьэм и нэфI къащыхуэ, хьэблэр, къуажэр щIэгъэкъуэн къыхуэхъуащ, гуауэм иримыщIыкIыпэу къра-гъэлыфащ... Пщыхьэщхьэм губгъуэм къикIыжа нэужь, и хъыджэбз нэхъыжь цIыкIум щхьэкIуэ тхылъыр къыщыIэщIилъхьа дакъикъэр и псэр пытыху игу ихункъым. И бынхэр зригъэтIысэкIщ, сэлэт пи-лоткэ щхьэрыгъыу щхьэгъусэм кърагъэхьауэ щыта сурэтыр и бгъэм щIикъузэри, зэщыджэу сыт хуэдизрэ щысами ищIэжыркъым.

Абы щыгъуэ бынхэр цIыкIут. СыткIэ ящIэнт лэжьакIуэ къикIыжа анэм псоми тIэурытIэ IэплIэ, ба къащIыхуищIыр. Чэримэт и щхьэгъусэми езыми я цIэкIэ бынхэр зрикъузылIэу арат.

ЩхьэкIуэ тхылъым и ужькIэ Чэримэт мурадрэ гугъапIэуи иIэри зэрыщыту и гъащIэри быным ятриухуащ. Псом хуэмыдэжу, СулътIан цIыкIу. Сабийхэм цIыху нэс къахищIыкIыну и къару къызэрихькIэ щIэкъурт. Я адэм ещхьу игъэсэну хуейт. ЩыцIыкIум къыщыщIэдзауэ, быныр хадэм илэжьыхьу, Iэщым кIэлъыплъу, пхъэгъэсын ягъэхьэзыру къигъэхъуащ. Я дневникхэм «тхурэ» «плIырэ» фIэкIа имыту щилъагъукIэ, и нэпсым къызэпижыхьырт: «Алыхьым и шыкурщ, адэ лъэужьым ирокIуэхэр». СулътIан цIыкIуи зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм адэм нэхъ ещхь хъууэрэ къызэрыдэкIуэтейр и гуфIэгъуэ тIуащIэт. «И адэм къигъэзэжауэ щыс фIэкIа пщIэн!» – щэхуу хукъуэплъырт и къуэм.

Ауэрэ щIалэм школыр къиухащ, агрономы еджащ. Чэримэт иджы къуэм ирогушхуэ.

«И адэр псэужамэ, и къуэмрэ нысэ цIыкIумрэ сытым хуэдэу ящыгуфIыкIынут!» – мэIущащэ фызыр. ХьэгъуэлIыгъуэр екIуэкIыу хьэщIэхэр къыщрагъэблагъэм абы къызыщигъэхъурт, адэр хьэщIэхэм яхэсу, къуэмрэ нысэмрэ защимыгъэнщIу еплъу. «Уэ зэпымыууэ утщIыгъуати, аращ ди хьэгъуэлIыгъуэр хъарзынэу щIыдэтхыфар», – егупсысырт Чэримэт...

КъыщIэкIыну зызыгъэхьэзыр дыгъэм и пшэплъ жыжьэм нэхущ вагъуэхэр зырызу хесхьэж. ПщIантIэм Iэуэлъауэ къыдоIукI – зыгуэрхэр къэушакIэу, я Iуэхум пэрохьэ.

Чэримэт зытхьэщIыпIэмкIэ Iухьэри зитхьэщIащ. Цеймрэ лъеймрэ, бащлъыкъыр, пыIэр къищтэри, аргуэру и бгъэм ирикъузылIащ. И Iупэ кIэзызымкIэ ба яхуищIурэ мэIущащэ: «ХуэфIыну Тхьэм жиIэ! УзыншагъэкIэ Тхьэм зуригъэхьэ, си щIалэ! Уэращ иджы унагъуэм и джэлэсыр, тхьэмадэр уэращ...» Щыгъынхэр екIуу зэкIуэцIилъхьэщ, ипхъу нэхъыщIэр зыщIигъури, лэгъунэм щIыхьащ. Хъыджэбзхэр зэщIэтэджащ. СулътIан щIэкIыну ежьат, арщхьэкIэ Чэримэт идакъым, ауэ хъыджэбзхэм елъэIури щIигъэкIащ. НысащIэр укIытати, цIыплъ къэхъуауэ, и щхьэр ехьэхауэ плIанэпэм дэтт.

– ФытIысыт, тIасэхэ, – жиIащ Чэримэт, и макъыр кIэзызу.

СулътIан анэм и плIэм и Iэхэр гуапэу иришэкIри, диваным иригъэтIысхьэурэ жиIащ: «Мамэ, цIыхухэр къызэхуэмыс щIыкIэ къэтIыси, тIэкIу едзакъэ, итIанэ пхущIыхьэжынукъым». ЩIалэм анэм и пащхьэм щIакхъуэрэ лы гъэварэ иригъэувэри, кхъуэщын фалъэ дахэ цIыкIум махъсымэ хуригъэхъуащ. И IэбэкIэ нэгъунэ къыпачауэ и адэм ещхьщ...

Чэримэт хъуахъуэри, махъсымэм еIубащ. Хэгупсысыхьауэ здэщысым, нэпс зыщIэз и нитIыр лIым и щыгъыным теплъызащ. Мы хьэпшыпхэр анэм къыщIихьар къагурымыIуэу, СулътIанрэ нысащIэ

цIыкIумрэ зэплъыжырт. Зыкъомрэ щыму щысри, фызым и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ и щхьэр къиIэтащ.

– Си щIалэ, си псэм хуэдэ!.. Уи адэр псэужамэ, мыхэр щыгъыу хьэгъуэлIыгъуэм хэтынут. Иджы сэ сыхуейщ ахэр, уи адэм и фэеплъу, уэ къыпхуэнэну. Хуэсакъыу зехьэ, махуэшхуэхэм, гуфIэгъуэ махуэхэм цIыхухэм уарихыхьэу зехьэ... Уи адэм и фэеплъщ...

Щыгъынхэр и къуэм IэщIилъхьэри, нысэм бгъэдыхьащ. ЦIыхубзым и Iэпэ щабэ цIыкIухэр и Iэгу пхъашэм ирилъхьэри едэхэщIащ.

– Си хъыджэбз, уи тхьэмадэр псэужамэ, нобэ сыт хуэдэ саугъэт къыпхуищIыну щытами сщIэркъым... СултIан къыщалъхуам абы мы медальоныр къызитауэ щытащ. Абы илъщ мы дунейм си дежкIэ нэхъ лъапIэ дыдэу тетыр: СултIан цIыкIу и щхьэц налъэхэмрэ адэр зауэм щыдашым трахауэ щыта сурэт цIыкIумрэ. Иджы медальоныр уэ ппщIэхэлъыну сыхуейщ. Зехьэ. СултIан и адэмрэ сэрэ дызэрызэрылъэгъуам хуэдэу фызэрылъагъу... Абы и адэм зэи си жагъуэ къищIакъым. Уэри апхуэдэу СултIан къызэрыпхущытынур си фIэщ мэхъу.

Дыгъэ къыщIэкIым и бзийхэм жыг щхьэкIэхэр дыщафэу зэпагъэлыд. А бзийхэм уэсэпс ткIуэпсхэр налкъут щыгъэу къахонэхукI. Къуажэм махуэ бзыгъэр къыщхьэщокIуатэ. Зы жыгым къытепкIым адрейм тепкIэурэ бзухэм хьэгъуэлIыгъуэ пшыналъэ зэфIащIэ. Зы махуэщIэ угъурлы аргуэру нэху къекIащ.



*ЗэзыдзэкIар* **УЭРЭЗЕЙ Афликщ**

ЗАНКИШИЕВ Хъусен

## ЗЭХЭГЪЭЖ ЩРЕМЫIЭ

*Рассказ*

Зэхуэфащэу зэрихьэлIэжат а тIур. Зыр щIымыгъуу, адрейр псэуфынутэкъым. Бгым къыщыщIэж псынэ цIыкIуитIыр зэхэлъэдэжу зы къуршыпс уэр цIыкIу къызэрагъэщIым хуэдэу, мы тIум я гъащIэри зыуэ зэхыхьэжри, унагъуэ насыпыфIэ къагъэщIат. Къуажэдэсхэр ныбжьыщIитIым ехъуапсэрт, я насыпыр кIыхь хъуну ехъуэхъухэрт. Ауэ жылэм фыгъуэнэди дэмысу хъунт?! Апхуэдэ закъуэтIакъуэр зэщхьэгъусэ ныбжьыщIэм яхущIэбжэурэ, я насып гъуэгур кIэщI хъуну траIуэрт.

– ЩIалэхэщ иджыри. Унагъуэ Iуэхум и хьэлъагъ зыхащIэну хунэсакъым. Ар зыхащIэмэ, фыкъаплъи фыкъэдаIуэ, зэрызэрышам нэхърэ нэхъ псынщIэу зэбгъэдэкIыжынщ... Фи фIэщ мыхъуу ара? Фымыгузавэ, хэт жиIэр пэжми, зэманым наIуэ къищIынщ... – жаIэрт абыхэм.

Зэманым, пэж дыдэу, наIуэ къищIащ Мухьэжыррэ Iэсятрэ я лъагъуныгъэм и къабзагъэр, быдагъэр. Апхуэдэхэрщ уэрэд зыхузэхалъхьэр, зи хъыбар щIэблэхэм зэлъащIысыр. ЗэгурыIуэрт, зэдэIуэжхэрт, псалъэ лъэпкъ хэмылъу, плъэкIэ къудейкIэ зэрыщIэхэрт. Ар лъагъуныгъэм и

бзэ къабзэу щыӀэхэм я нэхъ къулейт. Мухьэжыр Ӏэсят щхьэкӀэ имыщӀэн щыӀэтэкъым, Ӏэсят и щхьэр и лӀым лъэгущӀыхь хуищӀыфынут.

Зэгуэрым Мухьэжыр тӀысри, я унагъуэ Ӏуэхухэм и фӀэщу егупсысащ. «Си лъагъуныгъэ закъуэр кӀыфӀ зэхэту къотэджри, жэмыр къеш, Ӏэхъуэм дегъэкӀ, – и щхьэ хужиӀэжырт абы, – къегъэзэжри, мэлхэр, шкӀэр деху. Абы и ужькӀэ шэщӀэху макӀуэ, шэщӀэхум къокӀыжри, пщэдджыжьышхэр егъэхьэзыр. А псом я ужькӀэщ сыкъыщигъэушыр. КӀэщӀу жыпӀэмэ, тхьэмыщкӀэм пщэдджыжь Ӏуэхухэр зэрыщыту зэфӀигъэкӀыху, сэ пырхъыжу сожейри сыхэлъщ. Ар тэмэмкъым. Лей къытохьэ си щхьэгъусэ закъуэм... ДяпэкӀэ а Ӏуэхухэр сэ си пщэ дэслъхьэжын хуейщ».

Апхуэдэ унафэм къыхуэкӀуащ Мухьэжыр. ЕтӀуанэ махуэм, нэху мыщыпауэ, уафэгум иджыри вагъуэ закъуэтӀакъуэ къинэжауэ, къэтэджащ ар. ИгъащӀэкӀэ «жейнэд» зыхужумыӀэфын Ӏэсят къэушатэкъым, жэмыр къишу, Ӏэхъуэм щыдигъэкӀам. Мэлхэр дихуащ. Шэ пэгуныр къищтэри, я гъунэгъум шэщӀэху кӀуэну ежьауэщ Ӏэсят унэм къыщыщӀэкӀар. Пэгун зыӀыгъ лӀыр щилъагъум, цӀыхубзыр зэкуэфэуэжащ:

– Ассымыгъуэ, пщӀэр сыт?! ЛӀышхуэ абрагъуэр шэщӀэху укӀуэу укъалъагъумэ, си напэр текӀакъэ, цӀыхум сыт къысхужаӀэн?! Уи напэри тепхыжри, си напэри дэбгъэкӀуауэ аракъэ абы къикӀыр?!

– Сыт-тӀэ абы щхьэкӀэ? Сэ шэщӀэху сыкӀуэкӀэ къэхъунур сыт?! ЛӀым зы шэ пэгун шэщӀэхумкӀэ ирихьэкӀамэ, дунейр къэкъутэжауэ ара? Унагъуэ Ӏуэхур бдэзгъэпсынщӀэным емыкӀу лъэпкъ хэслъагъуэркъым. ЕмыкӀур фызыр щхьэкъэӀэт имыӀэу лажьэу, лӀыр абы кӀэлъыплъу Ӏуэхуншэу щыщысым дежщ...

КъызэримыкӀынуӀар къыгурыӀуэри, Ӏэсят щхьэгъусэм еныкъуэкъуакъым. Ар шэщӀэхум къикӀыжыху, Ӏуэхуншэу щымысын щхьэкӀэ, хьэмфӀанэ къищтэри хадэм ихьащ, нартыхур ипщӀэну.

Мухьэжыр къыщыкӀуэжым жыжьаплъэу къилъэгъуащ хадэм пщӀэуэ ит фызыр. Зыри жимыӀэу унэм щӀыхьэжри, пщэдджыжьышхэ ипщэфӀу фызыр игъэгуфӀэну, пщэфӀапӀэмкӀэ иунэтӀащ. Лырэ кӀэртӀофрэ зэщӀэлъу зэрыжьыкӀ тебэшхуэр, бахъэр къыщхьэщихыу, хьэкум тетт. Ар нэхъ псынщӀэу жьэн щхьэкӀэ, Мухьэжыр мафӀэр щӀигъэгуэщӀащ. Куэд дэмыкӀыу, лы пшэрыр зэщӀэпӀэнкӀащ, Ӏугъуэмрэ сырымэмрэ пщэфӀапӀэм щӀэз хъуащ, унэм щӀэкӀри, Ӏэсят нартыху щипщӀэ хадэм ихьащ. Фызыр зэщӀэпэмыкӀри, зи щхьэгъубжэм Ӏугъуэ къыдиху пщэфӀапӀэмкӀэ плъащ. ЛӀым зыгуэр зэрызэхищӀыхьар къыгурыӀуэри, жэрыгъэкӀэ унэмкӀэ иунэтӀыжащ...

– Пщэдджыжьышхэр хьэзырщ, – къыпыгуфӀыкӀащ Мухьэжыр. – Еплъыт, си псэ, ӀэфӀ хъуакъэ?! Ар, дахэ, япэрауэ. ЕтӀуанэрауэ, нобэ щыщӀэдзауэ зыгурыгъаӀуэ: хадэ пщӀэныр, нартыху зэкъуэчыныр, кӀэщӀу жыпӀэмэ, лэжьыгъэ хьэлъэхэр цӀыхубз къалэнкъым. Сэращ ахэр зи пщэ дэлъын хуейр... Ари хъунщ, ауэ дауэ къыпщыхъуа си пщэфӀэкӀэр?

Ӏэсят зы лы тыкъыр пыдзэкъыкӀри пыгуфӀыкӀащ:

– ІэфІ дыдэщ. ИгъащІэм мыпхуэдэ сІухуакъым.

– Ауан сыкъыбощІ... Си жагъуэ къыумыщІын щхьэкІэ...

– Хьэуэ, хьэуэ. Псори тэмэмщ. Ауэ тІэкІу мышыущ, бжьын щІэплъхьакъым, мащІэуи кІэрисхьащ... Хадэм сыкъикІыжыху укъызэжьэн хуеящ. Дауэ мыхъуми, пщэфІэныр цІыхухъу ІэщІагъэкъым...

– Хьэуэ, мыбдежым уэ узахуэкъым. Алыхьым имыухкІэ, ауэ уэ зыгуэр къыпщыщІ хъужыкъуэмэ, сымаджэ ухъумэ, хэт пхуэпщэфІэнур, узыгъэшхэнури хэт? Аращ сэ пщэфІэкІэм зезгъэсэн щІыхуейр.

Махуэ гуэрым Іэсят къалэ бэзэрым хадэхэкІ тІэкІу ишэу ищэну зигъэхьэзырат. Ар щилъагъум, Мухьэжыр жиІащ:

– А хьэлъэ къомыр уи закъуэ къыпхуелъэфэкІынукъым. АтІэми, автобусым цІыхур игуауэ исынущ. Сэ сыкІуэнщи нэхъыфІщ...

Бэзэрым къикІыжа Мухьэжыр пщыхьэщхьэм я пщІантІэм щыдыхьэж дыдэм куэбжэпэм мэкъуауэхэр къезышэхыжа машинэр къыщыувыІащ. Абыхэм яхэт цІыхубз закъуэр машинэм къехри, и шэмэджыр лІыхэм къыхуашиижащ. Мухьэжыр еплъыпэмэ, а цІыхубзыр... и Іэсятт... И нэкІур хэпщІыкІыу дыгъэм ижьат, и Іэгухэри псыбыб хъуат. Мухьэжыр и нэкІэ илъагъур и акъылым къыхуигъэтІасэркъым. ЗэфІэумэзэхауэ зы заул щытщ, щытщ, зыкъищІэжри, и щхьэ хужиІэжащ: «Иджы пыІэ щхьэрумытІэгъэж!..»



Унэм щІыхьэжа нэужь, Іэсят жиІащ:

– НатІэм илъ псор пщІэнукъым. ЗыгуэркІэ гукъыдэмыж укъэхъурэ, мэкъуауэ удэмыкІыфмэ, мэкъумылэ зыгъэхьэзырын дыхуейкъэ?! Аращ мэкъу сеуэфу зыщІезгъасэр, си псэм хуэдэ...

Іэсят ешами, пщыхьэщхьэшхэр игъэхьэзырыну хьэкум бгъэдэуват, ауэ Мухьэжыр щхьэгъусэ закъуэр фІэгуэныхь хъури, фызым и пІэкІэ езыр пщэфІащ.

Лэжьыгъэ зэмысам и псэр пыхуу иригъэша цІыхубзыр тІэкІу зэІурыури, и щхьэр щхьэнтэм зэреІусэу, лІам хуэдэу, Іурихащ, нэху щыхуи хьэдэ хъурейуэ жеящ.

Іэсят жея щхьэкІэ, Мухьэжыр езэгъакъым, жэщ псом гупсысэу хэлъащ. Зэгупсысауэ хъуам къыхихари мыращ: «Зэманым емызэгъыж хабзэжьхэр гъэкІуэдыжын хуейщ. Сэ си къалэнщ цІыхубзми цІыхухъуми зэхуэдэу хуитыныгъэ яІэным сыщІэбэныну. Си къалэнщ си тхьэІухуд шырым и хуитыныгъэхэр зыми дезмыгъэкъузэну... Ауэ, сыти жыІэ, цІыхухъур цІыхухъуу щытын хуейщ. Сыти жыІэ, дэ дынэхъ къарууфІэщ, дынэхъ бэшэчщ. Сэ ар псоми наІуэ ящысщІынщ. ЦІыхухъу лэжьыгъэ нэсу ябж тракторист ІэщІагъэм сыхуеджэнщ, срилэжьэнщ...»

Мухьэжыр и псалъэр игъэпэжащ. Механизатору еджэри, трактор тетІысхьащ. Ауэ Іэсяти и лІым зыкъыкІэригъэхуну хуейтэкъым. Мухьэжыр бгъурытІысхьэри, трактор зэрызэрагъакІуэм Іэдэбу кІэлъыплъащ, илъагъу псори игу ириубыдащ. Апхуэдэххэурэ зригъэсащ трактор къехуэкІыкІэм. Пэжщ, Мухьэжыр ар и фызым хуигъэдахэртэкъым:

– ЦIыхубзхэр фыгуащIэмащIэщ, дахэ. Махуэ псом тракторым узэридзэу губгъуэм уит нэхърэ, тыншу унэм ущIэсамэ, нэхъыфIт...

– Япэрауэ, си псэ, уэри зыкIи нэхъ утыншыркъым сэ нэхърэ. ЕтIуанэрауэ, уи трактор макъыр губгъуэмкIэ къызэриIукIыр щызэхэсхкIэ, унэм сыщIэзагъэркъым. Малъхъэдису сызыщIешэри, уи деж сыкъешэ...

Зэгуэрым Мухьэжыр, фызым и лъэIум фIэмыкIыфу, трактор рулыр Iэсят иритащ. ЦIыхубзыр япэщIыкIэ дзыхьмыщIу, ауэ кIуэ пэтми нэхъ тегушхуэурэ, тракторыр игъакIуэрт. Мыгувэуи, Iэсят а Iуэхум Iэзэ дыдэ хуэхъуащ. Хуэхъури, тIуми, зызэблахъуурэ, а тракторым ирилажьэу щIадзащ. Мухьэжыр жэщым лэжьамэ, махуэм Iэсят и чэзут...

Пщэдджыжь гуэрым жэщ псом ва Мухьэжыр Iэсят къакIуэу зэрихъуэкIыным зыкъомрэ пэплъащ. Къыщыгувапэм, апхуэдэ зи мыхьэл щхьэгъусэм зыгуэр къыщыщIауэ шэч ищIри, псынщIэу унэм кIуэжащ. ЗдэкIуэжам зыри щIэскъым, унэбжэм IункIыбзэ етащ. Гузавэ къэзыщта Мухьэжыр гъунэгъухэм ягъэудэIужащ: «УщIэгузэвэн щыIэкъым, уи фызыр лъхуапIэ унэм яшауэ аращ...»

Мухьэжыр, и шыкIэ мафIэ егъэуауэ, лъхуапIэ унэм нэсащ. КIэнфет пхъуантэрэ удз гъэгъа Iэрамэрэ къищэхущ, тхыгъэ кIапэ щIигъужри, медсестра хъыджэбз цIыкIум IэщIилъхьащ, Iэсят иритыжыну.

ТхылъымпIэ кIапэм мыпхуэдэу итт: «ЗыIыгъ, си тхьэIухуд шыр. Гугъу ущехь заулым зыщумыгъэгъупщэ сэ сызэрыпщIыгъур. Уэ иджыри дяпэкIэ гугъуехьышхуэ къыппэщылъщ. СлъэкIауэ щытамэ, ари бдэзгуэшынут»...

Лъхуэну телъ цIыхубзым и гугъуехьыр дэзыгуэшыну хьэзыр лIым и псалъэхэм Iэсяти, Iэсят къыдыщIэлъхэри, медсестра цIыкIури зыкъомрэ иридыхьэшхащ.

Куэду фIыщ, иридыхьэшхамэ! ЯхуеихукIэ иредыхьэшх! Абыхэм сыткIэ ящIэрэ адэм и гум щыжьэр?! Иджырей адэхэр пасэрейхэм хуэдэжкъым. Хуэдэжкъым, зэманри япэрейм зэрыхуэмыдэжым ещхьыркъабзэу. Нобэрей адэхэр хъуми бзыми зэхуэдэу хуитыныгъэ яIэным, я гугъуехьи гуфIэгъуи зэхуэдитIу задэгуэшу зэрыпсэуным щIобэн. Абы и щыхьэткъэ Мухьэжыррэ Iэсятрэ?!

*ЗэзыдзэкIар* **УЭРЭЗЕЙ Афликщ**







## АЦКЪАН Ԑуслан

* * *

Гъужу хуежьа псыежэхым
пшэ закъуэ щхьэщыту солъагъу.
Ар щIэкIхэм и нэгу хагъэплъащ,
щымытрэ пэткIэ гумахэу.

Псыр и Iэпэгъути тенджызым,
дунейр къигъэушти, къиуам.
Иджы, мис, мэгъуж. Сыт къэхъуар,
лажьэншэм сыт лей щIылъысыр?

Ар йодэхащIэ IуфитIым,
сэлам ярихыж къыпфIэщIынщ.
И мывэ къэс IэплIэ хуищIынщ,
фэрыщIагъ гуэри хэмыту.

И пшахъуэр дыщэу лыдыжкъым,
ятIагъуэм ещхь щыхъуи къыхокI.
Хэт хуейми абы зэпрокI,
псытепхъэ лъыхъуэу хэтыжкъым.

Лей къыптехьэнур зыхуэдэр
пшэ закъуэм хьэкъыу пхыкIащ.
ХузэфIэкIынур арати,
уэшх тIэкIу къыздихьар псым хикIащ…

* * *

Я макъыр хаш лъэтэж кърухэм,
ар сыту ещхь нэгъабэрейм.
Кърум я гъуэгумкIэ крикIуэ
гурыщIэ нэхур сщIарэт зейр.

Абы щыIууэм — пшэр токIуэтыр,
мыукIытауэ си фIэщ мыхъу.
Сигу къэкIа гуэрым деж сыкIуэнут,
слъэгъуат зэзакъуи — сигу имыху.

Сыт зыхуэкIуэнур мы си махуэр?
Ар зэрызмыщIэр зыкIи фIыщ.
Нэгу къыщIэзгъэхьэ сытри мэхъур,
къыщIэзгъэхьар сщIыжынщ си фIэщ.

Ар хъунут, ауэ махуэр кIуакIэщ,
къеплъэкIри — гуфIэу къысщыхъуащ.
Уэгу гъунэм сыщолъыхъуэ нэкIэ
абы, здэпIащIэм, сIэщIихам.

Хъуащ си гупсысэр зэхэзеуэ,
къыщыслъытэжым сфIэкIуэдар.
Макъ щэху къэкIуатэу зэхызохыр:
«Уэстам сыт гу щIылъумытар?..»

* * *

Щабэу бакъуэу губгъуэм пхрыкIынщ,
хэт абы игу пщIанэр зыщымысхьыр.

Зытеувэ удзыр къотэджыж,
ар зэплъэкIыжыну хунэмысу.

И гурыщIэр уафэм нэс докIуей,
абы и псэм куэд зэрегъэзахуэ.
Зыпэмыджэ теткъым мы дунейм,
ар итIани сыту ещхь щхьэзакъуэм.

Абы сэ щIэх-щIэхыу согупсыс,
сигу хуэмыгъуэщ, езым сыкъимыщIэу.
ДэнэкIи сыгъаплъи — слъагъур зыщ:
зи псэр къабзэращ гугъуехь щымыщIэр.

Си къарум къихь гуэрхэри хуэсщIэнт —
гущIэгъу хуэсщIу къилъытэнкIэ хъунущ.
Ар сэрауэ къызыфIэзгъэщIынт,
си фIэщ хъуркъым сыхуэфэщэжыну...

* * *



Ужьыхыж мафIэм и блэкIэр
сэ слъагъуу си гур псэхунт?
ЩIэтщ нэгум абы и плъэкIэр,
дэп къэскIэ къысфIощI пхыхун.

ЩIэлъэIут ар пхъэдзакIэ закъуэ,
естауэ къысфIэмыщIыж.
Иджы щIэсхъумэжт ар сакъыу,
абы сэ сыхуэмеижт.

Лей сщIат ар, щыслъагъум махуэр,
згъэблатэкъым и кIэм нэс.
Хьэрэмыгъэншэт а мафIэр,
и хуабэр хэти лъигъэст.

А мафIэр щыхъужым яжьэ
сыхэмыплъам нэхъыфIат.
Абы къыпхыпсар иужьу,
сигу илъми, жызмыIэфарт...

* * *

Хъуххэнум, зыми уемылъэIу! —
ТхьэкIумэм итщ, къыздикIыр дэнэ?

ЛъэIуэным сэ срахулIэху,
жысIэнур си тэмакъым тонэ.

ЩекIуэкIым гъащIэм сыхоплъэж,
мылъэаIуэу псэуфа щымыIэ.
Чэнджэщ къызатыр: «Тхьэм елъэIу,
абы фыкъызэлъэIу жиIакъэ».

Тхьэм селъэIуну сыукIытэнщ,
си лъэIур щытми зэхихыну.
Сигу къокIыр: гъащIэ къозытам
нэгъуэщIкIэ дауэ уелъэIуну?..

* * *

Гугъу сехьу изогъэкIри жэщыр,
къыщIокI аргуэру си гур ныкъуэу.
Ещхь сохъур къикIыжам лъэхъуэщым,
Къысщохъу нэхущыр хуитыныгъэу.

Исам лъэхъуэщым зихъуэжакъэ,
хэзэгъэжын ар хуейкъэ гъащIэм?
МахуэщIэм къремыщI си жагъуэ,
си Iуэху зытет зримыгъащIэу.

Абы сыт хуэдэу сыпэплъат сэ,
сыщиIыгъам жэщ кIыхьым гъэру.
КIыфIыгъэм иIэ дамэдазэм
къыдэщ ар къысфIэщIат нэху гуэру.

Зыкъызэкъуихри иужькIэ,
мы дуней псор хишат дыгъэпсым.
Сэ сигъэфIэжу фIэкI сымыщIэт,
и нэхур щхьэхуэу къыстригъапсэу.

Си жэщыр хъуами ещхь лъэхъуэщым,
гужьгъэжь хуэсщIын сэ схузэфIэкIкъым.
Ар тыншу игъэкIуащ нэгъуэщIым,
къыхуогъур псори абы щхьэкIэ...

* * *

КъэувыIэпIэ фIыуэ сымылъагъу,
сыкъытреч, сопIащIэ сежьэжыну.
ЗыфIэмыфIыр къэувыIам пэплъэн
сэ къысфIощI, зысIэжьэм, сIэщIэкIыну.

Ар мыхъуну сэ зыIэщIэзгъэкI,
сэ абы сыт хуэдэу сыхуэныкъуэ.
СыкъигъэпэжыІну абы фIэкI
зыри щымыIэж нэхъей — солъыхъуэ.

Ар здэщыIэр дэнэ сэ щысщIэн,
езым сыкъищIэххэу къыщIыукIи.
Къызэжьэнкъым — хуейщ сылъэщIыхьэн,
зэкIэ мис аращ абы хэсщIыкIыр.

Сэ иджыри жыжьэ сыкIуэн хуейщ,
уэ сымыщIэ зыгъэпсэху щIыжыпIэр.
Мы зызакъуэм си гур фIы къысхуещI:
къэувыIэпIэр икIи ежьэжыпIэщ...



* * *

Сэ жысIэрт сигукIэ уэрэд,
ар зыусари сымыщIэт.
КъызгурыIуэжырт — уэрат
ар зэрыжысIэр зи фIыщIэр.

Сызыгъэпсэухэм ящыщ
хъуат а уэрэдыр арыххэу.
КъиIэт гурыщIэр къысфIэщIт
мы уафэ щIагъым щIэмыхуэу.

Ар гъащIэ псокIэ жысIащ,
зыкъозмыгъащIэу уэрдыдэм.
Щиухым гъащIэу сиIар —
зэ жысIэжынщ иужь дыдэу...

* * *

Мыр щIыбжесIэр езым сымыщIэж,
ауэ хъунукъым ныбжезмыIэу.

ДыщIытетыр дунейм къэсщIащ,
дыщIехыжырщ къызгурымыIуэр.

Зыгуэр жыIи мы си псэр гъэтынш,
псори пщIэуэщ къызэрысщыхъур.
СфIэкIуэда гугъэри къызэтыж,
къызэптыжу щытат сыт щыгъуи.

Жьыбгъэ щIыIэм си щIыфэр дотхытх,
щIым ухоплъэри, сигу богъэныкъуэ.
Уи жэуап сэ иджы зэхэзмых,
къыщIэкIа хъунщ си упщIэр гугъуIуэу.

Е имыIэрэ абы жэуап,
плъагъукъэ, псэ зыпыт псоми заущэхур.
КъызэупщI нэгъуэщI гуэркIэ жыпIа?
УпщIэу щыIэр лей хъуауэ къысщохъур...

* * *

КъыпхуагъэгъуакIэ — къуаншагъэр
уимыгугъэ пкIэрыкIыну.
Къэушыжу екIуэкIынущ,
къэушыжарщ нэхъ шынагъуэр.

Къыпхуигъэгъуащ уи къуаншагъэр
лей зэпха цIыхум, хьэлэлти,
арщхьэкIэ уи гум телъ хьэлъэр
хутехынт абы и закъуэ?

Къыпхуигъэгъуа ар мо къуаргъым,
уи пщIантIэм дэт кхъужьеижьым,
щыблэжьым щыгъуэ къуаншагъэр
пщхьэщысыкIа а пшэ хужьым?..

* * *

КъысхуещI гукъанэ псыежэхым,
бырыбу Iупэр къысхуегъэпщ.
«Си деж укъакIуэркъым уэ жэщу,
сэ жэщкIэ си дунейр нэгъуэщIщ.

Ещхь сохъур жэщкIэ щхьэхуэпсалъэм,
узэпсэлъэн уимыIэм — гугъущ.
Уэ ущыпсэур солъагъу, сынаплъэм,
ужейуэ Iэфiу къысщымыхъу.

Уащыщщи, схуэдэу, гумызагъэм,
пщIыхьэпIэм хъунщ гугъу уригъэхь.
Уигу щыщIэм щыщ къызощтэ сакъыу,
ппIэIэщIэ сщIыуэ, изохьэх.

А къомыр уэ щыпщIэнур дэнэ,
а псор зэрыхъукIэ пщызобзыщI.
Зэ къакIуи жэщу — къызбгъэдэнэ,
зэгъусэу махуэр къэдгъэсынщ.

Нэху щым аргуэру зысхъуэжынущ,
арат ныжэбэ укъэкIуам...»
И щэхухэм жэщым сащошынэ,
ар дауэ псым гурызгъэIуэн?



* * *

ГъащIэр техьэ-текIыу къыщIэкIащ,
иубзыхуам езыр пхутемытыжу,
зэм ежажьэу, зэми къикIуэтыжу.
А псом ищIыIужкIэ сытуи кIэщI.

Гугъэр сяпэ иту сыдэкIынщ,
Зигъэбзэхыжынщ, здэкIуар умыщIэу.
Сыпэмыплъэжыххэ хъуа нэужь,
къытеуIуэжынщ ар бжэм нэхущу.

Ар сэ зэхэсха е къысфIэщIа?
Псэм и дежкIэ армыра нэхъыщхьэр.
Гугъэр сэ аргуэру зыхэсщIащ,
япэм сиIам ещхьу е емыщхьу.

Унэм сыщIэкIынщи, сыбэуэнщ
бауэ макъыр уафэ гъунэм нэсу.
Си щхьэщыгу бзу гуэрхэр щызеуэнщ,
дамэкIэ пшэтепхъэхэм лъэIэсу.

Акъужь мащIэм дунейр дэхъеинщ,
и пIэм икIуэтынщи тхьэмпэ гъущэр.
ГъащIэм и IэфIыпIэр наIуэ хъунщ,
сылъыхъуэнщ сэ зыхуэсщIынум фIыщIэ...

* * *

Къэджащ кIыгуугури, сыпIейтейщ.
Абы сегупсыса къудейт —
зэхэзмыхыжт и макъ куэд щIауэ.
СфIощI иджыпстуи зигъэщIагъуэ,
къэджакъым, моуэ сигу къыдыхьэу.
Абы сылъыхъуэу зызоплъыхьыр.
Зызгъазэу макъыр къыздикIамкIэ,
соупщIыр гъащIэу къысхуэнамкIэ.
И макъ кIыгуугум зэхэзмых,
ар лъэтэжауи си фIэщ мыхъу,
сэ жэуапыншэу сыкъигъанэу.
Хуей хъункъым сигу игъэныкъуэну.
Дунейр щэху мэхъури пхыдэIукIыу,
зэхызохыжыр бгъэм къиIукIыр.
ЗэкIэлъигъакIуэу къеуэрт си гур,
зэрыджэм хуэдэурэ кIыгуугур...

* * *

Сыт уи хъуэпсапIэ, жыIи къызэупщI,
абыкIэ сэ къызэупщIыжыр мащIэщ.
ЖысIэн я гугъэщ: «ТIэкIу сывгъэпсэуж,
зыщызгъэнщIакъым сэ иджыри гъащIэм».

Сыт уи хъуэпсапIэ жыпIэм — хъуркъым куэд:
къэзжыхьу сыхэтынт гъэмахуэ уэшхым,
къэлыдрэ уафэхъуэпскIыр щыблэ уэжу.
Апхуэдэу уафэ гъунэм нэс сыкIуэнт.

Сыхуейт сэ сыхыхьэну псы къиуам,
абы сызэпрыкIыу сежьэжыну,
щызмыхыу си щыгъыныр гъущыжыну.
Ар сымылъагъуу щытмэ, сигу къеуэнщ.

Сызыщ|эхъуэпсым мыри хэзгъэхьэнт.
Сэ ф|ыуэ слъагъу бзу ц|ык|ур тесщ си жыгым.
Нэгъуэщ| уэрэд жи|а нэужь ешыхук|э,
си гуапэ хъунт, схуиустэм зы уэрэд.

Мис ахэр зэ нэхъ мыхъуми слъагъужынщ,
армыхъумэ сыт хъуэпсап|э щ|ыф|эсщынур.
Сыхуейт абы иужьк|и сыпсэуну,
а слъагъужауэ хъуар си ф|эщ сщ|ыжыху...

* * *

Гъатхэпэщ. Жыгхэм узэпхоплъыр,
дуней пл|анэпэ къэск|э плъагъуу.
Къудамэ щхьэк|эхэм яхэплъэт,
дэтхэнэ зыри ещхьыщ бзу лъакъуэм.

Си гущ|эм нэск|э къигъэнэхуу
иджыри уэсыр щ|этщ си нэгум.
Абы иджыри согупсысыр,
зэм-зэмк|э си гур щ|ы|эм ису.

Сыт хуэди згъэунэхуарэ пэтк|э,
сыпоплъэ сэ щ|эщыгъуэ гуэрым.
Зыщ сщ|эр: дахагъэр къок|уэ уэру,
абы сыхуэхьэзыру п|эрэ?

Тодие си нэр уафэ гъунэм.
Къызэдэжэну уващ пшэхэр.
Куэд мыщ|эу щыблэ уэнк|э хъунущ,
аращ дунейм зезыгъэущэхур...

* * *

Бзум зе|этыр, жыг щхьэк|эм полъэтри,
нап|эзып|эм уэгу къащхъуэм щыщ мэхъу.
Мэщхъыщхъ тхьэмпэхэр. Бзум и уэрэдыр
зрагъащ|эу абыхэм къысщохъу.

Мэ|ущащэ дунейр нэху зэрыщрэ,
пшэ нэгъунэ а макъым дотхыт.



9 Заказ №1211

Нэгу щІокІыж гъащІэ кІыхьыр щІэрыщІэу,
пыкІыу сигу, абы зыри хэзмых.

Къэфэныгу хъуа жьы пакІэр къожажьэ,
къэнжал кІапэ, сигъащтэу, мэзу.
Къолъэхъшэхри, щызоуэ мыжыжьэу
куэдым ягу зыхьэхуа нетІрей бзур.

Зелъэтэнщ ар, ешыхукІэ и дамэр,
сфІощІ уэрэд зыжриІэнур къыхих.
СыкІиинт, зэхихыну щытамэ:
«Сэ мыбдежым сыщытщ, къысхуеплъых!..»

* * *

Сыт мывэм сэ хэсщІыкІыр?
И бзэр зэрыбыдэр сощІэ,
ауэ игу щызэблэкІыр
жиІэну зэми хуожьэ.

Мывэр сотхьэщІыр къабзэу,
лэдэххэр къыхэзгъэщу.
Дыгъэр къытызогъапсэ,
игъафІэурэ игъэгъущу.

Псэ яхэт къысщыхъуат сэ
мывэм хэслъагъуэ сурэтхэм.
Бзум ещхь къащыхэзгъуатэм,
сфІощІ ежьэжын, къыхэлъэту.

КІуэху нэхъ гумащІэ сыхъуу,
сытолъэщІыхь мывэм куэдрэ.
ДяпэкІэ сэ сыт щыгъуэ
мы псыхъуэм сыкъыщыкІуэнур.

Мывэм сыбгъэдэсынут,
ауэ си пІалъэр сощІэжыр.
Ар къэпсэлъэн хьэзыру
къыщысфІэщІ дыдэм сожьэжыр...

* * *

ЦӀыху зыщӀэмыс унэр,
сощӀэ, нэхъ щӀэхыу жьы мэхъу.
Ар зэшым къыхэкӀ къысщохъу —
хэт зэшым текӀуэнур.

ЦӀыху зыщӀэмыс унэр
ещхьщ зымылъагъум и нэм.
Дуней нэщӀ сытет къысфӀощӀ,
сыщыщӀэтым унэ нэщӀ...

* * *

ХовыкӀыж хуэм-хуэмурэ си узыр,
Сесэжащи, сфӀощӀ сыхуэзэшын.
Мы дунейр зищӀысым сегупсысу
хэт жэщ къэскӀэ сыкъигъэушын?

ЗэрыщыӀэр уз шынагъуэ сощӀэ,
мыр узмыгъэлӀэнухэм ящыщщ.
Абы фӀыуэ сегъэлъагъур гъащӀэр,
езым сытекӀуэну сещӀ ерыщ.

Сыхъужынщ сэ, гъатхэр къызэрысу,
ауэ сщӀэкӀа узыр сигу къинэнщ.
КъасщӀэу нэщхъей вагъуэхэм къеузыр,
ар мыхъуатэм, дэнэ сыщесэнт?...

* * *

Си блэкӀам зэм-зэмкӀэ сохъуэпсэж,
ар и фӀэщ пхуэщӀынукъым си щӀэблэм.
Сщыгъупщэн хуеякъым сахуозэш,
ящыщ хъунщи си къарур зыхэлъым.

Зэпымычу нэгум къыщӀохьэж
мы теплъэгъуэр, тепыӀэншэ сищӀу:
псыежэхыр къысхуеплъэкӀыу блож,
ирехьэх псыпыхур, тхыгъэм ещхьу.

Сыпсэуфу дауэ зезгъэсэн,
мис мыпхуэдэ гуэрхэр симыIэжу:
илъэс куэдкIэ къуаргъ кхъужьейм тесащ,
хэтагъэнт зыгуэр сэ къызжиIэну.

Си блэкIам зэм-зэмкIэ сыхуозэш,
гукъэкIыжхэм яхузощIыр фIыщIэ.
Згъэзэжын хуей щыхъум — сыщIогъуэж,
дэнэ къисхыжын слъэгъуахэр фIыщэу?

Къызолъыхъуэ нобэ сщIын си фIэщ,
кIуэху нэхъыбэ мэхъур жызмыIэфыр.
КъызгуроIуэ: сэ сыкъэгуващ,
сигу пымыкI зэпытурэ псэм фIэфIыр...

* * *

Аргуэру зэхызох щхъыщхъ макъ,
сыт щыгъуэ къыщысар мы бжьыхьэр?
Сыпежьэм сфIэфIщ — си гуапэ мэхъу
гушхуауэ хадэм къызэрихьэр.

Жьым тхьэмпэ гуэрхэр кърехьэкI,
игъафIэу арщ, щIэщыгъуэ щохъури.
Нэхъапэм си гур зэригъэшхт,
иджы щхъыщхъ макъ здэщыIэм сокIуэ.

Щхъыщхъ макъыр Iэджэм хъунущ фIэпщ.
СфIэфIщ псы толъкъунхэр зэрыщхъыщхъыр,
Бгъэ дамэр зэрыщхъыщхъыр сфIэфIщ,
ар хэт зэрымакъамэр зыщIэр.

Щхъыщхъ макъ нэхъ кIыхьу зэхызох,
къыщIокI нэсауэ бжьыхьэр и кIэм.
Пылъэлъыж тхьэмпэм нэр хуэзэху
сэ сщIэркъым гъатхэр сигу къыщIэкIыр...

* * *

Бзу лъагъуэ уэсым зэпрокI,
арыххэу сыдехьэх а тхыпхъэм.

Ар мыткIужам арат, сигу къокI,
сурэт ищIын щIидзэхукIэ гъатхэм.

Бзу лъагъуэр жыгым екIуэлIащ,
модрейри гуапэу къыхуоплъыхыр.
Жыг тхьэмпэ уэсым къыхэплъащ,
и щIыбым ирикIуар къилъыхъуэу.

Куэд щIауэ уэгум ихьэжат
щIым зыщиIэжьэ зимыхабзэр.
Къыкъуэумэ жьы, щIихъумэжынщ
бзу лъагъуэ псыгъуэр, ещхьыр лъабзэм.

АрщхьэкIэ уэсым хэщтыхьар
къэпсэужынщ, щIымахуэр икIым.
Си нэгу итIанэ къыщIыхьэнщ
ежэхыу, псыхьэлыгъуэм хэпкIэу...



* * *

Зы псэ закъуи щымыдым мы щIыпIэм,
сэри нобэ зыри симыгъусэ.
Псы инар бадзапцIэм я джэгупIэщ,
хэтщ кърагъэлыну ар гупсысэм.

Акъужь мащIэр къеIусащ нэкIущхьэм
къысщыхъуащ ар мы дунейм и бауэ.
Псы инам сыхэплъэу зыщызгъэщхъым,
зэхэсхащ бадзапцIэр зэрыбауэр...

* * *

Сапоплъэ пшэхэм махуэ къэс.
Яхэтщ абыхэм зызыIэжьэ.
НэгъуэщIхэр напIэзыпIэм къос,
кърапхъыхын къысфIэщIу яжьэ.

Нэхъ сызэжьахэм ящыщ зыщ
мо къехын хуэдэурэ зызыщIыр.
Абы сэ Iэджи къысщебзыщI,
собзыщIыр сэри ар зэрысщIэр.

Уэгу гъунэм носри, мэукIытэж,
ар и нэкIущхьэм къегъэлъагъуэ.
Абы игу илъым сыподжэж,
ущIэукIытэни хэзмылъагъуэ.

Сагъэшынэну зыкъысхуащI
адрейхэм, мафIэр къаIурылъэлъу.
ЯмыщIэр зыщ: сэ ари сфIэфIщ,
аращ гурыщIэр къезыгъэблыр.

Мыр пшэхэм сэ яжезмыIэф,
зэхахыу, кIэщIу, гурыIуэгъуэу:
нэхъапэм хуэдэу уэшх хуабэфI
къешхыжкъым — ар си гуныкъуэгъуэщ...

* * *

Псыр мэгупсысэ.
Гупсысэурэ йожэх.
Зэм и толъкъунхэр Iупэу фIызэтожыр,
зэм, къэгъэшыпIэм носри, зеущэху,
апхуэдэм деж къысфIощIыр къигъэзэжу.



Абы къыфIебл гупсысэр зыхэт псор,
сехъуапсэ пэтми, дэнэ сэ щысщIэну.
Псыр гупсысэхукIэ — сэри сымыпсэху,
ар, ткIуэпс фIэкI къэмынами, гупсысэнущ.

Илъэсхэр макIуэ.
Зыр адрейм къытож.
Псым дэрэ ди гъуэгуанэр зэхэкIынущ.
И Iупэр толъкъун пIащIэу зэтыреж,
сэ къыспыщIауэ зыгуэр игу къэкIыжым...

* * *

КъэхъункIэ хъунукъым апхуэдэ,
арщхьэкIэ, мис, си нэгум щIокI.
Бзу хужь жэщыбгым къысхуолъатэ,
пшэкIухьым хуэдэ къызещIэкI.

ЕIэт зы дамэри — и щIагъым
щIалэгъуэ гугъэ къыщIолъэт.
ЕтIуанэ дамэр щхьэм къыщихъуэм,
къабзийхэм тхъугъэ къаполъэлъ.

Зэпекъуу си гур сожеижыр,
къысхуэлъэтар сщымыгъупщэж.
ЩIэтщ нэгум нэсыжауэ жыжьэ,
мазэгъуэ жэщым хогъуэщэж.

КъэхъункIэ хъунукъым апхуэдэ
жыпIэныр, дауи, псом нэхъ тыншщ,
арщхьэкIэ мэхъу си фIэщ сэ быдэу:
а бзур иджыри къэлъэтэнщ.

Ар къэплъагъуныракъэ гугъур,
ар зыхэпщIэныр нэхъ гугъужщ.
Сэ сыщыпсэур къэмыхъу къыщыхъурщ,
къызэрыгуэкIхэм сагъэзэш...



* * *

СыпкIэлъыджэну къезмыгъэкIу,
сыпкIэлъымыджэм — усIэщIокIыр.
Уэ си чэнджэщхэм уахуэдэгущ,
узмыгъэIущуи схузэфIэкIкъым.

Нэхъ пэжыр зыщIэ къытхэмыкI,
зехъуэж пэжыпIэм махуэ къэскIэ.
Сэ блэкIа гъащIэр сигу пымыкI,
саIыгъ зэпытщ абы и къуэпсхэм.

Лъэбакъуэ псынщIэкIэ укIуэнщ,
солъагъу спэIэщIэ узэрыхъур.
Арыххэу зэшыр къыстекIуэнщ.
Сэ сыщошынэ закъуэныгъэм.

СыплъэщIыхьэнкъым армыхъуам,
иужь сихьэнт сыпкIэлъежьэну.
Иджы ущиер сщIыжынщ хъуэхъу,
абы нэхъыфI сэ схуэмыщIэну...

* * *

СощIэ, сигу, узыщIэхъуэпсыр,
куэдрэ ар къызыбоIуэкI.
Нэхъ лъагапIэхэм дынэсу
пщIыхь си нэгум щIыбогъэкI.

Махуэ къэс къытлъыс Iуэху цIыкIухэр
тхуэмыфащэу уэ къыпщохъу.
МащIэм арэзы ищI цIыхухэм
яхуэпщIынкIэ мэхъу гущIэгъу.

Ди жьы хъугъуэм ирихьэлIэу
сщIарэт хъыжьэ ущIэхъуар.
Къытлъысам зэ дыхэгъаплъэ,
мащIэу ар къысщымыхъуа.

Дауи, укъызэдэIуэнкъым,
гугъэм хуэкIуэм — уохъу ерыщ.
Дыщыджалэу щытмэ гъуэгум,
зытралъхьэнури уэращ...

# И ФЭЕПЛЪЫР МЫКIУЭДЫЖЫНЩ

*«Си гур цIыхухэм я гуфIэгъуэмрэ я гузэвэгъуэмрэ хуэдэгу хъумэ — ар икIэщIыпIэкIэ къреувыIэ...»*
**Хьэжы Исмэхьил**



*Ди къэралым и ТекIуэныгъэ Иным папщIэ зи псэр зыта цIыху мелуан 27-м я фэеплъыр зыщыдгъэгъупщэну хуитыныгъэ диIэкъым нобэ псэухэм. Хэку зауэшхуэм шыщхъэмыгъазэу хэтауэ, фашист зэрыпхъуакIуэхэм къайлу псэужахэри, мамыр гъащIэм хэплъэжахэри мащIэкъым, ди гуапэ зэрыхъунщи. Абыхэм ящыщ зыщ Хэку зауэшхуэм лIыхъужьу хэта, «Красная Черкесия» бомбэзехьэ эскадрильер зэраухуэну мылькур зэхуэхьэсыныр зи жэрдэм, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр зэтекъутэным зи гуащIэ хэзылъхьа кхъухьлъатэзехуэ хахуэ Хьэжы Исмэхьил Мимболэт и къуэр (1921-1981).*



*Езым и ныбжьхэр зыхалъхуа зэманым псэуа дэтхэнэми хуэдэу, куэд игъэващ Исмэхьил – политикэ залымыгъэм и лей къытехьэу, Хэкур зрагъэбгынауэ щытахэм ящыщщ, зауэмрэ абы иужь гъаблэ илъэсхэмрэ и нэгу щIэкIащ... А псом емылъытауэ гъащIэ дахэ къигъэщIащ абы, дзэ лIыхъужьыгъэрэ гуащIэдэкI лэжьыгъэкIэ гъэнщIауэ. И лъэпкъым хуищIэмкIэ зызымыгъэнщIу щыта а лIыр зыцIыхуахэм ягу къинащ цIыху фIыуэ ильагъуу, дэтхэнэми дэIэпыкъуну хьэзыру, и IуэхущIафэкIэ щапхъэу зэрыщытамкIэ.*

*Исмэхьил Дзэлыкъуэ районым хиубыдэ Малкэ къуажэм щыпсэу Хьэжы Мимболэт и унагъуэм 1921 гъэм къыщалъхуащ. И адэм и анэ Хьэжы (Абзуан) Къарэпагуэ Абзуан жылэм (иджы Къулькъужын Ипщэ къуажэм) щыщт.*

*Мимболэт и щхьэмрэ и унагъуэмрэ «Тройкэ» зыфIаща щхьэпыупщI Iуэхум щихъумэн папщIэ, Къэбэрдейр ибгынэри, Шэрджэсым Iэпхъуэгъат. Исмэхьил и сабиигъуэр щигъэкIуащ и анэ Балэ Софье зыщыщ Дудэрыкъуей (иджыпсту КъШР-м и Псыжь жылэращ) къуажэм. 1939 гъэм ар щIэтIысхьащ Чкаловым и цIэр зезыхьэ етIуанэ дзэ авиацэ училищэм икIи Хэку зауэшхуэр къэхъеиным махуиплI фIэкIа имыIэжу ар къиухащ.*

*Зауэм ипэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ Хьэжым игъэхьэзыращ дзэ кхъухьлъатэзехуэхэр, иужькIэ, езым и фIэфIыныгъэ, фронтым кIуащ.*

*... 1943 гъэр екIуэкIырт. Кавказ Ищхъэрэ фронтым и зауэлIхэм зэхэуэ гуащIэхэр ирагъэкIуэкIырт «Голубая линия» зи фIэщыгъэ нэмыцэ быдапIэр пхатхъыу Тамань хытIыгуныкъуэр зыIэрагъэхъэжыну. Кубань и уа-*

*фэм 1943 гъэм и гъатхэм щекIуэкIа кхъухьлъатэ ебгъэрыкIуэныгъэшхуэм ди дзэ-хъэуа къарухэм тепщэныгъэр къащыIэригъэхьар гъэмахуэм ирихьэлIэущ. А зауэ гуащIэм хэтащ ди совет кхъухьлъатэзехуэ хахуэхэр. Абыхэм ящыщ Хьэжы Исмэхьил къигъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ, Вагъуэ Плъыжь орденыр къыхуагъэфэщауэ щытащ.*

*... 1944 гъэ, августым и 26. Хьэжым и унафэм щIэт звеном уэгум зиIэтащ, бийм я танкхэр зэтракъутэныр я гуращэу. Нэмыцэхэм зенит мафIэр къаутIыпщу хуежьащ, ауэ ди кхъухьлъатэхэр яIэщIэкIри, танкибгъу якъутащ. Бийм и лагъымхэм щыщ къытехуащ Исмэхьил и кхъухьлъатэм, езыр парашюткIэ къелъащ. УIэгъэу плIы тельу абы хузэфIэкIащ нэмыцэхэм заIэримыгъэхьэн. А зэхэуэм къыпэкIуэу Хьэжым кърататащ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр.*

*... 1945 гъэм и накъыгъэ мазэ. Ленинград фронт. Хьэжы Исмэхьил дамыгъэ лъапIэ къыщIрата тхыгъэм итщ мыпхуэдэу: «Пщэрылъ къыщащIа дзэ Iуэхур игъэзащIэу, 1945 гъэм накъыгъэм и 7-м нэмыцэхэм абы и кхъухьлъатэр кърадудыхащ. Исахэр парашюткIэ къелъа щхъэкIэ, бийм иIыгъ щIыпIэм къыщытIысахэщ. Хьэжы штурманымрэ экипажым и командир Шероновымрэ яубыдри, гъэр ящIащ. Германием и дзэхэм Iэщэр зэрагъэтIылъыр зэхэзыха зэныбжьэгъуитIым я гур яфIэкIуэдакъым. Гъэрхэм ящыщу цIыхуи 152-рэ зыхэт гуп къызэрагъэпэщри, лагерым и хъумакIуэхэр лъэныкъуэ ирагъэзащ, гъэрэщым и унафэщIым зитыну жраIащ. А Iуэхур къазэрехъулIам и фIыгъэкIэ зауэ хуэIухуэщIэхэр щахъумэ гъэтIылъыпIэу 18, дзэ техникэу 200 кърагъэлащ. Лагерыр яубыдри, Дзэ Плъыжьыр къэсыху ар яIыгъащ». Бийм и лъахэм къыщигъэлъэгъуа хахуагъэмрэ гъэрхэр къызэрыригъэлам рэ папщIэ, лейтенант нэхъыжь Хьэжы Исмэхьил Бэракъ Плъыжь орденыр къыхуагъэфэщащ.*

*ЛIыхъужьым и гъащIэм щыщ мы Iыхьэхэр къыщыгъэлъэгъуащ Хэку зауэшхуэм хэта журналист, тхакIуэ, Исмэхьил къуэш хуэхъуа, и ныбжьэгъуу щыта Филипенкэ Виктор 1995 гъэм Налшык къыщыдигъэкIа «Третий орден» повестым.*

*Зауэ нэужьым Исмэхьил къиухащ Ставрополь дэт пединститутыр. Илъэс куэдкIэ Литвам къулыкъу лъагэхэр иIыгъыу щылэжьащ. Литва ССР-м и Шяуляй къалэм 50 гъэхэм политикэ, егъэджэныгъэ щIэныгъэхэр цIыхубэм яхыхьэнымкIэ Союзпсо зэгухьэныгъэм и унафэщIу, ВКП(б)-м и горкомым пропагандэмрэ агитацэмкIэ и къудамэм и тхьэмадэу щытащ.*

*Къэрэшей-Шэрджэс автономнэ областым къигъэзэжа нэужь, абы и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, 70 гъэхэм – щIыналъэм и тхылъ тедзапIэм я унафэщIу щытащ. Хьэжы Исмел хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ щIэныгъэм, лъэпкъ литературэм, тхылъ къыдэгъэкIын Iуэхум.*

*Исмэхьил журналист IэкIуэлъакIуэт икIи тхакIуэ хъарзынэт. Зауэ зэманым къыдэкIыу щыта газетхэм къытрырыгъэдза фронт тхыгъэхэмрэ «Красная Черкесия» бомбэзехьэ эскадрильер зэраухуэну мылъкур зэхуэхьэсыным теухуауэ 1943 гъэм цIыхухэм зэрызахуигъэзамрэ къалэмыр зэригъэунэху IэдакъэщIэкIхэт. Абыхэм къакIэлъыкIуащ и нэгу щIэкIахэр*

*лъабжъэ зыхуэхъуа и рассказхэр. Дунейм къытемыхьа куэди къыщIэнащ Исмэхьил. Абыхэм ящыщщ «Оборона Брестской крепости», «Побратимы», «Добром на добро», «Алга», «Дикий гусь» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри.*

*Хьэжы Исмэхьил 1981 гъэм ноябрым и 5-м Черкесск къалэм дунейм щехыжащ. Iуэху куэд республикэм щрагъэкIуэкIащ абы и фэеплъыр хъумэным теухуауэ. Илъэс зыбжанэкIэ Тхъэстокъуэ ФатIимэ зэхуихьэсыжащ Исмэхьил и сурэтхэр, дэфтэрхэр, Iэрытххэр, газетхэм къытехуа тхыгъэхэр, художественнэ IэдакъэщIэкIхэр, езым и гъащIэм ехьэлIа гукъэкIыжхэр, нэгъуэщIхэри. Ахэр я лъабжьэу Къэрэшей-Шэрджэс педколледжым 2007 гъэм щрагъэкIуэкIащ Хьэжым литваибзэкIэ итха «Гинтарас» тхылъым теухуа конференцэ. Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 60 щрикъум, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и жэрдэмкIэ, ар къыщалъхуа Малкэ къуажэм и зы уэрамым фIащащ Хьэжы Исмэхьил и цIэр. 2020 гъэм Налшык дэт «Принт Центр» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым (КъБГКъИ) и щIэныгъэ архивым и унафэщI Шэпар Iэишэт и «В небе войны. Памяти отважного лётчика Измаила Аджиева посвящается» тхылъышхуэр. Абы укъыщоджэ и ныбжьэгъухэм, и лэжьэгъухэм, и благъэ-Iыхълыхэм Исмэхьил траухуа я гукъэкIыжхэм, и сурэтхэмрэ дэфтэр зэмылIэужьыгъуэхэмрэ щызэхуэхьэсащ, литературэ IэдакъэщIэкIхэм (дунейм къытемыхьахэри яхэту) напэкIуэцI щхьэхуэхэр яхухэхащ, Филипенкэ В. и повесть ищхьэмкIэ зи гугъу тщIари итщ. Тхылъым къитхыу адыгэбзэм къидгъэзэгъа, Исмэхьил и «Индрис и лъэпкъ дамыгъэ» рассказыр щIэджыкIакIуэхэм фи пащхьэ идолъхьэри, фигу ирихьмэ ди гуапэщ.*



**КIУЭКIУЭ ХьэIишэт**

## ХЬЭЖЫ Исмэхьил

# ИНДРИС И ЛЪЭПКЪ ДАМЫГЪЭ

*Рассказ*

*ИкъукIэ си жагъуэ мэхъу дунейм ехыжахэр псэухэмкIэ пхъуэж зэрымыхъур. Сэ цIыху зыбжанэ сцIыхуу щытащ, я хьэдрыхэ мащэм гъунэгъу хуэхъупами, епэрымэ гуакIуэкIэ гъэнщIа гъуэгуанэ къызэранэкIын ялъэкIауэ.*

***Хемингуэй Эрнест***

Инжыдж и Iуфэхэр кIыфIыгъэм хэкIуадэрт, ауэ уафэм вагъуэхэр пщIыпщIыжу ист. Жэщыбгт. Къуажэ псом мыжейуэ дэсыр Индрис лIыжьым и закъуэт.

– Алыхьым и цIэкIэ соIуэ, мы шейтIан дунейм псори щызэхэзэрыхьакIэ, – и щхьэ хуэпсэлъэжырт ар, дыгъуасэ и къуэмрэ и нысэмрэ я зэфIэнэ зэрымыщIэкIэ зэхихар игу къигъэкIыжауэ.

Индрис и зей башым и щхьэр егъэкъуауэ, абдеж къыщылът лIыжьым и хьэшхуэр, и нэ губзыгъэхэмкIэ абы къеплъу.

– Си нысэ джаурым и щхьэгъусэм «кIуэрыкIуэсэж» фIищащ, икIи воекоматым яжриIащ абы лажьэ зэримыIэр, зэрыузыншэр. ЩагъэкIащ къуажэдэс цIыхубзхэр, абыхэм ди пыIэхэр еттын фIэкIа къэнэжакъым, – къэгубжьауэ гъумэтIымэрт Индрис.

«ЦIыхум блэ къилъхуа иуж, ар къызрешэкI. Си къуэ закъуэм лей къысхутегъэхьэнукъым сэ. Хьэрун шууей пIыщIащ, ауэ абы силъ щIэтщ», – бзухэм я дамэхэмкIэ зэбграхами ярейуэ, зи цIэр IейкIэ адыгэ щIыгум щыIуа и къуэр иухеиж щIыкIэу, гупсысэрт Индрис.

* * *

Махуэ етIуанэ хъуауэ йокIуэкI зауэр. Зы дакъикъи увыIэркъым абы и «макъамэр»: топхэм я джэрпэджэжыр, танкхэм я гъуахъуэ макъыр, Iэщэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэщIэжьыуэр.

Военкоматым и пщIантIэ хуитышхуэм дэхуэ къудейт къуажэдэсу абы щызэхуэсар.

Утыку папщIэу ящIа лъагапIэм тетт пыIэ зыщхьэрымыгъ, щхьэц фIыцIэ бырыб Iув зытет, илъэс плIыщI зи ныбжьын лIы – партым и Деикъуэ райкомым и секретарь Iэюб Кушыку.

– Жэмыхьэт! Бгырысым и дежкIэ нэхъ насыпыншагъэшхуэу япэм щытар мацIэхэращ. Къуажэдэс куэдым ящIэж абыхэм ди гъавэр Iисраф мызэ-мытIэу ящIауэ зэрыщытар. Ауэ мацIэр е мыщIэ-фIы мыщIэ хьэпIацIэ къызэрыгуэкIщ, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэм елъытауэ. Абыхэм зэхакъутэр гъавэ щIапIэхэм я закъуэкъым, атIэ нэхъ «къэкIыгъэ» лъапIэ дыдэу дунейм тетыр – цIыхур – зэтраукIэ. Инжыдж ежэхыху, Кавказым и тхьэмадэ Iуащхьэмахуэ щытыху, Ленинным и бынхэр дыпсэуху, дэращ ди щIыналъэмрэ ди гъащIэмрэ я тепщэу щытынур. Илъэс щиплI мэхъу Урысейм дызэрыщыщрэ, дэ тхъумэнущ ди Хэкур, ди нэхъыжьхэм ар тырку мацIэхэм зэрыщахъумам хуэдэ дыдэу.

Iэюб Кушыку, кавказым зэрыщыхабзэу, мыпIащIэу, ауэ хэкъузауэ псалъэрт. И псэм хэлъым химыхыну фIыуэ илъагъу къурш уардэхэм къапих жьыбгъэ къабзэм хуэдэт абы къыпкърыкI гуапагъэр.

Жэмыхьэтым щхьэщыта даущым, уэсукхъуэм ещхьу, Iэуэлъауэшхуэ къыщIэуващ.

– Ей, Кушыку!.. Зураб и къуэ! – къыхэIукIащ гупым СэлихьгушыIэрейм, зи пелуаныгъэр Бахъсэнрэ Псыжьрэ къыщыщIэдзауэ шапсыгъ щIыналъэм нэс щызэлъащIысам, и макъ жаныр. – Чэтым дыгъужь щыщIыхьэкIэ, абы зэрыпежьэр Тхьэм елъэIукIэрэкъым, атIэ

фоч зэгуэтщ. Ди цIыхубзхэр ирепсалъэ, дэ Iэщэ къыдэфт. Iуащхьэмахуэ афIэкIа сремылъагъужкIэ, си щхьэ тхъуам бзылъхугъэ щхьэфIэпхыкI къытраупхъуэ, фашистхэр си къамэм тету къэзмыгъафэмэ, – псоми я дыхьэшх макъымрэ жиIэр зэрафIэкъабылыр къэзыгъэлъагъуэ я псалъэхэмрэ щIэту иухащ и гъащIэ псом къриубыдэу Сэлихь жиIа и къэпсэлъэныгъэ нэхъ кIыхь дыдэр.

Гупыр тесабырэжащ. Баш хуэпсыгъуэм зытригъащIэурэ, и хьэ бэлацэшхуэри щIыгъуу, къэпсэлъапIэмкIэ иунэтIащ Индрис, икIи зэрынэхъыжьым кърит хуитыныгъэкIэ, зыми емыупщIу, къэпсэлъэн щIидзащ:

– Жэмыхьэт! Ди Сэлихь и жьакIэр Iув щхьэкIэ и щхьэр нэщIщ. Бегъымбарым и цIэкIэ соIуэ, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж зы муслъымэни щIым и гъунэм мыкIуэнкIэ, хамэ чэт ихъумэн папщIэ, езым ейр цIыхубзхэм я пщэ къыдинэу. Ауэ а фашист дыдэр ди деж къакIуэмэ, IэщэкIэ дыпегъуэкIынщ, – жиIэри, пиупщIащ Индрис. Зи нэгухэр зэхэуа къуажэдэсхэм и нэ фагъуэхэмкIэ яхэплъэщ, нэмэзым и деж зэращI хабзэу, и ажэ жьакIэм Iэ дилъэщ, кIэрыкI имыIэу къыхуэжыIэщIэ и хьэжым щхьэусыгъуэ мыгурыIуэгъуэ гуэр щхьэкIэ еуэри, молэ зекIуэкIэ ищIу, утыкум икIыжыну ежьащ. Псалъэмакъыу хъуар езым жиIамкIэ зэфIэкIауэ къилъытэрти, цIыхухэр щIызэбгрымыкIыжыр къыхуэмыщIэу игъэщIагъуэрт. Ауэ ар зэуэ зэщIэувыIыкIащ, хуэрэджэ гъэгъуам ещхьу зызэхуишащ, и гъуэгум къытеува Сэлихь къыщилъагъум.

Гупыр зэщIэвэри, зэуи щым хъужащ, «къурш ажэмрэ бжэнымрэ» я зэбгъэрыкIуэныгъэм пэплъэу. Сэлихьрэ Индрисрэ зэпымыууэ зэрызэпэщIэувэр къуажэдэсхэм ирагъэщхьырт а псэущхьэхэм я зэхущытыкIэм.

– ПщIэ зыхуэсщI Индрис! – и хьэл вэгъзэгъым хуэмыкIуэу, ауан щIэлъу, жиIащ Сэлихь. – И ныбжьыр нэхъ хэкIуэтэху, цIыхур нэхъ Iущ хъууэ жаIэ. Ауэ ЖэмыхьэтымкIэ Тхьэ соIуэ, Алыхьым къыпхуиутIыпща Iущыгъэр зыщIыпIэ и деж щыгъуэщащи, ди уахътыр къэсу дылIэжыху ар тлъагъужыну къыщIэмыкIын. КъыджумыIэфыну пIэрэ, пэжыр зи гъуазэ нэхъыжь, тIощI гъэхэм Барсук и деж щыпхъумар хэт и Iэхъушэ? Зи тыгъэр нобэр къыздэсым уи пщэм илъ Шкуро пашэр къызэребгъэблэгъам хуэдэу, фашистхэми уапежьэну ухуэмейуэ пIэрэ уэ?

Зи кIапэм теува блэм ещхьу, Индрис зызэфIишри, и къарум къызэрихькIэ Сэлихь и щхьэм башкIэ еуащ. Зыми къыгурыIуакъым цIыхухэм я лъабжьэм Индрис и Iэпкълъэпкъ гъурыр къызэрыщIэхутар. А дакъикъэ дыдэм Сэлихь и щIыбым хьэшхуэм зыкъридзащ икIи «дэ иджыри дызэхуэзэнщ» къыжезыIэну хунэса Хьэрун и теплъэр и нэгум къыщIэхуащ.

* * *

Зауэм кIуэхэмрэ благъэ-Iыхьлыхэмрэ сэлам зэрахыжырт бгырыс хабзэм тету: гъыи, бжэи, IэплIэ зэхуэщIыжи хэмыту. Ахэр езыгъажьэхэр, адрей махуэ къызэрыгуэкIхэм ещхьу, ауэ нэщхъейуэ я къуэхэмрэ я къуэшхэмрэ ядэуэршэрырт, я щхьэ IуэхукIэ Невинкэ нэхъ жыжьэ мыкIуэми ярейуэ. МафIэгум и иужьрей фий макъым дэщIыгъуу, абыхэм ящыщ куэдым, зэи къамыгъэзэжыну, я унагъуэхэр зэрабгынэр хэт ищIэнт.

Кавказ аузхэр зэпиупщIу, эшелоныр ищхъэрэ къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ, зауэ гущIэгъуншэр къыщикъуэлъыкI, дунеитIым я сэлэтхэр, къуршыпситI хуэдэ, щызэпэщIэувамкIэ жэрт.

Деикъуэ щыщ зауэлIхэр зыхэт батальоныр тхьэмахуэ етIуанэ хъуауэ фашистыдзэм щыпэщIэтт цIэ зимыIэ псы цIыкIум и деж.

Майор Iэюбыр зи командир батальоным Iуэху гъэщIэгъуэн зэIумыбзхэр къыщыхъурт. Абы и штабым къыщащтэ унафэхэм нэмыцэхэр зыгуэрурэ щыгъуазэ хъурт. Иужьрей зэманым тIасхъэщIэххэм ящыщу мащIэщ батальоным къэзыгъэзэжар, езыхэми я жыIауэ, «къуетхъыншэу». Сыт хуэдизу фIыуэ замыгъэхьэзырами, дэтхэнэ я зы тIасхъэщIэх зекIуэри хъерыншэт. ФIы дыдэу яхъумэу, ягъэпщкIуу къащыхъу щIыпIэхэри бийм къащIэрти, къеуэрт, зэтракъутэрт. ЩIыпIэхэр щIэх-щIэхыурэ зэрахъуэжми къригъэлыртэкъым. Ауэ, гъэщIэгъуэнратэкъэ, сыт къэхъуми, батальоным и зэпыщIэныгъэхэр къызэтенэрт. Я Iуэхур къазэремыхъулIэр сэлэтхэм зыхуахьынур ящIэртэкъым, абы къыхэкIыуи, я гукъыдэжыр нэрылъагъуу кIуэщIырт.



Полкым и штабыр тегузэвыхьырт Iэюб и батальоным и пщэ далъхьа Iуэхухэр щIэх-щIэхыурэ къемыхъулIэ зэрыхъуам. Абы и щхьэусыгъуэр зэхэгъэкIыныр пщэрылъ зыщызыщIыжа полкым и контрразведкэми зыри къыхуэщIэртэкъым. Батальоным и штабым и унафэщI майор Скуратовымрэ комбат Iэюбымрэ я Iуэхухэм щыхэплъам, контрразведкэм и капитан Захлопкиным и блокнотым иритхат мыпхуэдэу: «1) Скуратов Иван Василий и къуэ, граждан зауэм и ветеранщ, Вагъуэ Плъыжь орденыр, республикэм и Реввоенсоветым къыбгъэдэкIыу, езым ей дыдэу, Iэщэ къыхуагъэфэщащ. 2) Iэюб Кушыку Зураб и къуэ, 1937 гъэм ягъэтIысащ, совет властыр имыдэу къалъытэри.

Дакъикъэ зыбжанэ дэкIауэ арат капитан Захлопкиныр полкым и командир полковник Мысливцевым и пэшым къыщыщIэхутам. Ар пIащIэу пэплъэрт модрейм телефонкIэ псэлъэн щиухынум.

Трубкэр игъэтIылъыжри, Мысливцевыр и нэ езэшахэмкIэ нейнейуэ къеплъащ контрразведкэм и унафэщIым. Захлопкиным, зэрихабзэу, жыжьэ къыщригъэжьащ:

– Ныбжьэгъу полковник! КъызэрыщIэкIымкIэ, «пхъуантэ цIыкIур» къызэтепхыну гугъутэкъым. Майор Скуратовыр, фэри зэрыфщIэщи, ветеран... Вагъуэ Плъыжь... Iэщэ, нэгъуэщI къинэмыщI. КIэщIу жыпIэмэ, шэч лъэпкъ щIыхуэпщIын щыIэкъым. Аращи, лейр хэбгъэкIмэ, къызэрыбгурыIуэщи, къанэр щэщIрэ блы гъэм ягъэтIысаращ... Ари мыщхьэусыгъуэншэу...

– Сэ зэрысщIэмкIэ, илъэс някъуэ дэкIри, ар къаутIыпщыжащ, абыи, дауи, щхьэусыгъуэ иIэу къыщIэкIынщ. Щыхьэтлыкъ дыхуейщ, – гъущэу пиупщIащ Iэюбым гуапэу хущыт полковникым. Абы ищIэжырт Дубовицы и деж щекIуэкIа зэхэуэм нэмыцэхэм я танк батальоным Iэюб и батальоныр пэщIигъэувэу полкыр къызэрыригъэлар.

«УмыпIащIэ уэри, либералыжь, уи дежи сынэсынщ! – полкым и командирым и пэшым къыщIэкIыжурэ егупсысырт Захлопкиныр. – Ди жагъуэ зэрыхъунщи, сызэрызахуэр хьэкъ зэрыпщысщIын сиIэкъым мызэкIэ. Ауэ аракъым нэхъыщхьэр. ТIасхъэ щIэхыныр апхуэдизрэ къащIемыхъулIэмкIэ Iэюбыр зэрымыкъуаншэм и щыхьэт диIэ? ДиIэкъым. Аращ нэхъыщхьэр. «Зэрымыкъуаншэр наIуэ къэзымыщIыф цIыхур къуаншэу къэлъытэн хуейщ», – игу къэкIыжащ и унафэщI генерал Беридзе и псалъэхэр.



А зэманым щегъэжьауэ, Iэюбымрэ контрразведкэм и унафэщIымрэ щIэх-щIэхыурэ зэхуэзэ хъуащ. Иужьрей зэIущIэм Захлопкиным, нехьэкI-къехьэкI лей хэмылъу, щыжиIащ и Iуэху еплъыкIэр. Iэюбыр къэлыбри, пхъашэу жэуап къритащ:

– ЦIыхум цIыхур дыгъужьым хуидзкъым. Ар быдэу уигу иубыдэ, капитан, икIи апхуэдэурэ умыджэгу.

Iэюбым езым фIы дыдэу къыгурыIуэрт батальоным бзэгузехьэ зэрыхэтыр. Ауэ хэт? Хэт епцIыжакIуэр?

* * *

Псым зыгуэр хэхуащ. Мазэгъуэ жэщ нэхум Сэлихь хилъагъукIащ псы щIыIум щызэбгрыкI хъурейхэр, дыжьыныфэу тепщIыпщIыкIыу.

«Сыт мыр зыщIисыр?» – егупсысащ Сэлихь.

Псыежэхыр апхуэдэу зыгъэтолъкъуныфынур бдзэжьеишхуэщ, ауэ ахэр  куэд щIащ мыбы зэрыхэмысыжрэ. И щхьэусыгъуэр къыщыгурымыIуэм, а хъурейхэр щыгъупщэжри, къыпэщыт псы IуфэмкIэ плъэуэ щIидзэжащ.

И щIыбагъымкIэ щхъыщхъ макъ щызэхихащ икIи и цIыхугъэу къыщыхъу гуэрым и ныбжь къилъэгъуащ. Сэлихь псынщIэу зыкъыщигъазэм  зы папцIэ пщтыр гуэркIэ къепыджащ а ныбжьыр. И псэр хэмыкI щIыкIэ абы къицIыхуащ я Деикъуэ къуажэ жыжьэм къыдэкIа и хэкуэгъухэм ящыщ зы...

Нэхущым и деж, плъырхэр щызэхъуажэм щыгъуэ, Сэлихь и хьэдэр къагъуэтыжащ. Сэлэт-пелуаныр къыщаIэтым, абы и Iэ ижьыр здэщылъам и деж тралъэгъуащ дамыгъэ гъэщIэгъуэн, налым ещхьу. Ар Индрис и лъэпкъ дамыгъэрат.

Iуащхьэмахуэ и щыгум хуэдэу зи фэр шэхуу пыкIа Iэюбым и Iэ кIэзызхэмкIэ гъущI пыIэр зыщхьэрихри щэхуу жиIащ:

– ФIыщIэ пхудощI, Сэлихь, иужьрейуэ щIым къытебна уи лIыгъэм папщIэ. Псэр зыхэкI IэмкIэ иптхъа дамыгъэмкIэ блэм и лъагъуэм дытепшащи, дэ ар зэхэтпIытIэнщ.

Псоми фIыуэ ялъагъу Сэлихь батальон псом щIалъхьэрт, мыдэкIэ дзэ трибуналым ищIа унафэр сэлэтищым ягъэзащIэрт.

Апхуэдэу зэмыщхьу дунейр ябгынащ зы къуажэм къыдэкIа цIыхуитIым.

*ЗэзыдзэкIар* **ИСТЭПАН Залинэщ**

*Прозэу тха усэхэр* **ГУГЪУЭТ Заремэ**

## ЩЭХУ



Макъамэ гуапэм ещхьщ уэ птеухуа гупсысэр. А макъамэр зэхэсхыху, дунейр нэхъ дахэ хъууэ къысщохъу. Гум ущотIыгъуэ. Удзыр бдогъагъэ, псынэпсыр уогъэуэуэршэр, уафэ лъащIэм сыбогъаплъэ. Апхуэдиз дахагъэ къызэрыщцыр уи нэгу зэлъыIухарщ. Хьэуэ, уэ езым уи нэгу дыдэм апхуэдэу хуиту сиплъэфын насыпри тIэкIу спэжыжьэIуэщ. Зи гугъу сщIыр уи сурэтырщ. Аращ гукъэкIыжым сыхэзышэжыр.

ГукъэкIыж... ГурыщIэм зыкъыхиукъуэдият си гъащIэм. Си Iуэху лъэпкъ хэмылъу ар си гум уэ пхухиха гурыщIэт. Къысщыхьапэри, си гупсысэр зэрыхуейуэ уэ птриухуат. Гур нысфIэкIуасэрти, куэд дыди зыхимыщIыкI уи гъащIэм зыхигъэфIыхьырт. Ирикъуртэкъым зыгъэфIэнкIи. Пщэдджыжь хьэуа къабзэкIэ ирикъу зэрыщымыIэм хуэдэт. Си Iэр ныпхуэсшиямэ, си Iэпэр бубыду уи лъахэм сипшэну къысщыхъурт. Iэджэуи дахэу къыщIэкIынщ а лъахэр... дыгъэпсыр удз гъэгъахэм яхуэгуапэу, псынэпсыр зэнзэныпсу къабзэрэ-къабзэу, уафэр бзыгъэу, бзум я уэрэдым а псор нэхъри гуакIуэ щIэхъукIыу. Си фIэщ хъуркъым уи лъахэм уафэр щыгъуагъуэуи щыхъуэпскIыуи. Псэ къабзэм и лъахэм ахэр щыхабзэкъым. Абы сипшамэ, сигу пэщыху уи нитIым сыщIэплъэнт, си гур уи Iэгум нислъхьэнт, си гъащIэр уэстынт. Уэри абы ущыгуфIыкIыну хъунт. Ауэ... А гур уэ тыгъэ пхуэсщIын щхьэкIэ, зыгуэрым къытесхын хуей хъунут. СыткIэ ухуейт уэ зыгуэрым и насып зыгъэлъэпэрэпа, и гъащIэр зэхэзыуIухьа гу?! Ар си щIыбагъкIэ къыщынэ гъащIэ Iыхьэт. СиутIыпщыртэкъым, зы лъэбакъуэ закъуэкIи сынигъэкIуатэртэкъым. МащIэуи сыхузэгуэпырт уи деж сынэзышэну гъуэгур зэрыIуищIэм щхьэкIэ. Ауэ, ари сэрат зи гъащIэр, сэ езым сухуэжат. Налъэ-налъэу, ткIуэпс-ткIуэпсу, сыхуэсакъыу, сегугъуу. Иджы дэнэ схьыжынт?! КъэзгъэIэса, зэзгъэса гъащIэр хыфIэздзэу дакъикъэм схуэгъэщэщэжынутэкъым.

ГъащIитIыр зэдекIуэкIыфынутэкъым, апхуэдиз нурым нэр щигъэункIыфIыкIынут. Абы насыпыншагъэ къыхэкIынри зыхуэIуа щыIэтэкъым...

КъыскIэлъыхъуапсэу си щIыбагъ къыдэзна гъащIэм згъэзэжри, мыдрейм си гур къыхэзнащ. ТIури Iыхьэншэ хъуакъым. Ауэ, гур къызыхуэзгъэнам дэнэ щищIэн абы тыгъэ хуащIауэ... Апхуэдэ



10 Заказ №1211

мылъку иIэу и пщIыхьэпIи къыхэхуэу къыщIэкIынукъым. Ауэ щыхъукIи, гур насыпыфIэщ. ИIэщ зыми зэхимыха, нэбгъузкIи зыIумыплъа щэху. Лъагъуныгъэ щэху.

## ГУ ЩIЫIЭ

Зэгуэр сэ хуабэу сыщытат. Гуныкъуэгъуэ ущиIи, зэшыр къыщыптеуи, цIыхухэм уакъыщыгурымыIуи укъакIуэрти, къыспкърыкI хуабэм зебгъэурт. Утезгъэужырт, уи гур пхуэзгъэIэфIыжырт. Си бжэр пхузэIусхати, ухуеиху укъыслъихьэрт. Сыкъэплъыхъуэн хуеи хъуртэкъым, сыт щыгъуи пщIэрт сыздэщыIэр. ПщIэнтэкъэ, абы фIэкIа Iуэху симыIэу, сыппэплъэу уи гъуэгум сыщытеткIэ? Уэ гуауэ къыплъысамэ, сэ сынэщхъейт, лъэпощхьэпо уIуамэ, уи япэ сиувэрти, уи Iуэху пхузэфIэзгъэкIырт. Си гупсысэр птезухуэщати, сэ езым гъащIэ сызэриIэр сIэщIэгъупщыкIыжауэ, ууеймкIэ сыпсэурт. НэгъуэщIу жыпIэмэ, уэ сыпхуэпсэурт...

Арати, уэ ущыкIащ. УщылъэIуэн хуейм дежи унафэ пщIы хъуащ. Уи псалъэхэм я Iэужь си уIэгъэхэр къибдзэртэкъым. Зызэхуэсшэурэ, умылъагъужыххэн хуэдиз сыхъуат. Хуабагъэ гуэри къыспкърыкIыжыртэкъым. СиIэжтэкъым гукъыдэж. Уэ кIэбгъу зыпщIыжри, уи хъуреягъыр къебгъэбыдэкIыжащ. Упсэуащ апхуэдэу зыкъомрэ. Хуабагъэу сэ ныпхэслъхьар бухыху. ИтIанэ-щэ?! Узэса гуапагъэр нэгъуэщIым и деж щыщумыгъуэтым, уигу къэкIыжащ сызэрыщыIэр. Си деж укъэзышэу щыта, банэмрэ къуацэ-чыцэмрэ зэщIабла гъуэгур къэбгъуэтыжри укъытеувэжащ. Нэхъапэм хуэдэжтэкъым гъуэгур. КIыхьт, быркъуэшыркъуэт. Лъагъуэ бгынэжа гуэрт. Гъуэгу зэщIэкIар бгъэкъэбзэжурэ бжэIупэм нэс укъэкIуащ. УзэрыщIегъуэжар къызыхэщ псалъэ гуэрхэр схуэбгъэхьэзырауэ уи бзэгупэм телът. Ухьэзырт, укъызэрысIуплъэу, а псор къыстебгъэлъэлъэну. ИтIанэ укъэспхъуэтэжын къыпфIэщIу къыщIэкIынут.

Ауэ сэ иджы сыгущIыIэт. ПщIэжрэт, зызэхуишэурэ ужьыхыжа гу цIыкIур?! АтIэ, мис ар уэлбанэм хиубыдэри, зыгъэхуэбапIэ имыгъуэтурэ диящ, щтащ. Уэ хуабапIэу уиIам игъуэтыжакъым езыр зыгъэхуэбэн.

Си бжэIупэм IуищIа мылым ущытеувэм, ущIэцIэнтхъури утехуащ. УкъызэфIэувэжыну къару щумыгъуэтым, укъэпщу ухуежьащ. Ари пхуэздакъым. Жьапщэмрэ уаемрэ уэсщIэкIри укъыIузгъэхьакъым. Сылеймыгъэгъут. СыгущIыIэт. УэркIэ сыгущIыIэт.

## ГУГЪЭ

Сызэпеплъыхь. КъызодэхащIэ. СегъэIущ. Гур егъэгуфIэ, егъэхъуапсэ, егъэпсэу. Псэм хегуашэ гурыфIыгъуэ щэхухэр. Щэху дыдэу, зибзыщIыпэу къызопсалъэ. ТхьэкIумэм итщ, си нитIым щIэтщ, гум илъщ.

Ар си хъумакIуэщ. ГъащIэм и тыгъэшхуэщ, и налкъутналмэсщ. IIэкъым упщIэ мыфэмыци, жэуапи къыспихыну хэткъым.

Мэпсэу... Гум жьэгу дищIыхьауэ... Ужьыхыу хуежьэмэ, щIэрыщIэу къигъэблэжу... Iэпкълъэпкъыр зэрыщыту игъэхуабэу... Къысхуэгуапэу. СызэхищIыкIыу, скIэрымыкIыу. Сыкъимыгъанэу. Илъагъукъым пцIыи, фыгъуэижи, зэрымыщIи. Ихъуреягъыр гуапагъэрэ къабзагъэрэщ. КъигъэщIыр дахэщ. ГъащIэщ. ГъащIэ псощ.

И дунейр гъатхэщи, мэгъагъэ, мэгуфIэ, мэуэршэр. Макъамэм хошыпсыхьри, егъэгуфIэ псэр.

## БЖЬЫХЬЭР КЪЫЩЫДЖЭКIЭ...

Лъэ макъ щабэ бзыщIакIэ бжьыхьэм утыку зыкъещI. Жыгхэр зэм зоIущащэ, зэм къызэдофэ, зэми жьыбгъэр къудамэ шэщIахэмкIэ ялъахъэри, хадэм ирагъэблагъэ, жаIэхэм щIагъэдэIу. Жыгхэм зэдагъэщIагъуэхэр жьыбгъэм иIуэтэжынущ. Зэман кIыхькIэ ишэщIми, жыжьэ нихьэсми, псалъэ лей темыкIуадэу, гухэм зыхащIэу.

Жьыбгъэм и хъыбар гуэрхэр си дежи къэсынущ, сигу укъигъэкIыжынущ... ЗэкIэ уи деж зыщеIэжьэ. Уэ гукъэкIыж ныпхуихьащи, зэгуэр къэбгъэщIауэ щытахэм псэкIэ уакIэлъопIастхъэ. Ухуейкъым бутIыпщыжыну бжьыхьэм и псалъэр. Ауэ... жыгым и Iэпэр зыIыгъа тхьэмпэр дунеяплъэ йожьэж. Уэ гукъэкIыжым зыхуэпшийуэрэ, гъуэгу зытеувэжам уроплъэж... КъэпцIыхужа? Ар уи хамэу щытакъым. ИтIани утехьэжыфыркъым... Гъуэгур зэпытхукIынущи, гъунапкъэхэр дгъэбыдэжынущ. АбыкIэ дызэгурыIуауэ щытащ – бжьыхьэм ещIэж...

Дгуэшыжынущ ди бжьыхьэр... Псалъэрэ гухэлъ налъэу къысхуэбгъэфащэу, губжькIэ щIэбуфэжахэм япэкIуэу сыт уэстыжынур? СыткIэ узгъэфIэжыну?

ХьэщIапIэ уздисшэжынущ жыг хадэм. ЛъапцIэу къыщыткIухьынщ. Тхьэмпэхэр мэIущащэ иджыри. Хьэуам къыхэдна бэуэкIэр бжьыхьэм жыг хадэм щехъумэ.

## МАКЪАМЭ

Макъамэ защIэщ мы гъащIэр! Псори, псори гухэлъ хъыринэ изогъащIэ! Си гур щохъур дунейм насып защIэ... Дыгъэ бзийм, удз гъэгъам, жыг Iэрысэм, уафэгъуагъуэм, уэшх хуабжьым, уэс щабэм... Псоми, псоми макъамэ къапех. Макъыу хъуари мы си гум зэхех.

И къеуэкIэр мы си гум макъамэщ, сыщигъафIэкIэ куэщIкIэ хэку-анэм. Макъамэхьу йошкIурэх псыIэрышэр... Макъамэпсэу щопсэу вагъуэр уафэм... Дэпыр пIэнкIмэ – макъамэщ, жьыбгъэр фиймэ – макъамэщ. Хэт щегъафIэр игу шы лъэ макъыр, гукъэкIыжым зыхьыжри арауэ.

Бжьыхьэр, гъатхэр, щIымахуэр, гъэмахуэр зэрощэщыр макъамэ-макъамэу. Бжьыхьэм, мес, Iэпощэщ дыщэ хъархэр. Дыжьын щIыIухэр тощащэ щIымахуэм. Гъатхэм хепхъэ гъэгъа псыIэрышэм. Къуалэбзу-хэр гъэмахуэм доушэ.

ЗэIэпахыр уэрэд уэми щIыми. Сахэдэну макъамэм щыта-мэ, уигу нэщхъейм и щымыкIэ-щыIэкIэр щызгъэIунт мы дуней макъзэхъуэкIым.

## АРХЪУАНЭ

Гур архъуанэм ирехьэри... гъащIэ псо щоуназэ. ГукъэкIыжхэр къожажьэ, гупсысэр мэятэ. ПщIэжрэ, пщIэжрэ жыпIатэр, сигу, зэ-гуэр узелъатэу... Къэбгъуэтауэ, бгъэфIэну, гухэлъ IэфIу уиIэну... Уэ гухэлъыр жыпIэнут, дуней псор ууей хъунут. Сэ сыноплъырти щыму, бжезмыIэфурэ зыри, уи дунейр сфIэгуэныхьт.

Уимыхуэжу мы си бгъэм, уэми щIыми щыбгъафIэ гухэлъ нэхур зэгуэрым къыптесхынути, испхъэжынут ар уафэм. Уафэм ар имы-хуэжу, хэз сфIэхъуати хьэуам... Иджы нэхъри угуфIэрт. Сэ уэсщIэн си гугъахэр пфIэделагъэу арати... бутIыпщауэ уи макъыр, лъагъуныгъэм и макъыр, удыхьэшхт.

Сигу, щытам сфIэгуэныхьу, си гугъам узым ихьу, узи гуауи илъагъукъым, зыри хъуркъым и жагъуэ. ГъащIэм IэплIэ хуищIауэ, нэхуу уэгум щыблауэ, и гухэлъ егъэпэж. КъыIэщIэпчи къытепхи хъуркъым гухэлъыр. 

## БЖЬЫХЬЭ

Бжьыхьэр мэщхъыщхъ. Мэгупсысэ... Мэпсалъэ... Тхьэмпэр жьым ипхъэнкIыхукIэ, къыщIощыжыр уи теплъэр. Уи нитIыр... Уи плъэкIэр... Бжьыхьэм уи макъыр ецIыхур. Нэху щыхукIэ, бжьыхьэр уи макъым щIодэIу. Бжьыхьэм и пшэплъхэр щIыIэщ. Уи псэр зыхъу-мэ уафэм си гур аргуэру щыIэщ. Сигу щIыIэр. Уи гурщ сигу щIыIэм хуабапIэу иIэр. Бжьыхьэм си щэхур ещIэ... Тхьэмпэ пыщэщыр зи куэщI бжьыхьэм сэ зызогъэщIыр... Сигу хэщIу... Жьыбгъэр къысщхьэ-щоувэ.

Бжьыхьэр мэгувэ. И тхьэмпэ псыфхэр мывэу... И тхьэмпэ псыф-хэр хьэлъэу... СигукIэ зызогъэзахуэ бжьыхьэ дунейм и щIыкIэр. Зыри зыхэзмыщIыкIыу, си гур къызыхащIыкIыр. СылъапцIэщ. Бжьы-хьэм еIэт и напIэр. Къоплъэри си нэ кугъуэм, сытрешэж и лъагъуэм. СынрикIуэху, услъагъуу!

## УЭС НАЛЪЭХЭР

Хьэуам къыщыфэ уэс налъэхэр нэбжьыцкIэ къызоубыд. ЩIымахуэм сыхозэрыхь. Къыхыхьи, къыIукIэ псэуэ. Уэс къафэм

макъамэ хуэхъу. Армыхъумэ, сохъу щIыIэрыс... Уи плъэкIэр уэсым къытощри, си нитIыр щоункIыфIыкI. Уэ сытхъуу укъыспощэщ. Хьэуам хэз уохъуж аргуэру. Уафэр кууүэ мэбауэри, вагъуэхэм я щхъыщхъ макъыр щIылъэм къоIус. Уэсым къысхуихь гукъэкIыжыр уафэм из мэхъури, мэпщIыпщI. Уэсу къощэщэхыж...

Хьэуам къыщыфэ уэс налъэхэр нэбжьыцкIэ къызоубыд. Сэ зэхызох макъамэ. Сэ зэхызох уи макъ, уэс налъэхэр хуэму къыщехкIэ, зыхэсщIэу уигу и къеуэкIэр.

## УЭ УМАКЪАМЭЩ

Уэ умакъамэщ. Псалъэ хэмыту... си хьэуам щэхуу зыхэппхъэпауэ. Уэ умакъамэщ. ЩIыуэпсым щэхуу ухэтIысхьащи, сыпIейтеижыркъым – сыпщIодэIу. Укъыстощащэ. Уэ умакъамэщ. Мы си Iэпкълъэпкъым лъынтхуэу ирикIуэм ухызогуашэ. Ухызогуашэри, хуиту собауэ. СыкъощIэращIэ, гъащIэм сыпохьэ, уи псэм сыIуощIэ. Зыри жумыIэу, си гум ущыIэу, уэ умакъамэщ.

Уэ умакъамэщи, си хъуреягъыр хьэндрабгъуэ минщ. НапIэр щысIэткIэ, си Iэгу илъэтыр хьэндрабгъуэ хужьщ... Сыту ужыжьэ... сыту ухуэм... сыту усщыщ! Уэ схуэпхъумащ си гъащIэр. Уэ сыпщIэдэIуурэ, гъащIэм сыхохьэ. Си хъуреягъыр лъэс лъагъуэщ. Уэ сыпщIэдэIуурэ, си пIэм сыкъонэ, уэ сыкъыпхуонэ. Хуэму къэкIуатэ. Зыри жумыIэу, псори къызэIуэкIыж. Уэ умакъамэщ.

## ПЭЖ

Гум пэж щыпсэут. ГуфIэу, пIейтейуэ, хахуэу, щабэу. Хэхъуэмхэхъуэурэ, гум имыхуэж хъуащ. КъыщыпкIырт. Хуейт зиIэтыну, лъэтэну, зиплъыхьыну. Ар гум идэнут?! ЕупщIакъым... Гум изэгъэжыртэкъыми, гъуэгу хишыну ежьат. Жылэ трисэурэ ирикIуэнут. Жылэр къикIыкIынут, гъуэгур гъэгъэнут. Пэж защIэ хъунут хъуреягъыр. Арат и гугъэр. Гум къызэрикIыу, гъы макъ зэхихащ. ИтIанэ кIий макъ... дыхьэшх макъ... фий макъ. Псори зэщIовууэ. Пэжыр мэкIэзыз. Зызэтреубыдэри, мэбакъуэ. Уаем, псыдзэм, мафIэсым хобакъуэ. КъыщыувыIэкIэ кIиину мурад ещI – зэхахын хуейщ... дауэ мыхъуми зэхахын хуейщ. Iэмал имыIэу! Зэ мэкIийри, уафэр къыподжэж – мэхъуэпскI. ЕтIуанэу жиIэнIауэ зыщигъэхьэзырым, и макъ къикIыжыркъым.

«Гум сыщыпсэужатэмэ!» жи пэжым. Къабзэу къэнэнут, щыму гугъэ иухуэнут, дзапэ уэрэд хъунут. ЗэхэзыхынуIатэкъым. Пэжым кърикъэуэнут гур... Щым зищIыжащ. Зыри щыдымкъым гу лъахэм.

Пэжыр зэрыщымыр зыгуэрым зэхех. Ари гущ. Абыи пэж гуэр илъщ. Ари уIащ, пцIанэщ, щIыIэрысщ. Зиухыжыну хуеят. Ауэ нэгъуэщI зы пэжым и дуней щымыр зыхищIащ. Аращ къезыгъэлар. Гухэм я пэжхэр

зэхуэзащ. Дунейр умэзэхри, гупсысащ. Егупсысащ уафэр зэрыкъабзэм! Пэжхэр зэрыщIэри, къару къахыхьащ. Къару къахыхьащ щыму гухэм щыпсэуну.

## ПСЫЕЖЭХЫМ ЖИIЭР

Дыгъэм зеукъуэдийри, удз гъэгъа губгъуэм йоIусэ. Гъэгъахэр егъафIэ. Губгъуэ щхъуантIэм тепхъа гъэгъа щхъуэкIэплъыкIэхэм хьэндырабгъуэхэр тотIысхьэ, къытолъэтыж, ящхьэщолъатэри загъэкIэрахъуэ, къофэ. Жьы мащIэм гъэгъа тхьэмпэхэр щIигъэхъаеурэ, хьэуам мэ гуакIуэр хегуашэ.

Псыежэх цIыкIур мывэкIэщхъым кIэщIэрыIэурэ, зэрегъэунтIэIу. Дунеяплъэ здрихьэхыну якIэщIэрыIэ хуэдэщ. Мыдрейхэм ар ядэркъым. Тегушхуэу зыкъэзыIэт къахэкIми, «тIыркъ» жригъэIэу, и гупэкIэ къыщылъ мывэм тохуэж. Псалъэурэ йожэх псыр. Йопсалъэ губгъуэм, гъэгъахэм, хьэндырабгъуэхэм. Йопсалъэ дыгъэм. Езы дыгъэри, и бзий хуабэхэмкIэ къоIэбыхри, псы къабзэм и щIыфэм тоIэбэ, телъыджэу щхьэщолыдыкI. Дыгъэр зыхуэгуэпа псым и уэршэрым зрегъэIэт – жиIэн и куэдщ. ЕIуатэ куэд щIауэ зыщIэдэIу, зэхуихьэс хъыбархэр. КъэувыIэмэ, ахэр зэпыункIэ шынэ нэхъей, тетщ и гъуэгум. Здрехьэх зэгуэр псыхъуэм къызэрыдэхьа щIалэжь цIыкIухэм я дыхьэшх макъи, къыщхьэщылъатэурэ зэм зы уэрэд, зэми нэгъуэщI къыжезыIа бзухэм я бзэрабзи, Iуфэм зи губампIэ щыдэзыха пщащэм и щэху нэгъунэ. Псыр игъуэжынти, а илъагъу, зэхих псом щыщIамэ. Ирежэх атIэ... къэмыувыIэу, псалъэу, дыгъэм пэлыду! 

# ЛЪЭПКЪ ЩЭНХАБЗЭМ И ВАГЪУИТІ



Дэтхэнэ лъэпкъри къыхэзыгъэщхьэхукIыр, ар мыкIуэдыжу е нэгъуэщI лъэпкъхэм яхэмышыпсыхьыжу къызэтезыгъанэр икIи ипэкIэ зыгъэкIуатэр и бзэм, щэнхабзэм, гъуазджэм игъуэт зыужьыныгъэрщ. Адыгэхэр щыпсэу щIыналъэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, абыхэм я зыужьыпIэ нэхъыщхьэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр. Абы и гугъу щыпщIкIэ, япэу уи гум къридзэр а театрым и утыкур илъэс куэдкIэ зыгъэбжьыфIа артист пажэхэрщ, абыхэм ягъэзэщIа роль гукъинэжхэрщ. Апхуэдэхэщ адыгэ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэу Болэ Мурат, ТIыхъужь Алий, ДыщэкI КIунэ, Къаздэхъу СулътIан, Иуан Владимир, Мэшыкъуэ Феня сымэ, нэгъуэщIхэри. Мы гупым яхэмытынкIэ Iэмал имыIэу я цIэ къиIуапхъэщ зэщхьэгъусэхэу Мысостышхуэ Пщызэбийрэ ЖьакIэмыхъу КIунэрэ. Ахэр зэлэжьэгъут, зэакъылэгъут, нэхъыщхьэжращи – псэкIэ зэлъэпкъэгъут, ауэ языхэзми езым и лъагъуэ бгъуфIэ театр гъуазджэм щыпхишыжащ, и щхьэзакъуэ ехъулIэныгъэхэр щызыIэригъэхьэжащ. Абы къыхэкIкIэ я гъащIэмрэ я лэжьыгъэмрэ зэпэщхьэхуэу къытеувыIапхъэщ, дэтхэнэми хуэфащэ гулъытэ лъысыжу.



Москва дэт ГИТИС-р къэзыуха, иужькIэ режиссер IэщIагъэри а еджапIэм щызэзыгъэгъуэтыжа актер цIэрыIуэ, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIыхь зиIэ я артист, Абхъаз Республикэм и цIыхубэ артист, КъБР-ми Адыгэ Республикэми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Мысостышхуэ Пщызэбий Зэбэч и къуэм и гъащIэ псор адыгэ театрым хуэлэжьэным, лъэпкъым и гъащIэр гъэдэхэным, егъэфIэкIуэным триухуат.

Мысостышхуэр 1935 гъэм октябрым и 15-м Аруан районым хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. Ар зэрысабийрэ актер IэщIагъэм дихьэхырти, къуажэ еджапIэм щыщIэсым, я къуажэгъу Црым Тобий къызэригъэпэща гупым жыджэру щыджэгуу щытащ. Абы къыдэкIуэуи, театр джэгум гу хуэзыщIа щIалэ цIыкIум а IэщIагъэмкIэ щапхъэгъэлъагъуэхэр и куэдт. Апхуэдэхэт и къуажэгъу артист цIэрыIуэхэу Болэ Мурат, Сонэ Мухьэрбий, Жыгун Тимэ сымэ.

1958 гъэм ГИТИС-р къиуха нэужь, Мысостышхуэ Пщызэбий ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым

лэжьэн щыщIидзащ. Театрым щигъэзэщIа япэ ролхэм наIуэ къащIат абы зыми хэмыгъуэщэн творческэ зэфIэкIышхуэ зэрыбгъэдэлъыр. Ар лIэщIыгъуэ ныкъуэм нэблагъэкIэ – илъэс 45-кIэ – къыхиха IэщIагъэм ирилэжьащ, роль нэхъыщхьэу 100-м щIигъу игъэзэщIащ. Мысостышхуэм и ролхэм ящыщу цIэрыIуэ хъуахэщ ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым къытращIыкIа спектаклым хэт Къамбот, ЩоджэнцIыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэм хэт Заур, IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» трагедием хэт Джэгъэтей, ар дыдэм и «Эдип» пьесэм хэт Тиресий, Шортэн Аскэрбий и «Партым и лIыкIуэм» хэт Андрей, Шэру Азрум и «Къэнэмэтрэ Къасболэтрэ» хэт Къасболэт, Щхьэгъэпсэу Мухьэмэд и «Мыщэ и къуэ Батырым» хэт Батыр, Къущхьэ СулътIан и «Ущымыуэ, Чэрим!» жыхуиIэм хэт Чэрим, Шолохов Михаил и «ЩIыщIэ къэIэтам» («Поднятая целина») хэт Давыдовыр, Розов Виктор и «Гъуэгу махуэ» («В добрый час») хэт Алексей, Бояджиев Мар и «ЩIакIуэкIапэм» хэт Азиз, Каплер Иосиф и «Уафэгъуагъуэ илъэсым» хэт Матвеевым, Шатров Михаил и «Революцэм и цIэкIэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым хэт Яшкэ, Островский Александр и «Гу пщтырым» («Горячее сердце») хэт Гаврилэ, Арбузов Алексей и «Си Марат тхьэмыщкIэ» («Мой бедный Марат») хэт Марат, Вольтер (Аруэ Франсуа-Мари) и «Магомет»-м хэт Саид, Мольер Жан-Батист и «ЗалымыгъэкIэ ягъэIэзэм» («Лекарь поневоле») хэт Сганарель, Ануй Жан и «Медея»-м хэт Ясон, Эдуардэ де Филиппэ и «Филумена Мартурано» хэт Риккардэ, нэгъуэщIхэри. Ар ядэлэжьащ режиссер цIэрыIуэхэу Моисеев Георгий, Теувэж СулътIан, Ерчэн Леонид сымэ.





**Пщызэбийрэ Балъкъэр Тамарэрэ «Мадинэ» спектаклым щоджэгу.** *1968*

ИгъэзэщIа ролхэм я гугъу ищIыжу, Мысостышхуэ Пщызэбий мыр жиIэгъат: «Дэтхэнэ актерми иIэщ фIыуэ илъагъу образ. Си дежкIэ

апхуэдэу щытщ Шортэн Аскэрбий и «Партым и лIыкIуэ» пьесэм хэт Андрей (Кировым) и ролыр... Ар лIыгъэшхуэ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ цIыху щыпкъэу щытащ. Шолоховым и «ЩIыщIэ къэIэтам» щызгъэзэщIа Давыдовым и ролри сигу къинэжахэм ящыщщ. Розов Виктор и «Гъуэгу махуэ» пьесэм щызгъэзэщIа Алексей и ролыр сэ къыстратхыкIами ярейщ. Ар згъэзэщIэн сухыу сценэм сыкъыщикIыжа дакъикъэхэм нэхърэ нэхъ дэрэжэгъуэшхуэ сиIауэ сщIэжыркъым. Алексей и хьэл-щэным, и къабзагъэм, и цIыхугъэм, и ерыщагъым сэ фIы куэд къыхэсхащ. ИкIи а фIыгъуэр си ныбжьэгъухэм, театрыр фIыуэ зылъагъухэм естыжащ. Актерхэр аращ насыпкIэ дызэджэжыр».



**«Красные колокола» фильмым Багратуни и ролыр щегъэзащIэ.** *1981*

Мысостышхуэ Пщызэбий художественнэ фильм зыбжанэми хэтащ. Абыхэм ящыщу Ковалев Марк триха «Колокол священной кузни» (1982) фильмым Абхъазым и ЛIыхъужь Лакобэ Нестор и образ телъыджэр къызэрыщехъулIам папщIэ абы «Абхъаз Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр къыфIащауэ щытащ. Апхуэдэуи, режиссер Бондарчук Сергей триха «Красные колокола» (1982) фильмым Багратуни и ролыр, Журавлев Дмитрий триха «Лавина с гор» (1958) фильмым Хьэбалэ и ролыр щигъэзэщIащ; Къандур Мухьэдин триха «Потерянная в горах» фильмым, Амирэджиби Чабуа и «Дата Туташхиа» куржы фильмым, Къэрмокъуэ Мухьэмэд и тхыгъэм къытращIыкIа «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» адыгэ фильмым щыджэгуащ.

Пщызэбий Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и режиссеру, режиссер нэхъыщхьэу илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ. Абы спектакль 20-м нэблагъэ игъэуващ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Ширванзаде Алек-

сандр и «Жин фIыцIэ» («Злой дух»), ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ», Мольер Жан-Батист и «ЗалымыгъэкIэ ягъэIэзэ» («Лекарь поневоле»), Теппеев Алим и «Уи нэху» («Твой свет»), Хугаев Георгий и «Андрорэ Сандрорэ», Кригценкэ А. и «Насыпыр Iыхьэ мыгуэшщ» («Счастье неделимо»), Шамхалов Мэжид и «Гуащэ» («Свекровь») жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм къахощхьэхукI Кавказ зауэм и гуауэмрэ тхыдэм и пэжымрэ наIуэу къызыпкърыщыжу Лохвицкий Михаил и «Уафэгъуагъуэ макъ» («Громовый гул») повестым къытрищIыкIа спектаклыр. А лэжьыгъэм режиссерым и псэр хилъхьащ, и лъэпкъым папщIэ иIэ гурыгъухэр IупщIу къыщигъэлъэгъуащ.

Мысостышхуэ Пщызэбий и лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, тхэнми дихьэхырт – усэхэр, рассказхэр, пьесэхэр, уэрэдхэр итхыу, урысыбзэкIэ тха пьесэхэр адыгэбзэкIэ зэридзэкIыу щытащ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ «Дунейр чэзущ» зыфIища тхылъыр усакIуэ Лыкъуэжь Нелли къыдигъэкIащ. Абы ихуа тхыгъэхэр щыхьэт зэрытехъуэщи, Пщызэбий зытетхыхьу щытар куэду зыгъэгузавэ, и гур хэзыгъэщI Iуэхухэрт. ГушыIэ зыхэлъ тхыгъэ псынщIэ цIыкIухэр иIэми, Мысостышхуэм и IэдакъэщIэкIхэм я нэхъыбэм гупсысэ куу ящIэлъщ, лъэпкъым, цIыхубэм я гукъеуэхэр щхьэтечауэ къыщыгъэлъэгъуауэ гъэпсащ. Щапхъэу къэпхь хъунущ «Адыгагъэр тхокIуэсыкI» усэр. Абы и пэщIэдзэм деж япэу гу зылъыптэр и гъэпсыкIэрщ. Ар ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым и гъэпсыкIэм тету, стопаиплIу зэхэт хорейкIэ тхащ, а романым и пэщIэдзэ сатырхэри эпиграфу къыщыхьащ. Усэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр къэзыгъэщIыр лъэпкъым и псэкупсэ хъугъуэфIыгъуэхэр кIуэ пэтми IэщIыб зэращIым, цIыхухэм я зэхэщIыкIыр нэхъ лъахъшэ, я гъэсэныгъэри гущIэгъури нэхъ мащIэ зэрыхъум лирикэ лIыхъужьым кърит гукъеуэхэрщ. Псалъэм папщIэ, усэм и пэщIэдзэм нобэрей языныкъуэ адыгэ щIалэхэм я «шыфэлIыфэр» къыщыгъэлъэгъуащ:

*Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр*
*Ныкъуэгъасэу щытыгъакъым.*
*Япэ къэсым игъэшынэу*
*Напэншагъи илэжьакъым!*
*<...>*
*Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр*
*И лъэпкъ мащIэм хуэщIыIакъым!*
*Мылъкум и нэр къыщхъэрипхъуэу*
*И щхьэ закъуи хуэпщылIакъым!*
*Фыз бныбэр сондэджэру*
*Бэзэр шэдым хигъэсакъым!*
*Къилэжь мащIэр къыIэщIитхъыу*
*Ефэ-ешхэу дэтыгъакъым!*

АдэкIэ усэм къыщокIуэ иджырей адыгэ бзылъхугъэм и теплъэр, зыхуэпэкIэр, хьэл-щэныр, гъэсэныгъэр здынэсыр IупщIу къыщыгъэлъэгъуа сатырхэр. Ахэр зэгъэпщэныгъэ зэфэзэщкIэ – ипэрей адыгэ бзылъхугъэмрэ иджырейхэмрэ я образхэр щызэпэщIэгъэувауэ – гъэпсащ:

*Нобэ хуэдэу адыгъэпхъур*
*Хъурмыжбанэу щытыгъакъым!*
*И щхъэгъусэм пэпсэлъэжу,*
*Игъэпуду и хабзакъым.*
<...>
*Нобэ хуэдэу адыгэпхъур*
*Нэхъуеиншэу щытыгъакъым!*
*Нэмысынши, укIытэнши,*
*ПцIыIуэпцIыши яхэтакъым!*
*ГуемыIуу ар хуэпауэ*
*Утыку къихьэу щытыгъакъым!*
*Нэхъыжь щыту ину псалъэу,*
*ТIысу шхэуэ ялъэгъуакъым.*



Усэм и кIэм деж къыщызэщIэкъуэжащ икIи художественнэ Iэзагъ хэлъу къыщыгъэлъэгъуащ адыгэ цIыхухъумрэ адыгэ бзылъхугъэмрэ нобэкIэ я щыIэкIэ-псэукIэу ищхьэкIэ къыщыхьам лъэпкъыр зыхуашэ щыхупIэхэр: «адыгагъэм гужьеигъуэ къызэрылъысар», «нэхъыжь и псалъэм нэхъыщIэр ебакъуэ зэрыхъуар», нобэкIэ «хьэгъэщагъэм и пхъэр къызэрикIыр», «лъагъуныгъэм и псэр зэрыхэкIыр».

ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа «Адыгагъэр тхокIуэсыкI» усэм нэмыщI, Мысостышхуэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Псэм и уаз», «Бзаджэ» усэхэр, «Цыцэу зыц къызытемынэжын», «Къэгъази сIых», «СабырщIэгъей», «СыпкIэщIотхъыкI» гушыIэ, ауан рассказхэр, нэгъуэщIхэри. И тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ пыухыкIа хуищIами, Пщызэбий тхакIуэу зэи зибжыжакъым. Тхэным зэрыдихьэхамрэ щIыдихьэхамрэ тепсэлъыхьу, артист цIэрыIуэм мыр жиIэгъауэ щытащ: «Сэ си щIалэгъуэр зэрызгъэкIуам, балигъ сыхъуа нэужь, си нэгу щIэкIахэм, гуапагъэ, цIыхугъэ зыдэслъэгъуа си ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, гъащIэ гъуэгу быркъуэшыркъуэм къыщысIэщIэщIа щыуагъэхэм сатетхыхьыж си хабзэщ. Стхыжхэм хэтщ уси, пьеси, уэрэди, рассказ, ауани, гушыIи. Дауи, сэ сызэрытхэр зыфIэауани, аргуэру зы тхакIуэ мыкIуэмытэ къэунэхуащ жызыIэни щыIэнущ. Сэ сытхакIуэкъым, тхакIуэхэм сахэвбжэнуи сыхуейкъым. Ар си дежкIэ насыпышхуэIуэщ, къалэн абрагъуэщ. Сэ схузэфIэкIынурати, си гъащIэм и зы плIанэпэ цIыкIу си тхыгъэхэм яхухэсхауэ, ар сэр-сэру згъэдэхэжу, згъэщIэрэщIэжу, стхахэм сыкъеджэжрэ гухэхъуэгъуэ къызату сыпсэуащ...».

Мысостышхуэр зыхуэлэжьар и зэчиймрэ къыхиха IэщIагъэмрэ я закъуэкъым. Абы сыт щыгъуи жылагъуэ, лъэпкъ Iуэху мытыншхэр и пщэ къыдэхуэу икIи ахэр екIуу зэфIихыфу, щIэблэр егъэджэным, гъэсэным, дахагъэм къыхуэгъэушыным гулъытэшхуэ хуищIу щытащ. Режиссер цIэрыIуэ Теувэж СулътIан игу къигъэкIыжыгъащ: «Кавказ Ищхъэрэм искусствэмкIэ и институтым щыщезгъаджэм, си гъэсэнхэм сытым дежи Пщызэбий щапхъэу къахуэсхьырт. НыбжьыщIэхэм къазэрыгурызгъэIуэным иужь ситт сэ езгъащIэр алыфбей къудейуэ зэрыщытыр, зыщагъэсэнур, я щIэныгъэм щыхагъэхъуэнур сценэр зэрыарар. Феджэмэ, фылажьэмэ, къыхэфха IэщIагъэр фIыуэ флъагъумэ, Мысостышхуэм хуэдэ фыхъунщ, яжесIэрт».



**Мысостышхуэ Пщызэбийрэ ЖьакIэмыхъу КIунэрэ я унагъуэр.** *2007*

Пщызэбий телевиденэми радиоми я лэжьыгъэм и гуащIэ хилъхьащ. Куэдым гунэс ящыхъуат икIи щIэупщIэшхуэ яIэт абырэ и щхьэгъусэ ЖьакIэмыхъу КIунэрэ ирагъэкIуэкIа «Хасэ», «Iэдииху», «Пшыналъэ», «Жьэгу пащхьэ», «Аркъэн», «Театрымрэ театреплъымрэ», «ГушыIэмрэ ауанымрэ» нэтынхэм. Радиом и «Дыщэ фондым» хэлъщ абыхэм я лэжьыгъэ нэхъыфIхэр.

Мысостышхуэр «Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым, «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым, Театрым и лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтащ. Апхуэдэуи, ар «Бжьамий» IуэрыIуатэ ансамблым и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщу щытащ. А ансамблым хэткIэрэ, абы и макъ лъэщыр дунейм и щIыпIэ куэдым – Москва, Варшавэ, Париж, Дамаск, Амман, нэгъуэщIхэми – щыIуащ.

Мысостышхуэм ита интервьюхэм языхэзым щыжиIауэ щытащ: «Театрым зи гъащIэр езыпххэм икъукIэ гъуэгуанэ гугъу, ауэ пщIэшхуэ зиIэ къапэщылъщ... Насып иIэщ пэжыгъэм, захуагъэм, IуэхуфIым цIыхухэр хуэзыунэтIыф актерым». Апхуэдэ актер гъуэзэджэу щытащ езы Пщызэбий, и зэчийм хуиубзыхуа гъуэгуанэ гугъури дахэу, пщIэрэ щIыхьрэ пылъу икIун хузэфIэкIащ. Мысостышхуэм и лэжьыгъэфIхэр, къигъэщIа образ, роль гъэщIэгъуэнхэр республикэм исхэм ноби ящыгъупщэркъым. Актер IэщIагъэм щиIэ зэфIэкIыр къалъытэри, абы къэралым и дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Апхуэдэщ «Лэжьыгъэм къызэрыщыхэжаныкIам папщIэ» (1958), «Лэжьыгъэм и ветеран» (1986) медалхэр, Абхъаз Республикэм Гулиа Дмитрий и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтыр (1984), Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр (1998), Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩIыхь тхылъхэр (1965, 1996).

Мысостышхуэ Пщызэбий артист гъуэзэджэу, щхьэгъусэфIу, адэфIу, ныбжьэгъуфIу, Хэкур фIыуэ зылъагъу цIыху екIуу дунейм тетащ. Iэужь дахэ къэзыгъанэ цIыхум и фэеплъыр зэи кIуэдыркъым. Апхуэдэ насып зи натIэ хъуахэм ящыщщ Пщызэбий, ауэ псом нэхърэ нэхъ лъапIэжращи, абы и фэеплъыр ихъумэу, зэгуэр зэгъусэу ирахьэжьа Iуэхухэми къыпищэу нобэ дунейм тетщ и щхьэгъусэ ЖьакIэмыхъу КIунэ.





ЖьакIэмыхъу КIунэ Хьэжбарэ и пхъур 1940 гъэм апрелым и 21-м Аруан районым хыхьэ Шытхьэлэ къуажэм къыщалъхуащ. ЗэрыцIыкIурэ абы фIэфIт хьэпшып гуэрхэр зыкIэрилъхьэу, бостей кIыхьхэр щитIагъэу зигъэщIэрэщIэну, цIыху цIэрыIуэ гуэрхэм запищIыжыну. Сабий ныбжьым щитым КIунэ хуабжьу нэжэгужэу щытауэ жаIэж. Хьэблэм дэс цIыхубзхэр ЖьакIэмыхъухэ я деж щызэхуэсырт, я хъыджэбз нэхъыщIэм и зыщIыкIэм еплъын, иридыхьэшхын папщIэ. КIуэаракъэ, и IэщIагъэр, и зэчийр къыдалъхуащ зыхужаIэхэм ящыщщ КIунэ.

ЖьакIэмыхъу КIунэ къыщыхъуа унагъуэшхуэм езыр быниблым я нэхъыщIэт. И сабиигъуэм абы унагъуэ ихьа и шыпхъу нэхъыжьхэм я деж щашэ куэдрэ къыхуихуэрт. Езым къызэрилъытэмкIэ, абыхэм я унагъуэ IуэхукIэ ядэIэпыкъуу, я сабийхэр яхуигъэбэяууэ зэрыщытам и хьэл-щэныр ипсыхьауэ жыпIэ хъунущ, лэжьыгъэм хуэIэижь

зыщIари арауэ хуегъэфащэ. И шыпхъу нэхъыжьыр Малкэ дэсти, абы сабийр ипIынымкIэ дэIэпыкъуу илъэсиплIкIэ щыIащ. А къуажэм дэт курыт еджапIэм пэщIэдзэ классхэр зэрыщрагъаджэр урысыбзэти, абы классиплIыр къызэрыщиухыу, адрей и шыпхъу нэхъыжьым и деж яшащ. Абы и щхьэгъусэр балъкъэрт, Белая Речкэ къуажэм щыпсэухэрти, классиблыр къиухыху абыи урысыбзэщ зэрыщеджар. ИужькIэ я деж Шытхьэлэ къигъэзэжат, арщхьэкIэ абы дэт курыт еджапIэм илъэсиблым нэст зэрыщрагъаджэр. Апхуэдэу щыхъум, хъыджэбз гурыхуэ цIыкIум и еджэным пищэну хуейти, Жэмтхьэлэ къуажэм дэс и анэ шыпхъум деж зригъэшащ, ауэ зэрыцIыкIурэ имыджа адыгэбзэр къыхуэщтэжыным шэч къыщытрихьэм, дерсхэми кIуэн идэжакъым. Апхуэдэу щытми, актрисэ цIэрыIуэм къигъэщI образхэм яIурылъ адыгэбзэр къулейщ, бзэрабзэщ икIи шэрыуэщ.

КIунэ и адэ-анэри анэкъилъхухэри гъуазджэм, щэнхабзэм дихьэхыу, уэрэд жаIэу, макъамэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэм еуэу, и шыпхъу нэхъыжь ЖьакIэмыхъу Жансурэти пшынауэ Iэзэу, уэрэди иусу, артист хъуну и хъуэпсапIэу щытащ. Адрей и дэлъхухэмрэ и шыпхъухэмрэ щхьэж езым фIэфI IэщIагъэр къыхахащ, ауэ, къызэрыхэдгъэщащи, гъуазджэм димыхьэх, макъамэ Iэмэпсымэхэм емыуэф яхэтакъым. Я анэ Сэлихьэт макъамэ Iэмэпсымэ куэдым еуэфу, сурэт щIыным хуэIэзэу, гущэкъу уэрэдкIэ сабийхэр игъэудэIуу щытащ. Я адэ Хьэжбари макъ дахэ иIэт, уэрэд жыIэныр зыхилъхьэ щыIэтэкъым.

КIунэ и адэр пасэу (езыр илъэсиплI ныбжьым иту) дунейм ехыжри, бынунагъуэшхуэр зыхуей хуэгъэзэныр анэм и закъуэ и пщэ къыдэхуащ. Ихуэпэным, игъэшхэным я мызакъуэу, быниблым IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ яригъэгъуэтыныр хузэфIэкIащ абы. Сэлихьэт щIэхъуэпсырт и хъыджэбз нэхъыщIэр дохутыру еджэным икIи абы и лъэIукIэ КIунэ медицинэмкIэ еджапIэм щIэтIысхьэну и дэфтэрхэр игъэхьэзырауэ щытащ. Ауэ натIэм къритхамрэ псэр зыхущIэкъумрэ уазэрыфIэмыкIыфым и щыхьэту, зи дэфтэрхэр дохутыр IэщIагъэм щыхуеджэну еджапIэм щIэзылъхьэну къалэм кIуа хъыджэбзым уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым цIыху къащтэу зэрыт хъыбарегъащIэр уэрамым фIэлъу щилъагъум, абы мыкIуэу хуэшэчакъым. Дэфтэрхэри медицинэмкIэ еджапIэм ихьат, ауэ ансамблым къащтауэ къыщыщIэкIым, и анэр зыщIэхъуэпса IэщIагъэр IэщIыб ищIыжащ.

ЖьакIэмыхъур ансамблым и хорым хэту, Тэн Iуфэ Iус Ростов дэт театр училищэм щIэтIысхьэнухэр къыхахыу хъыбар къэIуащ. И дэлъху Хьэжысмел акъылэгъу къыщыдэхъум, КIунэ абы щIэтIысхьэну тегушхуащ икIи а училищэр хъарзынэу къиухащ. ЗанщIэуи театр зыбжанэм ирагъэблэгъат, арщхьэкIэ, и Хэкумрэ къыдалъхуахэмрэ игу пымыкIыу, 1964 гъэм Налшык къигъэзэжащ. А гъэ дыдэм ар ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым къащтащ, нобэр къыздэсми абы щолажьэ.

ЖьакIэмыхъум и гъащIэр щэнхабзэм, театр гъуазджэм, цIыхубэм яхуэлэжьэным триухуащ. КIунэ хамэ къэрал драматургхэр ирехъу,

урыс, адыгэ тхакIуэхэр ирехъу, абыхэм я IэдакъэщIэкIыу ди театрым щагъэувахэм хэт бзылъхугъэ образ нэхъыщхьэхэм я роль щэ бжыгъэхэр игъэзэщIащ, езы актрисэм къызэрыхигъэщыкIи, къылъыса ролхэр «фIы защIэхэщ». А псори Iэзагъышхуэ хэлъу игъэзэщIэнымкIэ артисткэ зэчиифIэм, цIыху гъэщIэгъуэным гъащIэ гъусэ икIи дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуащ щалъхуа щIыналъэм и дахагъымрэ къызыхэкIа лъэпкъым и зэхэщIыкI-гупсысэм къыдалъхуауэ хэлъ Iущыгъэмрэ.



**ЖьакIэмыхъу КIунэ Тыргъэтауэ и ролыр егъэзащIэ.** *1976*



ЖьакIэмыхъу КIунэ илъэс 60-м щIигъуауэ адыгэ театрым и утыкур игъэбжьыфIэу, гъуазджэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуищIу мэлажьэ. А зэманым къриубыдэу ар Лермонтов Михаил, Кайтов Сергей, IутIыж Борис, Акъсырэ Залымхъан, Ануй Жан, Салынский Афанасий, Толстой Алексей сымэ, нэгъуэщI куэдми я тхыгъэхэм къытращIыкIа спектаклхэм щыджэгуащ. Абыхэм щигъэзэщIа роль зэмылIэужьыгъуэхэмрэ икIи гукъинэжхэмрэ зэхэплъхьэжмэ, я бжыгъэкIэ 120-м щIегъу. Радиомрэ телевиденэмрэ къыщигъэщIа образхэр хэплъхьэжмэ, КIунэ и творческэ амплуам роль 200-м щIигъу къызэщIеубыдэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ: Тыргъэтауэ («Тыргъэтауэ», IутIыж Борис), Эпикастэ («Эдип», IутIыж Борис), Лашын («Лашын», Акъсырэ Залымхъан), Медея («Медея», Ануй Жан), Снижко Нилэ («Барабанщица», Салынский Афанасий), Лушкэ («Поднятая целина», Шолохов Михаил), Аллэ («Сердце матери», Кайтов Сергей), Госпожа Журден («Мещанин во дворянстве», Мольер Жан-Батист), Лауренсие («Лауренсия», Лопе де Вегэ), Ефросинье («Орел

и орлица», Толстой Алексей), Отрадинэ-Кручининэ («Без вины виноватые», Островский Александр), Алмэстхъан («Гуащэмыдэхьэблэ», IутIыж Борис), Беллэ («Герой нашего времени», Лермонтов Михаил), нэгъуэщIхэри. ЖьакIэмыхъум игъэзэщIа ролхэм я бжыгъэ къудейри актрисэм и творческэ зэфIэкIымрэ и зэчий абрагъуэмрэ нэмыщIу, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэм и инагъ-кууагъми щыхьэт тохъуэ.

Актер нэсым роль зэхэгъэж ищI хабзэкъым, ар сыт хуэдэ образми ихьэфу, абы и гъащIэр къипсэуфу щытыпхъэщ. Ауэ роль щэ бжыгъэхэр щигъэзащIэкIэ, абыхэм езым и хьэл-щэным нэхъ пэгъунэгъуи, и псэм нэхъ ехуэбылIи къахокI. ЖьакIэмыхъу КIунэ гукъинэж щыхъуащ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым Тыргъэтауэ и ролыр зэрыщигъэзэщIар. Ар лэжьыгъэ къудейуэ пIалъэ гуэркIэ зыпэрыта Iуэхукъым, атIэ «къипсэуа», «игъэва», езым и дуней еплъыкIэм пэгъунэгъу ролхэм ящыщщ. «ЗауэлI, зи щхьэгъусэм хуэпэж бзылъхугъэ, анэ гумащIэ, и хьэлкIэ зэрыткIийм хуэдабзэу, бзылъхугъэм хэлъын хуей гуакIуагъэри дахагъэри зыхэлъ, гъащIэм къыхуигъэув сыт хуэдэ Iуэхуми пэлъэщ, лъэпощхьэпохэр къызэзынэкIыф Тыргъэтауэ и ролыр сценэм къыщисхьам, си творчествэм и нэхъ лъагапIэ дыдэм сытетауэ къызолъытэ», – жеIэ КIунэ. Тыргъэтауэ езым нэхъ зригъэщхьырт, абы и дуней тетыкIэм хуэдэ иIэну, и хьэл-щэным щыщ хэлъыну щIэхъуэпсырт. Адыгэ лъэпкъым гууз-лыуз хузиIэ, цIыхубэр зэзышэлIэжыну хуей бзылъхугъэм и сыт хуэдэ псалъэри актрисэм фIэдахэт, фIэкупщIафIэти, ар цIыхубэм ягу нэхъ нэсын хуэдэу абы и образыр театреплъхэм я пащхьэм ирилъхьэным хущIэкъу зэпытт. Нобэр къыздэсми а ролым зэщIиIыгъэу: «Ар жэщми махуэми си щхьэм икIыртэкъым, зыщысхуапэ къудейкIэ мыр мыбдеж кIэрылъамэ, е мыпхуэдэу щытамэ, жысIэурэ дапщэри зэзгъэзэхуэжырт, си псэлъэкIэр къэспщытэжырт, – игу къегъэкIыж КIунэ. – Ноби а ролыр къызатауэ щытамэ, иджыпсту дызыхэпсэукI лъэхъэнэм къыщыхъу къомыр къэслъытауэ, нэхъ гу зылъатэн хуей щIыпIэр хэкъузауэ, нэхъ наIуэу утыку щызгъэIунт, жысIэу куэдрэ сыщегупсыс щыIэщ. Ар апхуэдизкIэ си гум хэпщIащи, зы телъыджэ гуэр къэхъурэ «Тыргъэтауэр» ягъэуву а ролыр иджыри зэ нэхъ мыхъуми згъэзэщIэжарэт – ар си гурылъ щэхущ», – жеIэ абы.

ИщхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуахэм къикIыркъым нэгъуэщI ролхэри актрисэм игу къимынэжауэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, IутIыж Борис и «Эдип» пьесэм къытращIыкIа спектаклым щигъэзэщIа Эпикастэ и ролри. Ар зыхэхуа гуауэшхуэр актрисэм псэкIэ игъэващ. А ролым зэрыджэгуар игу къигъэкIыжу: «Мис апхуэдэ ролхэращ сфIэфIыр. Пкъы зыщIэтхэрщ, Iущагъ, гугъуехьхэм уатезыгъэкIуэфын къару зыхэлъхэрщ, дерс къызыхэпхыфхэрщ, къоплъхэм ягу къинэжын хуэдэу щытхэрщ...», – жеIэ КIунэ.

Тыргъэтауэрэ Эпикастэрэ нэмыщI, КIунэ нэхъыфIу илъэгъуахэм ящыщщ Лашын и образыр. Зэи щымыгъупщэну абы гукъинэж щыхъуащ Акъсырэ Залымхъан и «Лашын» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр щагъэувам, пэшым щIэса псори къызэфIэувэу, Iэгуауэшхуэ зэрыхуаIэтауэ щытар. Ар куэд щIауэ ЖьакIэмыхъур зыщIэхъуэпса гуфIэгъуэшхуэт, балигъ зэрыхъурэ зыхуэкIуа лъагапIэт.

Театр гъуазджэр гъащIэ гъусэ зыщIа дэтхэнэ артистым и дежкIи нэхъыщхьэщ езым и амплуа иIэжыныр. ЖьакIэмыхъу КIунэ игъэзэщIа ролхэм уахэплъэжмэ, абы зэхуэдэу кууэ, гукъинэжу, фIэщхъуныгъэшхуэ къыпхилъхьэу къохъулIэ трагедие жанрми комедиеми къыщигъэщI, нэхъ пэжу жыпIэмэ «къыщипсэу» образхэр. Ар трагедие жанрым щыджэгум деж (Тыргъэтауэ, Эпикастэ сымэ, нэгъуэщIхэми я ролхэр щигъэзащIэкIэ) абы къыхуигъэщIауэ къыпщохъу, комедием щыщ образкIи утыку къыщихьэкIэ («Яшэмрэ къэзышэхэмрэ», «Гуащэ ябгэ», «Гуащэмыдэхьэблэ», «ГушыIэ махуэ апщий!» спектаклхэм щыджэгукIэ), ар апхуэдэу дахэу зыгъэзэщIэфын щымыIэу пфIощI.





**КIунэрэ Щэрмэт Людэрэ «Гуащэ ябгэ» спектаклым щоджэгу.** *2015*

Дэтхэнэ образри зэхуэдэу екIуу театреплъхэм я пащхьэ зэрырихьэфыр аращ, шэч хэмылъу, артистым и зэчийм и лъагагъыр икIи и куууагъыр къызэрапщытэ пщалъэр. Абы и лъэныкъуэкIэ ЖьакIэмыхъу КIунэ утыкум къыщигъэлъагъуэ Iуэхур пэж дыдэу гъащIэм щрихьэлIа хуэдэу къэгъэщIын, ар цIыхухэм я фIэщ игъэхъун къалэныр хэт нэхъри нэхъыфIу къохъулIэ. Апхуэдэу щытми, актрисэм къызэрыхигъэщымкIэ, трагедием, драмэм къыщигъэщI образхэр езым и хьэл-щэным, дуней лъагъукIэм нэхъ пэгъунэгъущ, гъащIэм кууэ хэзыщIыкI, зи акъылыр жан, цIыхухэм пщIэ зыхуащI бзылъхугъэм и образыр и псэм нэхъ дохьэ.

ЖьакIэмыхъу КIунэ и гуащIэр къэралми, езы актрисэр зыщалъхуа щIыналъэми гулъытэншэ щыхъуакъым. Абы театр гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэр, лъэпкъым псэемыблэжу зэрыхуэлажьэр къалъытэри, 1974 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ», 1984 гъэм – «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ» цIэ лъапIэхэр къыфIащащ. 2015 гъэм, актрисэм и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ щрикъум ирихьэлIэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артисткэ» цIэри къыфIащащ. Апхуэдэуи, ЖьакIэмыхъу КIунэ къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр (1998); Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэтыр; ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ фондым къыбгъэдэкIыу, Лермонтов Михаил и цIэр зезыхьэ урысейпсо комитетым и медалымрэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэкIэ ягъэувa дамыгъэмрэ; КъБР-м и Президентым, Правительствэм, ЩэнхабзэкIэ министерствэм къабгъэдэкI фIыщIэ, щIыхь тхылъхэр. Толстой Алексей и «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» («Орел и орлица») пьесэм къытращIыкIа спектаклым Старицкэ гуащэм и ролыр зэрыщигъэзэщIам папщIэ «Южная сцена» фIэщыгъэм щIэту 2013 гъэм екIуэкIа III Кавказ Ищхъэрэ театр фестивалым КIунэ «ЦIыхубз роль нэхъыфI» саугъэтыр къыщратащ.





**Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щылажьэ артист гуп.** *1995*

Театр критикхэми театреплъхэми пэжу гу зэрылъатащи, ЖьакIэмыхъу КIунэ цIыхубэм я лъагъуныгъэр къэзыхьэхуфа актрисэ нэсщ, цIыху зэчиифIэщ, щIэблэм я щапхъэщ, егъэджакIуэ икIи гъэсакIуэ Iэзэщ. И хьэл-щэнкIэ, гупсысэкIэкIэ, зыщIыкIэкIэ зэмыщхь

защIэу ди пащхьэм къихьэми, а бзылъхугъэр сыт щыгъуи гуакIуэщ, екIуу утыкум итщ, и бзэр шэрыуэщ. Куэдым къызэрыхагъэщымкIэ, абы и джэгукIэм, зэрыхьэ образхэр къызэригъэпсалъэ адыгэбзэ дахэр зэригъэшэрыуэм, зэригъэбзэрабзэм кърит гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ театреплъхэр пIалъэ кIыхькIэ зэщIеIыгъэ, нэхъыщхьэращи, апхуэдэ бзылъхугъэ щэджащэр я зэманым зэрыхэпсэукIым, абы фIэкIыжауи, зэралъэпкъэгъум ирогушхуэхэр, я щхьэр лъагэу ярегъэлъагъуж. КIунэ хуэдэ цIыху зэчиифIэхэм я фIыгъэкIэ, нобэ адыгэ театрым лъэпкъ гупсысэм зыщеужь, анэдэлъхубзэм, щэнхабзэм, гъуазджэм я пщIэм зыщеIэт. ТхакIуэ, журналист, артист Къуэдзокъуэ Хьэсэн пэжу гу зэрылъитащи, «ди лъэпкъ сценэм КIунэ щилэжьыр ди щэнхабзэм и налкъутналмэсщ». Театреплъхэр зыщIэзышэ къару мыкIуэщIыжрэ зэчий абрагъуэрэ пкърылъщ а актрисэ гъуэзэджэм.

Гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ зи гъащIэр щхьэузыхь хуэзыщI артистым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ абы илэжьыр къызыгурыIуэ, и гурыгъу-гурыщIэхэр зыхэзыщIэ цIыху Iэпэгъу хуэхъуным. ЖьакIэмыхъу КIунэрэ Мысостышхуэ Пщызэбийрэ 1970 гъэм унагъуэ дахэ зэдаухуэгъащ. Зэщхьэгъусэхэм насыпыфIэу илъэс 38-рэ къызэдагъэщIащ, бынитI зэдапIащ, я пхъурылъху Айдэмыр цIыкIу и IэфIагъыр зыхащIащ. Абыхэм я псэ зы чысэ илъ къудейтэкъым, атIэ я IэщIагъэри, я дунейри зыт, театрми спектакль куэдым щызэдэджэгухэрт, радиоми телевиденэми щызэдэлажьэхэрт...

Пщызэбийрэ КIунэрэ я хъыджэбз Маринэ зэрыцIыкIурэ адэанэм я IэщIагъэм дихьэхырт, икIи, анэр мыарэзыми, а лъагъуэм ирикIуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, Щукиным и цIэр зэрихьэу Мэзкуу дэт театр училищэм щIэтIысхьащ. Ар къиухри къигъэзэжауэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэщ. Маринэ телевиденэми щолажьэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэр къыхуагъэфэщащ.

Пщызэбийрэ КIунэрэ я щIалэ Аслъэнбэчи, экономикэмрэ юриспруденцэмрэ я диплом зыIэригъэхьами, лIэужьыр бжьиблкIэ мауэ зэрыжаIэу, адэ-анэмрэ анэкъилъхумрэ я IэщIагъэм зыщидзеякъым. Артистым хэлъын хуей щытыкIэхэр хэлът, уэрэд жиIэрт, гитари хъарзынэу еуэрти, и адэ-анэм я лъэужьым ирикIуэу Нэгъуей Мухьэдин и уней театрым деж къыщыщIидзащ, нобэкIэ Горький Максим и цIэр зэрихьэу Налшык дэт Урыс къэрал драмэ театрым щолажьэ.

Дэтхэнэ артистми и ехъулIэныгъэхэр къызэрапщытэ пщалъэ нэхъыщхьэр цIыхубэм я фIылъагъуныгъэрщ. Абы тепщIыхьмэ, Мысостышхуэ Пщызэбийрэ ЖьакIэмыхъу КIунэрэ яхузэфIэкIам гъунэ иIэкъым, ахэр къызыхэкIа лъэпкъым зэрыхуэупса фIыгъуэшхуэхэр пщалъэ гуэркIи къыпхуэлъытэнукъым.

«Дунейр къезыгъэлынур дахагъэрщ» жаIэ. Нэм къыIуидзэ дахагъэм куэдкIэ йолъэпIэкI цIыхум псэкIэ къигъэщIыф дахагъэр – лъагъуныгъэу, гуапагъэу, къабзагъэу, пэжыгъэу, хьэлэлыгъэу

зэтепщIыкIыжыр. Зи гугъу тщIы лъапIагъэхэр гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ епха IэщIагъэхэм нэхъыбэу яхэпщауэ къогъуэгурыкIуэ. Псом хуэмыдэу ар утыкур екIуу зыгъэбжьыфIэф, образ зэмылIэужьыгъуэхэм я фащэ ихьэф, абыхэм я гъащIэр къэзыпсэуф, я гуфIэгъуэри я гуауэри зыгъэвыф артистым и лэжьыгъэм нэрылъагъу щохъу. Зи творческэ гъуэгуанэм къриубыдэу апхуэдэ гъащIэ щэ бжыгъэхэр къэзыгъэщIэфа цIыхур лъэужьынши гулъытэнши хъу хабзэкъым, артист зэчиифIэхэм я вагъуэри уэгум нэхъ нэхуу щылыду къалъытэ. ИщхьэкIэ дызыхэплъахэр щыхьэт зэрытехъуэщи, апхуэдэ насыпкIэ Тхьэр зыхуэупсахэм ящыщщ Мысостышхуэ Пщызэбийрэ ЖьакIэмыхъу КIунэрэ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

## АДЫГЭ ПСЭЛЪАФЭХЭР*

**ЖЫЛЭГЪАПЦІЭ КІЫГУУГУ.** ПцІыупс, псори къэзыгъапцІэ. *Абы жиІэм дзыхь тепщІэ хъунукъым, жылэгъапцІэ кІыгуугущ.*

**ЖЫЛЭ ПКЪОУЭ ЩЫТЫН.** Жылэм и фейдэ зехуэн, Іуэхум псэкІэ бгъэдэтын. *ЛІыжьыр жылэ пкъоуэ щыташ, сыт ІуэхуфІ къежьэми абы къыбгъэдэкІырт.*

**ЖЫПЫМ ЖЬЫБГЪЭ (ЖЬЫУЕЙ) ЩЫЗЕПЩЭН.** Ахъшэншэ къабзэу щытын, жыпым ахъшэ имылъын. *Жыраслъэн и Іэр и гъуэншэдж жыпым ириІури, пэш зэвым икІукІащ: унэр щІыІэщ, и жыпым жьыбгъэ щызопщэ.*

**ЖЫР ПЫУДАХУЭ.** ЦІыху къару, быдэ. *Ди бэнакІуэ цІыкІухэр жыр пыудахуэм хуэдэхэщ.*

**ЖЫХАФЭГУР ЗИ ШЭДЖАГЪУАКІУЭ.** Щхьэхынэ, хуэмыху; зи зыгъазэ зы мазэ. *Тальостэнхэ сыщыранысэм жыхафэгур си шэджагъуакІуэт...*

**ЖЫХАФЭГУР ЩХЬЭЦЫКІЭКІЭ ПХЪЭНКІЫН.** УнэгуащэфІу щытын, унэ Іуэхухэр фІыуэ зехьэн. *Сэ фІыуэ слъагъу щІалэм сишатэмэ, жыхафэгур щхъэцыкІэкІэ спхъэнкІынт.*

**ЖЫХАФЭ ПЦІАНЭ.** Унагъуэ хуэмыщІа, къулейсыз. *Зауэм куэд жыхафэ пцІанэ ищІат.*

**ЖЫХЬЭНМЭ (ПХЪЭ) ДАКЪЭЖЬ.** Гуэныхьышхуэ зытелъ, жыхьэнмэм кІуэну зыхуэфащэ цІыхум хужаІэ. *Мо повар нэ плъыжьыр аращ жыхъэнмэ пхъэдакъэжь хъунур, фымыгузавэ.*

**[И] ЖЫІЭМ ЕМЫБЭКЪУЭН.** Зыгуэрым и псалъэр, и унафэр мыхъуэжауэ гъэзэщІэн, гъэпэжын, абы фІэмыкІын. *Уэркъхэм пщым и жыІэ емыбакъуэу и унафэр ягъэзащІэ.*

**[И] ЖЫІЭМ ТЕТЫН (ТЕМЫКІЫН).** ЖиІам фІэмыкІын, псалъэр гъэпэжын. *ЛІыжьым и гъащІэр пэжыгъэм епхауэ, и жыІэ темыкІыу къихъырт.*

**[И] ЖЫІЭ ТІУ МЫЩІЫН.** *Епль* **[и] псалъэ тІу мыщІын.** – *Иджыри къэс уи жыІэ тІу сщІыркъым, къызжеІэ, згъэзэщІэнщ, – жиІащ Унэжокъуэм.*

**[И]ЖЬ КЪЕПЩЭН.** Зыгуэрым и гъащІэм, псэукІэм, Іуэху с.ху. дяпэкІэ фІыкІэ зихъуэжын; зыгуэрым и къэкІуэну зэманыр нэхъ ефІэкІуэн. *Куэд дэмыкІыу щІалэм ижь къепщащ, и лэжьыгъэм цІэрыІуэ ищІащ.*

**[И]ЖЬ (КЪЫ)ЩІИХУН.** Зыгуэрым и сэбэпкІэ, и фІыгъэкІэ е и зэранкІэ зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэр нэгъуэщІым хэлъ хъун. *А Іуэхум [тхыбзэ зэгъэпэщыным] япэу пыхьар декабристхэм яжь зыщІихуа, урысыдзэм къулыкъу щызыщІэу щыта щІалэхэрщ.*

*КъыкІэлъыкІуэнущ*
**БИЩІО Борис,**
*филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор*



---

* 2024 гъэм и етІуанэ номерым щегъэжьауэ тыдодзэ.

## Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* **5.** Мывэ пхъашэм ... мывэ щабэми далъэж. **6.** ... мыусэрэ пщылI мыгузасэрэ щыIэкъым. **9.** Данэр ... зэрехуэ. **11.** ... и хьэщIэ и щIасэщ. **12.** Махуэ гъуэгу утехьэмэ, ... гъуэмылэ щтэ. **13.** ... зэхэгъэж ищIыркъым. **15.** ... зыдэсым фо дещIэ. **18.** ... мафIэми шэ къегъэпщт. **19.** ЦIыхур ... плъэн хуейщ. **21.** ... зэв джей быхъу. **25.** ... быдзышэм щIакхъуэри кхъуейри хэлъщ. **28.** ... щIыхуэрэ зэIахыу хабзэжыщ. **30.** ЛъапэкIэ хыфIэбдзар ... къэпщтэжынщ. **31.** ... псори пэжкъым, жаIэ псори къэхъуркъым. **32.** ... къыпщIын нэхърэ быныфI къыпщIын. **33.** Пщэдейрей ... нэхърэ нобэрей бзу.

*Къехыу:* **1.** Нэр псэм и … . **2.** Уэ … , сэ сыджатэщ. **3.** … щхьэхынэ напэмытхьэщIу гъунэгъум макIуэ. **4.** … зэIущIэркъым, цIыхуитIыр зэIуощIэ. **7.** Фо здэщыIэр бжьэм … . **8.** … джэду гъуащэркъым. **10.** Мащэм зэ … набгъэщи, тIэу … нэфщ. **14.** Дзыхь зыхуумыщI щыкъур … . **15.** … хабзэжьым укъемыкъуж. **16.** Уи щхьэм … хуумыщIмэ, зыми къыпхуищIынкъым. **17.** Уи … гъэфIи, IэфI уащыхъунщ. **20.** Зи … птелъым уриIуэхутхьэбзащIэщ. **22.** … ущIэмыфыгъуж. **23.** … пщэху хуэдэ. **24.** И щIыфэ … хуэдэ. **26.** … къабзэ гу бзаджэ. **27.** Дыщэ лъэнкIэпс, уэсэпс… . **29.** … жьантIакIуэщ, зауэ кIуэгъуэм шыIыгъщ.

*Зэхэзылъхьар* **НЭХУЩ Данэщ**

**ЕтIуанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **5.** Хэлъкъым. **6.** Мэпсэу. **8.** ЩIэщыгъуэр. **10.** Ныбэ. **11.** ПкIэм. **12.** Iуэху. **14.** Щэм. **17.** Щысу. **18.** Дыгъущ. **20.** Фыгъуэр. **21.** ХумкIэ. **22.** ФэкIэ. **26.** Къан. **28.** Магъ. **31.** УщIащ. **32.** Iэнэ. **33.** МахуэлIым. **34.** Мэунэхъу. **35.** Щыуагъэ.

*Къехыу:* **1.** Нэгъабэ. **2.** СылIэмэ. **3.** Хьэсэпэ. **4.** КIэщIакIэ. **7.** Унэр. **9.** Имылъ. **13.** Хуэмыхьын. **14.** ЩыIэкъым. **15.** ЕсыкIэ. **16.** ЩIыхуэщ. **17.** Щэху. **19.** Щхъуэ. **23.** Кърум. **24.** Бзэгу. **25.** Щакъутэм. **27.** Адакъэр. **29.** Акъылым. **30.** Хьэдагъэ.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№3**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Залина Истепанова (ответственный секретарь),
Астемир Татроков, Юрий Тхагазитов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 5.06.26. Выход в свет 24.06.26
Формат 70x108 $^{1}/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,7.Уч-изд. л. 12,0. Тираж 1900 экз. Заказ №1211
Подписная цена на 2 месяца 106р. 2к.
Подписная цена на 6 месяцев 318р. 6к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

**«Іуащхьэмахуэ» журналым ИнтернеткІэ Іэ тевдзэну фыхуеймэ, мы QR-кодыр къэвгъэсэбэп хъунущ.**

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкІэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр Іэмал имыІэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыІэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркІэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщІыпІэ щытрадзэмэ, «Іуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Іэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкІэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкІузанэ къат, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-94-71 (жэуап зыхь секретарь, оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫІЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩІЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иІэу къыщІэкІмэ, абы теухуауэ фыщыщІэупщІэ хъунущ: Ставрополь щІыналъэ, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион». Телефонхэр: 8-879-342-22-09; 8-879-346-87-66.

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ
(1956)

* * *

Хьэл-щэну схэлъхэм, налкъут мыщӀэу,
КъэхолыдыкӀыр зы хьэл-щэн:
Си хадэм мывэ къррадзакӀэ,
Сежажьэу сщӀакъым сымыщӀэн.

Си тэмакъщхьэпсыр зэпычыным
Сыщынагъэси къысхуихуащ.
Къайгъэ итӀани къэсӀэтакъым,
Щыдэсчыхыпхъэм дэсчыхащ.

СфӀэмыфӀ зэхэсхкӀэ, сыкъэлыбу,
Зыгуэрхэм ещхьу, сыкъимылъ.
СахуэмыхъущӀэ сызыубхэм,
Гужьгъэжьи си гум измыгъэлъ.

Сэ Ӏэджэм Ӏэджэ яхуэзгъэгъуу
СыкъыщӀекӀуэкӀым хэлъщ зы щэху:
Си адэ-анэм къысхалъхьауэ,
СызэрыцӀыкӀурэ схэлъщ гущӀэгъу.

ГущӀэгъур лӀыгъэм пэслъытащи,
А хьэлым сыкъытемыкӀын.
АрщхьэкӀэ щыӀэщ сыпсэухукӀэ
Зы цӀыхуми сэ хуэзмышэчын:

Си цӀыхухъу щӀыхьыр сфӀыхэбутэу,
Зэгуэрым уэ укъысщишэнщ.
Уэхьийуэ уафэм укъехами,
Сэ щӀакӀуэкӀапэ утесшэнщ.